



CHURCH OF THE NAZARENE
AFRICA



IVYIGWA

Vyo Ku Musi W'imana

KU BANA

Urugero 23
Igitigiri 22

IVYIGWA

Vyo Ku Musi W'imana

KU BANA

Uburenganzira © 2021 Africa Nazarene
Uburenganzira bwo kugishira k'umugaragaro bwaratanzwe.

ISBN: 978-0-7977-1563-9

Gisohowe ubwa mbere 2021

Iki gitabo catanguye kwandikwa mu congereza ku mutwe Waco:
Ibirongora abigisha nyamukuru Umwaka 2
Umugabane wa Mesoamerica mu bikorwa vyo gutegura abigishwa
www.SDMresources.mesoamericaregion.org

Uburenganzira © 2018
Uburenganzira bwose bwaratanzwe.
Iki gitabo gishizwe ahagaragara n'inzu ya Kinyanazareti muri Afrika

Uburenganzira © 2021
Uburenganzira bwose bwaratanzwe.

Gisohowe
N'iyandikiro ya Kinyanazareti muri Afrika

INTEGURO Y'UMWAKA K'UMUGABANE W'AFRIKA

IVYIGWA VY'ABANA

Urugero 23 Igitigiri 22

URUTONDE RW'IBIRIMWO

Ivyiyumviro ku nyigisho z'abana	5
INGENE WOTEGURA ICIGWA.....	5
INGENE TWOSHIKIRIZA ICIGWA.....	6
ICIYUMVIRO C'IGIKORWA CO KWIGISHA ABANA.....	7
INGENE WOSENGANA NABO BOSE BARONDERA MU NYONGA Z'IMANA	9
Ikigabane I	
YEHOASHADE	10
DEBORA YIZEYE IMANA	10
RUSI UMWIZIGIRWA.....	10
Ikigabane II	
SALOMO YAFASHE INGINGO Y'UBWENGE	10
ANDEREYA AFATA INGINGO YO GUFASHA PETERO	10
MARIYA NA MARITA BAFATA INGINGO YO GUKORERA YESU	10
UMUNYABWENGE YAFASHE INGINGO NZIZA	10
DANIYELI YAHISEMWO IMEFUNGURWA Z'UBUZIMA.....	10
UMUGABO W'UMUTUNZI YAFASHE INGINGO MBI	10
Ikigabane III	
INGINGO MBI.....	10
INYISHU IBABAJE.....	10
IMANA YACU Y'URUKUNDO N'IMBABAZI.....	10
IMANA YACU N'UKURI N'UBUNTU	10
IMANA YACU IBABARIRA.....	10
Ikigabane IV	
TURAHIMBAZA INTSINZI YA YESU	10
TURAHIMBAZA UKUZUKA KWA YESU	10
MUNZIRA IJA I EMAWUSI.....	10
YESU ARI KUMWE NATWE IMISI YOSE	10
Ikigabane V	
ISHENGERO RWATANGUYE GUKURA	10
ISHENGERO RIRAKENEYE ABARIFASHA.....	10
IHAMWA RY'ISHENGERO.....	10
ISHENGERO RYEREKANA URUKUNDO RW'IMANA	10
Ikigabane VI	
IBWIRIZWA RIKURU	10
PETERO AVUGA IVYA YESU KWA KORONARIYO	10
ISHENGERO RIRUNGIKA PAWULO NA BARUNABA	10
AMASHIKANWA Y'IGIKORWA.....	10

Ikigabane VII

IMANA IBONA VYOSE	10
IMANA IROKORA ABANTU BAYO	10
IMANA YAHAYE ICUBAHIRO NAMANI KUBWO KWUMVIRA	10
INGABO Z'IMANA ZITABONEKA	10
IMANA YIHANGANA KANDI IBABARIRA	10
IMANA IRAKOMEYE GUSUMBA MW'ITANURE	10

Ikigabane VIII

YESU YARASENGA IMBERE YO GUFATA INGINGO	10
YESU YIGISHIJE ABIGISHWA BIWE GUSENGA	10
YESU YASENGEYE ABANDI.....	10
YESU YASENZE IGIHE YARAFISE UMUBABARO	10

Ikigabane IX

BIBILIYA N'IGITABO KIDASANZWE C'IMANA	10
BIBILIYA IRATUBWIRA IBIJANYE NA YESU	10
BIBILIYA IRADUFASHA GUKORA IBIJORANYE	10
BIBILIYA IRATWIGISHA IMISI YOSE	10

Ikigabane X

YESU AKIZA ABANTU BABIRI B'IMPUMYI.....	10
YESU YEREKANYE KO ARI UMWANA W'IMANA	10
YESU YANESHEJE AMAGERAGEZWA.....	10
YESU AGENDERA ZAKAYO	10

Ikigabane XI

IMANA IHAMAGARA ABURAHAMU	10
ABURAHAMU AREKA LOTI NGO ATORE UBWA	10
MBERE.....	10
ABURAHAMU YEZIYE IMANA	10
UMUGORE WA ISAKA	10
ISAKA UWURONDERA AMAHARO	10

Ikigabane XII

INKURU NZIZA KURI ZAKARIYA NA ELIZABETI	10
INKURU NZIZA KURI MARIYA NA YOZEFU	10
INKURU NZIZA KU BUNGERE	10
INKURU NZIZA KUFRI SIMEYONI NA ANA	10

Ivyiyumviro ku nyigisho z'abana

Hariho ibintu bibiri nyamukuru biranga umwigisha w'abana: utegerezwa gukunda Imana no gukunda abana. Ikintu nyamukuru ukeneye gukora n'ugufasha abana bo mw'ishure ryawe kubona urukundo rw'Imana. Ushobora gukora ibi mukubaho mu migenderanire myiza na Yesu imbere yabo no kubigisha kugiriranira imigenderanire myiza n'Imana ubwabo. Dutegerezwa kandi kwigisha abana ingene bofata abandi mu rukundo rwa Gikristo.

Ushobora kwipfuzwa gutegura umugambi w'umwaka mu kuwugira uwabo: "igitabo c'imirongo yo gufata ku mutwe." Indwi yose ifise impapuro za A5 canke A6 kubwawe canke ku bana kugira bandikeko umurongo wo gufata ku mutwe w'indwi mururimi bumva neza. Shira izo mpapuro hamwe kugira ugire igitabo.

INGENE WOTEGURA ICIGWA

Intango y'umwaka:

Mu ntango z'umwaka, fata n'imiburiburi amasaha abiri mugushira hamwe ibintu vyose ukenra mu nyigisho zo ku musi w'Imana mw'isakoshi imwe canke agasaho. Ivyo bizotuma udata umwanya buri ndwi ariko ukawukoresha mu kurondera ibikoresho kuko uba uzi aho biri. Ubandanye wandika imyidondoro, igihe c'amavuko, naho baba abanyeshure bose bo mw'ishure.

Muri make soma igitabo cose c'inyigisho kugira ngo ugire icyumviro uzohagararako mu kwezi kwose. Ibi bizoguha icyumviro rusangi hamwe n'inzira ikurongora. Uzomenya ingene ivyigwa vyinshi biri muri iki cigwa no kudakoresha inyigisho zawe.

Amasaha abiri Buri Ndwi

Iminota 30 Ja mu cigwa cose hanyuma ugire intangamarara yaco. Kuw'Imana inyuma ya sasita, indwi yose imbere yuko wigisha icigwa cawe, fata umwanya ukwiye wo kucimenyereza. Senga Imana kugira iguhe ubwenge n'ubwitonzi mu nzira nziza yo gushikiriza ibikoresho abanyeshure.

Iminota 10 Egeranya ivyiyumviro vyose n'ivyifuzo vyo mu ndwi. Wame ufise agakaye ko k'umusi w'Imana canke urupapuro kuri wewe. Ukwo icyumviro kiza, ucandike muri kagakaye kugira ngo uzoshobore kucibuka mu nyuma.

Iminota 20 Soma umurongo wa Bibiliya incuro 3 canke 4 mu ndwi hagati. Emerera Imana iguhindure igihe uzoba uriko uriyumvira kw'ijambo no kurisoma. Ukwo gusoma kuzotuma ukuri ugomba kwigisha abanyeshure bawe gutangura guhindura ubuzima bwawe ubwa mbere.

Iminota 50 Shira icigwa cawe hamwe. Tegura ibintu vyose uzokenera nk'ibikoresho mw'isaho yawe y'ibikoresho. Soma muri yak aye yawe hanyuma utunganye icigwa mu buryo bwiza bushobora gutuma ukurikirana neza no gutahura bihagije.

Iminota 10 Iminota ya nyuma niyo gusuzuma. Iki nico kintu ukora imbere yuko uja mw'ishure ryo ku musu w'Imana mu gitondo. Urabe neza yuko ufise Bibiliya, icigwa cawe hamwe n'ikindi gikoresho cose uza gukenera. Gira isubiramwo canke wandike muri kagatabo kakurongora ubwa nyuma. Mu mpera, fata umunota umwe can,,,ke ibiri ushikirize Umwami ico cigwa no kumusaba ko yogukoresha. Ushobora kuba warangije gusenga ubugira kandi mu gihe co kwiyumvira, ariko umenye neza ko wamwiheje wese ubugira kandi.

INGENE TWOSHIKIRIZA ICIGWA

Abana bakenera uwubacangamusha mu gihe uriko urabigisha mu kubasangiza ivyo uzi nivyoyiyumvira, kumenya ukuri no guhitamwo ikintu bashobora gukora buri ndwi bijanye n'amakuru yivyo bize mu cigwa.

Umwanya wawe w'icigwa utegerezwa gutegurwa neza no gutunganywa mu gushira mu ngiro integuro zaw n'ivyipfuzo. Twagomba kubahanura ibikurikira mu gihe cawe c'inyigisho zo ku musu w'Imana. Umwanya watanze uhura n'isaha yo mw'ishure. Ibitigiri biri mutuzitizo n'iminota 45 mw'ishure.

Gushika n'imiburiburi iminota 10 imbere y'ukwo utangura icigwa mu kibanza zibaramwo no gutegura ibikoresho vyose ukenera mu cigwa cawe.

Koresha **iminota 10 canke 5** ya mbere mu kuramutsa abanyeshure ukwo bashika. Tangura icigwa cawe n'isengesho (ushobora kwemerera abanyeshure gufata umwanya wo gusenga nabo muri ako kanya). Bahe akaryo ko gusangira inkuru zabanezereje n'ibindi vyabaye muri iyo ndwi. Fata aho kwandika no wakira amashikanwa. Kurikirana ivyabaye mu ndwi iheze no kugira isubiramwo ry'icigwa.

Mu yindi minota 10 canke 5 ishobora gukoreshwa mu kugira intangamarara y'icigwa kandi ugashimikira mu kwiyumvira kw'abanyeshure kuciyumviro nyamukuru c'icigwa c'uwo musu.

Icigwa gishobora gushikirizwa abanyeshure n'imiburiburi iminota 15. Wibuke kutavuga UBUTUMWA canke ngo UBASOMERE. Shikiriza icigwa nk'inkuru mu majambo yawe ubwawe.

Muyindi minota 20 canke 15 ishobora gukoreshwa mu gukora ibikorwa no kuvuga ibijanye no guhanahana ivyiyumviro ku bikoresha bahawe mu mpera y'icigwa. Fasha abanyeshure kubona ingene ukuri bize mu cigwa bobikoresha mu buzima bwabo bwa misi yose.

Mu minota 5 yanyuma, rangiza n'isengesho hanyuma ubarire abana bagufashe gukubura ishure imbere y'uko baja m'urushengero. Uwu n'umwanya mwiza wo kuganira umwumwe k'uwundi hamwe n'abana.

Suzuma ingene icigwa cagenze vuba cane ukwo ushoboye. Kubw'urufatiro rwa kazoza, fata iminota mikeya ufata amanote y'ivyagenze neza n'ibitagenze neza.

Abanyeshure, imigenzo yabo, n'umwigisha

- Tahura abanyeshure bawe hanyuma ubahindure bagire imigenzo myiza. Abana bama bakerebutse kandi bipfuzza kumenya. Ntibababara abantu bakuze: dutegerezwa kwama imisi yose dutandukanya imigenzo mibi no gukura.

- Shiraho umwuka uteza imbere imigenzo myiza. Reka abana bamenye ko ubakunda kandi ubitayeho. Erekana ko witayeho ibibashikira hanze y'ishure. Witegure ingene woshigikira abanyeshure. Shiraho ibibarongora bikomeye kandi bigaragara; reka abana bamenye ico ubitezeko. Ntiwerekane abo uhengamiyeko.
- Utahure neza uruhande rwawe nk'umwigisha.
 Ube uwuhagarariye ishure.
 Ube ishusho y'ubutegetsi abanyeshure bashobora gukurikira.
 Ube umugenzi w'abanyeshure bawe.
 Ubasigurire neza ico ubitezeko kandi ubahe uburorero bwiza.
- Koresha uburyo butuma abana bagira uruhara kandi ukabure ugushaka kwabo. Witegure kandi ushike mw'ishure imbere yuko abana bashika. Tegura ibikorwa bitandukanye bihuye n'imyaka y'abanyeshure bawe. Koresha ibikoresho bishobora gukabura ugushaka kwabo n'ubushobozi. Emerera abana guhitamwo bimwe mu bikorwa.
- Hagarara cane ku migenzo myiza. Ugabanye igitigiri c'amategeko. Mu gihe uhanye umwana, vugana n'abavyeyi babo, uwubaraba, canke umuntu abajewe.

WOKORA IKI IGIHE UMWANA YITWAYE NABI?

1. Rondera imvo yiyo ngorane.

Mbega umwana yoba ariko ariga canke afise ingorane z'ubuganga bituma adakurikira neza mw'ishure?

Mbega agerageza kuja hejuru y'ishure?

Yoba afise ingabire yo guca ubwenge cane hanyuma akumva arambuwe no kuba mw'ishure?

Igihe wamenye imvo y'ingorane, ushobora kuyitorera umuti umaze kuvugana n'abavyeyi buyo mwana.

2. Gerageza ufate ibintu mu minwe.

Wirengagize ingeso zidatuma ishure rihungabana. Shira umwana mu bikorwa vy'ubumenyi.

Reka aboneko uriko urihweza imigenzo yiwe.

Mu rukundo wegere uwo mwana.

Bwira umwana, mugacerere, ivyo wipfuzako yokora.

Igisha abana ingaruka mbi zo kubandanya mu kutumvira.

3. Vugana n'abavyeyi biwe canke umuntu areze uwo mwana.

Nimba uzi neza ko ubwirizwa kuvugana n'abavyeyi biwe canke uwumureze, bikore, nturinde kurindira. Tangura ubwire abavyeyi ivyo ushima k'umwana wabo. Vuga ingorane hanyuma ubaze ivyiyumviro vyabo vy'ingene bitorera inyishu iyo ngorane.

ICIYUMVIRO C'IGIKORWA CO KWIGISHA ABANA

Ushire mu mutwe y'uko abana bafise imyaka itandukanye bakora ibitandukanye. Widegemvye mu guhindura ibikorwa, kuvugana ibibazo, n'inkuru ya Bibiliya kugira ngo abana bazotahure ivyo uriko uragerageza kubigisha. Koresha ivyo abana bawe bashoboye, nk'akarorero nimba bashobora gusoma,

bareke basome imwe mu mirongo y'inkuru za Bibiliya; bareke bagufashe gushiraho ibikorwa no gukubura mw'ishure. Iki gitabo cakorewe imigwi yose y'abana nkuko harimwo ibikorwa murico, n'ibitabo 2 muri 1. Kubw'ivyo, ni nkenerwa gusoma gusoma icigwa cose no kukigendera bivanze n'imyaka y'abanyeshure bawe. Gushira mu ngiro ivyigwa kugira umenye neza ko batahuye. Urabeko woba ukeneye kuzana ibindi bikoresho mw'ishure ryawe.

Igikorwa c'umurongo wo gufata k'umutwe

Abana ni bige imirongo yabo yo gufata k'umutwe mu buryo bugezweho bw'insobanuro “mururimi kavukire”. Ku bana bakiri bato, ubwirizwa kumenya kubakoresha gufata k'umutwe uduce dutoduto.

Gushushanya: Andika umurongo wo gufata k'umutwe k'urupapuro (urupapuro rw'inyubako, rwo mubimenyesha makuru, n'ibindi). Koresha ikaramu ikomeye mu gucapa iruhande y'amajambo. Uce ukata mu bice. Hanyuma abana begeranye twaduce hamwe kugira bubake umurongo.

Gufata ijambo: Nimba ufise ingwa canke hariho ikibaho cera, andikako amajambo y'uwo murongo. Bwira abana basome uwo murongo. Hanyuma wemerere umwana umwe afute ijambo. Abanyeshure bategerezwa gusubira gusoma uwo murongo kandi, wibuke kuvuga ko hariho ijambo ryafuswe. Wemerere uwundi mwana afute ijambo rikurikira. Guma ukora ukwo nyene gushika aho umurongo wose ufutiwe wose.

Ube ijambo: Uhe umwana wese ijambo canke iryungane ritoya ukuye mu murongo wo gufata k'umutwe. Mumaze gusubiramwo umurongo incuro nyinshi hamwe, abana batonde ubwabo kugira bahabwe ijambo rivuye muri wa murongo. Bategerezwa kuvuga ijambo ryabo canke iryungane umwumwe, gushika barangije umurongo.

Ivyiyumviro vy'umugambi

Akarorero k'umubumvyi: Abana barakunda kuvumbura ibintu iyo bariko bakoresha amaboko yabo. Aha n'ikintu gisanze co gukora igikoresho co munzu bakoresheje ibumba. Ukibike ahantu k'umuyaga mu bubiko kandi kizomara igihe kitari gito. Nimba ushobora kuronka amabara y'ibifungurwa, ushobora gushaka gukora amabara atandukanye y'ikibumbano kugira ngo ubikoreshe mu migambi y'ubugenegene ku bana kugira ngo ubanezereze.

Agakino – UKoresha ingabire z'abana bawe hanyuma ubanezereze mu gukina inkuru za Bibiliya. Reka abana bagerageze gukina mu burangamutima bw'urufatiro.

Guhana ibikorwa – AKandi koresha agakino, reka abana berekane ico bokora igihe bageze mu bibazo bimwe bimwe canke mu bihe kanaka. Baza, “mbega wokora iki igihe....” Urabe neza ko watanze umurongo ngenderwako muguhanahana ivyiyumviro vy'ivyo bibazo.

Ibipupe – INimba bihuye n'imico yanyu, ushobora gukoresha amaboko igipupe ukoresheje amashesheti yaheze canke igihuzi bataye. Urabe neza ko mudakora igisa n'umuntu ariho canke igikoko. Ushobora kuzingazinga, gutobora canke ukajisha amaso, izuru n'umunwa. Koresha ico gipupe igihe cose ugomba gufasha mu kuvuga inkuru canke uriko utanga insiguro y'icigwa. Wibuke gusigurira abana ko atari ibintu vy'insiga bwenge. Reka nabo babikoreshe rimwe na rimwe kugira ngo bashobore gutahura neza.

INGENE WOSENGANA NABO BOSE BARONDERA MU NYONGA Z'IMANA

(Urasabwe gukoresha ibi aho bikenewe)

- a. Tahura akamaro k'ico gihe, gihe umwitwarariko kandi wumve worongorwa na Mpwemu Yera
- b. Pfukama, wicare canke uhagarare hafi y'umuntu wipfuza gufasha.
- c. Mu gacerere senga ngo Imana ikurongore kandi ntiwirirwe urahagarika amasengesho yiwe, basengere nabo kandi. Niwe ategerezwa gusenga = uri ngaho kugira ngo umuherekeze mu kurongorwa na Mpwemu Yera.
- d. Umwiriza amasengesho yabariko baringinga kugira ngo umenyeko boba bakeneye imfashanyo.
- e. Igihe umwinginzi arangije gusenga, raba y'uko afise ivyemezo ko isengesho ryiwe ryishuwe. Ntukeneye kumenya ishengesho iryariryo kiretse wenyene abikubwiye.
- f. Nimba umwinginzi abandaniye gusenga atarangiza, canke adatumbereza:
 - i. Bukebuke bazako woshobora kumufasha. Uruhusa rumaze gutangwa,
 - ii. Menya imvo yatumye aza gusenga.
 - iii. Muri make murongore ukoresheje ivyanditswe vyera.
 - iv. Muri hamwe sengerako ico cipfuzo mutomora hanyuma mwizere Imana ko yumvise icipfuzo.
 - v. Igihe murangije isengesho, raba y'uko afise icizere ko isengesho ryiwe ryishuwe. Nimba atar'ukwo muri make batere intege zo kuguma bizeye Imana no kuguma bagendera mu muco nkuko Imana imurongora. Mwibutseko ari mu kwizera Imana honyene bashobora kuronka intsinzi kandi igikorwa kimaze kurangira muri we, Mpwemu Yera azokweza impwemu yabo. Aho ushobora kutabona ibigaragara ariko icemezo ca Mpwemu Yera kizokwama kihari.
- g. Wibuke guha umwungere amazina yose y'abinginzi n'inkurikizi y'amasengesho yabo.

ABAGORE B'UKWIZERA N'UBUSHIZI BW'AMANGA

Imirongo ya Bibiliya: Kuvayo 1:8-10, 22; 2:1-10; Abacamanza 4, 5; Rusi 1-4.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'ikigabane: “Ugutabarwa kwanje kuva k'Uhoraho yaremye ijuru n'isi” (Zaburi 121:2).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Kumenya ko Imana ikorera mu kwizera kw'abasavyi biwe.
- Gutahura ko Imana iseruka igihe ibibazo vyaturengeye.
- Kwizera ubushobozi bw'Imana, nubwo vyoba bigoye gutahura ivyipfuzo vyayo.

IVYIGWA VYO MUKIGABANE

Icigwa 1: **Yehoshabede**

Icigwa 2: **Debora yizeye Imana**

Icigwa 3: **Rusi umwizigirwa**

KUBERA IKI ABANYESHURE BAKENEYE INYISGISHO Z'IKI KIGABANE:

Abana baba batanguye gutahura urugero kanaka rwo kwigenga. Baba bariko barakura kandi baba bafise ivyo bazi bishasha hamwe n'ibyo babwirizwa: baraja kw'ishure, abavyeyi babo barabemerera gutambuka canke gutwara ikinga ahantu harehare, kumarana umwanya munini n'abagenzi babo batari aho abavyeyi bababona, n'ibindi.

Turavye uyu mwidegemvyo mushasha n'ubwigenge, barakeneye kwumvako batekanye kandi batuje. Igihe bisanze ubwabo mu bihe bigoye canke mu bibanza batamenyereye, isi bayibona nkuko ari nini cane kandi iteye ubwoba. Turavye inkuru y'iki kigabane mu guhimbaza abagore bo muri Bibiliya, abanyeshure bawe bazomenya ko Imana ari inyabushobozi kandi, muri ako kanya nyene, umugenzi wo kwizigirwa. Ntaco bitwaye ingene ibihe bigoye woba uriko ucamwo, Imana ifise ibintu vyose mu kuboko.

Intumbero y'icigwa

Yuko abanyeshure bategerezwa kumenya ko Imana itabara ibihe vyose, ntaco bitwaye ukwo ikibazo coba kimeze kwose.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Ugutabarwa kwanje kuva k'Uhoraho yaremye ijuru n'isi”
(Zaburi 121:2).

Witegure ubwawe kwigisha

Sigura muri make ico bisigura kwizera Imana. Nka Yehoshadade na Mose, abana b'Imana bahuye n'ibihe bigoye kandi rimwe na rimwe barababajwe. Ariko nivyankenerwa kumenya ko Imana izi ivyo ducamwo kandi ishobora vyose. kwiga kwizera Imana n'intambwe ihambaye mu gukura mu buryo bw'impwemu kw'abana bawe. Shira muribo ivyizigiro dufise mu Mana y'ubushobozi muruhande rwacu.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Intangamarara**

Nubwo iki ari icigwa ca mbere co muri uyu mwaka, nivyo ingirakamaro kwiyumvamwo abana bawe no kwumvako wobaha kaze mw'ishure. Bahe umwanya wo kumenyana no kugiriranira ubugenzi. Basigurire amateguko bategerezwa kwubahiriza mw'ishure, hanyuma musengere hamwe imbere y'uko ishure itangura.

Abagore bafise ukwizera n'ubushizi bw'amanga bari abahizi?

Babaze: Umuhizi n'iki?

(N'umuntu akora ibintu vy'ubushizi bw'amanga mu gufasha abandi.) Mbega mwoshobora kuvuga bamwe mu bahizi?

Shimikira kubabwira ko abahizi ari bantu bazwi, nk'abamisiyonari, abagwanya umuriro, abarongoye igipolisi na cane cane kubo dusanga muri Bibiliya.

Babwire ko: abahizi bose Bibiliya ivuga bafise ikintu baturirako: bizeye ubushobozi bw'Imana. Muri bino vyigwa, tuzokwiga ku nkuru z'abagore batatu bumye kukwitambwaho n'Imana no kurindwa.

INKURU YA BIBILIYA

Kuvayo 1:8-10, 22; 2:1-10

Imbere y'uko icigwa gitangura, raba igiseke, igipukuru, canke agatebo canke ishuka yo gufuka.

Wibuke y'ukwo iyo uriko ukoresha ibintu bigaragara wereka abanyeshure, abana barakurikira cane vyoroshe gusumba.

Yehoshabede yakijije umuhungu wiwe

Abisirayeli bari bamaze imyaka yababa 400 muri Egiputa. Kubera ko ubwoko bw'abaheburayo bwakomeje kugwira, abanyegiputa bafashe ingingo yo kubagira abaja. Kandi, mu gutinyako bokwifatanya n'abansi hanyuma bagatera igihugu, Farawo ategura umugambi wo guhagarika igwirirana ryabo mu kwica abana b'abahungu bose. Ategeka abakozi biwe kubata muruzi rwa Nile.

Muri icyo gihe, Yehoshadade umugore w'umuheburayo, avyara umwana wiwe agira gatatu. Mushiki wiwe Miriyamu yarafise hagati y'imyaka 10 canke 11 hanyuma Aroni nawe yarafise imyaka 3.

Amaze kumuhisha kumara amezi atatu, Yehoshadade n'umugabo wiwe bategura umugambi wo gukiza ubuzima bw'urwo ruhinja. Akora agatebo munkorogoto kandi agashiramwo ishashara kugira ngo amazi ntashobore kwinjiramo. Hanyuma ashiramwo wa mwana w'umuhungu, afata kagatebo akajana k'uruzi Nile, hanyuma agasigaho.

Birashobokako Yehoshadade yaraziko umukobwa wa Farawo rimwe na rimwe aza kuri urwo ruzi uwo mwana kandi ko azohasanga uwo mwana. Kandi vyarabaye. Umwamikazi yahasanze kagatebo kandi nubwo yamenyeko uwo mwana ari umuheburayo, yaramugiriye imbabazi.

Inkuru itubarira ko Miriyamu yari yicaye hafi araba ibiriko biraba, kandi ntiyahigimanze mugutanga nyina wiwe nk'uwokora ako kazi ko kwonsa uwo mwana. Umwamikazi yemera kuriha Yehoshadade kugira ngo urere uwo mwana!

^nk'umuhungu wo mu muryango wa Farawo, Mose yaronse inyigigisho zo ku rwego rwo hejuru no gutegurwa kuba ingabo muri icyo gihe. Yarafise ubushobozi, ububasha n'igitinyiro. Ariko imbere y'ivyo, Imana yemerera Yehoshadade gutoza Mose imigenzo n'idini ry'ubwoko bw'abaheburayo.

Igikorwa ca Yehoshadade kwari ukwigisha Mose ngo ntaze yibagire ubwoko bwiwe bw'abaheburayo, n'ubwo yari yinjiye mu migenzo y'abanyegiputa.

Yehoshadade ntiyarazi ikizoshikira umwana wiwe igihe yamusiga muri kagatebo muri Nile.

Icyo yarazi conyene kwari ukwo Imana yonyene ariyo izomwitwararika. Kandi mu kwizera, yarumviye Imana kandi yizera ukuzigama kwayo. Ivyo yariko aracamwo vyari bimurengeye, ariko yarazi neza y'uho Imana izozigama amasezrano yayo.

Umwihwezo wa Bibiliya

- N'ikihe gikorwa c'ubuhizi Yehoshadade yakoze?
- Yehoshadade yoba yiyumvise gute igihe yasiga umwana wiwe m'uruzi?
- Ni muzihe nzira Imana yigaragajemwo igihe Yehoshadade yari yarengewe n'ibibazo?
- Ni gute twamenya ko Imana ifise ibibazo mu minwe?

IBIKORWA

Agatebo ka Yehoshadade

Tanga mu bana impapuro bakoresha mu cigwa ca 1. Sigura ivyo kwitondera mu gukora ako kagenegene. N'ivya nkenerwa cane kurongora abana bawe intambwe ku yindi mu guteza imbere icyo gikorwa. Ubibutse ko tutari abahambaye kubera ingeso zacu, ariko ari kubera ko twizera ko Imana iri hejuru ya vyose kandi ari inyabushobozi mubidushikira vyose.

Gufata k'umutwe

Andika amajambo yo muri Zaburi 121:2 k'urupapuro canke ku kibaho. Somera hamwe ubugira kandi. Mu nyuma, futa ijambo hanyuma musubire kurisoma; futa ijambo rikurikira hanyuma murivuge, hanyuma mubandanye ukwo gushika kukibaho hasigaye hagaragara hanyuma abanyeshure bashobore kuvuga umurongo wose wo gufata k'umutwe.

Manika amakarata y'imirongo y'ukwezi kugira bayijane muhira hanyuma bayisubiremwo mu ndwi hagati.

Kurangiza

Tera intege abana bawe gukurikirana inyigisho buri ndwi. Tegura integuro y'agashimwe canke gushimira abana, mu gihe kanaka batigeze basiba mw'ishure kandi batigeze bacerwa.

Imbere yo gusezerana, subiramwo umurongo kugira bawufate k'umutwe.

Nimba bishoboka, rondera abavyeyi b'abana bawe kandi ubasabe inkuru zabo kugira ngo ugire ububiko bw'imyidondoro y'abanyeshure. Ibi bizoba ibifasha cane muri uwo mwaka.


ibikorwa vy'icigwa ca 1

YEHOSHADADE

Imirongo ya Bibiliya: Kuvayo1:8-10, 22; 2:1-10

Intumbero y'icigwa: TKo abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ifise inyishu y'ibibazo vyose, ntaco bitwaye ukwo ingorane yoba imeze kwose.

Umurongo wo gufata k'umutwe: “Ugutabarwa kwanje kuva k'Uhoraho yaremye ijuru n'isi” (Zaburi 121:2).



Kata uturongo turi hagati: utangurire k'uwa kabiri, uzinge canke ukate uciye muturongo kugira ngo haboneke ikibanza hagati yazo. Mu nyuma, uzinge urupauro uciye mu mirongo. Mu nyuma, bonesha umurongo wose n'ikaramu y'igiti kugira ngo ushobore kubona neza ako gatebo kagaragara murufunzo. Soma zaburi 121:2. Wibukeko, nubwo ibibazo vyoboneka bihambaye, Imana ishobora vyose.

Intumbero y'icigwa

Yuko abanyeshure bategerezwa kumenya ko Imana itabara ibihe vyose, ntaco bitwaye ukwo ikibazo coba kimeze kwose.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Ugutabarwa kwanje kuva k'Uhoraho yaremye ijuru n'isi” (Zaburi 121:2).

Witegure ubwawe kwigisha

Inkuru ya Debora izofasha abana bawe mu guteza imbere ukwira Imana kwabo. Ntitwogira ubwoba, kubera ko Imana ishobora vyose. Ntabwo idusabako dutegerezwa kuba dutunganye, ariko gusa idusaba kuyizigira no kuyumvira. Abana bawe bakeneye igihe cose guterwa intege, kwibukako Imana ibakunda. Igihe bazokwiga gushira ivyizigiro vyabo mu Mana, birabafasha cane kuba abahizi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ninde ari umuhizi?**

Mu ntango, raba ivyo bibiliya ivuga kubibaranga ivyo abana bawe bashobora kumenya. Bakiriko bararaba, babaze:

N'ubuho muri ubwo buranga bwerekana umuhizi n'igituma?

Umviriza inyishu zabo. Mu nyuma ubongerereko mukubasigurira akaranga akariko kose ko babaye abahizi kubera ko bizeye kandi bumvira Imana. N'ivyingira kamaro ko biga kwumvira Umwami, Atari kuvyo bazi igihe bahuye n'ibihwe bigoye.

Ninde arongoye ishengeru ryacu?

Baza abanyeshure bawe:

Mwibaza ko hano mw'ishengeru ryacu hari abarongozi b'abagore? (baca bavuga bamwe muribo.)

Saba abana bawe bacape abagore b'abarongozi mw'ishengeru ry'intango, kandi muri ukwo gucapa, andika iryungane rivuga izina ry'umuntu n'igikorwa ciwe.

Ukiriko urakora, ubibutse ibi: *Imana ikoresha abantu bafise ukwizera kandi bumvira, itaravye ubunini, inkomezi, canke ubwenge bashobora kuba bazi. Ntirabako ari abagabo canke abagore, abahungu canke abakobwa, ico ishaka n'imitima yipfuzza kuyikorera no mubihe bigoye.*

Inkuru ya Bibiliya y'uno musiganywe n'umuntu y'ubaha kandi w'umuhizi no hagati mubihe bigoye.

INKURU YA BIBILIYA**Abacamanza 4 – 5****Debora yari umuhizi**

Ubwoko bw’Imana bwari bubaye I Kanani imyaka myinshi. Mu bihe bimwe bimwe, barumvira Imana kandi bakanezererwa ubutunzi bwabo mu gihugu gishasha. Mu nyuma, batangura kugarariza Imana ubundi n’ubundi. Mu nyuma, Imana ifata ingingo yo kubahana. Kubw’ivyo, yemerera abansi bw’umwami kubatera. Sisera yari umuntu mubi cane k’ibisirayeli kandi yabatwaye nk’abaja. Hanyuma ubugira kandi, abisirayeli baratakambira Imana ngo ibafashe.

Abisirayeli baja kuvugana na Debora, yari umucamanza, n’umuvugishwa, kugira agire ico akoze kuri ico kibazo. Birashoboka ko yari kugira ico abafashije muri ico kibazo. Debora arabumviriza hanyuma aravuga, “Ndabasavye, muzane Baraki.”

Baraki amaze kuhashika, Debora amubwira ati, “Umwami, Imana y’abisirayeli, ishakako wewe ufata abagabo 10,000 k’umusozi w’I Tabora. Ariko, Baraki agira ubwoba hanyuma aravuga, “Debora, sinshobora kugenda jenyene. Ndagukeneye wewe ngo tujane.”

“Ugize neza,” Debora aravuga. “Ndajana nawe ariko ibi sivyo Imana yategetse, ko wabisavye ushitse ko njana nawe, icubahiro co muntambara ntikija kuba iciwanyu. Umwami aja kugabura Sisera mu maboko y’umugore.”

Debora na Baraki begeranya abisirayeli 10,000 hanyuma baja k’umusozi Tabora. Sisera amaze kwumvako bagiye muri ico kibanza, yegeranya imikogote 900 hanyuma aja mu kiyaya c’ikishoni.

Mu nyuma Debora abwira Baraki, “N’utere! Uno musu Umwami yagabuye Sisera mu maboko yawe. Imana ikuje imbere.”

Baraki n’aba bagabo 10,000 bamanuka bava kuri wa musozi baja muri za ngabo za Sisera. Igihe ingabo za Sisera zatangura gutera, imikogote 900 yaciye agira ingorane zikomeye. Imana iteza muri ico kiyaya c’I kishoni ubunyerere bukomereye, hanyuma imikogote iraroka!

Igihe Sisera yabona ko imikogote yiwe idashobora kubandanya, yaciye ava mu mukogote hanyuma ariruka cane ukwo ashoboye. Niwe wenyene mu ngabo zose yashoboye gucika Baraki n’ingabo z’abisirayeli. Sisera aca yiruka aja mw’ihema ry’umugore yitwa Yayeri hanyuma aramutakambira, “Nyegeza!” igihe Baraki yashikira Sisera mw’ihema kwa Yayeri, yasanze yapfuye.

Kuri uwo musu Imana ifasha abisirayeli gutsinda intambara yabahuza n’abanyakanani. Abisirayeli barushiriza kuba ubwoko bukomereye.

IBIKORWA

Debora yizeye Imana

Saba abana bakate amashusho ari k’urupapuro rw’ibikorwa hanyuma bazishire k’urupapuro canke kugakarata, nkuko vyoba ari karutari. Mu nyuma, bahe umwanya basige urwo rupapuro amarangi canke ibindi bikoreshe bashobora kuronka, nk’akaramu y’amabara canke ikaramu z’ibiti.

Bariko barakora, kora isubiramwo ry’inkuru ya Bibiliya hamwe nabo. Batere intege zo kuba abahizi, no mubihe bigoye.

Gufata k’umutwe

K’urupapuro rw’udukarata, andika amajambo yo muri zaburi 121:2, ushire ijambo ryose kugakarata. Subiramwo umurongo hamwe nabo incuro zibiri. Hanyuma, vanga twadukarata hanyuma wemerere abana guhindukiza udukarata ngo bashire amajambo m’urutonde rwiza. Subiramwo umurongo igihe cose bawushize k’urutonde rwiza. Gumiza utwo dukarata mu gasakoshi kugira ngo zizokoreshe mu nyuma.

Kurangiza

Shimira abanyeshure bawe kuba bitavye inyigisho kandi utangaze ikintu kijanye n’icigwa kizokurikira kugira ubatere intege.

Uhagarare cane ko dutegerezwa kwizera ubushobozi bw’Imana mu bihe bigoye. Rangiza n’isengesho, dushimira Imana yo yadufashije kuba abahizi, nubwo twoba twumva dufise ubwoba.


DEBORA YIZEYE IMANA

Imirongo ya Bibiliya: Abacamanza 4—5

Intumbero y'icigwa: Ko abanyeshure bashobora kumenya kwizera no kwumvira Imana nubwo vyoba bigoye.

Umurongo wo gufata k'umutwe:

“Ugutabarwa kwanje kuva k’Uhoraho yaremye ijuru n’isi” (Zaburi 121:2).



Kata amashusho, hanyuma uyashire ku kimanyu c’ikarata canke urupapuro rwo kwubaka kugira ukore inkuru ya Bibiliya. Yereke abagenzi bawe n’umuryango hanyuma ubabwire ingene Debora yizeye Imana kandi akayumvira no mu bihe bigoye.

Intumbero y'icigwa

Yuko abanyeshure bategerezwa kumenya ko Imana itabara ibihe vyose, ntaco bitwaye ukwo ikibazo coba kimeze kwose.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Ugutabarwa kwanje kuva k’Uhoraho yaremye ijuru n’isi” (Zaburi 121:2).

Witegure ubwawe kwigisha

Iki cigwa kizofasha abana gutahura ko Imana ariyo kwizigirwa, yo guhimbaza, yamaho kandi iganje. Mu kwongerako, bazotangura gutahura ingene boshobora kuba abizera, baganje, kandi bahimbara Imana, abavyeyi babo, n’abagenzi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**N’ibiki bizombako muri kazoza?**

Sigura ko ukwizera ari ukugira ubumenyi ko Imana izodufasha kuja imbere, nubwo twoba tutabona inzira. Kugira ukwizera mu Mana n’igikorwa co kwizera.

INKURU YA BIBILIYA**Rusi 1 – 4****Rusi, umugore yizera**

Kera cane, igihe abantu bw’Imana bwari buganjwe n’abacamanza atari abami, hateye inzara mu gihugu c’ibwisirayeli. Abantu ntibari bafise ibifungurwa bikwiye. Kubw’iyo mvo, Elimeleki, umugore wiwe yari Nawomi, hamwe n’abahungu biwe babiri baja kuba mu kibanza ca kure bita I Mowabu.

Haheze igihe, Elimeleki arapfa. Abahungu biwe barakura hanyuma barongora abagore b’I Mowabu, Rusi na Orupa. Imyaka cumi irangiye, abahungu ba Nawomi nabo barapfa.

Nawomi agira agahinda kenshi. Yari asigaye wenyene mu gihugu kitari iciwe, kure y’iwabo. Mu nyuma abwira Rusi na Orupa: “Ngiye gusubira mu gihugu canje. Narumvise ko Imana yahezagiye Isirayeli kandi ko ubu ibifungurwa bihari.”

“Tuzojana nawe,” abakazana biwe baramwishura.

“Bana banje,” Nawomi aravuga, “subira inyuma mu miryango yabo. Mwabanye neza n’abahungu banje hamwe na jewe. Imana ibagirire impuhwe nyinshi kandi ibahe abandi bafasha.”

Nawomi arabegera ngo abasome imbere y’ukwo batandukana, hanyuma batangura kurira kubera ko bari bababaye kuko batari bashaka ko agenda.

Ariko Nawomi arabingira ngo basubire I Mowabu, mu nyuma Orupa aramusoma aramusezera hanyuma afata ibarabara risubira mu gihugu c’iwabo.

“Raba, Rusi,” Nawomi aravuga, “Orupa asubiye mu gisagara c’iwabo mu muryango wiwe. Jana nawe.” “Oya, singenda,” Rusi arishura.

“Ariko ntawundi muhungu mfise kugira ngo azokurongore, mukobwa wanjye.”

“Ntaco bitwaye, Siniteguye kuguheba. Ahuzoja hose, nzojana nawe. Abantu bawe nibo bazoba abantu banje kandi Imana yawe izoba Imana yanje.”

Igihe Nawomi yabonako Rusi yahisemwo kudahindura ivyiyumviro vyawe, aca ahagarika kumwiringa. Abo bagore babiri baca batangura urugendo mu nzira ija muri Isirayeli hanyuma bashika I Betelehemu ubwo nyene

isarura ritanguye.

Igihe abimbuzi bakata ingano no kuzikorera, zimwe mu ntete zama zigwa hasi mw'itongo.

Imana yari yarategetse ko abisirayeli gusiga mw'itongo intete zatakaye mw'itongo kugira ngo abakene bashobore kuza kuzitora hanyuma baronke ibifungurwa. Nubwo Rusi yarakenye, yagenda inyuma y'abimbuzi, atoragura intete zibakorokanye.

Rusi yarakora cane kandi akaruhuka. Yarazi neza ko nimba adakoze, Nawomi nawe nyene ubwiwe ntiboshobora kuronka ivyo bafungura.

Ubwo Rusi yakora ataruhuka, Bowazi, nyene umurima, yaba ariko arakurikirana iyimbura. Bowazi agenda aho Rusi yariko arakorera hanyuma aravuga, “Ntuzokwongere gukorera mu wundi murima, kubera ko hogira umuntu akugirira nabi. Ni vyiza gukora mu mirima yanje. Aha uzoba ufise umutekano.”

“Uri umuntu mwiza!” Rusi aravuga. “kubera iki ungirira neza, kandi ndi umunyamahanga?” “Kubera ko numviseko wagiriye neza Nawomi,” Bowazi arishura.

Igihe Nawomi yasubira muhira mw'ijoro, avugana na Nawomi ibijanye n'intete yatoraguye hamwe n'ubuntu bwa nyene umurima.

“Bowazi n'incuti y'umugabo wanjye,” Nawomi aravuga. “Ndanezerewe ko yagufashe neza. Kubw'ivyo ntutinye gukora mu mirima yiwe, azogukingira.”

Ukwo igihe cagiye kirahuka, Bowazi yumva akunze Rusi. Baca barabana hanyuma bavyara umwana bamwita Obede. Igihe Obede amariye gukura, aronka abana hamwe n'abuzukuru benshi. Umwe muri abo bana babuzukuru yitwa Dawidi, umwe yica ikigatanya Goliyati. Dawidi ari m'uruvyaro rwa Rusi na Bowazi. Imana iha impera kubw'ubwizigirwa bwiwe n'ukwizera, yemererwa kuba uwo mu muryango w'umwami Dawidi, ariko hejuru y'ivyo Umwami Yesu.

IBIKORWA

Rusi umwizigirwa. Imana niyo kwizigirwa.

Saba bamwe mubashaka bavuge igice ca mbere c'inkuru, akoresheje ishusho za Rusi, Orupa, na Nawomi. Uhagarare cane kubwizigirwa bwa Rusi kuri Nawomi igihe yafata ingingo yo kujana nawe I Betelehemu. Hindura ikibanza kikwegereye kugira ngo uje k'uruhande rw'ahavuga “Imana niyo kwizigirwa”. Hitamwo abana bamwe bavuge igice kigira kabiri c'iyi nkuru, ukoresheje amashusho ya Rusi, Nawomi na Bowazi.

Uhagarare cane kukungene Imana yabaye umwizigirwa kuri Nawomi na Rusi, ibaronsa imfungurwa n'igikorwa. Yarateguriye kandi umufasha Rusi kandi abemerera kuronka umwana mwiza.

Batere intege gukoresha iki gikorwa kubwira imiryango yabo ivyo bize mw'ishure.

Isubiramwo ryo mu kwezi

Kubera ko ari icigwa ca nyuma c'ikigabane, dusabwa muri make kugira isubiramwo ry'ivyigwa bitatu twize muri uku kwezi.

Gufata k'umutwe

Muri iyi ndwi turaguhanyura ko wokoresha amakarata yateguwe ubwanyuma mw'ishure. Gabura abanyeshure mu migwi mitomito canke babiri babiri. Bahe umwanya wo gutondeka amakarata ku meza. Vugira hamwe umurongo wo gufata k'umutwe, hanyuma ucange amakarata. Umugwi uja gufata umwanya mutoya wo gutondeka amakarata uzoba ariwo utsinze.

Kurangiza

Tanga ibikorwa vy'abana bawe bakoze muri ibi vyigwa bitatu hanyuma ubatere intege ngo babe abahizi kandi bizere ukurindwa n'Imana.

Ubaka umuzingi, hanyuma usengere umwe wese muri bo. N'ivyo ikimazi cane nubwo vyotwara umwanya muremure, vuga izina ry'umwana wese igihe uriko urasenga.


Ibikorwa vy'icigwa ca 3

RUSI UMWIZIGIRWA

Imirongo ya Bibiliya: Rusi 1—4

Intumbero y'icigwa: Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ishaka ko duhezagira abandi biciye kuri bo.

Umurongo wo gufata k'umutwe: “Ugutabarwa kwanje kuva k’Uhoraho yaremeye ijuru n’isi”
(Zaburi 121:2).



BIBILIYA IRATWIGISHA INGENE DUFATA INGINGO

Imirongo ya Bibiliya: 1 Abami 3:4-15; 4:29-34; Yohana 1:35-42; Luka 10:38-42; Matayo 25:14-30; Daniyeli 1:3-20; Luka 12:13-24.

Umurongo wo gufata k’umutwe w’iki kigabane: “Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw’Imana n’ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa” (Matayo 6:33)

INTUMBERO Z’IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure bawe:

- Gutahura ko ingingo bafata ari izingira kamaro.
- Kwipfuzza gufata ingingo ziha icubahiro Imana.
- Gufata ingingo zihagaze ku ngingo za Bibiliya.

IVYIGWA VYO MU KIGABANE

Icigwa 4: Solomo yafashe ingingo y’ubwenge

Icigwa 5: Andereya afata ingingo yo gufasha Petero

Icigwa 6: Mariya na Marita bafata ingingo yo gukorera Yesu

Icigwa 7: Umunyabwenge yafashe ingingo nziza

Icigwa 8: Daniyeli ahitamwo imfungurwa zizana amagara meza

Icigwa 9: Umugabo w’umutunzi yafashe ingingoo mbi

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO ZIKI KIGABANE:

Abana baba batanguye kurondera umwidegemvyo. Baba baratanguye ubuzima bwabo bw’ishure hanyuma bakiyumvako “bakuze”. Mu bisanzwe, benshi muri bo ntibaba bipfuzako ubagereranya n’abana batoya.

Baba bariko bazunguruka ata bwoba kandi baba bashobora gufata ingingo zabo ubwabo nyene. Kuri urwo rugero rw’umwidegemvyo baba bamaze gushikako, bategerezwa kandi kwemera ivyankenerwa mu gufata ingingo nziza. Ubundi, baba bakenye kuyoborwa kugira ngo bibafashe gufata ingingo ziha icubahiro Imana. Ivyigwa vyo muri iki kigabane bizotanga urufatiro rwa Bibiliya kugira ngo rufashe abanyeshure gufata ingingo nziza zirimwo ubwenge.

Baronderere akaryo ko kugerageza uburyo bafata ingingo. Bashirireho umwuka mwiza mw’ishure, aho abana bawe bashobora kwihweza no kuronka inyigisho z’abanesheje. Witegereze ingingo bafata mu gihe bari mw’ishure, kandi ubashimire igihe bahisemwo ikintu gihimbare Imana.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ariyo ibafasha gufata ingingo z'ubwenge.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw’Imana n’ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa” (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Ubuzima bwacu bwa misi yose bwuzuyemwo guhitamwo. N’abana batoya bahura n’ingingo nyinshi nshasha bategerezwa gufata buri musi. Zimwe usanga zisanze; izindi usanga zibakorako mu buzima bwabo bwose.

Iki cigwa kizoguha akaryo gakomeye mu kurongora abanyeshure bawe, kubigisha kurondera uburongozi bw’ijuru imbere y’ukwo bafata ingingo iyariyoye.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Vuga inkuru ukoresheje amajambo yawe kandi uhindure ingene ukoreshe ijwi ryawe kugira ngo urihe iyindi ntumbero. Ikindi kintu n’ugutumira umuntu akagufasha gusoma hanyuma agakina igice ca Salomo.

INKURU YA BIBILIYA

1 Abami 3:4-15; 4:29-34

Solomo n’umunyabwenge mu gufata ingingo

“Nafashe urugendo rurerure mu gushika I Gibeyo ngo mpimbaze Imana,” Salomo yiyumvira. “Ndarushe cane kandi ndakeneye kuruhuka kugira ngo ngarukane inkomezi.”

Ubwo Salomo yariko araja mu gitanda kuryama, yumva itiro riramutwaye ubwo nyene hanyuma atangura kurota. Hagati muri izo nzozu, Imana iramugenderera iramubwira iti, “Mbwira ico ushaka cose kandi nzokiguha.”

“Mwami,” Salomo arishura, “wagiriye neza data Dawidi. Ubu naho wanyemereye kuba umwami wiri hanga rikomeye. Ariko ndacari muto cane kandi sinzi ingene bigenda ngo mbe umwami mwiza. Ntabumenyi buhagije mfise. Nuhe umusavyi wawe ubwenge bwo kurongora abantu bawe. Mfasha kumenya iciza n’ikibi.”

“Unsavye ikintu ciza cane,” Imana iravuga. Kutasavye kuramba canke kugira ubutunzi bwinshi. Ariko, kubera ko unsavye ubwenge bwo kurongora abantu, nzoguha ivyo ushaka vyose. Ntihazokwigera habaho umunyabwenge kugusumba. Kandi kubera ko utansavye ibinezera umubiri, nzoguha vyinshi; nzoguha ubutunzi bwinshi n’icubahiro. Ivyongeweko, niwakurikira inzira zanje kandi ukanyumvira, nkuko so Dawidi yabikoze, nzoguha kandi kubaho igihe kirekire.”

Solomo aca arikangura hanyuma amenyako yariko ararota. Imana yashikije isezerano ryiwe kandi aha Salomo ubwenge butangaje. Kandi amenyekana mw’isi yose nk’umwami w’ubwenge muri kahise. Salomo yaranditse

kandi yegeranya ivy'ubwenge aravuga biciye mu buzima bwiwe, bimwe bikaba vyanditswe muri Bibiliya mu gitabo c'imigani.

IBIKORWA

Ingingo ya Salomo

Sigura igituma ari ingira kamaro kurondera ubufasha mu gihe uriko ufata ingingo z'ubwenge, hamwe niyo yokura ubufasha:

- Bibiliya. Nimba ufashe ingingo zo gukurikiza Bibiliya, turazi neza ko Imana izonererwa guhitamwo kwacu. Bibiliya yuzuyemwo impanuro nyinshi nziza zidufasha gufata ingingo nziza.
- Amasengesho. Biciye mu masengesho, dusaba Imana, ko Imana idufasha gufata ingingo z'ubwenge.
- Yesu. Yama yipfuza kudufasha igihe dutegerezwa gufata ingingo. N'umunyabwenge kandi arazi ivyiza kuri twebwe.
- Abavyeyi. Aradukunda kandi arakeneye ko dufata ingingo nziza.
- Umwungere. Aritwararika ibijanye n'impwemu yacu kandi yipfuza kudufasha gufata ingingo zihimbara Imana.

Vugana n'abana ibijanye n'ingaruka y'ingingo zabo. Ubibutseko ingingo ya Salomo mu buto bwiwe yamufashije mu buzima bwiwe busigaye n'abantu biwe.

Gufata k'umutwe

Andika umurongo wa gufata k'umutwe k'urupapuro hanyuma urushire mu kibanza kiboneka mu cumba.

Saba abakobwa baze imbere kandi babisome; hanyuma usabe abahungu nabo basome. Ubundi uhitamwo imigwi itandukanye (nk'akarorero abo bese bafise ibirato vyirabura, abo bese bafise impuzu zifise ibara risa, n'ibindi). bandanya urukino ukoresheje abatandukanye, gushika aho umurongo wose usomwa n'imiburiburi incuro zitanu. Mu nyuma, saba abashaka barivuge badasoma bavuge k'umutwe.

Basubize amakarata y'imirongo y'ukwezi kugira ngo bashobore kuyijana muhira hanyuma basubiriremwemo uwo murongo abavyeyi babo.

Gusozera

Ririmba indirimbo, hanyuma muje hamwe musenge. Saba umwami afashe uwo ariwe wese mu gufata ingingo z'ubwenge muri iyo ndwi, no gusabira umwe wese.

Imbere y'ukwo ubasezera, saba uwo ariwe wese gufasha mu gukubura ishure no gushingura ibikoresho bakoresheje.

SALOMO YAFASHE INGINGO Y'UBWENGE

Imirongo ya Bibiliya: 1 Abami 3:4-15; 4:29-34

Intumbero y'icigwa: ko abanyeshure batahura ko Imana ibafasha gufata ingingo z'ubwenge.

Umurongo wo gufata k'umutwe: Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)



Tora ijambo rikwiye mu kibanza c'iryungane iryariryo ryose. Hanyuma wandike ijambo nyaryo mukazitizo. Koresha indome ahari amabara mu gutora ijambo ribuze mu ryungane rya nyuma.

1. Imana yavuganye na Salomo muri:

--	--	--	--	--

2. Imana yabwiye Salomo iti: "Nzoguha ico..."

saba	ukeneye	ufise

3. Salomo yasavye Imana ngo imuhe:

Amagara			ubutunzi		ubwenge

4. Imana iranezerwa Igihe dufashe ingingo yo:

--	--	--	--

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure biga kumenya ko bashobora guhindurwa n'abandi bantu mu gufata ingingo nziza.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Abantu bose barashobora guhindurwa, bikorwa n'abagenzi, umuryango, ikimenyeshamakuru, canke ivyivugo, bimwe muri vyo. Abana bo muri uru runganwe niba boroshe cane guhindura. Igihe abana biga kugutora guhindurwa kwiza, bica vyorohe kuri bo gufata ingingo nziza.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

N'iyihe nsiguro yo guhindurwa?

Andika ijamba "GUHINDURWA" kwikarata, hanyuma insiguro ikurikira kuyindi: "N'ubushobozi butuma uwundi muntu akora ivyo wewe wipfuzwa."

Mu nyuma, kata amakarata mu bice bizungurutse.

Gabura ishure mu migwi ibiri. Uhereze umugwi wose ibice kugira bagire ijamba canke insiguro. Basane gushira hamwe yamizingi, hanyuma usome ivyo bubatse n'ijwi rirerire. Bahe umwanya wo kwiyumvira kubijanye nico bivuye nko mu ntangamarara y'inkuru ya Bibiliya.

INKURU YA BIBILIYA

Yohana 1:35-42

Abigishwa bakurikiye Yesu

"Raba, ari hariya!" Yohana Umubatizi aravugaga. "N'umwagazi w'intama w'Imana uwo ndiko ndavugaga."

Yohana yarahimbawe cane! Yarabwiye Andereya n'umugenzi wiwe ibijanye na Yesu. Ubwonyene, Yesu aca araseruka, inyuma yabo.

"Reka tujane nawe!" Andereya abwira umugenzi wiwe.

Andereya n'umugenzi wiwe baba bakurikira Yesu. Haheze umwanya, Yesu aramuhindukirira hanyuma aca arababona.

"Wipfuzwa iki?" Yesu arabaza. "Mwigisha, ndakwinginze tubwire aho uba," baramwishura.

"Ni munkurikire hanyuma nzobereka," Yesu arabashura.

Andereya n'umugenzi wiwe baba bajana na Yesu mu kibanza aha yaba. Aho hantu bahamara umunsi usigaye bariko barayaga.

Igihe abo bagabo babiri bagenda, Andereya yaranezerewe cane.

"Ni Kristo, Mesiya!" Andereya arasemerera. "Ntegerezwa kurondera umuvukanyi wanjye Simoni ndamubwire iyi nkuru nziza."

Andereya vuba na vuba aca yiruka k'ubwato bwiwe, bwari ku nkombe y'ikiyaga c'I Galilaya. Kubera ko bari abarovyiyi, Simoni yariko ategura insenga kugira bazoje kuroba ku musi uzokurikira w'ibikorwa.

Igihe Andereya yamubona yaciye amubwira, “Simoni, ngufitiye inkuru nziza. Twahuye na Kristo, Mesiya!” Aho uriko uvuga ibiki?” Simoni arabaza. “N’ivy’ukuri?”

“N’ukuri!” Andereya arishura. “Namubonye, izina ryiwe ni Yesu. Ingo tujane. Ndakujana aho ari hanyuma umwibonere ko ari Mesiya.”

Simony ariruka inyuma ya Andereya kugira ngo arabe uwo mugabo umuvukanyi wiwe yariko aramubwira ivyiwe. Mu nyuma, baca barashika muri ca kibanza Yesu yarimwo.

Andereya aca ajana Simoni kwa Yesu. Amaze kumubona, Yesu aramubwira, “Izina ryawe ni Simoni, ariko kuva uno musi uzokwitwa Petero.” Kandi, kuva uwo musi Petero na Yesu baciye baba abagenzi beza.

Inyifato zitangaje - II

Shira indome zayamazina abiri kumeza canke hasi. Saba abatari bake bavyifuza ko mwofatanyaga igikorwa.

Umwe wese ategerezwa kuzunguruka hanyuma agerageze gushira hamwe y’amazina y’abigishwa babiri hamwe anyarutsa bishoboka. Uwuja kurangiza ico gikorwa mu mwanya muto niwe azoba yatsinze.

Andereya yafashe ingingo yo gufasha Petero

Hereza abanyeshuri impapuro z’ibikorwa ku cigwa ca 5. Tegekanya umukasi n’uburembo. Bategeke gukata mutubwote amashusho hanyuma bayashire mu bibanza vyayo, kugira ngo bakurikirane inkuru. Ukwo babandanya gukora, subiramwo inkuru, hanyuma ubaze ibibazo bijanye n’inkuru ya Bibiliya kugira ngo ushimangire ubumenyi.

IBIKORWA

N’ubuho buryo bwo guhindurwa ucamwo?

Somera abana bawe ibi bikurikira bibashikako. Vuga kubijanye n’ububasha dufise bwo guhindura abandi mu buryo bwiza canke mu buryo bubi, hamwe n’uburyo Imana yipfuzako dukora nk’abakristo. Mu bihe vyinshi bitandukanye, Samweli yaratumira umugenzi wiwe wa cane Dawidi mw’ishengero, ariko ntiyigeze aza. Umusi umwe, Dawidi atumira Samweli kugira baje kukiye kumarayo imisi irangiza indwi.

Samweli aramushimira cane kuri ubwo butumire ariko aramubwirako adashobora gusiba kw’ishengero k’umusi w’Imana, kubera ko yakunda cane kuja mu nyigisho ziwe zo k’umusi w’Imana. K’umusi w’Imana, igihe Samweli yari yiteguye kuja kw’ishengero, Dawidi afata ingingo yo kujana nawe. Mbega uburyo bwo guhindura Samweli yashize kuri Dawidi?

Gufata k’umutwe

Kwiga k’umurongo w’iki kigabane, kata uduce tw’impapuro, hanyuma ku gace kose wandike amajambo amwe y’uwo murongo wo gufata k’umutwe. Yashire kukibambaza canke kukibaho, kugira ngo bamaze gusubiramwo incuro nyinshi umurongo, ushobore kuyashira mu ntonde zitandukanye kugira ngo abana bawe bashobore kubona urutonde rwiza.

Kurangiza


Shiraho imigwi imwimwe canke usabe abavyipfuzaga gushira k’uruhande ibikoresheho bakoresheje mw’ishure hanyuma babishire hamwe. Mu nyuma, muririmbe indirimbo zo gutazira.

Rangiza ubarongora mw’isengesho, usabe Imana ibafashe abo bose muri mwebwe bagereye guhindura neza aho bari bari hose.


Basezere, kandi ntiwibagire kubatumira mw’ishure rikurikira.

ANDEREYA YAFASHIJE PETERO

Kata amashusho ari mutuzitizo hanyuma uyashire aho hari ibibanza m'urutonde nkuko bimeze mu nkuru ya Bibiliya.



Ikintu ca mbere Andereya yakoze kwari ukuja kuraba umuvukanyi wiwe Simoni (Petero) no kumubwira, “Twabonye Mesiya.” (Yohana 1: 41-42)



Intumbero y'icigwa

ko abanyeshure biga kumenya ko bashobora guhindurwa n'abandi bantu mu gufata ingingo nziza.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Birashoboka ko abana benshi bakeneye kurongorwa mu gutahura ingabire zabo. Bamaze kuzimenya, bashobora kubona umunezero uri mu gukoresha umwanya wabo n'uburyo bwo kuyihimbara no gukorera Imana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ingabire ziva ku Mana**

Muri iki gikorwa, uzoba ukeneye ibikoresho vy'umuziki canke umuziki uvuga, uburoso bwo gusiga, umupira n'ikaye.

Shira ivyo bikoresho kumeza, hanyuma ubwire abana: Imana yaduhaye ingabire zose zihambaye; ico bita ingabire canke impano (erekana ibikoresho).

Vugana nabo ibijanye n'ingabire igikoresho cose cerekana, n'ingene canke aho dushobora kuzikoresha. Andika k'urubaho ingabire n'impano bavuze (akarorero gukorera, ingabire z'umuziki, kwinonora imitsi, utugenegene, n'ibindi.). babwireko mu nkuru yacu y'uno musi turaja kwiga vyinshi mubijanye nico cigwa.

Nashobora gukora iki?

Shira abana hamwe hanyuma ubabaze: N'ubuhe bumenyi canke ingabire woba ufise? Ukwo baja barishura, andika k'urubaho amazina y'abana hamwe n'ingabire zabo bavuze. Urabe neza y'uko abanyeshure bose bariko bakora igikorwa. Nimba ari nkenerwa, basha abafise ibibazo vyo gutahura ingabire zabo.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 10:38-42

Turahanura ko utumira abagore babiri bakiri bato bo mw'ishengero ryanyu babe mu kibanza ca Marita na Mariya. Rondera imyamba zibiri kugira ngo inkuru ibe iy'ukuri. Basabe ko bavuga inkuru ya Bibiliya k'inyifato yose wabonye, hanyuma umwe wese avuge ingene yerekana urukundo akunda Yesu.

Mariya na Marita bafata ingingo yo gukorera Yesu

“Raba, aha ni Betaniya,” umwe mu bigishwa aravugaga. Aho niho Marita n'umuryango wiwe baba. Turashobora kuharuhukira gatoya mu nzu yabo. “Ico n'iciyumviro ciza!” Yesu aravugaga. Baca barashika mu nzu kwa Marita. “Yesu!” Marita aratangara ukwo yugurura umuryango. “Mbega ugutungurwa kwiza! Ndabinginze ni muze.” Marita ahamagara mushiki wiwe. “Mariya, ingo ni ngoga! Yesu n'abagenzi biwe bari hano!” “Nivy'ukuri bashobora kuba barushe cane,” Marita aravugaga. “Icara hasi hanyuma uruhuke. Ngiye gutegura kubwanya ivyo gufungura.”

Marita aca arihuta hanyuma aja gutegura ivyo aja guteka. “Ntegerezwa gutegura imfungurwa zidasanzwe kubwa Yesu,” arivugana muriwe kandi yibwira kuvyoba bikenewe mugufungurira abo bantu bose. Mu nyuma, aca arakora mu gutegura imfungurwa no gukubura inzu. Yarababaye kubera ko yari yipfuza kumukorera neza cane. Marita akiriko arategura imfungurwa, Yesu yicara hasi kugira avugane n’abigishwa biwe. Mariya, mushiki wa Marita, aricara kubirenge vya Yesu kugira yumvirize ivyo ariko aravuga.

Haheze umwanya, Marita aca araza aho bose bari bari hanyuma asanga Mariya ariho yicaye, yumviriza amajambo ya Yesu. Yariko arakora cane, kubw’ivyo yumva ababaye cane kubera ko mushiki wiwe atariko aramufasha.”

“Yesu, Mariya yansize jenyene ndiko ndakora. Ndakwinginze, mubwire aze amfashe!” Marita aravuga; “Marita, Marita,” Yesu aramwishura. “Uhagaritse umutima cane no gukora ibintu bitoyi cane. Ikintu kimwe gusa nico gikenewe kandi c’ingira kimazi, kandi Mariya yakibonye. Yahisemwo ikintu c’ingira kimazi cane, kandi ntanumwe ashobora kukimutwara.”

Ic’ingira kimazi cane

Muri make subiramwo inkuru ya Bibiliya, hanyuma ubaze abanyeshure bawe: n’ikihe kintu ngira kamaro Mariya yahisemwo? (kumarana umwanya na Yesu).

Shimikira ko hariho umwanya wo gukora igikorwa ca Yesu, n’umwanya wo kuba wenyene. N’ivyiza gukoresha ingabire zacu mu gukorera Umwami, ariko ntibishobora gusubirira umwanya wacu wo gusenga no kugira imigenderanire nawe.

IBIKORWA

Fata ingingo yo gukoresha ingabire zawe

Tanga impapuro z’ibikorwa vy’iki cigwa. Dufatiye ku nkuru ya Bibiliya, baza abana bawe kuzitira amungane yerekana inzira Marita na Mariya bafashe mu gukorera Yesu. Mu nyuma, bahe umwanya wo gusiga amabara ivyo bacafye.

Ukwo bakora, shimikira ku kamaro ko gutahura no gushira ingabire zacu n’ubushobozi bwacu bwo gukorera Imana.

Reka dukoreshe ingabire zacu!

Iki gikorwa kizodufasha gushira ingabire zabo mu bikorwa hanyuma ukoreshe ingabire zabo.

Ha igikorwa kiboneka umunywanyi wese wo mw’ishure yawe, bivanye n’ingabire zabo canke ivyo bashobora. Akarorero kuri abo bafise ingabire z’igikorwa, bazokwegeranya amashikanwa kandi batunganye ibikoresho igihe ishure rirangiye. M’urundi ruhande, kuri abo bose bashobora gukoresha amaboko bazofasha abana n’umwigisha igihe bikenewe.

Abandi bashobora kurongora mu mwanya wo kuririmba, canke bakire abashitsi ukwo bashika mw’ishure kandi babicarike. Ntaco bitwaye igikorwa cose gihabwa umwana, ubibutse ko ibikorwa vyose dukora dukorera Imana bifise akamaro.

Gufata k’umutwe

Bwira umugwi wawe bicare mu muzingi, hanyuma uhagarare hagati. Uje urabaterera umupira. Umwana ashoboye gusama umupira aca ahagarara hanyuma agaca avuga umurongo wo gufata k’umutwe.

Subiramwo umwimenyerezo kugira ngo abanyeshure bawe bose bakora. Fasha abakiri bato cane canke abafise ingorane yo gufata k’umutwe.

Gusozera

Ririmba indirimbo ijanye n’icigwa duhejeje. Wibutse abanyeshure ko Imana itanga ingabire n’impano zizobafasha kumukorera neza. Senga ushimira Imana ku ngabire mwese mwaronse, hanyuma mumusabe kubafasha kuzikoresha mu gikorwa ciwe.

Icigwa 6

Zungurutsa iryungane
ryerekana ingene
Marita yahisemwo
gukorera Yesu.

Yamuteguriye
imfungurwa.

Yagumye yidogera
Mariya.

Yariko arakubura
inzu.

Yariko aroza
amasahani.

Yarasemereye
ahamagara Mariya.

Siga igicapo ca Mariya na Marita
bakorera Yesu. Zinga urupapuro
ucishije kutuburungu tugize
umurongo ukuye mu murongo wa
bibiliya.



Zungurutsa iryungane ryerekana
ingene Mariya yahisemwo
gukorera Yesu.

Yariko yumviriza
Yesu

Yashavuriwe na
Marita

Yarize ibijanye na
Yesu

Yicaye hasi
hanyuma ntiyafasha
Marita

Intumbero y'icigwa

ko abanyeshure biga kumenya ko bashobora kwigira k'umunyabwenge mu gufata ingingo nziza.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bategerezwa kumenya ko Imana ariyo nyene vyose kandi ariyo itanga ingabire zose. Barongorwa muri make nivyaho bahabwa kandi nkuko biri, bategerezwa kwiga kuba abizigirwa ku Mana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Koresha ubumenyi bwawe**

Bwira abana bawe bicare k'umuziki. Ushiremwo ibicurarangisho vy'umuziki canke indirimbo mu minwe. Vuza umuziki mu gihe abanyeshure bawe bariko barahana umupira mutoya uva mu kuboko uza mu kundi. Uhagarike umuziki mu kanya gatoya. Igihe umuziki uzoba wahagaze, umwana afise umupira ategerezwa guhagarara hanyuma avuge ingene n'aho ashobora gukoresha ingabire ziwe mu gukorera Imana. Bandanya gukina gushika aho bose bashikiririwe.

INKURU YA BIBILIYA

Matayo 25:14-30

Kugira uteze imbere ubumenyi, turasaba ko mutegura ibintu bibona mu kwerekana icigwa. Tegura ivyanditswe bisigarira abakozi n'impano. Nimba uvyipfuzako, koresha akarorero mu kwerekana abanyeshure k'urupapuro rw'ibikorwa.

Abakozi babanyabwenge

Igugu rinini cane ryakurikira Yesu aho yaja hose. Uwariwe wese yipfuzako kwumva inyigisho ziwe. Yesu rimwe na rimwe yaravugaga inkuru kugira ngo abafashe gutahura ico yipfuzako bamenya. "Uwo mwizigirwa n'umukozi w'ubwenge yarinde?" Yesu arabaza. Hanyuma aca arababwirako iyi nkuru: ubwami bw'ijuru bumeze nk'umuntu yafashe urugendo rurerure. Ahamagara abakozi biwe hanyuma abaha amahera yiwe, ababwirako bozigama ubutunzi bwiwe igihe atazoba ari hafi. Uwambere yahawe itaranto zitanu, kandi itaranto yose yarimwo amahera menshi. Uwugira kabiri mubakozi ahabwa itaranto zibiri, hanyuma uwagatatu ahabwa imwe. Yahaye umwe wese muri abo bakozi bivanye n'ubushobozi bwabo, hanyuma uwo mugabo aca arafata urugendo. Umukozi yaronse amahera menshi aca aragenda gukora ubwo nyene.

Afata zasaho zitanu, arazicuruza hanyuma yunguka izindi zaho zitanu. Umukozi yaronka itaranto zibiri akora nkukwo nyene nawenyene yunguka izindi zibiri. Ariko wa muntu yaronka imwe aca aragenda yimba ikinogo kinini mw'ivu hanyuma ahishayo y'amahera mu gutinyako yokwibwa.

Nyenezo amara igihe kirekire mu rugendo. Igihe yagaruka, ahamagaza babakozi biwe kugirango bamushikirize ukwo vyagenze. Uwaronse itaranto zitanu ahumereza cumi shebuja. “wampaye itaranto zitanu. Narungutse izindi zitanu zirengako,” aravuga afise umunezero.

Umukozi yaronkejwe itaranto zibiri nawe aregera shebuja hanyuma aravuga, “Nyakwubahwa, wampaye itaranto zibiri. Narungutse izindi zibiri.” Shebuja arabishura, “Mwagize neza bakozi banje bo kwizigirwa! Mwizigiwe kuri bike nabahaye; ariko none nzobaha ibirengeye ivyo. Reka tuje mu munezero!

Mu nyuma, umukozi yaronse itaranto imwe yegera shebuja hanyuma aramubwira, “Nyakwubahwa, narinziko bigoye cane kukunzezeza; nico gituma natinye hanyuma nca nja kunyegeza amahera yawe mw’ivu. None raba ngayo amahera yawe.” Shebuja aramwishura, “Wakoze nabi mukozi w’imbura kimazi! Wari kujana amahera yanje kubayadandaza; yanyuma ninaza ngashobora kuronka inyungu! Nibakwake ayo mahera hanyuma bayahe uwufise isaho cumi. Kandi, hindira hanze uwo mukozi ataco amaze,” aratega Shebuja.

IBIKORWA

Ninde yari umunyabwenge?

Tanga ku banyeshure impapuro zo gukorera. Bwira abana buzuye ayo mashusho, bashiramwo amasaho y’amahera ayo abo bakozi bazaniye shebuja (bosi). Bahe umwanya ukwiye wo gucapa ivyagaragara mu maso yabo bakozi igihe bari imbere ya shebuja. Koresha ibi bibazo mu gufasha abana kwiyumvira ku nsiguro yiyi nkuru:

Wibazako abo bakozi biyumvise gute igihe bari imbere ya shebuja? Mbega wibazako Yesu yariko ashaka kubigisha iki igihe yabacira uwu mugani?

Abakozi babizigirwa

Muri kino gikorwa, uzoba ukeneye ikibaho, imetero, urupapuro n’amakaramu y’ibara.

Hejuru kuri iyo karata wandike: “abakozi babizigirwa.” Utange impapuro n’amakaramu y’ibara, hanyuma abana bandike iryungane ry’ingene boshobora kuba abakozi beza (akarorero: gufata neza ibikinisho vyabo, gukubura mu cumba, kugaburira ibitungwa, kuvomera ibiterwa, n’ibindi).

Munyuma, umwe wese aca afata urupapuro rwiwe akarumanika k’urubaho akoresheje uburembo.

Igihe bose bazoba barangije, bishire mu kibanza kiri hejuru mucumba canke mu nzu ntoya yo k’urushengero kugira ngo abanyeshengero bashobore kubona igikorwa abanyeshure bawe bakoze.

Gufata k’umutwe


Gabura abanyeshure bawe mu migwi ibiri. Bwira umugwi wa mbere uvuge iryungane rya mbere ry’umurongo wo gufata k’umutwe, aho umugwi ugira kabiri uzoba uriko usubiramwo igice kigira kabiri. Mu nyuma, reka iyo migwi ivugire hamwe. Hindura amungane yiyo migwi ibiri bige igice cose. Subiramwo umwimenyerezo incuro nyinshi, hanyuma uhitamo bamwe bawuvuge bonyene.

Bahereze amakarata y’umurongo wo mu kwezi kugira ngo bayajane muhira hanyuma bagire isubiramwo ry’umurongo w’iki kigabane.

Gusozera

Imbere y’ukwo mugenda, emerera umwe wese kugenda akubuye muri ico kibanza, no gutunganya icumba n’ibikoresho. Mu nyuma, ririmba indirimbo zimwe, hanyuma ubarongore mw’isengesho, usabe Umwami ngo abafashe buba abakozi babizigirwa muvuye yabahaye.

Ninde yari Umunyabwenge?



Heraheza ayo mashusho mu gucapa ivyo abakozi bahawe na shebuja. Ucape ingene abo bakozi bari bameze mu maso igihe baja imbere ya shebuja.

Intumbero y'icigwa

ko abanyeshure babwirizwa kumenya guha icubahiro Imana mu gufata neza imibiri yabahaye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Nubwo tutazi neza ido n'ido ry'icatumye Daniyeli n'abagenzi biwe batatu banka imfungurwa z'umwami n'igiturire ciwe, turazi neza ko vyari ivyo kugeza ukwizera kwiwe. Daniyeli 1:8 haratubwira, "ariko Daniyeli agira imigabo yo kutiyandurisha imfungurwa z'ibwami n'igiturire yuhira, nico catumye yinginga uwo mukuru w'inkone, kugira ngo ntiyihumanye." Iki cigwa kizofasha abana gutahura ko mu kwitwararika imibiri yabo no gufata ingingo yo kutiyanduza ubwabo kuvyobahumanya, barubaha Imana.

Abana benshi usanga bagorana muguhitamwo ivyo bashaka gufungura. Iyo bibaye umurengerera muri bo bitera ico bita kwikunda birenze, bigatuma bavuga, "Reka dufungure ivyo dukunda!" iki cigwa kizobigisha ko Imana ariyo nyene imibiri yabo. Bashobora kwubaha Imana mugufata ingingo ituma bafata ingingo z'abakozi beza b'imibiri yabo.

INKURU YA BIBILIYA

Daniyeli 1:3-20

Daniyeli yahisemwo imfungurwa z'ubuzima

"Zana abasore bakiri bato babisirayeli bankorere kukirimba," Nebukadineza umwami w'I Babuloni arabitegeka. Umukuru w'ibwami arumviriza neza ayo mategeko yose:

"Hitamwo abakomeye, bafise amagara meza, kandi bafise ishusho nziza b'abahungu," umwami aravuga. "Bategerezwa kuba bameze neza kandi bafise ubushobozi butuma biga ningoga. Bategerezwa gufungura imfungurwa ziva mu gikoni iwanje" umwami arategeka. "Ndifuzako bakomera kandi bakagira amagara meza kugira ngo bankorere neza."

Daniyeli na bagenzi biwe – Hananiya, Mishayeli, na Azariyasi- bari muri uwo mugwi w'abasoda b'I Babuloni batowe. Umukuru w'ingabo aha abo bahungu b'imisore y'abaheburayo amazina.

Daniyeli amwita Berushaza; Hananiyasi ahinduka Shadarake na Mishayeli ahinduka Meshaki n'Azariyasi amwita Abudenego.

Ariko igihe imfungurwa z'ibwami bazibazanira, Daniyeli abwira umukuru w'inkone ati, "Sinshobora gufungura imfungurwa z'ibwami. Imana yarabujije abantu bacu ko tudashobora gufungura imfungurwa zimwe zimwe. Ntegerezwa kwumvira amategeko y'Imana."

"Ariko nsinshobora no kugarariza amategeko y'umwami," umugabisha aravuga. "Nimba udashobora gufungurwa ivyo umwami yategetse uca uba umunyantegye nke kandi ugaca wonda, hanyuma abandi bahungu bazoca bakomera. Umwami azokwibaza y'uko ntariko ndakora neza akazi nshinzwe, azondakarira, kandi ashobora n'ugutegekako banyica!"

Mu nyuma Daniyeli avugana n’abateramyi babacunze, “Ndabasavye,” Daniyeli arabaza. “Duhe ikibazo. Mu misi cumi, duhe insoromano n’amazi. Haheze imisi, uzotegereranya n’abandi bahungu bafungura k’umfungurwa z’umwami. Munyuma muzofata ingingo y’ababonekako bafise amagara meza kandi bakomeye.” Umuteramyi aremera kubaha ico kibazo.

Haheze imisi cumi Daniyeli yavuze, Hananiya, Mishayeli na Azariyasi bari kumwe n’abandi bahungu. Umuteramyi vyaranse ko ashobora gutahura ivyo yariko arabona! Daniyeli na bagenzi biwe baboneka cane bafise amagara meza kandi bakomeye gusumvya urundi rwaruka.

“Umwami azonerwa igihe azobabona ingene mumeze neza,” umuteramyi aravuga. “Kuva uno musi, murashobora guhitamwo imfungurwa zose mukeneye gufungura.”

Imana ihzagira Daniyeli na bagenzi biwe mukubaha ubumenyi n’ubwenge.

Igihe umwanya w’ukwimenyereza warangira, umwami Nebukadineza atanga itegeko ko bamuzanira babasore imbere yiwe. Amaze kubabaza ibibazo, umwami asanga Daniyeli na bagenzi biwe basumvya incuro cumi mu gukomera no mubwenge abandi bantu bose b’ibwami bamukorera.

Isubiramwo rya Bibiliya

Bwira abana bawe: Daniyeli na bagenzi biwe bahisemwo guhimbara Imana biciye mu ngingo bafashe. Imana yarabahezagiye, ibaha amagara meza n’inkomezi zirengeye hamwe n’ubwenge buruta ubwo abandi. Nkuko Daniyeli yabikoze, turashobora guha icubahiro Imana igihe dufashe ingingo yo guha imibiri yacu amagara meza.

IBIKORWA

Imana yipfuzako nofata neza umubiri wanjye

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa, hanyuma usome ivyo kwitondera abanyeshure bawe bariko barakora ibikorwa.

Umwanya wo gufungura imfungurwa z’ubuzima

Sigura akamaro k’ivyo imibiri yacu yakira igihe turiko turafungura imboga n’ivyamwa.

Babwire ko: Imana yashizeho ivyamwa n’imboga kubera ko ari vyiza kuri twebwewe. Bifise amavitamine adufasha mu gukura neza no gukomera. Dutegerezwa kandi kunywa n’imiburiburi ibirahuri 5 vy’amazi k’umusi, kubera ko bituma tutagira umwumira, kandi bifasha ingingo zacu gukora neza.

Gufata k’umutwe

Mw’isubiramwo ry’umurongo wo gufata k’umutwe, bwira abanyeshure bawe bagire umuzingi. Uwushaka ashobora kuja hagati mu muzingi wugaye. Ha umupira umwe mu bana bahagaze k’umuzingi. Ashobora guca awuhereza uwundi mwana, nawe akawuhereza uwundi mwana, ukwo ukwo. Wa mwana apfutse igitambara ashobora kuvuga “Hagarika” aho ashakiye hose, kandi uwufise uwo mupira aca asubiramwo umurongo. Umwana ari hagati aca agerageza kurondera uwavuze uwo umurongo. Munyuma, uce upfunga amaso y’uwo mwana yavuze umurongo hanyuma agaca aja mu umurongo hagati agaca usubiramwo umwimenyerezo. Reka umugwi ufashe abo bose bigaragara ko bataramenya umurongo.

Kurangiza

Tera intege abanyeshure bawe gufata ingingo yo kwitwararika amagara meza yabo kandi bakabikora mu guha icubahiro Imana muri iyo nzira. Senga imbere y’uko musezerana, dushimira Imana kuba yaraturemye kandi ikadushigikira.

Batumirire kuza mw’ishure kuw’Imana ukurikira, ico gihe azoba ari icigwa ca nyuma muri uru rukurikirane rw’ingene twofata ingingo.

Ingingo ya Daniyeli

Capa umurongo ufatanya ishusho n'iryungane ryose.



1

“bagaburirwe ku meza yanje. Ngombako bakomera”.

2

“sinzorya k’umfungurwa z’umwami kuberako ntashaka kwiyaanduza.

3

“nzoha Daniyeli na bagenzi biwe ivyo bashaka gufungura.”

4

Ibi nivyongwe Daniyeli na bagenzi biwe barya.


5

Basa neza gusumba abandi basore bese



N’ibiki umubiri wanjye ukeneye?

zitira amashusho y’ibintu umubiri wanyu ukenera kugira ugire amagara meza. Ushire agasaraba X ku bintu biyongona



Intumbero y'icigwa

Ivyipfuzo vy'abanyeshure n'ugukunda Imana n'ukwiga ingene bobisangiza abandi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa (Matayo 6:33)

Witegure ubwawe kwigisha

Iyi si yuzuyemwo gukunda ibintu kurenze. Igifise agaciro ntakiri umuntu, ariko ivyo afise. Kandi abana ntibari kure nukwo gukwegwa nivy babona. Bagomba kwemerwa kandi bibwirako bemerwa kubera ivyo bafise. Barakeneye uwubarongora kugira ngo afute ivyo vyiyumviro bitarivyo ahava umunezero. Mukwiga uyu mugani w'umutunzi w'igipfu, abana bawe bazotahura ko bataba ico bari "muvyo batunze" canke ubwinshi bw'ivyo bafise. Ivyo bizobashoboza guteza imbere ingene babona ibintu kubijanye nivy bafise. Barakeneye kumenya ko imigenderanire yabo n'Imana arico kintu gihambaye kurusha ivyo bafise canke ivyo bambara.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Igifise akamaro gusumba

Capa, canke urondere ikimenyesha makuru, ibintu bifise agaciro kanini mu kibano: imodoka, amazu, amahera, impuzu, ibikisho, n'ibindi.

Imbere y'uko abanyeshure bashika, nyegeza ayo mashusho mw'ishure.

Bwira abanyeshure bayarondere, hanyuma bamaze kuyatora, bahe umwanya wo kuvuga ivyo bikoreshe ivyarivyo. Ni muhanahane ivyiyumviro kugaciro kivyo bintu, hanyuma usigure yuko mu cigwa baja kuvuga ibijanye n'ibifise agaciro gusumba ibindi.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 12:13-24

Umugabo w'umutunzi yafashe ingingo mbi

"Mutungwa," umwe mw'ishengero ryinshi aravuga, "bwira uwo tuvukana tugabure itongo n'amahera abavyeyi badusigiye, hanyuma ampe igipande kinyegukira."

"Ninde yangize umucamanza wanyu kugira ngo mfate ingingo y'ivyo bintu?" Yesu aramwishura. "Mwirinde abantu bintahaga! Ntukupfuzwe ibintu vyose udafise. Ntaco bimaze amahera yose woba ufise canke ubutunzi woba ufise. Ubuzima ntibuhagaze kuri ivyo. Reka ndababwire inkuru," Yesu aravuga.

Habayeho umugabo w'umutunzi yarafise ibiteye igomwe. Yari yararimye imbuto z'ibiterwa bitandukanye. Umwimbu wiwe uragwira hanyuma abura n'ikibanza co kubibikamwo vyose. Uwo mutunzi atangura kwiyumvira, "mbega nokora iki? Singisigaranye icumba co kubikamwo umwimbu naronse." Munyuma, arashikiriza, "Ndabitoye! Nzosambura ibigega vya kera hanyuma nubake bishasha binini kugira ngo nshiremwo umwimbu wose. Mu nyuma, nzokwicara hasi nduhuke," uwo mugabo aravuga. "Nzoba mfise ibigega vyinshi n'umwimbu ukwiye uzomara imyaka myinshi. Kubwivyo ntakibazo na kimwe nzosubira kugira;

nzonezererwa ubuzima bwanje. Nzoba nshobora gufungura no kunywa ico nshaka cose. Nzokwinezereza ukwo nshatse kwose hanyuma nezerwe hakuja gukora umwanya wose.”

Yesu aca asiga abantu bariko bariyumvira kuri iyo nkuru umwanya. Mu nyuma aca arabandanya, “Ariko Imana iravuga kuri uwo ‘mugabo w’igipfu’ rino joro nyene uraja gupfa, kandi none ninde azosigara araraba ivyo vyose wasize?”

Ibi nivyoye biba ku bantu bashira umwanya wabo wose n’inguvu zabo zose mu kugerageza kuronka ibintu. Ntibafate umwanya wo gukunda no gukorera Imana, gusumba ukwo babana n’ababanyi babo. Ntakamaro bifise ivyo ufunguye canke ivyo wambaye. Ubuzima burengeye ivyo vyose. Nimba Imana yitaho inyoni n’amashurwe, nukuri azotwitaho gusumba.

IBIKORWA

Ikintu gifise akamaro gusumba ibindi kuri jewe

Gutsimbataza inyigisho, bwira abana bacape, bamurikiwe nivyoye bize uno musu, arivyo bafata nk’ibifise akamaro gusumba. Bakiriko barakora, raba ivyo bacapa, hanyuma ushimikire kukamaro ko guha agaciro ibintu bivanyeho nico bimariye Imana.

Mu nyuma, bwira bose baze imbere hanyuma batange mu ncamake insiguro y’ivyo bacafye n’igituma.

Umugabo w’umutunzi

Muri iki gikorwa, uzoba ukeneye impapuro n’imikasi. Bwira uwushaka agufashe guhereza abanyeshuri impapuro z’ibikorwa. Bahe umwanya wo gukata imizingi ibiri iri k’urupapuro. Mu nyuma, zifatanye zose hagati m’urupapuro. Urabe neza y’uko umuzingira wacafyemwo uri muni y’umuzingira w’umutoto ubenje.

Tera intege abo bana bakoreshe utwo tugenegene twabo mu kubwira imiryango yabo ivyo bize mw’ishuri.

Gufata k’umutwe



Kubera ko iki arico cigwa ca nyuma c’iki kigabane, tegura udushimwe dusanzwe kuri abo bose bashoboye kwiga umurongo wo gufata k’umutwe. Ubibutse gukoresha imirongo yabo iri ku makarata y’ukwezi kugira bagire isubiramwo umurongo w’ikigabane mu mihana iwabo.

Gusozera

Tanga utugenegene twakozwe muri kino kigabane hanyuma utegure imigwi y’abashaka bakubure ishuri kandi babike n’ibikoresho bakoresheje. Bashimire kukungene batanze mw’ishuri hanyuma ubatumire mu kigabane gikurikira kizotangura mu ndwi iza.

Sengana nabo, shimira Imana ku mihezagiro mwaronse, hanyuma umusabe kubafasha mwese mu gufata ingingo z’ubwenge kandi ingingo zifise akamaro.

Nimba Mpwemu Year ababwiye kubikora, rongora abana gusaba imbabazi ku ngingo mbi bafashe. Babwire ko ingingo ifise ikimazi gusumba umwana w’umuntu ashobora gufata mu buzima bwiwe n’ukwakira Kristo mu mitima yabo.



kata iyo mizingi ibiri. Ukoresheje urupapuro, urushire hagati, rwerekanwa n'utuburungu. Ubu urashobora gusubiramwo ivyo wize mu nkuru ya Bibiliya. Wibuke ko ubwirizwa gushima ivyo ufise.

Intangamarara – Ikigabane III

URUKUNDO RWERA RW'IMANA

Imirongo ya Bibiliya: Itanguriro 2:16—3:24; 4:1-16; 6:5—9:17; 18:16—19:29; Abalewi 4; Abaheburayo 10:1-14.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'ikigabane: “Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana; batsindanishirizwa n’ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Kumenya ko icaha gitandukanya abantu n’Imana.
- Gutahura ko, n’ubwo twoba twagararije, Imana ibandanya kudukunda.
- Kugereranya ingaruka zo kugarariza nizo kwumvira.
- Saba imbabazi Imana hanyuma wemere Yesu akubere Umwami n’Umukiza.

IVYIGWA VY'IKIGABANE

Icigwa 10: **Ingingo mbi**

Icigwa 11: **Ingaruka mbi zibabaje**

Icigwa 12: **Imana yacu y’urukundo n’imbabazi**

Icigwa 13: **Imana yacu y’ubutungane n’ubuntu**

Icigwa 14: **Imana yacu irababarira**

KUBERA IKI ABANYESHURE BATO BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

Iki kigabane gitanga akaryo ko kumenya ikigabane kizokurikira. Abana rimwe na rimwe barahitamwo nimba ikintu ari ciza canke kibi bivanye n’ingaruka kizogira. Ariko, ukwiyumvira kwabo kurafise aho kugarukira kandi ntibiyumvira ku ngaruka zishobora gushika mu bihe bizozza.

Iki kigabane kizobafasha gutahura igituma ari ngira kamaro kwemerera Imana ngo irongore ingingo zabo. Abana bashobora gutahura ko ingingo yo kutumvira Imana ari icaha. Muri ino si izazanye kubijanye n’iciza canke ikibi, ni nkenerwa cane kubafasha gutahura icaha acarico no kwemera ingaruka mbi zivyo bikorwa. Birashoboka “icaha” kikaba ari gishasha kuri bo. Kubw’ivyo, baraziko abantu bashobora gukora “ibintu bibi” canke “kubabaza uwundi.” Barazi kandi ko ingeso zimwe zimwe “zemewe,” izindi nazo “zitemewe.”

Mu kwigisha inkuru za Bibiliya z’iki kigabane, bazokwiga icaha icarico n’ingaruka mbi zaco, hamwe n’inyishu y’Imana kuri iyo ngorane. Bazomenya ko icaha ari ico cose wiyumvira, ukora canke ukipfuza kigutandukanya n’Imana. Abana bamaze gutahura ingorane, bazoba bateguye umutima ko Imana ifise inyishu yo gukuraho icaha mu mitima y’abantu, kuberako twizera Imana year kandi y’urukundo.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura ko kutumvira Imana ari icaha kandi ko kidutandukanya nayo

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana; batsindanishirizwa n’ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bategerezwa kumenya ko Imana ifise ukuri kwo kurongora ubuzima bwacu, kubera ko ari umuremyi wacu. Igihe, hakumwizera, duhakana uburongozi bwayo no kutamwumvira, tukica imigenderanire yacu nayo. Muri iyo nzira, tureka ibintu bitandukanye bigafata ikibanza kigenewe Imana. Ico n’icaha.

Gutandukana n’ingaruka y’itituka ry’imigenderanire. Iki cigwa kiduha akarorero ko gutandukana kwavyawe n’icaha. Abana bashobora kwumva bari kure y’Imana igihe batumviye. Nubwo biri ukwo, haracari ivyizigiro kubera ko Imana ari inyembabazi kandi itadufata nkuko twategerezwa. Yarateguye umugambi wo gusubiza itoto imigenderanire yacu natwe.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mbega twohitamwo iki?**

Tanga intangamarara mw’ishure, uvuge: rimwe na rimwe usanga dufashe ingingo zoroshe; uwundi mwanya, ugasanga biragoye cane. Nk’akarorero, dutegerezwa guhitamwo hagati yo kuba mwiza no kwumvira, n’igihushane. Imana yipfuzako tuyumvira. Mu nkuru ya Bibiliya y’uno musu, tuzokwiga ibijanye n’akamaro k’ingingo Adamu na Eva bafashe.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 2:16—3:24

Ingingo mbi

Mu ntango, Imana yaremye isi y’igitangaza hanyuma iyuzuzwa n’ibiterwa biteye igomwe hamwe n’ibikoko. Inyuma y’ivyo, icirema umugabo n’umugore. Ifata ingingo yo kubatandukanya n’ibindi biremwa hanyuma ibaha ububasha bwo gufata ingingo.

“Mushobora gufungura ivyamwa vyose vyamye ku biti vyo muri iri tongo; ariko ntimwemerewe kurya ku giti kimenyekanisha iciza n’ikibi, kubera ko ni mwakirya muzopfa,” Imana ibwira Adamu na Eva.

Umusi umwe Eva ariko aragenda mw’itongo. Ubwo nyene, aca yumva ijwi atamenyereye rimuhamagara, “Mugore!” “Ico n’igiki? Ninde ariko arampamagara?” Eva arivugana. Aca araba impande n’impande aca abona inzoka ku giti.

Inzoka ica iraza hanyuma iramubwira, “Nivyo ko Imana yababwiyeko mudakwiye kurya ku vyamwa vyo ku giti na kimwe co muri rino tongo?”

“Turashobora kurya ku vyamwa vyose vyo kubiti vyo muri iri tongo, kiretse ico Imana yatubariye, ‘ntimukarye ivyamwa vyo kuri kino giti kiri hagati mw’itongo, no kugikorako ntimwemerewe kugikorako, kugira ntidupfe,’” Eva aravuga.

“Ndakwemerereye ko mutazopfa haba na gato!” inzoka iravuga. Imana irazi neza ko umusi mwakiriye muzoca mubona ivyo mutashobora kubona. Muzoca mushobora kumenya ivyiza n’ibibi; kubw’ivyo muzoca mumera nk’Imana.” Eva yaraziko ategerezwa kwigira kure y’inzoka, ariko afata ingingo yo kuguma ngaho hanyuma yitegereza ubwiza bw’ico camwa. “Icamwa kigaragara nk’ikiryoshe; k’uruhande vyari vyinshi. Inzoka ivuga ko Imana yababeshe kandi ko nibakiryako batazopfa. Imana yari kuba yaratwemerereye kurya kuri kino camwa,” Eva ariyumvira. Mu nyuma aca afata ingingo, “Ndazi neza ko iki camwa kinzontuma mba umunyabwenge nk’Imana! Nzashobora gukora ivyo nshaka. Nzorya ivyamwa!”

Mu nyuma Eva yakira icamwa hanyuma aracumviriza. “Inzoka ivuga ukuri, iki camwa kiraryoshe!” Eva ariyumvira. Mu nyuma, ahereza umugabo wiwe, hanyuma nawe kandi afata ingingo yo kurya icamwa yabujijwe.

Ubwo nyene, Adamu na Eva bumva barahindutse, ariko ico nticutumye bimvako banezerewe. Igihushane, bumva baratsinzwe n’ibiteterwe.

“Imana iraje! None dukore iki ubu?” barabazanya.

“Reka twinyegeze,” Adamu aravuga.

“Adamu na Eva, muri hehe?” Imana irahamagara.

“Igihe twumva uriko uraza mw’itongo, nagize isoni kubera ko nambaye ubusa, nico gituma ninyegeje,” Adamu arishura.

“Mbega mwoba mwariye kuri ca giti nababuza kuryako?” Imana irabaza.

Adamu na Eva ntibaribwigere batinya Imana. “Eva yampaye icamwa nanje ndakirya,” Adamu arishura mu bwoba bwinshi.

“Mbega wakoze iki?” Imana ibaza Eva. “Inzoka yambwiyeko ari ciza kuri jewe. Yampenze hanyuma nanje ndakirya,” Eva arishura afise ubwoba bwinshi.

“Kubera iki utanyizeye? Ubu ugiye gushikirwa n’umubabaro w’ingaruka y’ingingo mbi wafashe,” Imana iravuga. “Nari nababuriye ko nimwakiryako mutazobura gupfa. Ariko ubwambere, muzotegerezwa gukora cane kugira muronke ivyo gufungura. Kuronka abana uzogira umubabaro mwinshi, kandi ntuzokwongera gushobora kuba muri rino tongo.”

Ibintu vyose vyari bihindutse kuri Adamu na Eva. Kandi buri musi bumva umubabaro, “Kubera iki twafashe ingingo mbi kandi tugarariza Imana?”

IBIKORWA

Icaha ca mbere

Bwira abanyeshure bakurikire ibibazo nk’isubiramwo:

- Kubera iki vyari bibi kurya ico camwa?
- Mbega Adamu na Eva biyumvise gute bamaze kugarariza?
- Mbega Imana yakoze iki k’ukwo kugarariza kwabo?
- Mbega inzoka niyo yatumye Adamu na Eva bagarariza?
- Mbega inzoka yababwiye iki cabateye intege?

Gufata k’umutwe

Koresha umurongo uri k’uruhome mu gusubiramwo. Bwira ababishaka batatu canke bane basome bakoresheje amajwi yorosha, akarorero: ijwi ryo hasi, n’ijwi ryo hagati, n’ijwi ryo hejuru, ukwo ukwo. Mu nyuma bwira abasanzwe bawuzi k’umutwe bawuvuge badasoma.

Kurangiza

Vugana n’abanyeshure bawe ibijanye n’akamaro ko gushira mu ngiro ivyo bize mw’ishure mu buzima bwabo bwa misi yose. Babwire birinde muri iyi ndwi ibintu vyose vyo bakwegera ku kugarariza Imana, hanyuma usenge Imana ngo ibakomeze.

Gira umuzingiro, hanyuma usengere umunyeshure uwariye wese. Ikindi, usengere abagwaye bo mu miryango yabo hamwe n’abana bataje.

Ibimenyetso vyo kugabisha



Ca umuzingi kubimenyetso ukoresha mu kugabisha



Ca umuzingi mu nzira dushobora kuronkamwo kugabishwa n'Imana buri musi.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura ko Kwirengagiza imburi z'Imana Bizana ingaruka zibabaje

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw'Imana; batsindanishirizwa n'ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana benshi barazi ko gufata ingingo imisi bifise ingaruka. Nubwo biruko, ingaruka zirashobora kuba zigoye guhangana (nk'akarorero ibikomere vyo mubigumbagumba, kwakwa uburenganzira, kutizerwa, gusambuka kw'imigenderanire, n'ibihano).

Kayini yarababajwe n'ingaruka mbi zivuye ku ngingo mbi yafashe. Nubwo biri ukwo, yararonse imbabazi z'Imana. Fasha abana gutahura ko ingingo zo gukora icaha zifise ingaruka zibabaje, ariko Imana n'inymbabazi. Yama idufata imisi ukunyuranye nivywo twari tubereye.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mbega hari kuba iki iyo...?**

Tanga ku bana impapuro z'ibikorwa vy'icigwa ca 11. Bwira abana bacape ivyoshobora gushika igihe bo kwirengagiza izo mburi. Hanyuma, bahe umwanya wo kwerekana ivyo bacafye no kubabaza: kubera iki wiyumvirako ari imburi? Imburi si iziza gusambura ukwishima kwacu, ariko nukugira tube kure y'ivyoduta mu kaga. Imana ituburira kuguma kure y'icaha.

Babaze: mbega mwiyumvira ko hashobora gushika iki iyo twirengagije imburi z'Imana? Bemerere kwishura, hanyuma uhagarare kuvyabaye kuri Adamu na Eva igihe birengagiza Imana hanyuma bakarya icamwa yababujije.

INKURU YA BIBILIYA**Itanguriro 4:1-16****Ukutumvira kwa Kayini**

Ubuzima bwaragoye kuri Adamu na Eva inyuma y'itongo ryiza cane Imana yari yarabaremeye. Ariko umusi umwe Imana ibarungikira ikintu cashoboye kubazanira umunezero kandi.

“Imana yampezagije umwana w'umuhungu,” Eva aravuga. Bita umwana wabo w'imfura Kayini. Hanyuma baronka uwundi mwana bamwita Abeli.

Abo bavukana barakura, hanyuma Abeli ahitamwo kuba umwungere w'intama, Kayini atora kuba umurimyi. Abo bahungu babiri bakorana inguvu n'umwete mwinshi.

Umusi umwe bafata ingingo yo gushikanira Imana ishikanwa ryo gukenguruka. Kayini atanga igice c'umwimbu wiwe, aho Abeli nawe yahitamwo intama mu mukuku wiwe.

“Abeli,” Imana iravuga, “Ndemeye ishikanwa ryawe. Ariko irya Kayini naryanse.” Amaze kwumva ayo majambo yose, Kayini arashavura cane kandi agirira ishari murumuna we.

“Kubera iki ushavuye?” Imana ibaza Kayini. “Niwakora neza, nzokwemera ishikanwa ryawe. Ariko niyo utabikora, uzoba umunyavyaha. Icaha cipfuzwa kurongora ubuzima bwawe, ariko niyo wafata ingingo yo kunyizera uzoba umunyenkomezi wo kunesha icaha.” Kayini ahitamwo kutumviriza ukugabishwa n’Imana. Igihushane, ishari ryiwe ryarakuze gose kandi gose.

Umusi umwe Kayini abwira murumuna wiwe, “Abeli, reka tugende mw’itongo tube turatembera.” Igihe bari bageze mw’itongo, Kayini acakira murumuna wiwe hanyuma aramwica. Vuba cane, Imana ibaza Kayini, “Murumuna wawe Abeli ari hehe?”

“Ntavyo nzi,” Kayini arishura, “Sindi umuragizi wiwe.”

Mu nyuma Imana iramubaza, “N’ibiki wakoze? Ntakintu na kimwe woshobora kunyegera. Wishe murumuna wawe, kandi kubw’ivyo ntuzokwongera kugira umwimbu mwiza kandi. Uzobaho uyerera, imisi yose ugenda uva mu kibanza uja mu kindi.”

“Ivyo birarenze cane!” Kayini arishura. “Igihano canje kirakomeye cane, kandi uwuzombona wese azoshaka kunyica.”

“Oya,” Umwami aramwishura. “Nzoshira ikimenyetso kuri wewe, ikimenyetso c’uko atanumwe azoshobora kukwica. Nihagira uwukwica azovyishura incuro ndwi gusumvya wewe.”

IBIKORWA

Amazi n’amavuta

Koresha ibi bintu kugira wereke abana ko Imana ari iyera kandi ko itandukanye n’icaha. Rondera ijagi ibonerana. Yuzuze amazi gushika hagati, hanyuma ushiremwo umutobe mukeya w’ivyamwa kugira vyorohe kubibona. Uzuriza mu gihande gisigaye n’amavuta hanyuma ubipfuke neza.

Bwira abana: Imana yacu irera kandi ntiyihanganira icaha. Icaha n’ukutumvira Imana kandi kidutandukanya nayo.

Bwira ababishaka bacuragure ya jage kugira ngo bagerageze kuvanga vyose. Babwire bihweze ingene vyigabuye.

Basigurire ko muri icyo nzira nyene, icaha kidutandukanya n’Imana. Ukwera kw’Imana n’ubuzima bw’icaha ntibishobora kuvangwa. Nico gituma dutegerezwa kwihana no kurondera Imana.

Gufata k’umutwe

Mu ntango kata imizingi itari mike kuri yamakarata. Andika kuri kamwe kose amajambo yo mumurongo wo gufata k’umutwe. Yanyegera mw’ishure imbere y’uko abana bashika. Mu nyuma, babwire bayarondere hanyuma uyashire k’urutonde bivanye n’umurongo. Subiramwo hamwe nabo incuro nyinshi.

Bika icyo mizingi kugira uzoyikoreshe mu cigwa kizokurikira mu ndwi iza.

Kurangiza

Tera intege abana kwumvira imburi z’Imana no kuja kure y’icaha. Basabe kwama bagavye no kwirinda kwegera ibishobora kubatandukanya n’Imana.

Sengera abana bawe. Igihe uzoba uriko urabasengera, bizobafasha kwumva bemewe kandi bafise agaciro nk’abagize umuryango w’Ishengero.

Mbega hoba iki nimba...?

Capa ibishobora gushika nimba tudateze amatwi izi mburi.



Ntamvura

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gushimira Imana kumbabazi zayo no kwipfuzako kumwumvira.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana; batsindanishirizwa n’ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

Witegure ubwawe kwigisha

Imyanya myinshi umwana aba yitezwe kwumvira vyoroshe kubera ko ategerezwa kubikora ukwo. Gutahura impamvu uriko urakora ikintu ni vyiza gusumba gupfa kwumvira kubera ko umuntu yabigutegetse ukwo. Bafashe gutahura yuko Imana ibakunda kandi yipfuzako bayumvira.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Hitamwo bimwe muri ibi bikorwa bikurikira ngo bifashe mu guteza imbere ishure.

Subiramwo iryungane!

Bwira abana bicare k'umuzingi, hanyuma ubabwire: igihe Imana yarema isi ibintu vyose yasanze ari vyiza. N'iki catumye vyose bihinduka? Bahereze umwanya wo kwishura, hanyuma ubibutse ko icaha caje giciye mu kutumvira kwa Adamu na Eva.

Igihome

Tanga ishusho ya 3 ikase y'iki kigabane, aho isandugu irimwo ijamba AMASEZERANO riboneka, hanyuma abana barimadike mu kibanza bihura kuri k'uruhome rwo kw'ishure. Fata uyu mwanya ugire isubiramwo hamwe nabo kuvyo bize mu vyigwa vyarangiye, hanyuma ugire intangamarara muri make y'icigwa c'uno musi.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 6:5-9:17

Egeranya abana bumvirize inkuru ya Bibiliya, kandi ubabwire: inyuma y'icaha ca mbere ca Adamu na Eva, abana babo n'abuzukuru babo babandanije kugarariza Imana. Uno musi turaja kwiga ibijanye n'umugabo yitwa Nowa n'ivyo yakoze.

Gerageza gukoresha ibikoresho bigaragara igihe uriko wigisha iyi nkuru. Nimba udafise ahari aya mashusho aboneka, capa ubwato kw'ikarata.

Mu nyuma, capa canke ufotore ibikoko hanyuma ubikoreshe nk'ibikoresho bibona bigufasha gushikiriza inkuru.

Nowa yumviye Imana

Imana imaze kurema Adamu na Eva, igitigiri c'abantu cagiye kiragwira. Bose baba kuri iyi si nziza Imana yaremye. Ariko ukwo umwanya wagiye urarengana, abantu bibagira Imana hanyuma batangura gukora ibibi. Ntibari bacumva ijwi ry'Umwami, hanyuma baramugarariza; bakora ivyo babona ko Atari vyiza. Ivyo bibabaza umutima w'Imana hanyuma bituma Imana ishavura cane, yicuza icatumye irema umwana w'umuntu.

Ariko hagati y'abantu benshi babi, ahariho umugabo yakunda Umwami kandi akamwumvira ubuzima bwiwe bwose. Izina ryiwe ni Nowa. Umusi umwe Imana yaramubwiye, “Niwewe muntu wenyene muri kino gihe ubayeho nkukwo ndavyipfuzako.”

Abandi ni babi kandi barangararije. Wubake ubwato kugipimo jewe nyene nzoguha. Muri bwo, wewe n’umuryango wawe wose muzozigamirwayo. Utegerezwa kandi, gushiramwo ubwoko bw’ibikoko bwose kimwe kimwe na kigenzi caco. Muri iyo nzira, bizorindwa umwuzure w’amazi.”

Nowa akora umurango n’ijoro yubaka ubwato. Igihe yaramaze kuburanga, ashiramwo imfungurwa hamwe n’ibikenewe vyose.

Ibikoko vyose ukwo ari bibiri bibiri bimariye kwinjira mu bwato, Nowa n’umuryango wiwe baca barakurikira hanyuma binjiraye nabo. Mu nyuma, Imana ica irugara umuryango w’ubwato hanyuma imvura ica itangura kugwa. Yaguye kumara imisi 40 n’amajoro 40.

Igihe yamara guhagarara kugwa, isi yose yari yuzuye amazi. Nowa yashobora kubona amazi gusa ahantu hose. Ikintu conyene casigaye ari kizima nicari mu bwato.

Haheze imisi myinshi, urugero rw’amazi rutangura kugabanuka, rusiga ubwato hejuru k’umusozi. Imisi mirongo ine imaze kurangira, Nowa atuma igikona hanze kuraba. Ariko nticaranka ikibanza cumye, gica kiragaruka mu bwato. Haheze imisi mikeya, arungika hanze inkware, nayo nyene ica iragaruka mu bwato. Nowa aca arindira iyindi misi indwi. Igihe yarungika inuma kandi, yaciye igaruka ifise ishamba ry’umuzabibu mu kanwa. Ivyo vyasigura ko isi yatanguye kumera kandi.

Imisi indwi irangiye, Nowa yongera kurungika inuma kandi, ariko muri uyu mwanya ntiyagarutse kuberako yaronse isi yumye ishobora kubako. Igihe amazi yakama gose, Nowa n’umuryango wiwe, hamwe n’ibikoko bica biva mu bwato.

Imana ica ishira umunywamazi mwiza mu kirere nk’ikimenyetso c’isezerano yagize ko itazokwongera kurungika umwuzure usambura isi. Nowa yubaka igicaniro c’amabuye hanyuma ashimira Imana kuba yaramukijije umwuzure.

IBIKORWA

Amajambo anyegejwe

Hereza abana impapuro z’ibikorwa hanyuma ubasabe barondere amajambo indwi anyegejwe mu bicapo vy’icigwa ca 12 (urukundo, kwumvira, ubugwaneza, ugwanko, icaha, ikibi, kwizera). Fasha abo bese bafise ikibazo co gusoma mu gutora izo ndome.

Vugana nabo ibijanye n’itandukaniro riri hagati ya Nowa n’abandi bantu. Babwire barabe mu mabibiliya yabo itanguriro 6:8-9 hanyuma ushimikire kubiranga Nowa. Babwire baje k’urupapuro rukurikira, hanyuma ubahe umwanya wo gusiga amabara ibibanza vy’ubutumwa buhishijwe.

Igikorwa c’amaboko


Uhereze umwana wese urupapuro, hanyuma ubahe umwanya ukenewe mu gushariza bakoresheje ikaramu z’ibiti canke amakereyo y’amabara, nkuko hoba ari mw’ijuru. Madika ayo majambo k’urupapuro kuri urwo rupapuro; ubikore k’uburyo unyiganyije urwo rupapuro kiba igikorwa gikwega. Bakiriko barakora, shimikira ko umunywamazi utwibutsa ko dufise Imana y’urukundo n’imbabazi.

Gufata k’umutwe

Gabura ishure ryawe mu migwi ibiri, hanyuma ushire ku meza imizingi wateguye mu ndwi iheze. Bivange, hanyuma usabe umugwi wose ugerageze gushira umurongo wo gufata k’umutwe k’urutonde mu mwanya muto ushoboka. Igihe cose umugwi urangiye, umwe wese ashobora gusubiramwo igisomwa n’ijwi rirerire. Hanyuma usabe ababashakira bashire iyo mizingi k’urukundo kugira ngo bibe mu kibanza bazoja barabibona mu mwanya w’ikigabane.

Kurangiza

Rangiza ishure mu gushimira Imana k’urukundo n’imbabazi ifitiye abana bayo. Wibutse abana ko Imana yitwararitse Nowa kuberako yayumviye. Ubatere intege kuzana abashitsi mu cigwa kizokurikira, hanyuma musezane mu mashimwe y’Imana.



Rondera amajambo ahishijwe muri kino gicapo. Ni irihe tandukaniro riri hagati ya Nowa n'abantu bari hanze y'ubwato?

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura ko Imana ari ukuri kandi ko kutayumvira Bizana ingaruka mbi zikomeye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana; batsindanishirizwa n’ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

Witegure ubwawe kwigisha

Ubutungane bw’Imana busaba inyishu. Abo bose babandanya gushibura Imana bazobabazwa n’ingaruka z’ivyaha vyabo. Ariko dushobora kumenya neza ko Imana izokiza abagororotsi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mbega bisigura iki kunganisha ?**

Sigurira abana ko kunganisha bisigura guha umwe wese ibihuye nivyatekanyirijwe; kutagira aho uhungamiye; gukora neza.

Koresha iki gikorwa nk'intangamarara y'inkuru ya Bibiliya.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 18:16-19:29

Kurokorwa I sodomu

“Karibu!” Aburahamu arabwira abashitsi baje mw’ihema ryiwe. “Ndabinginze, karibu muruhuke umwanya muto, hanyuma dusangire.”

Ntabwo bari abarengana basanzwe. Zari intumwa z’Imana! “Mu mwaka uza nkaya mango, uzoronka umwana w’umuhungu Imana yagusezeraniye,” babwira Aburahamu. Ariko iyo nkuru nziza ntiyari iyo nkuru yonyene izo ntumwa z’Imana zari zizanye. Bari bagiye kurandura ibisagara bibiri vyabamwo abanyavyaha benshi. Aburahamu agendana nabo igihe gito igihe bariko barabandanya urugendo rwabo.

Mu nyuma Imana ivuga icyiye muri abo bamalayika, “Ivyaha vy’I Sodomu n’I Gomora vyashitse imbere yanje none ngiye guhonya ivyo bisagara n’abantu bose babibamwo.”

Aburahamu ahagarika umutima cane. Umwishwa wiwe loti yaba muri kimwe muri ivyo bisagara. Aburahamu arasenga, “Nihaba hariyo 50 beza kandi abantu babagororotsi muri Sodomu, mbega uraja kubica bese? Mbega ntiwokiza igisagara kubw’urwo rukundo rwabo bagororotsi 50? Ndabizi neza ko utazofata co kimwe abeza n’ababi. Uri umunyembabazi kandi uraharira! “Hamwe noronka abagororotsi 50 muri ico gisagara cose, sinorandura igisagara,” Imana irishura.

“Mbega nimba hari abantu babagororotsi 45, mbega worandura igisagara cose kubera abo batanu bandi babi?” Aburahamu arabaza.

“Nimba hariyo abagororotsi 45, sinzorandura igisagara,” Imana iravugaga.

“Ntushavurire ubu, Mwami wanjye, ariko birashoboka ko hariyo 30 gusa beza,” Aburahamu arabandanya.

“Sinzokirandura nimba nsanzeyo abantu 30 beza,” Imana irishura ubugira kandi. “Mbega vyogenda gute babaye 20?” Aburahamu arabaza kandi.

“Kuri abo bantu 20 sinorandura igisagara,” Imana irishura.

“Ngiye kubaza incuro yanyuma. Mbega vyogenda gute hamwe boba 10 gusa babantu beza baba I sodomu?” Aburahamu arabaza. “Kubw’urukundo rwabo bagororotsi 10, sinokirandura,” Imana ica irasozera.

Baca bashika I sodomu babamalayika. Bashitse k’umuryango w’igisagara, baca babona Loti aho ari hanyuma baramwegera. Igihe Loti yababona, yaciye ahaguruka hanyuma arabunamira.

“Ndabatakambiye ni murare aha munzu iwanje iri joro,” Loti aravuga.

“Oya, turaja kurara mw’ibarabara,” abashitsi barishura. “Ni murare mu nzu iwanje,” Loti arabingira. Mu mpera, baca baremera.

Abo bashitsi bababazwa cane nivyo babona bikorerwa muri ico gisagara. Ivy’ubuyobe n’ivyaha vy’ico gisagara vyari biteye ubwoba! Ntabantu 10 bari muri ico gisagara cose bakunda canke bumvira Imana!*

“Mbega woba ufise abandi bo mumuryango muri kino gisagara?” abo bashitsi babaza loti. “Bakure hano kubera ko tugiye gusambura kino kibanza. Urwamo rw’ivyaha vy’abisodomu na gomora vyabaye vyinshi ku Mana none yaturungitse kugisambura.”

Loti yiruka kurondera abakwe biwe n’abakobwa hanyuma amaze kubabona, arababwira, “Ni muze, reka tuve muri kino gisagara kubera ko Imana igiye kukirandura cose.” Ariko biyumvira ko ariko arabafyinisha.

Abamalayika babwira loti, “Va ngaho, fata umugore wawe n’abakobwa bawe kugira ngo ntibapfe igihe igisagara kizoba gisanganguwe!”

“Ndagenda bandabire,” Loti aravuga.

Igihe loti n’umuryango wiwe bariko bafata umwanya muremure, abamalayika baca babafata amaboko hanyuma babaterera hanze y’igisagara. “Mwikize ubwanyu!” abo bashitsi barababwira, “kandi ntumurabe inyuma.”

Loti n’umuryango wiwe bariruka kugira bakize ubugingo bwabo. Ariko umugore wa loti araba inyuma, hanyuma muri ako kanya nyene aca ahinduka inkingi y’umunyuma. Imana irandura ibisagara vyose vy’ababi, ariko yibuka isengesho rya Aburahamu hanyuma akiza umuhungwabo Loti.

IBIKORWA

Gutabarwa

Tanga impapuro z’ibikorwa ku bana, imikasi n’uburembo. Bahereze amashusho ya Aburahamu n’igisagara bivuye aho wakase hanyuma ukurikize amategeko mu gukora agatabo.

Fasha abo bose bafise ingorane yo gutahura inzira ziturongora canke gukata.

Fata umwanya wo kuja mu nkuru ya Bibiliya, ukoresheje udutabo bamaze kwuzuza.

Gufata k’umutwe




Bwira abana bawe bugare amaso uriko urandika umurongo wo gufata k’umutwe k’urubaho.

Hanyuma, ubasabe kwugurura amaso yabo hanyuma basome umurongo incuro nyinshi.

Babwire bugare amaso yabo kandi, hanyuma ufute ijamba ry’urufatiro. Mu nyuma ubareke basome kandi, bongeyeko ijamba ribuze. Bandanya gushika aho igisomwa cose gifutiwe.

Kurangiza

Utere mu bana ingeso yo gusenga, binginga buri gihe co mw’ishure kuri umwumwe muri bo hamwe n’imiryango yabo. Nimba bishoboka, andika ayo masengesho k’urubaho hanyuma ubimanike mw’ishure. Muri iyi nzira, bazobibuka, kandi igihe cose Imana yishuye, bashobora gushiraho agasaraba imbere y’isengesho. Isengesho ryo gushimira Imana kubw’imbabazi ziwe n’ubutungane. Batere intege zo kuzokwitaba inyigisho z’iki kigabane mu ndwi izokurikira.



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana yatanze inzira yo kubabarirwa ivyaha vyacu.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana; batsindanishirizwa n’ubuntu bwayo, ibibahereye ubusa, kubwo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu” (Abaroma 3:23-24).

Witegure ubwawe kwigisha

Benshi mu bana bawe ufise barafise ikibagiriza muribo. Barumva bicuza igihe bakoze ikintu kibi, kandi baraziko icaha kibatandukanya n’Imana. Koresha iki cigwa kubazana hafi y’Imana no gutahura y’uko itanga imbabazi kandi ko yatanze inzira kuri twebwe ngo turonke agakiza.

INKURU YA BIBILIYA**Abalewi 4; Abaheburayo 10:1-14****Ibimazi vy’Abisirayeli**

Umusi umwe, igihe Mose yaduga k’umusozi, Imana iramubwira, “Mose, bwira abisirayeli ko ndi nyene isi yose, ko nabahisemwo ngo babe ihanga ryanje ridasanze. Bazoba mu bwami bw’abaherezi hamwe n’ihanga ryera. Niyo ubwo bwoko bwanyumvira, bazoba ububiko bwanje budasanze.” Mose aca ava k’umusozi anyaruka cane. Yari yipfuzako kubwira abantu ivyo Imana yamubwiye. Amaze kubikora, baca barishura bati, “Tuzokora ivyo Imana yadutegetse gukora vyose.”

Kwibutsa abantu ko ari ubwoko yatoranije, Imana yatanze amabwirizwa cumi. Ayo mategekoyabafasha kumenya ivyiza n’ibibi. Imana ibwira Mose kwubaka ihema ridasanze, iryo bita itaberikuro kugira ngo abantu bibukeko Imana irikumwe nabo imisi yose.

Imana yipfuzako abantu bayo bayumvira. Ariko iraziko umwanya n’umwanya barashobora kurenga ku mabwirizwa yayo. Nico gituma yashizeho inzira ishobora gukoresha muguharira ivyaha vy’abantu bayo. Yarabariye Mose, “Igihe abantu batumviye rimwe mu mabwirizwa, bazotegerezwa gutanga ikimazi. Babwire ko bategerezwa guhitamwo mu bitungwa vyabo ikimeze neza, ishobora kuba ari indogoba, impene, canke intama. Gitegerezwa kuba ari igitungwa ciza., kitagira akarabagu, ibikomere canke ingwara. Hanyuma bazotegerezwa kujana ibitungwa vyabo kugicaniro. Igihe bazoba bahari, bazotegerezwa gushira amaboko yabo kuri ico gitungwa mu kwerekana ko basavye imbabazi kuvyabo bakoze. Mu nyuma, abaherezi bazofata ico gitungwa bagitangeko ikimazi nkuko nakugenekereje.”

Imana yatanze amategeko atomoye cane kubijanye n’ingene bashobora gutegura no gutanga ibikoko nk’ibimazi. Umusi k’uwundi, umwaka k’uwundi, bategerezwa gukurikiza ayo mategeko Imana yabahaye. Bahitamwo ibikoko hanyuma bakabitangako ibimazi, nk’ishikanwa ryo kwihana ivyaha vyabo.

Bamwe bumva batsinzwe cane kubera ibibi baba bakoze. Abandi nabo ntaco vyababwirira. Batanga ibimazi kubera ko nabandi bese babikora ukwo nyene. Abavugishwa bari bazi ko bimwe mu bimazi ko, “Imana ntiyahimbarwa n’ibimazi vyabo,” umuvugishwa Yeremiya aravugaga. “Imana yaratubwiye ingene twoyishikanira. Yipfuzako tuyikunda kandi tukayumvira.”

Nubwo biruko umugambi w’Imana kubimazi wari mwiza, abantu benshi batanga ibimazi bituriwe hanze y’ibimenyerewe, ariko mu mitima yabo, ntakwihana kwarimwo canke urukundo rw’Imana.

Ubundi, Imana yarifise umugambi mwiza wokubabarira ivyaha vyacu kubw’ineza yacu. Yarungitse umwana wayo Yesu kugira ngo apfe k’umusaraba kubera ivyaha vy’abari mw’isi bose. Imana yaremeyeko Yesu aba ikimazi kugira ngo ivyaha vyacu bishobore guharirwa hatabayeho gutanga ibimazi vy’ibikoko. Ikindi, igihe abantu bizeye Yesu nk’umwami n’umukiza, Mpwemu Yera aca aza kuba mu mitima yabo hanyuma akabahindura kugira ngo bashobore gukunda Imana gusumba.

IBIKORWA

Ubwoko bubiri bw’ibimazi

Basigurire ko hariho ubwoko bubiri bw’ibimazi ubwo Imana yateguye mukubabarira ivyaha. Vyose vyategerezwa kuba atagasembwa ku Mana kugira ngo bemerwe. Kubw’iyo mvo, ibikoko vyo gutangako ibimazi vyategerezwa kwama biratangwa. Ariko igihe Kristo yapfa, yabikoze rimwe rizima ku bantu bose. Ibimazi vy’ibikoko ntivyashobora guhindura imitima y’abantu, ariko Yesu afise ububasha bwo kuduhindura no kudutunganya duse nawe.

Ubutumire bw’ivugabutumwa

Nimbi Mpwemu Yera akurongoye, tera intege abana ngo bafate ingingo ku giti c’umwumwe yo gukurikira Kristo no kwihana ivyaha vyabo.

Kugira ngo ube umwana w’Imana utegerezwa:

- Kumenya neza ko wacumuye. (Abaroma 3:23)
- Kwizera ko Yesu yagupfiriye. (Abaroma. 5:8)
- Kwihana ivyaha vyanyu. (Abaroma 6:23)
- Saba Imana ngo ibababarire. (1 Yohana 1:9)
- Ubu ubaye umwana w’Imana. (1 Yohana 1:12)

Koresha iri sengesho risanzwe kugira ngo ufashe abo bose amasengesho yagoye:

Mana yanje, ndaziko nacumuye kandi ndihanye ibibi vyose nakoze. Ndagusavye umbabarire. Ndizera ko Yesu yapfuye kubwanje kandi ndamwakiriye nk’umukiza wanjye n’umwami. Mfasha kwumvira no kugukunda imisi yose. Ndagushimiyeko umbabariye kandi unyemereye kuba umwana wawe. Amen.

N’ivyankenerwa gufata umwanya udasanze mu kuvugana n’umwana uwariwe wese imbere canke inyuma yo kubaha kaze ngo bakire Kristo mu bugingo bwabo. Bafashe gutahura ko iki ari igikorwa c’umwumwe kandi ari ingingo ntasubirwamwo mu buzima bwabo busigaye.

Gufata k’umutwe


Andika amajambo ari mu Abaroma 3:23-24 ku makarata canke impapuro. Bashirireko imetero ku meza canke k’urubaho, kugira ngo vyorohe kuzifata no kuzigarukana hamwe. Soma umurongo incuro nyinshi. Saba abashaka bakureho amakarata hanyuma uwundi azishire k’urutonde kandi. Kora uyu mwimenyerezo incuro nyinshi, hanyuma musubiremwo umurongo igihe cose amakarata azoba atonze neza.

Kurangiza

Ja hamwe mugusenga no guha ishimwe Imana kubwo gutanga inzira y’agakiza kacu. Ririmba indirimbo yo guhimbaza no gushimira abo bose bakiriye Kristo.

Utegerezwa kuguma hafi yabo bana bose kugira ngo ubafashe gukura mu kwizera kwa Gikristo. Tuguhanura ko wovugana kandi n’abavyeyi babo, hanyuma ubamenyeshe ingingo umwana wabo yafashe, hanyuma ugire integuro yo gukurikirana uwo mwana.

kata iyo shusho muri iyo mirongo
yirabura. Zinga iyo shusho ucishije
ahari utuburungu kugira ngo
umusaraba ushobore kuboneka igihe
iyo karata izoba yuguruye. Zinga
hejuru k'umutwe. Ugurura kugira ngo
ushobore kubona ivyo Imana
yateguye muguharirwa kwacu



Ushobora kuba umwana w'Imana.

Emerako wacumuye.	Abaroma 3:23
Wizere ko Yesu yapfuye kubwawe.	Abaroma 5:8
Wihane ivyaha vyawe.	Abaroma 6:23
Usabe Imana ikubabarire.	1 Yohana 1:9
igihe wakoze ibi bintu vyose,	
Uca uhinduka umwana w'Imana.	Yohana 1:12

Uwera wacu kandi Imana y'urukundo iragukunda!



Mw'isezerano rya kera, igihe
abantu bacumuye batanga
ibimazi vy'ibikoko

TURAHIMBAZA INDWI YERA

Imirongo ya Bibiliya: Matayo 21:1-11; Luka 19:28-38; Yohana 20:1-18; Luka 24:13-35; Ivyakozwe n'intumwa 1:1-11

Umurongo wo gufata k'umutwe w'ikigabane: Kuko ni waturisha akanwa yuko “Yesu ar'Umwami”, ukizera mu mutima yukw'Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa (Abaroma10:9).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Gutazira Imana kubw'ivyo yakoze biciye muri Yesu Kristo.
- Kwizera ko Yesu ari muzima.
- Kumenya ko Yesu yagiye mw'ijuru kandi ko azogaruka kutujana.

IVYIGWA VY'IKIGABANE

Icigwa 15: **Turahimbaza intsinzi ya Yesu!**

Icigwa 16: **Turahimbaza ukuzuka kwa Yesu!**

Icigwa 17: **Mu nzira yi Emmawusi**

Icigwa 18: **Yesu ari kumwe natwe imisi yose!**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO ZIKI KIGABANE:

Ikibano n'ibimenyeshamakuru bagerageza kuryohera abana mu kubaha insiguro y'ukuri y'indwi year. Ibimenyetso bitandukanye bikomeza gukabura abana, abo bose baba batiteguye kuri uku guhimbaza.

Ishimikiro ry'iki kigabane n'uguhimbaza kuzuka kwa Yesu. Abana bazohimbarwa no kumenya Yesu uwariwe n'ivyo yakoze kubwacu.

Muri ivyo vyigwa, uzoronka akaryo ko guha abana integuro y'agakiza, no kubarongora mu migenderanire yimbitse na Yesu Kristo. Sengera kurongorwa na Mpwemu Yera uriko urategura bino vyigwa. Wibuke ko, biciye mu nyigisho zawe, Imana ishobora guhindura atari ubuzima bw'abanyeshure bawe gusa ariko kandi n'ubwo abavyeyi babo. Fata aka karyo ubwire abandi ivyo Kristo yakoze kuri wewe!

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora guhimbaza Imana mu kurungika Yesu ngo atubere Umukiza.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Kuko ni waturisha akanwa yuko “Yesu ar’Umwami”, ukizera mu mutima ukw’Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa (Abaroma10:9).

Witegure ubwawe kwigisha

K’umusi w’Imana wa mbere w’ibigazi, ishengero rihimbaza Imana kubw’ibitangaza babonye Yesu akora. Baramuhimbaje kandi kubera ko bibazako agiye kubakurako intwari y’abaroma kandi bari bazi ko agiye guha ubwigenge isirayeli nk’ihanga. Ariko, bamaze kubonako iyo atariyo ntumbero ya Yesu, ukumutazira kwabo guhinduka urwamo.

Uriko uriga bino vyigwa, fasha abana bawe ico Yesu yabakoreye ko kwari kubaha agakiza n’ubugingo budashira

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ikigazi co guhimbaza**

Kora urupapuro rw’amababi y’igiti c’ikigazi hamwe n’abanyeshure bawe, canke urondere amababi y’igiti c’ikigazi c’ukuri. Mu kubikora, uzoba ukeneye ibikoresho vy’ikigazi mukubica k’urupapuro rutotahaye, canke ushobora kandi kubikorera k’urupapuro rwera hanyuma utegure ikereyo z’urwatsi ku bana basige. Hanyuma, babwire babikate.

Babwire: uno musi ni kuw’Imana w’ibigazi canke ibisandasanda, kandi ndaja kubabwira inkuru itangaje cane. Aya n’amashami y’ibigazi. Igihe Yesu yinjira I Yerusalemu, abantu bazungagiza amashami y’ibigazi nk’uku basemerera bati: “Hoziyana, Hoziyana!” Bari banezrewe cane kandi bahimbawe kuberako bariko bahimbaza Yesu. Urashobora kandi kuzungagiza ishamba ry’ikigazi cawe hanyuma usemerere “Hoziyana!” kubwa Yesu.

Guhimbaza n’iki?

Bwira abana bicare k’umuzingi, hanyuma ubasabe: murazi icarico “guhimbaza”? uhejeje kwumviriza inyishu zabo, sigura: guhimbaza n’inyishu yacu k’umuntu yakoze ikintu gitangaje. Guhimbaza n’ukwerekana urukundo no guhimbarirwa umuntu yakoze ibidasanzwe.

Imana niyo yonyene ikwiriye guhimbaza kwacu. Mbega n’izihe mpamvu zosigura igituma duhimbaza umwami? Zandike k’urubaho (akarorero: kubera ko ariyo yaremye ibiriho vyose, kubera ari nziza, kuberako itwitwararika, n’ibindi.)

INKURU YA BIBILIYA

Mathayo 21:1-11; Luka 19:28-38

Guhimbaza umwami!

Ririmba indirimbo yo guhimbaza bariko barazungagiza amashami yabo y’ibigazi hanyuma muzunguruke mw’ishure. Bwira abana bicare hasi bumvirize inkuru. Babwire bashire amashami yabo y’ibigazi kubirenge vyabo kandi mu gihe c’inkuru, igihe cose baja kwumva ijamba “hoziyana,” baca bazungagiza amashami. Imbere yo gutangura inkuru, bereke Bibiliya hanyuma ubabwire: iyi ni Bibiliya, ijamba ry’Imana. Twarize kumenya neza Imana biciye mu kwumviriza inkuru ziriyoshe zo muri kino gitabo. Indwi nyera irateye igomwe kandi

n'umwanya udasanzwe aho duhimbaza kwitanga kwa Yesu, umwana w'Imana. Mu nkuru yacu y'uno musu, turaja kwiga kuvyabaye imbere y'indwi ya mbere nyaranda, igihe abana baririmba kandi bahimbaza Yesu.

Inzira y'intsinzi

"Tubwire inkuru ya Pasika kandi," abana babaza abavyeyi babo.

"Imyaka myinshi irangiye, ubwoko bwacu bwabaye mu buja muri Egipta," umuvyeyi aratangura. "Imana ibwira Mose ngo aturongore atujane mu gihugu cacu, ariko Farawo ntiyatwemerereye ko tuvayo. Mu nyuma, umumalayika w'urupfu aca muri Egipta. Imfura zose zo mu miryango y'abanyegiputa zirapfa. Mu nyuma Farawo yemera kuturekura." "Mbega ni ryari Abaroma bazotureka ngo twidegemvye?" abana barabaza. "umusi umwe Umwami Mesiya azoza kandi niwe azodukiza," umuvyeyi aravugaga. "Mesiya azodukiza adukure mu minwe y'abaroma."

Abantu b'I Yerusalemu bari babirindiranye igishika. Ibihumbi vy'abayuda bari bakoraniye aho hantu ngo bahimbaze pasika. Yesu n'abigishwa biwe nabo bari bagiye I Yerusalemu guhimbaza.

"Genda mu kindi gisagara gikurikira," Yesu abwira babiri mu bigishwa biwe. "Mucinjira, muraja kubona indogoba iziritse ikiri ntoy. Muyiziture hanyuma muyizane."

Yesu yarakeneye iyo ndogoba kubw'impamvu idasanzwe. Imyaka myinshi yarihaciye, umuvugishwa Zakariya yari yarabivuze ko umwami w'I Yerusalemu azoshika mu mahoro ari ku nyana y'indogoba. Yesu akibabwira, abigishwa baca babona indogoba. Mu nyuma baca bafata ibitandiko hanyuma baca barayijana. Hanyuma, baca bafasha Yesu kuja kuriyo hanyuma bafata inzira ija I Yerusalemu.

Igihe babona Yesu ariko aregereza, abantu bamwe bafata imyambaro yabo bayisasa mw'ibarabara. Mu kanya gato cane ishengerero rinini rimenyako umwami yashitse. "Yoba ari wa muntu yakora ibitangaza vyinshi?" bariko barabazanya. "Ego, niwe nyene! Raba ariko araza I Yerusalemu. Wibazako yoba ari umwe yasezeranwa Mesiya?" ubwonyene abantu baca batangura guhimbaza Imana n'umunezero kubw'ibitangaza vyose babonye, "Hozana! Ahezagirwe uwuje mw'izina ry'umwami! Amahoro abe mw'ijuru n'icubahiro c'iyisumba vyose!Hozana!"

Benshi baja guca amashami y'ibiti vy'ibigazi hanyuma baca babishira mu nzira. Kandi, ukwo Yesu yahaca, benshi barasemerera, "Hozana, Hozana!"

IBIKORWA

Hozana!

Bwira abana barabe ku mpapuro zabo z'ibikorwa vy'icigwa ca 15, hanyuma ukate kumpera yaco. Babwire bazinge urupapuro bakurikije utuburungu turi k'umurongo.

Mu nyuma, subiramwo ishusho ya Yesu ahari utuburungu turi k'umurongo twerekanye hanyuma ufatanyamwe. Kurayo ishusho mw'ishengerero ry'abantu, mugusubiramwo inkuru y'umusi w'Imana w'ikigazi.

Igitambara co guhimbaza

Muri iyo ndwi, tegura ibijanye n'inzira zitandukanye aho abana bashobora guhimbaza Imana mu misi yabo yose yo kubaho. Ushiremwo ivyerekana abana bariko barafasha abavyeyi babo, gusenga, kuririmba amashimwe, gusoma Bibiliya, n'ibindi. Vyerekane mw'ishure kandi ubabwire ko bashobora guhimbaza Imana mu nzira zitandukanye. Babwire bamanike ivyo bakoze k'uruhome canke ahandi hose waberetse.


Gufata k'umutwe

Bwira abanyeshure barabe umurongo wo gufata k'umutwe (Abaroma 10:9) hanyuma basome n'ijwi rirenga. Bamaze gusubiramwo incuro nyinshi (k'urumwe, mu migwi, ku bahungu bonyene, ku bakobwa bonyene, n'ibindi), bwira ababishaka bawuge wose badasoma. Bahereze amakarata ariko umurongo wo gufata k'umutwe w'uku kwezi kugira baje kuwusubiramwo muhira. Saba abavyeyi babo bawigane n'abana babo muri iyo ndwi.

Kurangiza

Urabe neza ko abana bajanye igikorwa muhira, hanyuma ubashimire kuba bitavye inyigisho. Babwire ikijanye n'icigwa gikurikira, gerageza ushireho gufatanyamwo kuvyura ugushaka kugira ngo ntibasibe.

Gira imizingi ibiri, hamwe n'ukurongorwa n'isengesho kuri umwumwe. Mu mpera y'ishure, barongore mw'isengesho ry'ubumwe. Ntiwibagire gushiramwo ivyo gusengera, kandi utere intege abana guhimbaza Imana imisi yose.



kata ishusho iri mu murongo w'irabura. Zinga urupapuro ucishije ahari utuburungu (mu kibanza cabitswe) mu kubona ishengero ryaje gusanganira Yesu mu nzira iya I Yerusalemu. Zinga ishusho ya Yesu ucishije mu mirongo y'utuburungu, hanyuma ufatanye kuva hejuru. Kura iyo shusho mw'ishengero ry'abantu igihe uzoba uriko uravuga inkuru yo kuw'Imana w'ikigazi.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Yesu Kristo yazutse avuye mu bapfuye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Kuko ni waturisha akanwa yuko “Yesu ar’Umwami”, ukizera mu mutima ukw’Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa (Abaroma10:9).

Witegure ubwawe kwigisha

Biciye mu kuzuka, turatahura neza urukundo ruhambaye rwa Kristo yatweretse mu kudupfira k’umusaraba.

Muri icyo gihe nyene, Imana yerekanye ubushobozi bwayo mu kuzuka. Ivyo vyose vyerekana ubutumwa bw’ivyizigiro, urukundo, n’agakiza. Iyindi misi mikuru yose ntaco ivuze iyo tubigereraniye n’ingabire ihambaye y’Imana.

Witwararike cane inyifato y’abana mu gihe bariko barumviriza inkuru y’izuka. Ko Kristo yazutse bizobazanira ivyizigiro mu mitima yabo hamwe n’intumbero nshasha y’ubuzima.

Ubutumwa bw’urupfu rwa Kristo no kuzuka bizobafasha gutahura cane uburebure bw’urukundo rw’Imana kuribo no ku bandi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Igikorwa c’amaboko**

Kuri iki gikorwa uzoba ukeneye imisaraba ikozwe mudukarata canke icafye ku kibaho, ushireko uburembo hanyuma uhanagure neza, wanikire, utegure udushusho tw’amagi.

Bwira abana bashireko koro k’umusaraba hanyuma bashireko udusharizo kuriyo. Shira ku meza igikorwa caheze kugira ngo niyo koro yuma bice bifatana gose. Vuga ibijanye n’insiguro y’umusaraba hamwe nico bifasha mu bakristo.

INKURU YA BIBILIYA

Yohana 20:1-18

Umunezero wa Mariya

“Umukene Yesu,” Mariya yiyumvira nkaho agiye mw’itongo. Hari hakiri kare cane izuba ritaraseruka. “Ndamukumbuye cane! Ica nyuma twashobora gukora n’ukumuhamba. Nta mwanya dufise wokurangiza vyose imbere y’uko isabato igera.”

Mariya ntiyashobora gutahura ivyabaye. Yari yarashize ivyizigiro vyawe vyose kuri Yesu, nubwo buri ukwo yari yapfuye kandi ntivyari bigishobokako abana nabo.

Igihe yariko arabandanya agenda mw’itongo, yabonye ikintu camwujije gutangara.

“Sindabishobora!” Mariya arivugana. “Hari Umuntu yoba yakuyeho ibuye. Umuntu yoba yatwaye umubiri wa Yesu! Arihehe Umwami wanjye? Ntegerezwa kugenda hanyuma ndabibwire Petero!”

Igihe Petero na Yohana bumva ivyo Mariya ababwiye, baca biruka mw’itongo. Imitima yabo yari yijiriwe, kandi bari bazazaniwe.

Yohana yabaye ubwambere mugushika. Aca aregera hanyuma aca araba muruhafu, ariko abona imyambaro bari bazingiyemwo Yesu. “Mariya ari m’ukuri,” ariyumvira. “Yesu ntari hano.”

Petero amaze gushika, aca arinjira mu mva hanyuma atangura kurondera hose, ariko ntiyashoboye kubona Yesu. “Yohana, ingo ngaha!” Petero aravuga. “Raba, imyamabaro yiwe iri hano! Ariko uri hehe umubiri w’umwami?” abo bigishwa babiri baca baja kubwira abandi ivyo babonye. Ariko, Mariya aguma ngaho. “Umwami wanjye bamutwaye,” aravuga arira.

Aca yongera kuraba mu mva hanyuma, aratangara, imva ntiyari ikigaragara. Hari abamalayika babiri bambaye impuzu zera zisayangana!

“Wa mugore, kubera iki uriko urarira?” abamalayika baramubaza.

“Nuko batwaye umwami wanjye kandi sinzi iyo bamushize,” Mariya aravuga ababaye.

Igihe Mariya yarashaka kugenda, ubwo nyene aca abona umuntu mw’itongo.

“Wa mugore,” aravuga, “kubera iki uriko urarira? Uriko urondera nde?”

“N’ivy’ukuri uwu n’umwungere,” Mariya ariyumvira. “Birashobokako ariwe yimuriye Yesu muyindi mva.”

“Nyakwubahwa, woba wimuriye umubiri wa Yesu mu kindi kibanza? Woba uzi aho ari? Ndakwinginze mbarira aho wamushize kugira nje kumuraba,” Mariya aravuga.

“Mariya!” uwo mugabo aravuga. Igihe Mariya yamwitegereza neza, umunezero mwinshi waciye wuzura umutima wiwe hanyuma aca aravuga ati, “Mwigisha!”

Wa mugabo ntabwo yari umwungere. Yari Yesu! Yari ngaho, avugana nawe mw’itongo. Yesu yari muzima!

“Ntunkoreko, Mariya,” Yesu aramwihanikiriza. “Sindaja kwa Data. Genda hanyuma ubwire abagenzi bacu ko nzobasanga iyo bari.”

Mariya aca ariruka mw’ibarabara kubwira abandi inkuru nziza.

“Nabonye umwami!” arababwira ahimbawe cane. “Namubonye, yazutse!”

IBIKORWA

Yesu ni muzima!

Babwire basige ishusho iboneka mu mpera y’icigwa ca 16. Hanyuma, zinga urupapuro ucuye muri utwo tuburungu kugira ukore agatabo. Batere intege bakoreshe igikorwa bakoze mu kubwira inkuru y’izuka rya Yesu abagenzi babo n’imiryango.

Gufata k’umutwe

Shira abana k’umurongo ugororotse. Babwire ko igihe uvuze “haguruka,” baca basimba hejuru cane ukwo bashoboye, nkuko boba bashaka gukora kuri parafo, hanyuma bakavuga umurongo wo gufata k’umutwe n’ijwi rirerire.

Kandi igihe uvuze “hasi,” baca bicara ku ntebe hanyuma bagasubiramwo umurongo wo gufata k’umutwe mw’ijwi ritoya. Subiramwo umwimenyerezo incuro nyinshi kugira utsimbataze gushira k’umutwe.

Gusozera

Tera intege abanyeshure bawe bavuge imitwaro yabo. Bwira uwushaka gusenga n’ijwi rirenga. Ibi bizoduka muri bo gusenga mu bantu benshi atabwoba. Rangiza mu gushimira Imana mu kuzura umwana wayo Yesu. Batumirire kuzoza mw’ishure kundwi ikurikira, kandi ntiwibagire kugendera abo bose bagwaye canke bataje kw’ishure.



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Yesu adufasha kumumenya neza.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Kuko ni waturisha akanwa yuko “Yesu ar’Umwami”, ukizera mu mutima ukw’Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa (Abaroma10:9).

Witegure ubwawe kwigisha

Mu ndwi iheze mwarize mw’ishure ko Imana yazuye Yesu mubapfuye. Muri iyi ndwi bazokwiga ko yerekanye ko ari muzima, yiyeretse aba mukurikira. Uku kwiyerekana kwarakomeje ukwizera kw’abakristo ba mbere. Muri iyo nzira nyene, kumenya ko Yesu ari muzima bizokomeza ukwizera kw’abanyeshure bawe.

Witegure mu mutima wawe kubwira abana uku kuri guhambaye kwa Bibiliya.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mu nzira ija I Emarwusi**

Rondera ikarata y’igihugu ceranda, canke ukoreshe amwe mu makarata ya Bibiliya uyereke abana. Erekanaga ahari ibisagara vy’I Yerusalemu ni Emarwusi, hari ibirometero 11 vyagabura igisagara n’ikindi. Kugira ngo abana bagire urufatiro kubijanye n’urugendo abigishwa bagira, mugereranye n’ibibanza bizwi nko kuva muhira uja kw’ishengero. Sigura ko inkuru ya Bibiliya ivuga abigishwa babiri bafashe urugendo baja mu gisagara ci Emarwusi, ariko ikintu kidasanzwe carabashikiye bari munzira bagenda.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 24:13-35

Mu nzira ija I Emarwusi

“Woba uzi igituma Mariya yari ahimbawe muri iki gitondo?” Kerewofasi arabaza.

“Ego,” umugenzi wiwe aravugaga. “Woshobora kwizera ivyo avuze? Avuze ko yabonye abamalayika!”

“Avuze kandi ko Yesu ari muzima,” kerewofasi aravugaga. “ico gishobora kuba ari igitangaza, ariko sinshobora kwizera ko ari ukuri.”

“N’ukuri. Twarabibonye n’amaso yacu ingene Yesu yapfuye k’umusaraba. Yarapfuye, ntazokwongera kuba muri twe bwe narimwe. Ubu, mbega twokora iki?”

Bakiriko bava I Yerusalemu baja I Emarwusi, ingenzi igira gatatu ijana nabo.

“N’amahoro,” umuntu batamenyerereye arabaramutsa. “Mbega muriko muravugaga ibijanye n’iki biryoshe?”

“Mbega niwewe wenyene uba I Yerusalemu utazi ikintu na kimwe kuvyabaye muri iyi misi?”

Kerewofasi arishura.

“Habaye iki?” uwo muntu arabaza. “Mbega bakoreye iki Yesu, umuvugishwa w’I Nazareti.”

“Yari umuvugishwa akomeye cane! Umuntu wese yaramwumviriza.”

“Bose, ukuyemwo abaherezi babayuda n’abatware bacu,” Kerewofasi aravugaga.

“Imisi itatu irarangiye bamubamvye k’umusaraba.” “vyari biteye ubwoba!” Umugenzi wa kurewofasi avugana umubabaro. “Twari twibazako ariwe agiye gutuma Isirayeli iba ihanga rikomeye kandi, ariko none yarapfuye.” “Twariko turavuga ibijanye n’umugenzi yatubwiyeko hari uwabonekewe n’abamalayika. Yavuze kandi yuko yabonye Yesu ari muzima! Twacanganikiwe kandi ntituzi ivyo twokwera.”

(Hagarika inkuru, ubaze abana ingene biyumvira izo ngenzi zibiri ziyumvise, babaze batore uwo muntu w’umunyamahanga uwariwe.)

“Woba wibuka ico ivyanditswe bivuga?” uwo muntu arabaza. “Ntimwumvise amasezerano y’Imana ko hari uwutegerezwa kubabazwa ubwa mbere, hanyuma akinjira mu cubahiro ciwe?”

Kerewofasi n’umugenzi wiwe barumviriza neza igihe uwo muntu yariko avugana nabo ibijanye n’ivyanditswe. Bageze hafi y’igisagara c’I Emarusi, uwo muntu batazi agerageza kugenda, ariko baramubwira, “Turakwinginze, gumana natwe. Buriye.”

“Murakoze cane,” uwo muntu batazi arishura. “ico nicyumviro ciza.”

Abo bagabo batatu baca binjira mu gisagara. Igihe imfungurwa zari ziteguwe baca bicara ku meza. Mu nyuma, uwo muntu aca afata umukate, awushimira Imana, arawumanyura, hanyuma ahereza ibipande abo bagabo babiri. Uwo mwanya nyene abo bigishwa baca baramumenya, ariko aca arazimangana.

“Yari Yesu! Ntitwumvise ikintu kidasanzwe igihe yariko aratubwira ibijanye n’ivyanditswe?” Kerewofasi aravugaga na mugenzi we. Muri ako kanya bafata ingingo yo gusubira I Yerusalemu kubwira abandi ivyababaye.

Abigishwa cumi n’umwe hamwe n’abandi bakurikira Yesu bari bakoraniye hamwe, bavugaga inkuru z’abantu babonye Yesu. “N’ivy’ukuri!” bamwe mu bigishwa baravugaga. “Umwami yazutse! Petero hamwe n’abandi bamubonye!” ubwo nyene, umuryango uruguruka. Kerewofasi na mugenzi we baza biruka.

“Twabonye Yesu!” babivugaga basa nabariko barajugumira. “Ni muzima!”

IBIKORWA

Reka tuvuge inkuru nziza!

Baza abanyeshuri: mbega Yesu yihishuriye gute abariko bajana nawe mu nzira y’I Emarusi?

Birashobokako bazokwishura ko Yesu yaje hanyuma akajana nabo. Nubwo ivyo vyoba ari ukuri, bibutse ko: Yesu yabihishuriye ubwiye abicishije mu vyanditswe. Yakoresheje isezzerano rya kera mu kubafasha gutahura uwo yarari hamwe n’igikorwa ciwe mw’isi.

Baza: ni gute Yesu yihishura ubu? (biciye muri Bibiliya, ijamba ry’Imana. Ikindi biciye mubamwizera, mw’ishengero no mu masengesho.)


Gufata k’umutwe

Bwira abanyeshuri bafatane amaboko hanyuma bagire umuzingiro. Igihe bazoba bariko baragenda k’umuzingiro, bazoba bariko barasubiramwo umurongo wo gufata k’umutwe hamwe mu mwanya muto. Igihe ubabwiye ngo bahagarike, umwe mu bana ashobora kuvugaga umurongo wenyene. Mu nyuma, reka bose batangure kugendagenda k’umuzingiro kandi kandi basubiramwo hamwe, bubahiriza y’amategereye nyene. Urukino rurangira igihe bose bazoba bakinye.

Kurangiza

Shimira Imana kuba yatwemereye kumenya umwana wayo, Yesu. Ririmba indirimbo z’ishimwe imbere y’uko musezerana. Urabe neza ko abana bose batwaye muhira ubugenegene bwabo n’ivyo umwe wese yazanye. Basezere n’umunezero, kandi ubatere intege zo kuzogaruka kuw’Imana ukurikira mw’ishuri ku mwanya.

Yesu n'umwana w'Imana



Kata ibi bicapo ucishije k'umurongo wirabura. Kata amashusho y'abigishwa babiri hanyuma ushireko koro hanyuma uhomeke hejuru k'umurongo w'utuburungu, kugira ngo ushobore kubona amashusho y'abigishwa igihe bamenya Yesu. Bwira iyi nkuru umuryango wawe hamwe n'abagenzi.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko bategerezwa kwitegurira kugaruka kwa Yesu.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Kuko ni waturisha akanwa yuko "Yesu ar'Umwami", ukizera mu mutima ukw'Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa (Abaroma10:9).

Witegure ubwawe kwigisha

Izuka rya Yesu ntabwo ari ikintu cabaye muri kahise. Ntiyari gusa umuntu mwiza yabayeho gusa imyaka myinshi irangiye. Umwami wacu yazutse ni muzima uno musu kandi azogaruka kw'isi. Ryari? Nta numwe abizi, atari Imana yonyene. Nubwo biri ukwo, ishengeri ryiteze imisi yose ukugaruka kwa Kristo. Aka niko gaciro k'abizera kandi bitanga insiguro y'igikorwa c'ishengeri. Iki cigwa gishiraho ikiraro hagati yo kuw'Imana wa pasika n'intango y'ishengeri hamwe n'igikorwa caryo. Yesu yaraduze kwa Data, ariko imbere y'uko agenda yasigiye abigishwa biwe akazi ko gukora. Mbega niyagaruka, azosanga twarakomeje ukwizera mu gushitsa igikorwa ciwe?

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ijuru rimeze gute?**

Rondera ibikoresho biboneka ku bana bacape ikirere, bivanye n'inzira bacamwo mukwiyumvira ikihari hamwe n'ikirimwo. Ukwo bakora, shima ivyo bashoboye gucapa no kubatera intege mu gukoresha ivyiyumviro vyabo.

Umushitsi adasanze

Utumire umurongozi avuye mw'ishengeri ryanyu kugira ngo avuge ibijanye n'umumisoyonari uwo ishengeri risengera, canke kuwo bafiseko amakuru. Hanyuma ubaze abanyeshure: mbega mwoba mwiyumvira abamisiyonari bakora iki? Kubera iki ishengeri ryacu rihamagarirwa kubashigikira no kubasengera?

Bashobora kwishura ko abamisiyonari bafasha abantu kandi bavugana n'abantu b'Imana. Umvira inyishu zabo hanyuma ubabwire: ukwo bumviriza icigwa c'uno musu, gerageza gutora akamaro k'impamvu ishengeri ryacu rishigikira abamisiyonari.

INKURU YA BIBILIYA**Ivyakozwe n'intumwa 1:1-11**

N'ubwo igitabo c'ivyakozwe n'intumwa ari ikete, duhanura ko twobivuga nk'inkuru, kuyifotora k'urupapuro no kuyishira mw'ibashya. Bwira abana ko ugiye kubasomera ikete ryanditswe na Luka, hanyuma utangure inkuru. Wibuke gusoma buke buke no kuja urahagarara. Sigura amajambo aboneka ko agoye gutahura ku banyeshure.

Yesu ari kumwe natwe

Ncuti yanje Tewofire, wahaye icubahiro izina ryawe. Bategerezwa kuba vyiza ko izina risigura "umuntu akunda Imana." Vyiza, ndafise vyinshi vyo kukubwira. Woba wibukako ko mw'ikete ryanje rya mbere nakwandikiye ibijanye na Yesu? Aho narakubwiye uwo ariwe, ivyo yakoze, n'ivyo yavuze. Narakubwiye vyose, kuva

kukuvuka kwiwe gushika kukuduga kwiwe mw'ijuru. Ubu ndafise vyinshi vyo kukubwira. Ibikorwa vyari vyinshi. Mbega nohera hehe? Ndabizi, nzotegerezwa kubandaniriza aho nahereje umwanya ushize.

Nkuko nakubwiye, Yesu yarababajwe hanyuma arapfa. Ariko Imana yaramuzuye mu bapfuye. Mu ntango, twarakekeranijeko atoba ari ukuri, ariko Yesu yaratiyeretse kandi twaramubonye imisi myinshi kumara imisi 40. Yaraduhaye ibimenyamenya vyinshi vy'ukuzuka kwiwe, kandi yatwumvishije twese. Yabandanije kuvugana natweibijanye n'ubwami bw'Imana. Igihe yariko asangira natwe, yarabwiyeye, "Ntimuve I Yerusalemu. Mugume ngaho murindire ingabire iyo Data yasezeranye kubaha, iyo mwanyumvanye ndababwira." Ivyo vyatumye dukurikira cane.

Uvuze uti!iyihe ngabire? Yesu abandanya kutubwira ibijanye n'umubatizo wa Mpwemu Yera, ariko ntitwigeze tubitahura ko yari ingabire. Twabandanije twiyumvira ko Yesu azoba afise intebe hanyuma agahabwa ingaji yo kuba umwami wa Isirayeli.

Igihe twabona Yesu mu mwanya wa nyuma, twaramubajije, "Umwami, mbega ubu niho ugiye kugarukana ubwami bwa Isirayeli?"

Ntivyari binezereye kubandanya habazwa ikibazo kimwe no kuronka imisi yose inyishu imwe.

Yesu yatubwiye ko tudashobora kumenya igihe ivyo bizoberaho. Ico gisigura: "oya", canke, "ntiharagera". Twari k'umusozi, tuvugana na Yesu no kugerageza kwiga birambuye kubijanye n'ingabire y'Imana no mu bwami bwiwe.

Mu nyuma, Yesu yavuze ikintu tutazokwigera twibagira: "Muzoronka ubushobozi igihe Mpwemu Yera azobazako, kandi muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe, I Yudaya, I Samariya no kumpera y'isi."

Twariko tugerageza gutahura ivyo yatubwiye igihe ubwo nyene, Yesu yatangura kuduga ava hasi. Twese twaragerageje gukurikiza amaso yacu kure cane hashoboka, ariko mu nyuma igicu gica kiramufuka hanyuma ntitwasubira kumubona kandi. Mu nyuma, duca tubona abagabo babiri bambaye impuzu zera.

Baratubaza. "Kubera iki muhanze amaso mw'ijuru?" hanyuma, imbere y'uko twishura, baca barongerako, "Uwu Yesu nyene, uyu abakuwemwo akajanywe mw'ijuru, azogaruka nkuko mumubonye agenda mw'ijuru."

Kubw'ivyo dukora ivyo Yesu yatubwiye. Duca dusubira I Yerusalemu kurindira. Ntitwari tuziko imisi 10 inyuma yiwe tuzoronka ingabire nziza mu buzima bwacu bwose!

IBIKORWA

Yesu yaraduze mw'ijuru

Hereza abana impapuro z'ibikorwa hamwe n'urupapuro ruriko ishusho ya Yesu ikaswe mu bice (urup.140). bafashe mu gukuta bakurikije imirongo yirabura iri ku mpapuro z'ibikorwa, hanyuma uzinga urwo rupapuro kubiri. Bereke ingene ushiramwo iyo foto muri urwo rupapuro rwuguruye. Uvane iyo shusho kuva hasi gushika hejuru bisigura kuduga kwa Yesu.

Mu nyuma, ja k'urupapuro rukurikira kugira ubandanye igikorwa. Wibutse abanyeshure bawe ko Yesu azogaruka kw'isi kandi ko azobikora nkuko yagiye mw'ijuru. Ivyo tuvuye "igaruka rya kabiri rya Kristo."

Witegure!

Bwira abana: imbere y'uko Yesu aduga mw'ijuru, yabwiye abigishwa biwe gukora ikintu. Mbega bari bagiye gukora iki? (kurindira Mpwemu Yera no kuba ivyabona vyiwe.)

Mbega twokora iki igihe twoba tukirindirye igaruka rya kabiri rya Kristo? (kuba ivyabona vyiwe.) vuga kubijanye n'insiguro yo kuba icabona ca Kristo. Inzira imwe yo gukora ibi n'ukuvuga ibijanye na Yesu canke kubaho mu nzira yuko abantu babona ko Yesu yahinduye ubuzima bwacu.

Witegure kubijanye n'insiguro yo kuba icabona ca Kristo, no gushira mu kibanza kiboneka neza mw'ishengero.

Gufata k'umutwe

Kubera ko iki ari icigwa ca nyuma c'iki kigabane, tegura udushimwe dutoduto kuri abo bese bashoboye gufata k'umutwe umurongo. Ha umwanya uwariwe wese avuye umurongo kandi abwire abandi ivyo bize muri ibi vyigwa.

Kurangiza

Nimba umwanya n'ikibanza bitwemereye, kwerekana ibikorwa vyakozwe n'abanyeshure muri iki kigabane. Muri iyi nzira, uzotahura igikorwa c'abana, kandi abavyeyi bazashobora gutora vyoroshe ivyo abana babo bize. Nimba abavyeyi baje batari basanzwe ari abanywanyi b'ishengero, baje nk'abashitsi, hanyuma muvugane ibijanye n'integuro y'agakiza nimba ibihe bibemerera.



**Yesu
yaraduze
mw'ijuru!**



Yesu azogaruka!



IKURA RY'ISHENGERO

Imirongo ya Bibiliya: Ivyakozwe n'intumwa 2:1-41; 6:1-7; 6:8—8:3; 9:36-42.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'iki kigabane: Mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza (Mariko 16:15).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Kumenya ko ishengero rikura biciye mu banywanyi baryo bizera ubutumwa bw'agakiza no kubusangiza abandi.
- Gutahura ko ishengero rikora kugira ngo ryironderere ivyo rikenera no gufasha abakenye.
- Kuba no gukorera mu bikorwa bitandukanye vy'ishengero.

IVYIGWA VY'IKI KIGABANE

Icigwa 19: **Ishengero ryatanguye gukura**

Icigwa 20: **Ishengero rikeneye abarifasha**

Icigwa 21: **Ishengero ryarahamwe**

Icigwa 22: **Ishengero rigaragaza urukundo rw'Imana**

KUBERA IKI ABANYESHURE BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

Abana baba batanguye gutahura ko isi y'abakristo ari nini cane gusumba ishengero yabo y'intango. Iki kigabane cerekana ishengero ry'intango, iterambere, no gukura.

Barakeneye kumenya ico bisigura kuba mw'ishengero. Bafashe gutahura ko kuba umwe mw'ishengero birarengeye kuza mw'ishure ryo k'umusi w'Imana canke mu bikorwa vy'indwi. Biciye muri iki kigabane, abana bazotahura neza icarico ishengero, igikorwa cayo, ugusangira kw'abakristo, n'imigisha ikurikira uwo muryango munini w'abakristo, n'inzira yokuyihimbarirwa gusumba.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Mpwemu Yera ariwe afasha ishengero gukura.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Arababwira ati, "Arababarira, ati mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza" (Mariko 16:15)

Witegure ubwawe kwigisha

Abana baratahura iki kintu co gukura kubera ko baba bariko barakura ningoga. Ni muri rusangi ko babona impinduka ku mibiri yabo, kandi n'impuzu bambara zitangura kubabana ntoya muri ico gihe. Biciye muri iki cigwa, bazoshobora gutahura neza igikorwa ca Mpwemu Yera, hamwe no gushaka kuba bamwe mu gikorwa c'Imana kw'isi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ni gute ishengero rikura?**

Bwira abana: twarabonye ibiterwa, ibikoko n'abantu birakeneye ibintu bimwe bimwe bibafasha gukura. Ni muri iyo nzira nyene, ishengero rya Yesu rirakeneye imfashanyo idasanzwe riyifasha gukura. Umviriza neza iyi nkuru kugira umenye ivyarivyo.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 2:1-41

Ishengero ryatanguye gukura

Biciye mu gisagara c'I Yerusalemu, amajwi hamwe n'agatwengo k'abagenzi ba kera bifatanye vyose vyariko birumvikana. Abantu benshi bari bamaze kugenda ibirometero vyinshi bavuye mu bibanza vyabo baja guhimbaza umusi mukuru wa Pantekote. Ku bayuda benshi, uyu wari umusi mukuru uhambaye wahimbazwa buri mwaka. Hari haheze imisi cumi yonyene Yesu aduze mw'ijuru. Mwoba mwibuka ivyo yabwiye abigishwa biwe gukora? (Rindirira I Yerusalemu gushika aho Imana izobarungikira isezerano rya Mpwemu Yera mu kubakomeza.)

Ubu, k'umusi wa Pantekote, 120 bakurikira Yesu bari bakoraniye ngaho. Muri uwo mugwi harimwo Petero n'abandi bigishwa, hamwe n'abandi benshi bakunda Yesu. Ubwo nyene, baca bumva ikintu. "Umviriza! Umwe mubizera aratangara. "Umviriza uwo muyaga!"

Ubwo nyene, umuyaga utangura gukomera cane, kandi ikintu kidasanzwe gica kiraba. Imbeya z'umuriro zisa n'ibirimi zimanuka ziva mw'ijuru, hanyuma bikwira mu cumba barimwo.

Abizera babona ko ibirimivy'umuriro bibagumako, ariko bitabababaza. Mu nyuma, abari ngaho bose buzuzwa Mpwemu Yera. Imitima yabo yuzura urukundo n'umunezero.

Biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera, batangura kuvuga mu zindi ndimi, nkuko Mpwemu abashoboje kuzivuga. Buzuye ibigumbagumba, batangura gutembera muri iyo nzu bahimbaza Imana. Ntibari bagifise ubwoba bwo kuvuga ivya Yesu. Mpwemu Yera yabahaye ubushobozi n'intege zo kuvuga.

Abantu bari baje guhimbaza Pantekote bumva urwamo rwinshi n'ukuyogora, baca baregera kugira barabe. Bamaze kubibona baratangara kubera ko n'ubwo bava mu bihugu bitandukanye, bose bashobora kwumva ivyo abigishwa bariko baravugaga."

"Habaye iki?" Baravugana hagati yabo. "Abo bagabo sabo I Galilaya, ariko bariko bavugaga mu ndimi ziwacu. None ivyo bisigura iki?" Munyuma Petero arahaguruka imbere yabo bese, hanyuma atangura kuvugaga ubutumwa: "Bayuda n'abandi bese baba I Yerusalemu, reka ndababwire ivyabaye. Umviriza neza ivyo ndiko ndababwira. Imyaka myinshi iheze Imana yarasezeranye kurungika Mpwemu Yera. Umuvugishwa n'Imana Yoweli yaratubwiye ibijanye n'iryo sezerano. Kandi uno musu Imana yashikije isezerano ryayo, none Mpwemu Yera yaje."

Mu nyuma, Petero arababwira ibijanye na Yesu: "Imana yarungitse Yesu umunyanazareti kuri twebwewe. Yari umuntu adasanze. Yakoze ibitangaza vyinshi vyerekana ko ari Imana yamurungitse. Umwe wese arabizi kuko vyabereye hano iwacu, hagati yacu. Nubwo biri ukwo, yaremeye ko agwa mu bantu babi baramwica k'umusaraba. Abo bantu babi bari bizeye ko bishe Yesu, ariko yari umugambi w'Imana kumara imyaka myinshi. Yarazi ko ivyo vyose vyari kumubako.

Nubwo biri ukwo, Imana yarazuye Yesu, kandi turi ivyabona vyico gikorwa gitangaje. Mbega murantahura? Yesu w'I Nazareti, uwo bateye imisumari k'umusaraba, niwe Mwami n'Umukiza wacu." Igihe abantu ivyo, Mpwemu Yera abafasha gutahura yuko bagarariye Imana, hanyuma barihana ivyaha vyabo.

"Benedata, mbega twokora iki?" barabaza n'umubabaro no kwitwararika.

"Umwe wese muri mwebwe ategerezwa kwihana no kubatizwa mw'izina rya Yesu Kristo kugira ngo ivyaha vyanyu biharirwe, kandi muzorokora ingabire ya Mpwemu Yera," Petero arababwira.

Kuri uwo musu, abantu 3,000 bizeraga Yesu Kristo. Biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera, basaba Imana ngo ibaharire kubwo kutumvira. Kandi Mpwemu Yera aza mu buzima bwabo. Hanyuma, ishengero ritangura gukura, nkuko Imana yabiteguye.

IBIKORWA

Isubiramwo ya Bibiliya

- Mbega abo bigishwa 120 ba Yesu bariko bakora iki k'umusi wa Pantekote? (Bari barindiriye isezerano rya Mpwemu Yera.)
- Mbega biyumvise gute bamaze guhabwa Mpwemu Yera? (baranzezerewe, buzuye ubushobozi no gutera intege zo kuvugaga ibijanye n'inkuru nziza ya Yesu).
- Bakoze iki bamaze kuronka Mpwemu Yera? (Bavuze muzindi ndimi.)
- Ninde yabwiye ubutumwa ishengero ryari I Yerusalemu? (Petero)
- Mbega abantu bakoze iki igihe bumva ubutumwa bwa Petero? (Baciye bihana ivyaha vyabo hanyuma barabatizwa.)
- N'abantu bangahe bizeye Yesu kuri uwo musu? (3000)

Mpwemu Yera yafashije ugukura kw'ishengero

Hereza abana impapuro z'ibikorwa, hanyuma uhe umwanya abanyeshuri bacape inzira zimwe zimwe Mpwemu Yera acamwo mu gufasha ishengero gukura. Nimba bafise ingorane zo kubikora, bahe bimwe muvyiyumviro canke muvugane kuri ico cigwa.

Gufata k'umutwe

Koresha urupapuro rugira kabiri rwo mu mpapuro z'ibikorwa kugira ngo abana basubiremwo umurongo wo gufata k'umutwe. Babwire barabe muri Mariko 16:15 muri Bibiliya zabo, hanyuma buzuze ahagaragara. Bahereze umurongo w'ukwezi kugira bawujane muhira hanyuma bige umurongo muri icyo ndwi.

Kurangiza

Gira imigwi y'abana izogufasha gukubura ishure no gushingura ibikoreshe imbere y'ugusezerana. Muje hamwe mugusenga, mushimire Imana kuba yararungitse Mpwemu Yera k'umusi wa Pantekote. Sengera umwumwe wese, kandi wibuke abagwaye n'abakenye.

**Ishengero rya
Mbere**



**Mpwemu Yera afasha
Ishengero gukura**



**Ishengero
ry'uno
musi**

Capa inzira Mpwemu Yera acamwo mu gufasha gukura kw'ishengero.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya gukora mw'ishengero no gukorera abandi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Arababwira ati, "Arababarira, ati mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza" (Mariko 16:15)

Witegure ubwawe kwigisha

Mbega abana bavyumva gute igihe babwiwe kuvuga ibijanye "gukorera mw'ishengero"? Umwungere? Bashobora kwiyumvira ko batarakura kugira ngo baronke ibikorwa mw'ishengero. Canke bashobora kuba biyumvira ko ari ishengero ribwirizwa kugira ico ribakoreye. Nubwo abakuze bafise ibikorwa bikomeye, abana batagerezwaga gutahura ko ishengero rikura igihe abanyeshengero bakoreye hamwe mu gutorera inyishu z'ibibazo hamwe no gufasha abandi. Muri iki gice, abanyeshure basabwa gufasha muvuyo bashoboye. Muri rusangi, barafashanya kandi bakorana. Fata kano kanya mu kubaha ibikorwa bashobora gukora, no gushima inguvu zabo. Iyi niyo mwaka myiza yo kwigisha abana ko Imana inezerwa igihe dukoze igikorwa cayo, no kubahiriza gukorera mw'ishengero ry'intango.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Igikorwa canje n'ikihe?**

Reka abana bicare k'umuzingi, kandi hamwe nabo ugire urutonde rw'ubuzi bashobora gukorera mw'ishengero. Andika inyishu zabo k'urubaho canke umanike kurubaho. Urangije ivyo, umwe wese ategerezwa guhitamwo igikorwa kandi yiyemeze kugikora muri iyi ndwi iza. (wibuke y'uko igikorwa gitegerezwaga kuba gihuye n'imyaka y'abana bawe, nk'akarorero kwegeranya ibikoresho vyo mw'ishure, gutora ibipapuro hasi, guhanagura imeza, gutondeka Bibiliya, gufasha kwegeranya amashikanwa, guha kaze abashitsi, gufasha umwigisha, n'ibindi.)

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 6:1-7

Ishengero rirakeneye abarishigikira

"Petro, Yakobo, Matayo, turakeneye kuvugana namwe. Mwaribagiye kwitaho abapfakazi bacu igihe mutanga imfungurwa za buri musi."

Intumwa zirumviriza buke buke ivyo bariko barababwira. Bari abagiriki bari baje I Yerusalemu bavuye mu kibanza ca kure. Igihe bamara kwumva inkuru nziza ya Yesu, baca bahinduka Abakristo. Ishengero ryakura ningoga cane, ariko ubu abo bagiriki babavukanyije bari bafise ikibazo.

"Umugenzo wanyu wo gutanga imfungurwa kubapfakazi n'impfuvyi ni mwiza cane," abo bizera bagiriki baravugaga, "ariko ntibikorwa k'urugero rwiza. Imfungurwa nyinshi zihabwa abheburayo babapfakazi, ariko Abagiriki babapfakazi n'impfuvyi ntaco baronka."

"Nimba ari uko bigenda, ntabwo ari vyiza," intumwa zirishura. "Reka dukoranye abakristo bose tubabwire ibijanye niyo ngorane."

"Ivyo birumvikana neza kuri twebwewe," abandi barishura. Muri uwo mubonano, intumwa zirashikiriza imyidogo Abagiriki babashikirije. "Hariho ingorane," intumwa ziravugaga. "Ntabwo vyoboneka neza kuri twebwewe hamwe twohagarika kuvuga ubutumwa, kubera ko ico arico gikorwa Yesu yadusigaranye. Ariko abapfakazi n'impfuvyi barakeneye imfungurwa, kubw'ivyo tugire integuro twibazako izokunda. Tugiyeho gusenga hanyuma dutoranye

abantu indwi, buzuye Mpwemu Yera n'ubwenge. Tuzobaha igikorwa co kwitaho abarwaye, gufungurira abashonje, no kwitwararika abapfakazi n'impfuvyi. Natwe intumwa tuzokwitaho gusenga, kwigisha no kuvuga ijamba ry'Imana."

"Ico cyumviro ni ciza cane!" abandi barabigaragaza. "Mbega tuzotora bande?"

"Mbega mubona gute Sitefano?" umwe arababaza. "N'umuntu yuzuye ukwizera na Mpwemu Yera."

"Twoshiramwo na Filipo," abandi barashikiriza. "Nawe n'umukristo yuzuye Mpwemu Yera." Muri icyo nzira, baca batoranya Sitefano, Filipo, n'abandi bakristo batanu buzuye Mpwemu. Hanyuma, baca bashikirizwa intumwa kugira zibemeze.

Intumwa zirabasengera, zishira ibiganza vyazo kuri babadiyakoni indwi, hanyuma barababwira, "Mufate mu minwe igikorwa c'Umwami."

Turabashimiye kuri ubwo bufasha, abapfakazi bose n'impfuvyi baciye batangura kuronsa imfungurwa bakenera. Intumwa zica zironka umwanya wo kwiga ijamba ry'Imana, kuvuga ubutumwa, kwigisha no gusenga. Kandi abantu benshi cane barumva inkuru nziza ya Yesu hanyuma bahinduka Abakristo. Ishengero rirakura gusumba kubera ko bose bakorera hamwe mu gushitsa igikorwa c'Imana.

IBIKORWA

Ico gikorwa nikihe?

Hereza abana impapuro z'ibikorwa z'iki cigwa. Tegaka abana gucapa umurongo kw'ishusho iyariyoyose (umwe mu ntumwa hamwe n'umwe muri babadiyakoni indwi) hamwe n'ibyo bafise.

Babwire bashire mu muzingira ibikorwa bitatu babonako bisumvye ibindi akamaro.

Igihe bazoba barangije, sigura ko ibintu vyose bikorerwa mw'ishengero bifise ikimazi, nubwo vyoba biboneka ari bito. Ubibutse ko ari inyigisho z'inkuru y'uno musu: igikorwa cose gikorewe Umwami gifise akamaro.

Ndashobora kubikora!

Babwire baje k'urupapuro rukurikira, hanyuma ubabwire: hariho ibikorwa vyinshi abana bashobora gukora mu gufasha igikorwa mw'ishengero. Woshobora kumpa uburorero butandukanye? (Bemerere kwishura, impanuro zimwe zimwe: bafashe bagumize ishengero rikubuye, tumira abagenzi bawe, kuba mu bikorwa no mw'ishure, kuririmba muri korare, gusenga, gufasha abakeneye ubufasha.)

Babwire barabe amashusho ari k'urupapuro rugira kabiri. Mu nyuma, siga ibikorwa bigaragara ko bishobora gukorerwa mw'ishengero. Mu nyuma, babwire bacape mu bibanza bigaragara ingene bashobora gukoresha ingabire zabo n'ubumenyi bwo gufasha ishengero.

Bakiriko barakora, babaze: mbega mwiyumvira ko hoba iki igihe umwe wese mw'ishengero bokorera hamwe mu gutorera inyishu ibibazo no gufasha abandi? Bareke bishure, kandi basome ivyakozwe n'intumwa 6:7 nko guheraheza.

Abashitsi badasanze

Mu ntango, tumirira umwe canke babiri mu banywanyi b'ishengero bama bari mugikorwa. Basabe bavugane n'abanyeshure bawe ibijanye n'igikorwa bakora mw'ishengero, n'igituma igikorwa cabo ari nyamukuru. Ubibutse guca muri make kubera ko ugutega amatwi ku bana ari guto cane...

Gufata k'umutwe

Andika umurongo wo gufata k'umutwe ku kibaho no kuwusoma rimwe hamwe n'abanyeshure bawe. Mu nyuma, futa ijamba rya mbere n'irya nyuma, hanyuma usabe uwushaka awuvuge. Bandanya gufata amajamba gushika aho kikibaho hasigara atakiriho hanyuma abanyeshure bawe bawuvuge k'umutwe.

Kurangiza

Gira umuzingira musenge, ushimire Imana ku bantu bakora mw'ishengero. Bwira umunyeshure uwariye wese asengere umurongozi w'ishengero mu ndwi hagati. Nimba bishoboka, bahe urupapuro ruriko amazina bazosengera. Ririmba indirimbo y'ishimwe imbere yo gusezerana, kandi ntiwibagire kubatumira bazoje mw'ishure mu ndwi ikurikira.

Ndashobora kubikora ibi



Siga ayo mashusho y'ibikorwa wumva wokora ngo ufashe ishengero. Capa mu kibanza kigaragara ikindi kintu wokora ngo ufashe.

Imirongo ya Bibiliya: Ivyakozwe n'intumwa 6:8—8:3.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bababwirizwa kwizera Imana igihe bariko baca mu mibabaro kubera kugwanira ukwizera kwabo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Arababwira ati, “Arababarira, ati mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza” (Mariko 16:15)

Witegure ubwawe kwigisha

Ukwo abana baja barateza imbere ubugenzi kw'ishure no mu kibano cabo, baca bitwararika gusumba ivyo abandi babiyumvirako. Ibi bituma bitaho cane gukwegwa nivy'urunganwe rwabo, kubw'ivyo ugasanga bashobora kwumva bakomeretse igihe banswe canke bafashwe nabi n'abandi. Muri rusangi, basanga bigoye kwihanganira agasuzuguro no gutabwa kubera gukora neza. Nimba bataronse impanuro zikwiriye, bashobora gutakaza ivyo babwiwe hanyuma bagatora ingeso z'abandi, kubera imvo imwe ko bemewe. Bemeze ko Imana yama iri kumwe nabo kandi ibatahura igihe bariko baca mwihamwa. Tera integer abanyeshure bawe kuba abizigirwa mu gushingira intahe Kristo aho bari hose.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Guhamwa n'iki?**

Kw'karata canke k'urubaho, andika ijamba GUHAMWA mu ndome nkuru.

Baza abana: mbega mwoba mwarumvise ijamb “guhamwa”? mwoba mwibaza ko risigura iki? Bahe umwanya bishure. Mu nyuma, ongereza ku nyishu zabo mu kubasigurira ko: Guhamwa bisigura gufata nabi umuntu canke gushira umuntu mu mubabaro mwinshi ushoboka. Abantu bamwe baragirira nabi abandi kubera ivyo bizera canke ivyo bakora.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 6:1-7

Sitefano yizeye Imana

Umusi umwe Sitefano yariko abwira ubumwa abantu benshi. Ubwo nyene, aca yumva amajwi y'abantu bashavuye bariko baregera. “Hagarika kuvuga ukwo! Uririko ugarariza Imana!” umuntu umwe arasemerera. “Si vyiza kuvuga nabi ibijanye n'ingoro,” uwundi aravuga. “Ingoro n'ikibanza cejejwe.” “Uriko uhamagarira abantu kugarariza amateguko y'idini ryacu,” abandi baravuga. “Kubera iki udaceceka?”

Sitefano abona ko bose bashavuye cane. Ariko kubera iki abo bantu bamwanka ukwo kwose? Nta kintu na kimwe yari yakoze muvuye bariko baramwagiriza vyose. Bose bariko barabesha. Ikintu kimwe Sitefano yari yakoze nuko yari yigishije abantu ivya Yesu.

Ariko ivyo vyose ntaco vyari bitwaye kuri abo bantu bari bamukikuje. Ntibipfuza gukunda Yesu. Bashaka gusa gutera amabuye Sitefano.

Kuri uwo musu, baca baramufata hanyuma bamujana I saniheredi, ahari umugwi w'abarongozi b'idini ry'abayuda. Aho niho babagabo bavuze vyinshi vy'ibinyoma kuri Sitefano.

"Ikintu kimwe gusa yari yakoze nuko yavuze nabi ibijanye n'ingoro be n'amategeko. Twamwumvise avuga ko Yesu w'I Nazareti azosambura iki kibanza hanyuma agahindura amabwirizwa Mose yatubwiye."

abarongozi b'I saniheredi bumviriza amajambo yose y'ububeshi yabo bagabo.

Mu nyuma, bahanga amaso Sitefano. Ntiyigeze abarabana ishavu. Igihushane, ishusho yiwe yerekana urukundo, nk'ishusho y'umumalayika.

Hanyuma umuherezi mukuru aramubaza, "Mbega ivyo bakuvuzeko vyose n'ukuri?"

Hakwishura ego canke oya, Sitefano atangura kubibutsa ivyo Imana yakoze vyose kubw'urukundo ikunda abantu bayo.

"Imana yahamagaye Aburahamu ngo imujane mu gihugu kindi kandi imuha umuryango munini," Sitefano aravugaga. "Mu nyuma, Imana yakijije abantu bayo mu buja bwo muri Egiputa. Ibaha amategeko meza abafasha kubaho neza, hanyuma irungika abavugishwa kubigisha inzira y'Imana. Mu nyuma, ica irungika umwana wayo Yesu ngo atubere umukiza. Ariko mwaramwishe, nkuko mwishe abavugishwa. Imana yerekanye urukundo rwayo kandi, ariko ntimwashatse kuvyumva canke kwumvira."

Abarongozi b'idini bamaze kwumva ivyo, baca bahagurukira Sitefano mu buryo bukomeye. "Urarogose," barasemerera.

"Raba," aravugaga, arangamiza mw'ijuru, "Ndabona ijuru ryugurutse kandi ndabona Yesu yicaye mu kuboko kw'iburyo kw'Imana." "Birahagije!" abarongozi barasemerera, bazibye amatwi kandi basemerera.

Mu nyuma baca bafata Sitefano hanyuma bamujana inyuma y'igisagara. Baramutera hasi mu mukungugu hanyuma batangura kumutera amabuye manini manini.

Amabuye amwe k'umutwe wa Sitefano, ayandi ku maboko, ayandi ku maguru hamwe n'umubiri wiwe wose. Vuba cane, amaraso atangura guseseka aya mu maso yiwe n'umubiri wiwe.

Sitefano yitegereza abo bagabo bariko bamutera amabuye, hanyuma arasenga, "Mwami Yesu, akira impwemu yanje, kandi ntubahareke iki caha." Inyuma y'ivyo, aca aracikana.

Urufu rwa Sitefano ntirwatumye abo bagabo bihana ivyo bakoze. Igihushane, bipfuye kumara Abakristo bose, kubw'ivyo batanguye kubahama no kubashira mu mabohero.

Mu gucika iryo hamwa, abakristo benshi baciye bava I Yerusalemu bahungira mu bindi bisagara n'ibihugu. Bategerezwa kuva mu ngo zabo, mu buzi bwabo, hamwe no muvuyo batunze, ariko ntibigeze bahagarika ukwizera bafitiye Yesu.

Aho baja hose baguma bavugaga inkuru nziza ya Yesu. Bamaze kwumva ubutumwa, abantu bo muri ivyo bibanza nabo bizera Yesu. Abagabo baromoye bashobora guhama abakristo, hamwe no kubica, ariko ntibashobora guhagarika ugukura kw'ishengero.

IBIKORWA

Uguhamwa kwa Sitefano

Tanga impapuro z'ibikorwa ku bana hamwe naho gucapa mu cigwa ca 21 mu gukata uduce.

Gufata k'umutwe


Andika amajambo yo muri Mariko 16:15 ku kibaho. Mu nyuma, gabura ishure mu migwi ine hanyuma umurongo mu mungane ane: (1) Genda mw'isi yose (2) hanyuma mwigishe ubutumwa bwiza (3) ku baremwe bose (4) Mariko 16:15.

Uhe umugwi uwariwo wose iryungane baja kuvuga niyo bamara gushikirwa. Mu nyuma, uhindure amungane mu migwi kugira ngo umuntu wese agende amenye igisomwa cose.

Kurangiza

Tera intege abana ngo bizigire Imana mu bihe bigoye. Sengera uwariwe wese.

Ihamwa rya Sitefano



**“Ariko ntibashobora gutsinda
ubwenge na Mpwemu bimuvugisha.”
(Ivyakozwe n’intumwa 6:10)**

Kata umurongo ukitse wirabura uvuye mw’iyugururiro rya Bibiliya gushika hejuru. Kata ahari amashusho kuva kubice wakase hanyuma ushireyo aho huguruye bibiliya. Bandanya muri ico kibanza mu gusubiramwo inkuru ya Bibiliya kuvyabaye kuri Sitefano igihe yariko arigisha ivyo ubwami bw’Imana.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bababwirizwa kumenya ko ishengero rikura igihe abizera berekanye urukundo rw'Imana ku bandi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Arababwira ati, "Arababarira, ati mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza" (Mariko 16:15)

Witegure ubwawe kwigisha

Abanyeshure bawe bazotahura ko bashobora kwerekana urukundo rw'Imana mu kwitaho ivyo abandi bakenera. Guteragira mu banyeshure bawe icipfuzo co gufasha. Vuba bazobona ko, nubwo bakiri bato cane, bashobora gukoresha ingabire zabo nivy bashoboye mw'izina ry'Umwami.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Ni gute nofasha?

Tegura urupapuro rwera n'amakereyo yibara. Bwira abana bacape amashusho y'inzira zitandukanye zerakana ingene boshobora kwerekana urukundo rw'Imana mu gufasha abandi.

Hanyuma, shira ivyo bacafye vyose kuri rwa rubaho ugire uruhome. Hereza umwanya abanyeshure bawe wo gushariza no gushira utuntu kw'isomero.

Vuga kubijanye n'akamaro ko kwigana Kristo mu gufasha abandi.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 9:39-42

Ishengero ryerekana urukundo rw'Imana

"Ndarangije iyi mpuzu yawe," Tabita aravuga. "Ndibazako uyikunze."

"Yoo, Tabita! Ni nziza cane. Urakoze cane," umugore akiri muto aravuga.

Abantu nka bese b'I Yopa bari bazi Tabita, na cane cane abakene. Yaritwararika cane abakenye, kandi yavyerekana mu kubakorera impuzu nziza. Yarazi ingene bashona neza cane, kubw'ivyo yarakoresha ingabire yiwe mu gufasha abantu.

"Nagukoreye iyi," Tabita aravuga ariko aratanga umwambaro mwiza yakoreye umugore akuze. "wakoze cane, Tabita!" umusi umwe aragwara cane, hanyuma vuba cane arapfa. Abagenzi biwe bamushira mu cumba. "kubera iki umuntu nk'uyu mwiza apfa? Tuzomukenera cane gose, turamukunda cane!" abagenzi biwe bavugaga babaye. "Yadukoreye ivyiza vyinshi. Mbega tuzokora iki tutamufise?" bariko barabazanya umwumwe.

"Petero ari I Rudiya," umwe mubagenzi ba Tabita aravuga. "Birashobokako yomenya ico yokora." Mwebwe babiri, genda mumuzane!"

Abagabo babiri baca baja I Yopa I Rudiya. Igihe Petero yabwirwa ivyabaye, yaciye ajana nabo ubwonyene I Yopa. Amaze gushika muri iyo nzu, yaratangaye cane. Abantu benshi bariko bararira!

“Petero! Turanezerejwe nukwo uje. Uyu Tabita. Yari umuntu mwiza cane kuri twebwe. Raba impuzu nziza yadushoneye. Tuzomukumbura cane gose.” “Ni mugende mwese,” Petero arababwira. “Ndabinginze murindirire hanze.” Abantu baca baragenda ningoga mu kindi cumba.

Mu nyuma Petero aca arapfukama hanyuma arasenga. Hanyuma, aca araba mu maso y’uwo mugore yapfuye hanyuma aravuga ati, “Tabita, vyuka!”

Mu bushobozi bw’Imana, Tabita aca yugurura amaso yiwe. Amaze kubona Petero, aca yicara ku gitanda.

“Ubu murashobora kwinjira,” Petero abwira abagenzi biwe.

“Raba, mwese! Ehe Tabita ni muzima! Ubushobozi bw’Imana bwamusubije muzima,” Petero abisigurira abantu. Abantu bari banezerewe cane. Barahimbaje kandi bashimira Imana. Kandi igihe abandi bantu b’I Yopa bamaze kwumva ibijanye nico gitangaza ciza c’Imana, benshi cane bizera Umwami Yesu Kristo.

IBIKORWA

Umugambi w’urukundo

Tegura hamwe n’abanyeshure bawe umugambi wo gufasha ikibano, canke igikorwa c’impuhwe, mu gushira mu ngiro ivyo bize uno musu. Turabahanura kwegeranya imfungurwa zo gutanga mu miryango y’abakenye. Canke, nimba muzi ikibanza ahantu habaye Ibiza, barashobora kwegeranya amashikanwa hanyuma bakayarungikira abamisiyonari canke abungere bakorera muri ico kibanza.

Reka twerekane urukundo rw’Imana

Dusabe ababishaka bafashe mu gutanga ku bana impapuro z’ibikorwa. Hereza umwanya abana bakate udukarata bahereye hasi y’urupapuro hanyuma barushire mutuzitizo, bivanye n’urutonde rw’inkuru ya Bibiliya.

Bakiriko barakora ico gikorwa, muri make basubiremwo ivyo bize muri ico cigwa.

Ndashobora kandi kwerekana urukundo rw’Imana

Tera integer abana bashire mu bikorwa ingingo za Bibiliya bize. Ukoresheje impapuro z’ibikorwa, babwire bacape canke bandike k’umusi k’umusi ingene berekana urukundo rw’Imana ku bandi.

Bibutse ko inzira zimwe zo kwerekana urukundo rw’Imana ari: gufasha abageze muzabukuru, gusangira n’abadafise ico gufungura, gufasha abavyeyi babo, n’ibindi.

Babwireko mu ndwi ikurikira bazozana impapuro z’ibikorwa zujuje mw’ishure mu gutanga icegeranyo c’umugwi kuvyo bakoze mu kwerekana urukundo rw’Imana ku bandi muri iyi ndwi.

Gufata k’umutwe


Bwira abashaka baze imbere hanyuma basubiremwo umurongo wo gufata k’umutwe w’iki kigabane. Tegura utuganuke dutoduto twogushima inguvu abanyeshure bawe bashizemwo.

Nimba uvyipfuza, tumira abavyeyi b’abana, no gutegura kwerekana ivyo bize muri ibi vyigwa bine.

Kurangiza

Muri make gira isubiramwo ry’inkuru bize muri kino kigabane. Mu nyuma, gira umuzingi hanyuma musenge kugira umwami abafashe gukunda icaremwe muntu cose. Urabe neza ko bose batwaye muhira utugenegene bakoze.

Reka Twerekane Urukundo rw'Imana



kata ikarata iyariyo yose iri aha. Zishire k'urutonde ukurikije inkuru ya Bibiliya, hanyuma mu bimanike hejuru. Ubu murashobora kubwira abandi ingene Tabita yerekanye Urukundo rw'Imana.



Intangamarara – Ikigabane VI

ITEGEKO RIKURU

Imirongo ya Bibiliya: Ivyakozwe n'intumwa 1:1-14; 10; 3:1-12; Ab'I Filipi 2:25-30; 4:14-20.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'ikigabane: Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera (Matayo 28:19).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Gutahura akamaro ko kuba ivyabona vya Kristo.
- Kumenya ko mugushigikira abamisiyonari no gukorera Yesu, mukwitaba ibwirizwa rikuru.
- Gushigikira abamisiyonari mu masengesho yabo no mu mashikanwa.

IVYIGWA VY'IKIGABANE

Icigwa 23: **Ibwirizwa rikuru**

Icigwa 24: **Petero abwira Koronaliyo ivya Yesu**

Icigwa 25: **Ishengero rirungika Pawulo na Barunaba**

Icigwa 26: **Ishikanwa ry'igikorwa**

KUBERA IKI ABANYESHURE BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

Abana bo muri iyi myaka baba batanguye kwerekana ibimenyetso bihimbye vyo gutahura isi. Baba bafise amatsiko no gushaka kumenya vyinshi buri musi.

Iki kigabane kizodufasha kumenya ko Imana idashaka gusa kubakiza ariko kandi no kwitwararika abantu bo mw'isi yose. Imana yipfuzako ijamba ryayo ryomenywa mu bice vyose no mu bice bitakira neza.

Bafashe gutahura ko umukristo wese ari “icabona,” kandi ko bafise uruhara rwo kubwira abandi inkuru nziza y'urukundo rw'Imana. Iki nico twita “ibwirizwa rikuru.”

Koresha akaryo ufise kubakerebutse hamwe n'inkomezi z'abanyeshure bawe, raba inzira wocamwo mu gushikiriza ijamba ry'Imana mu kibano canyu.

Muri ibi vyigwa, bazokwiga kandi ibijanye n'intumwa. Bazokwiga ku gikorwa bakoze mu gushikira ugukura kw'ishengero rya mbere no gukwiragiza ubutumwa bw'agakiza biciye muri Yesu.

Koresha iki cigwa nk'akaryo ko kubashiramwo igikorwa ca kimisiyonari, no kubigisha gusengera abo bose bakora igikorwa co kwigisha ubutumwa bwiza mw'isi yose.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Mpwemu Yera adufasha kuvugana n'abandi ibijanye n'urukundo rw'Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera (Matayo 28:19).

Witegure ubwawe kwigisha

Ni nkuko abana bafise abagenzi canke bahura n'abantu bemera ayandi madini canke ivyizerwa. Bashobora kuvuga ko baja mu yandi mashengero canke imisi mikuru yabo itandukanye bivanye n'ibyakristo bamwe bahimbaza.

Biciye muri kino cigwa, bazotahura ko ari ngira kamaro cane kuvugana n'abandi ibijanye n'urukundo rwa Kristo.

Bafashe guteza imbere icyumviro co gutumira abagenzi babo mu nyigisho zo k'umusi w'Imana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Abamisiyonari**

Baza abana ko boba bazi ico bisigura kuba umumisiyonari. Babwire ko umumisiyonari ari umuntu yatanze ubuzima bwiwe mu kuvuga ubutumwa bw'ijambo ry'Imana mu bibanza vya kure. Vuga kubijanye n'abamisiyonari bagiye gukorera kure cane y'imiryango yabo, kandi kenshi cane, mu bihugu ahari abantu bavugaga ururimi rutandukanye n'urwabo. Rimwe na rimwe basanga bigoye cane kugura imfungurwa no kuronka ibintu bihuye n'ibyo bari bafise mu bihugu iwabo.

INKURU YA BIBILIYA**Ivyakozwe n'intumwa 1:1-14****Ibwirizwa rikuru**

“Ni muzima, Ni muzima!” abigishwa barasubiramwo, bariko baratanga inkuru nziza. Vyari bihimbye cane. Bamwe bari bagikekeranya ko vyoba ari ukuri, ariko Yesu yarihangana. Yabaretse inkovu mu biganza vyiwe aho bamucumise imisumari, hamwe n'inkovu murubavu rwiwe. Amaze kuvugana nabo, arafungura hanyuma agendana nabo. Kandi arababwira, “Ntimuve I Yerusalemu; murindire isezerano rya Data.”

“Isezerano? Irihe sezerano?” abigishwa barabaza. Ntibashoboye gutahura ivyo Yesu yariko aravugaga. Biyumvirako agiye kuzana ubwami bwiwe hano kw'isi, co kimwe n'abandi bami.

Mu kwongerako, bari bipfuzaga kuba abantu bahambaye muri ubwo bwami.

Yesu agerageza kubasigurira incuro yindi kandi: “Ntabwo muzi umusi canke isaha aho ivyo bizobera, ariko muzoronka ubushobozi igihe Mpwemu Yera azobazako kandi muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe I Yerusalemu, I Yudaya, I Samariya no ku mpera y'isi.”

Mu nyuma, Yesu aduganwaga mw'ijuru, kandi bagumye bahanze amaso ukwo ariko aragenda gushika aho igicu camufuka.

Baca baguma ngaho, bahanze amaso igicu. Ntibashobora kwizera ivyo amaso yabo yariko arabona! “Mbega ibi bisigura iki? Yoba agiye hehe? Ni gute twoba ivyabona vyawe?” barabazanya hagati yabo. Bakiriko bararangamiza mu kirere, abagabo babiri barabiyereka bambaye impuzu zera bahagarara impande zabo, barababaza, “Bagabo b’I Galilaya kuki muhagaze murangamiza mu kirere? Uwu nyene Yesu abakuwemwo akaduganwa mw’ijuru, azogaruka uku nyene mumubonye agenda.”

Hanyuma abigishwa baca basubira I Yerusalemu. Hahaze umusi muremure w’urugendo, barashika mu cumba co hejuru muri icyo nzu hanyuma baguma aho.

Hanyuma barasenga, basaba Imana ngo ibafashe gutahura insiguro y’ivyo Yesu yababwiye imbere y’uko abakurwamwo.

IBIKORWA

Fasha umumisiyonari!

Vugana n’umumisiyonari akorera mu karere k’iwanyu mu mutumire mw’ishure ryanyu. Nimba adashobora kuza, mubwire aguho inkuru zijanye n’akazi kabo n’umuryango, ushiremwo n’amafoto, itarike z’amavuko, hamwe n’ubuhinga ngurukanabumenyi bakoresha.

Gira umwidondoro w’umumisiyonari ku banyeshure bawe, kandi ubasigurire ibijanye n’akazi kabo hamwe n’ivyo bakenera nyamukuru. Muri iki kigabane, egeranya amashikanwa adasanzwe, hanyuma mushushanye canke mwandike amakete murungikira umumisiyonari.

Ivyakozwe n’intumwa 1:8

Hereza abana impapuro z’ibikorwa n’ishusho ya Yesu ihuye n’icigwa ca 23 ikase mu bice. Hanyuma kuri urwo rupapuro rw’ibikorwa, reka bakate umurongo w’irabura hagati kugira twugurure, hanyuma ushiremwo ishusho ya Yesu. Bereke ingene bazinga urupapuro uciye mu murongo w’utuburungu hanyuma usubiremwo inkuru ya Bibiliya.


Hindukiza urupapuro, hanyuma ubaze: mwoba muzi umuntu akenye kwumva ubutumwa bwa Yesu? Koresha ibimenyetso vyo k’urupapuro rw’ibikorwa mu kubafasha kwiyumvira abantu boshobora kubwira ivya Kristo. Hereza abana umwanya ukwiye wo kwandika amazina yose k’umurongo.

Gufata k’umutwe

Turasaba ko mwokwandika igisomwa kumakarata y’ibara, ushireko amajambo kuri buri karata. Sigura y’uko ivyo bagiye kwiga bizwi nki “ibwirizwa rikuru,” kandi ko arico gikorwa gihambaye Yesu yahaye abigishwa biwe imbere y’uko aja mw’ijuru. Hanyuma, uce uha ikarata umwana wese, hanyuma ubabwire babatondeke k’umurongo kugira ngo umurongo ushobore gusomeka.

Kurangiza

Bashimire ko bitavye inyigisho, hanyuma ubibutse ko kuw’Imana ukurikira muzobandanya muvuga kubijanye ni “ibwirizwa rikuru”. Bafashe kwegeranya ibikoreshe mwakoresheje, hanyuma murangize muririmba indirimbo.



**Ivyakozwe
n'intumwa 1:8**
[Yesu aravuga:]
"kandi muzoba abo
kunshingira intahe i
Yerusalemu, n'i
Yudaya hose n'i
Samariya hamwe no
ku mpera y'isi".

**Mpwemu year amfasha
gushinga intahe:**

Mu mu gisagara

Mu gice mbayemwo canke intara

(igihugu canje)

Aka no

(mw'isi yose)

Kata umurongo wirabura hagati murupapuro; kata ishusho ya Yesu uvuye ku bice hanyuma ushire ahuguruye. Zinga urupapuro ucishije ahari utuburungu kugira ngo amashusho y'abana asubire kugaragara. Shira ishusho ya Yesu hejuru uriko uravuga ivyamubayeko igihe yariko abwira abigishwa biwe. Soma ivyakozwe n'intumwa 1:8. Pfuka amashusho y'abigishwa hamwe n'abana bakurikira. Uzuza utuzitizo kugira ngo ushobore kuvyibuka aho ushobora kubwira abandi ivya Yesu.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura ko rw'Imana rwerekanywe biciye muri Yesu Kristo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera (Matayo 28:19).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bashobora gutahura ko Yesu yapfiriye abantu bose bo mw'isi kandi ko igikorwa c'ishengero ari ukubwira abantu bose ivy'urukundo rwa Yesu.

Ushimikire ku nyigisho zo muri ivyakozwe n'intumwa 10:34: "Imana ntirobanura ku butoni." Igihe abana bawe batahuye ko Imana ikunda abantu bose aho bari hose, bizoba vyoroshe kuribo gushikira abandi kubwa Kristo no kubabwira urukundo rwiwe.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Shiraho umurongo wo gufata k'umutwe, kandi usabe abana bawe guwushariza. Mu nyuma, wumanike k'ururhome no gusubiramwo umurongo hamwe incuro kanaka. Bwira abana bamwe basome n'ijwi riranga hanyuma bawuvuge k'umutwe.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 10

Petero abwira ivya Yesu Koronaliyo

Umusi umwe Koronaliyo yari mu nzu yiwe. Ubwo nyene, aca abona umumalayika w'Imana yinjira aho yarari hanyuma aramubwira, "Koronaliyo!" Koronaliyo aratangara cane, hanyuma araba uwo mumalayika, aramubaza, "Ugomba iki ga Mwami?" umumalayika aramwishura, "Imana yumvise gusenga kwawe kandi yamenye ivyo wakoze vyose ufasha abakenye. Rungika abantu bagende I Yopa bazane Petero. Bazomusanga mu nzu iri hafi y'uruzi."

Koronaliyo yari umugabisha w'ingabo, yari umuroma afise abasirikare igihumbi yarasanze arongoye. Hanyuma aca ahamagara babiri mu bakozi biwe hamwe n'umusoda hanyuma abahereza ubutumwa yahawe n'umumalayika. Bari baziko Koronaliyo ari umuntu mwiza. Baca barumvira ubwonyene baca baja I Yopa kuraba Petero. Umusi ukurikira I Yopa, Petero yagiye mu cumba c'inzu yiwe arasenga. Akiriyi aria bona inzosi. Aca abona igitambara kinini cururuka kiva mw'ijuru, gifashwe n'inkingi zine. Muri co harimwo ubwoko bwose bw'ibikoko, harimwo n'ibikwega inda hasi n'inyoni.

Hanyuma, ijwi rivugana nawe riti, "Vyuka, Petero, vyice hanyuma ubifungure."

Igihe Petero yarakiriko araraba ibiri muri ico gitambara, aca abona ko muri ivyo bikoko vyose vyarimwo vyari ibibujijwe kuribwa n'abayuda.

“Oya, nyakwubahwa, sinigeze gufungura ikintu icarico cose gihumanye canke kibujijwe.” Petero arishura ashimitse. “Ntiwite ibihumanye ivyo Imana yahumanuye,” ijwi rivugana nawe. Ivyo biba incuro zitatu.

Mu nyuma cagitambara gica kiraduga kandi mw’ijuru.

Petero yarakiri mu cumba igihe ba bagabo batumwa na Koronaliyo bashika mu nzu iwe. “Umugabo yitwa Petero yoba aba ngaha? Barabaza.

Igihe Petero yarakiriko ariyumvira ibijanye niryoyerekwaw, Mpwemu avugana nawe, “Petero, abagabo batatu bari barakurondera. Haguruka kandi ntutinye kujana nabo kubera ko ari jewe nabarungitse.”

Petero aca arumvira hanyuma aca arururuka mucumba. Ba bagabo bari bamurindiriye bari abanyamahanga. Abayuda biyumvira ko abanyamahanga ari ubwoko buhumanye kandi ntibipfuza kuba kumwe nabo.

Ntibigera babatumira mu ngo zabo, ariko Petero yibuka amajambo yo munzozo ziwe : “Ntukite igihumanye ico Imana yahumanuye. ”

Mu nyuma Petero abatumurira kubaraza mu nzu yiwe iryo joro. K’umusi ukurikiraahitamwo bamwe mubagenzi biwe kumuherekeza hanyuma baca baja mu nzu kwa Koronaliyo mu gisagara c’I Kayisariya.

Igihe bashika k’umusi ukurikira, Koronaliyo yarabarindiriye hamwe nabo mu muryango wiwe n’abagenzi yari yatumiye.

Petero arababwira, “Muraziko bivanye n’amabwirizwa yacu, twebwe abayuda ntidushobora kugenderera abanyamahanga, ariko Imana yanyeretse ko ntashobora kwita umuntu numwe uwuhumanye. Nico gituma naje igihe mwantumako. Mwoshobora kumbarira igituma mwampamagaye?

Koronaliyo arishura, “Imisi ine irangiye nariko ndasengamu nzu yanje, hari nka sacenda zo kumuhingamo.

Ubwo nyene, nca mbona imbere yanje umugabo yambaye impuzu zikayangana aca arambwira, “Koronaliyo, Imana yumvise amasengesho yawe kandi yabonye ivyo wafashije abakene. Rungika abantu I Yopa bazane Petero. Inzu yiwe iri hafi y’uruzi.” Nca ndarungika abantu kuri wewe, kandi wagize neza kuza.

Ubu turi hano imbere y’Imana kwumviriza ivyo Imana yagutegetse vyose.”

Hanyuma Petero aca atangura kuvugana nabo, “Ubu ndatahuye ko ukuri kw’Imana kutarobanura abantu bamwe, ariko abantu bose bayemera bo mu mahanga yose bayitinye kandi bagakora ibiroranye.” Mu nyuma, aca ababwira ivya Yesu n’urukundo rwiwe ku bantu bose.

Koronaliyo n’abagenzi biwe batangura guhimbaza Imana. Bakiriko barabikora, Mpwemu Yera aca arururuka kuri bose bumvise ubutumwa.

Abayuda bajanye na Petero baratangara cane kubona ko abanyamahanga nabo bahawe ingabire ya Mpwemu. Yera. Hanyuma, Petero arababwira, “Baronse Mpwemu Yera nkuko natwe twamuhawe.” Hanyuma abasaba kubatizwa mw’izina rya Yesu Kristo.

Koronaliyo aranezerwa cane kumenya ivya Yesu, aca asaba Petero kugumana nabo mu nzu yiwe imisi mikeya.

IBIKORWA

Twese turi bamwe

Tegekanya ahari amafoto canke mucape abantu bw’urukoba rutandukanye, kandi ureke abana bawe bayarabe. Babwire: mu nkuru y’uno musu, twize ko Imana idatonesha. Iradukunda twese co kimwe kandi yipfuzako twese tumenya kandi tukizera Yesu.

Batere intege zo kuvuga ivya Yesu ku bantu bose, bataravye abo aribo.

Gufata k’umutwe

Shira amakarata wakoze kubw’ishure rikurikira ku meza. Umaze gusubiramwo umurongo incuro nyinshi nk’umugwi, saba uwushaka atondeke amajambo mu misegonda 10. Hanyuma uhamagare uwundi, ukwo ukwo gushika aho bose bashikirirwa.

Kurangiza

Shimira Imana hanyuma uyishimire kubw’urukundo ikunda bose k’urugero rumwe. Himiriza abanyeshure bawe kuba ivyabona vya Kristo aho bari hose, no gutumira abagenzi babo n’umuryango mu nyigisho zo k’umusi w’Imana.

Imana irakunda Petero na Koronaliyo



- Yaronse inzizi
- Yari umwe mu ngabo z'Abaroma
- Abayuda
- Abona umumalayika
- Yumviye Imana
- Abanyamahanga
- Intumwa
- Yabonye ibikoko bimanuka biva mw'ijuru
- Yaronse umugenzi mushasha
- Imana yaramukunda



Soma ayo mungane ari hejuru. Capa imirongo ifatanya amungane hamwe n'umuntu abisigura. Amwe muri ayo majambo asigura Koronaliyo, ayandi Petero, hanyuma ayandi bose hamwe.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ihamagara abantu bamwe kuba abamisiyonari.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera (Matayo 28:19).

Witegure ubwawe kwigisha

Isi y'abana yaguka gusumba imiryango yabo biciye mw'ishure, abagenzi babo, kwinonora imitsi, n'ibindi. Ukwo bazotora ivyo abandi bakenera, bazokwiga gutora umuti wizo ngorane bihuye n'ubugombe bw'Imana.

Iki cigwa kizobafasha gutahura ko abakristo bose bafise igikorwa co gushikiriza urukundo rwa Kristo kubabanyi bacu, ariko kandi ko umuhamagaro w'Imana ku bantu kubwo igikorwa kidasanzwe. Tuzi abo bakristo nk'abamisiyonari. Yabahamagaje Mpwemu Yera kujana ubutumwa bwiza mu yandi mahanga n'imigenzo. Nubwo twese dutegerezwa gushikiriza urukundo rw'Imana, umuhamagaro w'abamisiyonari utuma bava mu ngo zabo hanyuma bakajana inkuru nziza y'agakiza kubafise imigenzo itandukanye no mu bibanza vyo kw'isi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Ingendo za kimisiyonari

Raba mu bimenyeshamakuru kubw'ingendo zimwe zimwe (akarorero: amasakoshi, ubwato, indege, amamodoka, n'ibindi). Shira ayo mashusho ku meza, hanyuma ubishire ku kibaho hamwe n'ubwome. Hereza abanyeshure umwanya bamanike ibijanye n'urugendo. Vugana nabo ukwo bakora, hanyuma ubabaze ingene abantu bitegurira urugendo. Basigurire ko mu nkuru y'uno musu tuja kuvuga kubijanye n'urugendo rw'akazi.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 13:1-12

Ishengero rirungika Pawulo na Barunaba

Abarongozi b'ishengero ry'I Antiyokiya bariko barasenga kandi bisonzesha. Ubwo nyene, Mpwemu Yera arababwira, "Tandukanya Pawulo na Barunaba bakore igikorwa bahamagariwe."

Kubw'imyaka myinshi Pawulo na Barunaba bari ivyabona vya Yesu, bavugana n'abantu benshi ivyiwe. Ariko ubu bashobora kuba abamisiyonari. Abamisiyonari n'ivyabona vya Kristo bagenda muyindi migenzo canke ibihugu kwigisha inkuru nziza y'urukundo rw'Imana.

Abarongozi b'ishengero ry'I antiyokiya barasenga kandi barabarungika gushitsa igikorwa Imana yabahaye. Mpwemu Yera arongora Pawulo na Barunaba I Sisera, hanyuma bava ngaho bafata ubwato buja ishipere. Bagishika I salamisi, abamisiyonari bashasha bavugaga ubutumwa mu masinagoga y'abayuda. Munyuma baca

mu mazinga, bavuga ubutumwa mu bisagara vyose. Haheze akanya, bashika I pafuro, mu kindi gice co mwizinga, ahaba umuguverineri w'I shipere.

“Zana Pawulo na Barunaba iwanje,” umuguverineri aratega. “Ndashaka kwumviriza ijamba ry’Imana.” Igihe abamisiyonari bashika baje guhura na guverineri, hari Elimasi, umunyamareba w’integere nke atashakako guverineri yizera inyigisho z’Imana.

Igihe Pawulo yabona ivyo uwo munyakibi yariko arakora, aravugaga, “Uri umwana w’umubi n’umwansi w’ibintu vyiza! Wuzuye ubwoko b’ububi n’ubuhemu bwinshi. Ntiwogaharika kubuza inzira nziza z’Umwami? Ubu ukuboko kw’Umwami kuri hejuru yawe. Ugiye kuba impuhwi ikiringo kanaka, ntanubwo uzashobora kubona umuco w’izuba.”

Uwo mwana nyene Elimasi arasemerera, “Sinshobora kubona!” hanyuma aca aragenda arondera umuntu yomurongora. Guverineri aratangazwa n’inyigisho za Pawulo. Kubw’ivyo aca yizera Yesu ahinduka umukristo.

IBIKORWA

Umuhamagaru w’Imana

Tanga ku bana impapuro z’ibikorwa, hanyuma ubwire abana bakate igitamabara kiriko ivyanditswe k’urupapuro rw’imbere. Bahe umwana bakate amashusho hanyuma bayashire mu nkino, bivanye n’urutonde rw’inkuru ya Bibiliya.

Isubiramwo ry’ivyanditswe vya Bibiliya

Tegura ihiganwa kugira ngo habeho isubiramwo ry’ibi bibazo:


- Mbega abarongozi b’ishengero ry’I Antiyokiya bakoze iki igihe Mpwemu Yera yavugana nabo? (Barisonzesheje kandi barasenga.)
- Mbega Mpwemu Yera yababwiye iki? (Imana yashakako Pawulo na Barunaba bakora akazi kadasanzwe.)
- Mbega tubita gute abantu Imana yahamagaye kuvuga ubutumwa no kwigisha abantu bava mu migendo n’ibihugu bitandukanye? (Abamisiyonari)
- Vuga amazina y’abamisiyonari uzi.
- N’irihe zinga Pawulo na Barunaba bagiye kuvugamwo ubutumwa? (I Shipere)
- Abamisiyonari bahuye na bande I Pafuro? (Guverineri n’umunyamareba Elimasi)
- Mbega Elimasi yakoze iki igihe Pawulo na Barunaba baza guhura na Guverineri? (Yagerageje kubuza guverineri kwizera Yesu.)
- Ni nde yahaye ubushobozi Pawulo bwo gutangaza ko uwo munyakibi w’umunyamareba agiye kuba impumyi? (Mpwemu Yera)
- Mbega guverineri yakoze iki igihe yabona ivyo Imana ikoze no kwumva inyigisho za Pawulo? (Yizeye Yesu.)
- Mbega bita gute abantu bashikiriza urukundo rw’Imana mu bihugu vyabo? (ivyabona)

Gufata k’umutwe

Tanga amakarata y’umurongo wo gufata k’umutwe. Bamaze gusubiramwo umurongo incuro nyinshi, vuga iryungane rya mbere hanyuma ubaze abo bafise amajamba kuza imbere. Bandanya gushika ku mpera, hanyuma basubiremwo igisomwa ca bibiliya hamwe.

Kurangiza

Shira abana kumuzingira hanyuma ubabwire: uno musu twize ko Imana ihamagara abantu bamwe kuba abamisiyonari. Nubwo biri ukwo twese ntutuzoba abamisiyonari, dushobora gufasha mu gukura k’ubwami bw’Imana. Dushitsa ibwirizwa rikuru igihe twumviye Imana kandi tukabwira abandi ivyo urukundo rwa Yesu. Musezerane n’isengesho kandi musengere abamisiyonari bari kw’isi yose.



Kata umurongo ugororotse ugabura amashusho ari I buryo bw'urupapuro. Kata igice c'amafoto atatu. Madika imwimwe yose mu kibanza ciza gihuye nivyo uriko urakina mu kwerekana ingene Imana ihamagara kandi yarungitse Pawulo na Barunaba nk'abamisiyonari.

Intumbero y'icigwa

Gutera intege abanyeshure ko babwirizwa gushigikira abamisiyonari mu gushitsa igikorwa Imana yabajeje.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera (Matayo 28:19).

Witegure ubwawe kwigisha

Mu bisanzwe, abana ntabwo bamenyereye ibijanye n'igikorwa c'ubumisiyonari. Bamwe bashobora kwiyumvira ko "ibwirizwa rikuru" n'ikintu intumwa zakoze muri kahise hamwe n'ubumisiyonari bakora uno musi. Bamwe bashobora kuba batarigera bumva ico kintu. Hamwe n'ugukekeranya, abanyeshure bawe ntabwo biteguye guheba vyose ngo bagende kuvuga Kristo mu bibanza bigoye kw'isi. Nubwo biri ukwo, iki cigwa kizobigisha ko igikorwa c'ibwirizwa rikuru nico umukristo uwariwe, s'abamisiyonari gusa canke abavugabutumwa gusa. Abanyeshure bawe bashobora kwiga kuba mu gikorwa c'ishengero 'ubu'. Ntibakwiye kurindira gushika aho bazobera abakuze! Imana ishobora kubakoresha bakiri bato.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Amashikanwa**

Tegura ikintu werekana inzira abamisiyonari bashobora gukoresha amashikanwa baronka: imfungurwa, umuraro, n'inyambaro, ku bantu badafise uburyo bukwiye: ibikoresho vyo kuvuga ubutumwa; inyigisho; kwigisha; imiti, n'ibindi.

Vyereke abana bawe, hanyuma uvuge akamaro ko gushigikira abamisiyonari mu gikorwa biciye mu mashikanwa n'ingabire.

Ishikanwa ridasanze

Kuri iki gikorwa, uzoba ukeneye udusaho duto duto, usige urupapuro, hanyuma urushiremu koro.

Igihe barangije, ureke banikire iyo koro. Babwire bafate udusaho twabo bakuye muhira hanyuma bashiremu amashikanwa bazorungikira abamisiyonari muri utwo dusaho. Utwo dusaho dutoduto tuzoba icibutso ko bashobora guha amashikanwa kubw'igikorwa c'abamisiyonari.

INKURU YA BIBILIYA**Abifilipi 2:25-30; 4:14-20**

Kugira uvuge iyi nkuru turaguhaneza ko woyandika k'urupapuro hanyuma uyibike mw'ibashya nkuko yoba ari ikete. Wugurure iyo kete imbere y'abana hanyuma ubabwire ko ugiye kubasomera ubutumwa Pawulo yarungikiye ishengero riri mu kibanza bita Filipi.

Abakristo biro shengero bari mu mwiheburo. Igihe cari giheze, bumvise ko Pawulo ari mw'ibohero, barungitse umuntu yitwa Epiforodito ajana zimwe mu ngabire kwa Pawulo.

“Epifordito urasabwe kujana izi ngabire kwa Pawulo kandi ugumane nawe umufashe mu vyo akenera vyose,” abanywanyi b’ishengero baramubwira.

Aca yakira neza ivyo yasabwe vyose. Ariko haheze umwanya, baca baronka inkuru mbi: “Epiforodito aragwaye cane, ari mu nzira yo gupfa!”

Pawulo amenya ko abanywanyi b’ishengero ry’I Filipi bahagaritse umutima kubera umugenzi wabo; kubw’ivyo, igihe Epiforodito yaronka utuguvu two gufata urugendo, Pawulo aramubwira, “Nibazako woshobora gusubira I Filipi. Abagenzi bacu bipfuzaga kukubona no kumenya ko umeze neza.”

Epiforodito aremera, ariko imbere yo gufata urugendo, Pawulo yandikira ikete abagenzi biwe ngo arirungikire abizera bo mw’ishengero ry’I Filipi. Benedata na bashiki banje b’I Filipi:

Nibazako kino arico gihe ciza c’uko mugenzi wanjye Epiforodito agaruka kubana namwe. Ni nk’umuvukanyu kuri jewe. Mwamurungitse kubana nanje igihe nari ndamukeneye cane. Mwamurungitse nk’intumwa ngo anyitwararike; ubu harageze ko agaruka. Ntimukwiriye guhagarika umutima kubw’amagara yiwe. Yaragwaye cane, ariko Imana yamugiriye imbabazi na jwe. Nifujeko mumubona kugira ngo mumenye ko ameze neza. Mumwakire mu mwami n’umunezero mwinshi. Yahatswe gupfa kubera igikorwa ca Kristo, ashira mu kaga ubuzima bwiwe mu gukora ivyo ntari gushobora gukora.

Mwarakoze gufadiyanya nanje mu mibabaro. Ni mwebwe nyene mwandungikiye umufasha. Ndabashimiye kuvuye mwankoreye vyose. Ubu ntawo ngikeneye cane ingabire nyinshi. Ndahimbawe kubera ko mwize gutanga no gufasha abandi mu munezero. Narakiriye ivyo mwandungikiye vyose kandi birankwiye. Amashikanwa yanyu yahimbaye umwami.

Imana yanje, izoba ivyo mukenye vyose bihuye n’ubwinshi bw’icubahiro kiri muri Kristo Yesu. Ku Mana no kuri Data wa twese kibe icubahiro ibihe vyose. Amen.

IBIKORWA

Epiforodito na Pawulo

Hereza abana impapuro z’ibikorwa. Reka abana baharure amashusho bivanye n’inkuru ya Bibiliya. Ukwo bakora, vugana nabo ibijanye n’akamaro ko gushigikira igikorwa c’abamisiyonari mu gutanga amashikanwa yacu.

Gutunga umumisiyoneri!

Muri kumwe n’abana bawe, gira integuro yo gushigikira umumisiyoneri mu gace muherereyemwo canke ikindi gice c’isi. Shiraho ukwezi canke umwaka bazokwegeranya uburyo bazorungika nk’amashikanwa. Andika kukirangamisi amatariki y’amavuko yabo canke amasabukuru y’ubukwe bwabo kugira ngo mubarungikire amakarata yo kubaramutsa. Sigurira abanyeshuri ko mu gutunga umumisiyoneri, baba biyemeje kumusengera no gushigikira ibikorwa vyabo buri gihe.

Gufata k’umutwe

Rangiza ikigabane mukugira isubiramwo ryo muri rusangi ry’igice ca Bibiliya. Hereza akaryo abo bose bagifashe k’umutwe baze imbere hanyuma bayivuye n’ijwi rirenga. Nimba bishoboka, bahereze ingabire nk’amakereyo, ikaramu canke udutabo turimwo amajambo ya Bibiliya.

Kurangiza

Muri make subiramwo ivyigwa vy’iki kigabane, hanyuma ushimikire ku kamaro ko gushitsa ibwirizwa rikuru Yesu yadusigiyeye. Gira umuzingi hanyuma musengere abamisiyonari bo kw’isi yose.

Bahe ibikorwa bakoze muri iki kigabane, kandi ubatere intege zo kuzogaruka gutangura ikigabane gishasha, gifise umutwe: “Inkuru zihambaye z’ubushobozi bw’Imana.”



**Amashikanwa
yacu afasha
abamisiyonari
gusangiza abandi
urukundo
rw'Imana.**

Igitigiri c'ivyo bacafye kugira ngo bije kuba mu nkuru. Soma iryungane riri hejuru kugira ubibutse ivyo Abifilipi bakoreye Pawulo n'ivyo woshobora gukora uno musi.

INKURU ZIHAMBAYE Z'UBUSHOBOZI BW'IMANA

Imirongo ya Bibiliya: Itanguriro 11:1-9; Kuvayo 13:17—15:2; 2 Abami 5:1-15; 6:8-23; Yona; Daniyeli 3:1-30.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'iki kigabane: Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

INTUMBERO Z'IKI KIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Kumenya ko Imana ariyo igenzura isi, nubwo umengo ibintu biragoye.
- Kwumva woshima ubwenge bw'Imana, urukundo, kwihangana, no guharirwa.
- Kwizera Imana mu bintu vyose bashobora guhura ubwabo.
- Kumenya ko Imana irongora kandi ikadushigikira.

IVIGWA VY'IKIGABANE

Icigwa 27: **Imana ibona vyose**

Icigwa 28: **Imana irokora abantu bayo**

Icigwa 29: **Imana yahaye icubahiro Namani kubwo kwumvira**

Icigwa 30: **Ingabo z'Imana zitaboneka**

Icigwa 31: **Imana irihangana kandi iraharira**

Icigwa 32: **Imana irakomeye gusumba ibitandara**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

Abana biga ibijanye n'Imana biciye mu nkuru za Bibiliya hamwe no gushinga intahe z'abizera bari muri bo. Abana barize kumenya ko Imana ari Data, umugenzi, canke umwungere, gufata nka nkama ivyiza vy'urukundo rwiwe. N'ubwo biruko, ni nkenerwa kwakira no gushimikira k'ubushobozi bwiwe buhambaye n'ubwami. Iki kigabane kizohagarara k'ubushobozi bw'Imana.

Abana bawe barakeneye kwumva bamerewe neza, barondera ubuhungiro hamwe n'abavyeyi babo, abagenzi, n'abigisha. Hamwe n'ibi vyigwa, ushobora kubigisha ko Imana ari nyene ububasha kandi iri hejuru y'ibintu vyose mw'isi. Nubwo igihe ibintu vyobonekako bizitanye, Imana yerekanye ubwizigirwa bwiwe kuri abo bose bamukunda.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ibona vyose mu bibazo vyose.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akabururugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana baramenya ibibi biri mw'isi. Mu bihe vyinshi, umubi aboneka nk'uwuganje ; murundi ruhande, bibonekako kenshi abantu bashibura Imana nibo baroranirwa, aho abo bizera Imana usanga bari mumubabaro.

Ni nkenyerwa ko abana bawe bamenya ko ataco bitwaye ukwo ubunini bw'umubi bwoboneka, Imana yama iganje. Yaduhaye umwidegemvyo wo guhitamwo iciza n'ikibi, ariko rimwe na rimwe Imana iratabara hanyuma ikavuga, « Birarangiye ! » kumenya ko Imana ibona vyose biriho bizofasha abanyeshure bawe kuyizera. Imana yamye ikorana nabari kw'isi kuva ikiremwa ; dushobora kubibona vyose kuva muri kahise. Bafashe gutahura y'uko Imana ari nkuru gusumba umubi kandi ko iri hejuru ya vyose.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mwoba muntahura?**

Ukwo abanyeshure binjira mw'ishure, bahe ikaze mukubabwira uti “Mwaramutse” mu ndimi zitandukanye. Koresha ubu burorero: bonjour (mugifaransa); good morning (mucongereza).

Babwire uti: biragoye cane kuvugana mu gihe abandi bantu bavuga ururimi udatahura. Hoba hari muri mwebwe atahura ivyo ndiko ndavuga? Umviriza inyishu zabo kandi usigure ko mu nkuru yacu ya Bibiliya uno musu, baja kwiga ibijanye n'abantu bamwe bashobora kudatahurana.

Reka dukorere hamwe

Bwira abana bawe bakorere hamwe batarinze kuvugana biciye mw'ijambo. Gabura abanyeshure mu migwi ibiri canke itatu. Wongorere umwe mu bagize umugwi igikorwa gisanzwe co gukora hamwe n'abandi mu migwi yabo (akarorero: guterura imeza, gutondeka intebe, gukora umunara n'amatafari, n'ibindi.)

Bahe umwanya bagerageze gukora ico gikorwa. Haheze iminota mikeya, babwire bahagarike hanyuma ubabaze igituma batashoboye kurangiza igikorwa. Ufatiye ku nyishu zabo, babwire ko ibisa nivy vyashikiye umugwi w'abantu bo mw'isezerano rya kera igihe bagerageza gukora uwo mugambi.

Igihe Nowa n’abahungu biwe batatu bava mu bwato, isi yari yakubuwe. Yose yari yahindutse isi nshasha, yiteguye kutabako abantu. Nowa n’abana biwe bubaka inzu nshasha. Mu nyuma, abana ba Nowa n’abagore babo baronka abana. Nabo mu nyuma baronka abana.

Mu nyuma, bamwe mu miryango baja kuba k’uwundi mugabane, aho baronse ikibanza kinini kandi ciza co kubamwo.

Aho abandi bantu bafata ingingo ko bagomba kubana ibihe vyose. Ntibari bashigikiye icyumviro co kugenda mu bindi bibanza. Imana yari yabategetse kwuzura isi, ariko ntibashatse kwumvira.

Bamwe baravuga, “Reka twiyubakire igisagara, hamwe n’umunara muremure kugira dushike mw’ijuru. Muri iyo nzira tuzoba barurangiranwa kandi twese tuzoba hamwe, kandi ntituzokwongera gutatana mw’isi.”

Bamwe baca batangura gufytura amatafari; abandi batangura kurondera ivyo bafatany; abandi bazana amatafari hanyuma abandi bubaka.

Ibonye ivyo abantu bariko barakora, Imana irababara cane. Ntibusviye ivyo nabategetse gukora. Hakwuzura isi, bariko biyubakira igisagara kinini hamwe n’umunara kugira bagume hamwe.

Imana yari yarabasezeraniye ko itazokwongera kuranduza isi umwuzure kandi. Umunywamazi nico kimenyetso yashizeho ngo wibutse iryo sezerano yagiraniye na Nowa. Ariko nubwo vyari ukwo, Imana yarabona ibiriko biraba vyose. Muri uwo mwanya, bese bavuga ururimi rumwe kandi bakoresha amajambo amwe. Ariko umusi abantu bafata ingingo yo kutumvira Imana yatumye batangura kuvuga indimi zitandukanye. Abariko barabumba amatafari ubwo nyene ntibasubira kwumvikana. Co kimwe nabariko bateranya ivyuma. Abariko bubaka ntibasubira kwumvikana nabariko baraseha amatafari. Kandi, abari mubikorwa bese batangura kuvuga indimi zitandukanye.

Vuba cane abantu baca baraheba umugambi wabo. Baca barahagarika kwubaka igisagara hamwe n’umunara muremure, hanyuma baca baja mu bindi bibanza buzura isi, nkuko Imana yari yarabibwiye Nowa.

IBIKORWA

Kuzazanirwa!

Hereza abana impapuro z’ibikorwa vy’iki cigwa. Uhe umwanya ukwiye abana bawe bakate ishusho ikurikira ukurikije umurongo. Mu nyuma, ubabwire bafatanye iyo mirongo n’utuburungu kandi bahomeke udutaburo dutoya ku mataburo manini.

Batere intege zo gukoresha ibikorwa vyabo vyaheze mu kubwira imiryango yabo inkuru y’umunara w’I Babeli.

Gufata k’umutwe

K’urupapuro, capa ishusho y’umunara hanyuma wandikeko umurongo wo gufata k’umutwe. Hereza umwanya ukwiye abana basige iyo shusho hanyuma basharize iyo karata. Basubize abanyeshure igikorwa caheze, hanyuma musubiremwo umurongo incuro zitari nke. Kata umurongo w’ukwezi mu makarata ahuye n’ikigabane hanyuma ubwire abanyeshure batware muhira gusubiramwo umurongo wo muri iki kigabane.

Kurangiza

Bwira abana ko iki cigwa kitubwira ko Imana ibona ivyo ducamwo vyose, niyo abantu batoyumvira. Tera intege abana gukurikiza ibimenyetso ko Imana isuzuma kandi ibona isi yose barimwo.

Mu nyuma, senga muha ishimwe Imana kubera ko ibona vyose. Batumire kuza mw’ishure mu ndwi ikurikira, kandi ubatere intege gutumira abagenzi.

kuzazaniirwa



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ikoresha ubushobozi bwayo mu kwitaho abana bayo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

S'ibitangaza ku bana bo mw'ishengero iwacu kumara amasaha menshi bari imbere ya televiziyo, baraba udukino twabana bita dese anime zirimwo ubushobozi budasanzwe. Rimwe na rimwe biragoye cane kumenya neza aho ibidasanzwe vyahereye n'ukuri aho kwatanguriye. Ariko, bategerezwa gutahura ko Imana ariyo yonyene ifise ububasha bwo gukora ibirenze gutahura kubera ko ariyo muremyi wacu kandi ariyo yashizeho ibi vyose biriho.

Bategerezwa kumenya neza ko ubushobozi bw'Imana ari ukuri kandi ko yipfuzaga gufasha abana biwe, no mu bihe bigoye vyo kugeragezwa. Kahise ko gucungura abantu Imana yahisemwo bizokwongereza ubwizigirwa bwabo ku Mana mu kubazigama no kurindwa n'Imana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Mbega ikiyaga gisa gute?**

Ereka abanyeshure bawe amashusho canke ibigaragaza ikiyaga, kandi ubabaze ko hari uwurigera kuja kuraba ikiyaga. Bahereze umwanya abana bavuge ivyo babonye n'ivyo bazi. Ongereza ivyo bazi mu kuvuga ibijanye n'ibikoko biba mu mazi n'ibiterwa. Shimikira k'ubushobozi bw'Imana gusa ariyo ifise ububasha ku kiyaga, bariko biga ku nkuru y'uno musi.

INKURU YA BIBILIYA

Kuvayo 13:17-15:2

Imana irokora abantu bayo

“Oya, ntushobora kuva hano! Sinshobora kureka ngo inyagano zanje ngo zive muri Egipta!” Farawo arasemerera. Mu nyuma, ateguka abishikira biwe, “Gwiza ibikorwa vy'amaboko yabo.”

Mose n'umuvukanyi wiwe Aroni bama baza imbere ya Farawo imisi myinshi kugira basabe umwidegemvyo w'ubwoko bw'Imana, ariko ntiyemera kubareka ngo bagende. Igihe gikurwa n'ikindi, Imana yerekanye ububasha bwiwe. Atuma amazi y'uruzi Nile ruhinduka amaraso, hanyuma yuzuzwa isi igitero c'ibikere. Ariko abanyamareba bo kwa Farawo bakoresha inkoni zabo ivyamareba nabo bakora ivyo bitangaza.

Mu nyuma, Imana iteza icago c'inda. Ariko uwo mwanya abanyamareba babanyegiputa ntibashobora gusubiramwo ivyo Imana yakozwe. Nubwo vyari ukwo, umutima w'umwami ukomeza gukomantara. Mu nyuma Imana irungika ikiza c'imibu. Mu nyma, abanyegiputa n'ibitungano biribwa nayo kuburyo ububabare buba bwinshi cane. Imana irungika ibindi vyago ngo ihane abanyegiputa kubiremwa vyabo: inda, inzige, hamwe n'umwijima mw'isi.

Mu nyuma, Imana irungika umumalayika w’urupfu gukubita ikintu cose c’imfura mu miryango yose no mubitungwa vyo muri Egipta. Hanyuma Farawo ahamagara Mose aramubwira, “Bwira abaheburayo ko ngiye kubareka bidegemvye. Muve mu gihugu canje!”

Abantu baranzezerewe cane kwumva iyo nkuru. Baca baranyaruka bakurikira Mose, kubera ko Imana yari yabibasezeraniye kubajana mu gihugu giteye igomwe. Abantu bahimbaza Imana kubera ko bashobora kwidegemvya bakava mubuja bwo muri Egipta.

Imana igira umugambi udasanze wo kurongora abaheburayo mu gihugu c’I Kanani. Mu kubafasha kumenya ko iri kumwe nabo, inkingi y’igicu yabarongora k’umurango, kandi mw’ijoro yari inkingi y’umuriro yagendera imbere yabo.

Igihe bashika ku nkombe z’ikiyaga gitukura, bahitamwo kuguma ngaho kandi aho niho ingorane zatanguriye. “Abanyegiputa bariko baraza!” bamwe baravugaga. “Raba umukungugu w’imikogote yabo waduze! Bariko baratwegera cane!”

“Iyo tuba twarigumiye muri Egipta!” bamwe barasemerera. “Kubera iki watuzanye gupfira muri ubu bugaragwa?” babaza Mose.

“Ramvura inkoni yawe hejuru y’ikiyaga,” Imana itegeka Mose. Mose yumvira Imana, hanyuma umuyaga ukomeye ugaburamwo kabiri ikiyaga, ucamwo inzira yumye ngo abisirayeli bajabuke. Ariko, Imana ituma imikogote y’abanyegiputa icika, kandi umwe wese agasemerera, “Tubwirizwa kumva inyuma y’aba baheburayo! Imana yabo iriko iratugwanya!”

Mu gihe abaheburayo bose bari bamaze kujabuka amahoro kuyindi nkombe, Imana ibwira Mose iti duza inkoni yawe kandi. Mu nyuma, amazi y’ikiyaga asubira mukibanza cayo, arengera ingabo z’abanyegiputa, amafarasi yabo, n’imikogote. Imana ikirisha ubwoko bwayo ubushobozi buhambaye.

Mose n’abantu bose bahimbaza Imana, baririmba amajambo ari mu Kuvayo 15:2: “Uhoraho n’inkomezi zanje n’indirimo yanje, ampindukiye agakiza. Uwo niwe Mana yanje, nanje ndamuhimbaza; niyo Mana Data, nanje ndayishira hejuru.”

IBIKORWA

Guca mu kiyaga gitukura

Tanga impapuro z’ibikorwa vy’icigwa ca 28, hanyuma abanyeshure bawe bakate amashusho y’abasoda bari mu kazi n’abaheburayo k’urundi rupapuro. Mu nyuma, ukate ishusho y’ikiyaga gitukura hamwe n’imironko yerekana aho baciye humye, uce uzinga ucishije ahari utuburungu. Ibi bizokwubakira inkuru ya Bibiliya.

Babwire babijane muhira, hanyuma ubatere intege zo kubwira abagize imiryango yabo ivyo bize mw’ishure bakoresheje amashusho n’ibindi.

Gufata k’umutwe

Gira umuzingiro, hanyuma wishire hagati muri wo hamwe n’umupira uje uraterera umwe mu banyeshure bawe. Umwana yakiriye umupira aca avugaga: “Ndashobora kwizera ko Imana izomfasha kubera ko ‘Umwami wacu arahambaye kandi ni mukuru mu nkomezi; gutahura kwiwe ntikugira iherezo.’” (Zaburi 147:5). Bandanya n’abandi bana.

Kurangiza

Senga, ushimira Imana ico iri nivy’umwe wese yize uno musi. Rangiza muririmba indirimbo z’amashimwe kubw’ubushobozi bw’Imana buhambaye.



Igikorwa co ku kiyaga gitukura

Soma ivyo kwitondera
k'uruapuro rukurikira |



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya kwizera ubushobozi buhambaye bw'Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

Biciye muri iki cigwa, abana bawe bazokwiga ko bashobora kwizera muri twebwe uguhambara n'ubushobozi bw'Imana. Kuri uru rugero rw'ihinduka rwo mu buryo bw'umubiri no mu bigumbagumba, bizobaho kumenya ko ari abana b'Imana badashobora guhinduka kandi yipfuzza kubafasha.

Shimikira ko Namani yari umuntu azwi, ko atari ikintu umuntu yiyumvira nk'ibiranga abo tubona kuri televiziyo. Namani yize kwizera Imana igihe yahura n'ingorane z'ubugwayi munyuma, nk'ingabire yo kwumvira kwiwe, Imana yamusubije amagara meza.

Bafashe gutahura ko nubwo Namani yari umuntu akomeye mu ngabo z'abasiriya, yahaye ubushobozi Imana imwe y'ukuri.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ubugwayi!**

Raba mu bimenyesha makuru mu kwerekana imiti, ibitaro, abaganga, abantu bagwaye, n'ibindi. Vyereke abanyeshure bawe kandi uvugane nabo kubijanye n'imigera ishobora gutera abana. Hereza akaryo ababishaka babiri bavuye muri make kuvyo boba baracyemwo mu bugwayi bwabo. Babwire ko icigwa c'uno musi kijanye n'umuntu yarababajwe n'umugwayi bukomeye.

INKURU YA BIBILIYA

2 Abami 5:1-15

Ukwizera kwa Namani

Namani umugabisha w'ingabo z'umwami w'I siriya. Umwami yamuha agaciro cane kubera ko yari umuntu mwiza kandi umusoda w'intwari. Ariko nukwo vyari bimeze ukwo, Namani yarafise imibembe kandi nta numwe yarafise umuti wo kuvura iyo ngwara.

Mu nzu kwa Namani, hariho agakobwa kagakozi. Kari karatwawe ari inyagano kava mu gihugu c'ubwisirayeli. Umusi umwe, abwira umugore wa Namani, "Iyo Databuja Namani yari kugenda k'umuvugishwa aba I Samariya yomufasha, yoshobora kumukiza iyo mibembe."

Umugore wa Namani amubwira ivyo uwo mukobwa yamubwiye: "Umukozi wanjye yavuzeko hamwe wogenda k'umuvugishwa muri Isirayeli yoshobora kugukiza."

Namani ubwonyene aca aragenda kuraba umwami w'isiriya uramubwira, "Nyakwubahwa, umukozi w'umugore wanjye yavuzeko muri isirayeli hariho umuvugishwa yoshobora kumvura imibembe."

"Ego, genda," umwami aramubwira. "Ndakurungikana icete ushira umwami w'isirayeli co kukwemeza."

Muri iyo nzira, Namani yari yiteguye gufata urugendo rwiwe, ajanye inzahabu nyinshi, n'impuzu nk'ingabire. Icete cavugako amurungitse k'umwami wa isirayeli cavuga giti: "Ndakurungikiye kino cete giciye k'umukozi wanjye Namani kugira ngo umukize imibembe yiwe."

Igihe umwami wa isirayeli yasoma ico cete, ahagarika umutima gose hanyuma avuga ati, "Sinshobora gukiza imibembe. Kubera iki umwami w'isiriya agomba kutugwanya?"

igihe umuvugishwa Elisa yumva ivyabaye kukirimba, arungika intumwa k'umwami wa isirayeli." Namani aca ava mumukogote wiwe aca aja mu nzu kwa Elisa, ariko aho arahatangerira cane. Nubwo Namani yari umuntu ahambaye cane mu gihugu ciwe, Elisa ntiyigeze ava aho ari ngo aje kumuraba. Ariko, atuma intumwa kumubwira ico abwirizwa gukora.

"Genda hanyuma wiyuhagire ubwawe incuro ndwi m'uruzi yorodani. Mu nyuma umubiri wawe urahinduka hanyuma uzoba wejejwe, kandi uzoba wakize gose uwo mugera."

Namani amaze kwumva ubwo butumwa, aca ava ngaho ashavuye abwira abakozi biwe ati, "Narinzi ko umuvugishwa ashobora kuza hanyuma akavugana nanje. Nibazako yari kuza akansengera ku Mana hanyuma akankora ku biguma vyanje, kandi ko yari kumpa umuti ukiza imibembe. Ariko, ashakako nja kwiyuhagira mu ruzi rwa yorodani kandi nari mfise inzuzi nyinshi nziza mu gihugu iwanje. Mbega sinshobora kwiyoga muri rumwe nkaba muzima?"

Akiriko aritegurira gusubira I samariya, umwe mubakozi biwe aramubwira, "mwami, iyo umuvugishwa agutegeka gukora ikiruta ico kugora ntiwari kugikora? Kiretse, ko yagusavye gukora ikintu gisanzwe cane. Kubera iki utobigerageza?"

Mu nyuma Namani aca aramanuka k'uruzi yorodani hanyuma aca yibira incuro ndwi, nkukwo umuvugishwa yamutegetse. Ageze ku ncuro y'indwi, Namani abona umubiri wiwe wakize rwose. "Nakize!" Namani aca atera akaruru k'umunezero. Aca asubira inyuma n'abakozi biwe ku nzu kwa Elisa hanyuma aravuga, "Ubu namenye ko mw'isi yose atayindi Mana atari mu bw'isirayeli. Sinzosenga izindi mana, atari Imana ya Isirayeli yonyene yo yankijije."

IBIKORWA

Umwami aravuga...

Egeranya abana bawe inyuma yawe kandi ubabwire: reka dukine 'umwami aravuga' Nimba mvuze, "umwami avuze ngo kora kuzuru ryawe," utegerezwa guca urikorako. Ariko nimba avuze ati, "kora kuzuru ryawe," atavuze "umwami yavuze," hanyuma ukabikora, utegerezwa guca wicara hasi.


Subiramwo urwo rukino incuro nyinshi (gusimba, kwiruka, kuririmba, n'ibindi.) gushika aho abana benshi bananiwe kandi bicaye hasi. Sigura ko igihe bakurikije amategeko y'urukino, baba babaye abumvira. Mu yindi nzira, Imana yipfuzako imisi yose twokwumvira ijamba ryayo n'amabwirizwa yayo, nkuko Namani yabikoze.

Gufata k'umutwe

Andika amajambo y'umurongo wo gufata k'umutwe ku makarata atandukanye hanyuma uyahishe mw'ishure. Bwira abana bayarondere. Bamaze kuyaronka, baca begeranya uwo murongo hanyuma bakawusubiramwo nijwi rirenga hamwe. Bashimire mu kubaha umwanya wo gukina agakino bakunda.

Kurangiza

Rongora abanyeshure bawe mw'isengesho, kandi abo bose bakenye gusumba. Batere intege zo kugaruka mw'ishure mu ndwi ikurikira, aho bazokwiga ibijanye n'ingabo zitagaragara.



Inkuru yo kwizigira

Kata mu bice igikinsho hanyuma
utondeka bivanye nivyho bize mu
nkuru ya Bibiliya. Igihe igipurizo
giheze uca uhindura hanyuma
ukabona ubundi butumwa
buhambaye ku kindi gihande.



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana yama iri kumwe nabo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana barazi ko hariho abantu mw'isi badafata abandi neza. Barazi ko akarenganyo gakorwa, kandi barahungabanywa n'ibibaho bibarengaye. Muri kino cigwa, baraja kuronka guhumurizwa ko Imana ibona vyose bibaho, nubwo hari igihe habaho umubabaro no kurenganywa. Bafashe gutahura ko Imana yitaho abo bose bayizigira. Igihe abakristo bizeye Imana, ishobora kubuzura kuzigamwa no kurindwa, nubwo hariho bamwe batababara ataco ibabwiye. Ibi ntibisigura ko uwizera uwizera atigera aca mu bimuca intege, ariko ukwizera kuzomufasha muri ivyo bihe bigoye. Nubwo umwanya n'umwanya usanga bigoye kuguma mu bwiza bw'Imana, biraturemesha ko tumenya ko yama iri kumwe natwe.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Invisible message**

Imbere y'uko ishure ritangura, tegura ubutumwa bukurikira ku bana bawe bose. K'urupapuro rwera hamwe ni kereyo (ikereyo yera): ndagukunda kandi nzokwamana nawe ibihe vyose! Imana. Hereza abanyeshure bawe ivyo bandikako hamwe n'ubutumwa butaboneka n'ikaramu.

Babwire: rimwe na rimwe twumva turi twenyene kandi tukiyumvira ko abansi bacu bakomeye cane kuturusha. Ariko suko ibintu vyose vyama bimeze ukwo tuyibaza. Koresha ikaramu mu gusiga ivyandiko hanyuma uraja kubona ubutumwa bunyegaye. Hereza umwanya abanyeshure bakore ico gikorwa kandi basome ubutumwa bavumbuye.

Dushobora kwizera Imana no mu bihe bigoye cane. Mu nkuru ya Bibiliya y'uno musu, muraja kwiga ibijanye n'umuntu yizeye Imana mu gihe c'akaga gakomeye.

INKURU YA BIBILIYA**2 Abami 5:1-15****Ingabo z'Imana zitaboneka**

Umwami w'isiriya yari mu ntambara agwanya umwami wa isirayeli. Hamwe n'abishikira biwe, bategura umugambi unyegaye wo kugwana. "Tuzokwinyegeza muri iki kibanza, hanyuma igihe abisirayeli baje, tuzoca tubagwanya," umwami aravuga.

Nubwo umugambi bawukoreye mu mpisho, Imana yaramenye ivyo barimwo ica yibira akabanga umuvugishwa Elisa. Mu nyuma Elisa aburira umwami wa isirayeli: "Ugabo kubera ko abasiriya bateze umutego kubwanyu!" Umuvugishwa abwira umwami ikibanza aho abasiriya bateguye kubagwaniriza. Yari mu kuri!

Igihe giheze, Elisa aburira umwami, kandi ingabo z'abaheburayo ziritegura kandi ziranesha. Umusi umwe umwami w'isiriya asemerera n'umubabaro, "Kubera iki umwami wa isirayeli imisi yose yama amenya aho tuja gutera hose? N'ivyukuri hariho muri twebwe uwutanga amakuru!"

Mu nyuma aca yegeranya abishikira biwe hanyuma arababaza, “Ninde muri mwebwe ari k’uruhande rw’umwami wa isirayeli?” “Ninde ajana amakuru?”

“Nta numwe muri twebwe atwara amakuru,” umwe muri bo aravuga. Umuvugishwa Elisa niwe abwira umwami wa isirayeli ibintu vyose twavugiyeye mu mpisho.

“Genda hanyuma murondere aho uwo mugabo ari!” umwami aratega. “Ndarungika abagabo baze kumufata.” Hahaze umwanya babwira umwami ko Elisa aba I Dotani, baca bafata imikogote, amafarasi n’ingabo nyinshi. Hari hakiri mw’ijoro igihe bashika muri ico kibanza.

Igitondo gikurikira, umukozi wa Elisa yavyutse kare hanyuma abona ingabo z’abansi zikikuje igisagara.

“Mbaga dukora iki ubu?” abaza Elisa.

“Ntutinye,” umuvugishwa aramwishura. “Abo turi kumwe basumvya ubwinshi abo bese ubona.” Umukozi wa Elisa ntiyashoboye gutahura ivyo sebuja ariko aramubwira.

Ivyo yabona gusa zari ingabo z’abasiriya zizungurutse igisagara kandi ziteguye kubatera.

Elisa arasenga avuga ati, “Mana, ndakwinginze humura amaso yiwe kugira ngo abone.” Hanyuma Imana yugurura amaso y’uwo mukozi, aca abona hagati y’imisozi y’abasiriya ni Datani, abasoda benshi bari kumafarasi n’imikogote y’umuriro.

Igihe izo ngabo zaza gutera Elisa, asenga Umwami avuga ati, “Ndasenze ndagusaba ngo ubatemwo uruhumyi.”

Ubwo nyene Imana itera uruhumyi mu basoda babasiriya, nkuko Elisa yabisavye. Mu nyuma umuvugishwa aca araza aho abari ati, “Iyi siyo nzira canke igisagara murondera. Ni munkurikire hanyuma ndabajana k’umuntu muriko murarondera.”

Igihe Imana yabugurura amaso, bisanga bari hagati mu gisagara c’isamariya. Bari abagizwe imbohe z’abisirayeli kubera ko Elisa yari yabafashe!

“Elisa, ubona twobica?” umwami wa isirayeli arabaza.

“Oya, ntimubice!” arishura umuvugishwa. “Mbega mwoshobora kwica umupfungwa wo mu ntambara? Bahe ivyo bafungura n’amazi. Muri iyo nzira, barasubiramwo intege hanyuma bashobore gusubira iyo umwami wabo ari.”

Umwami wa isirayeli abategurira inzima ihambaye abo basiriya, hanyuma bamaze kurangiza gufungura no kunywa, abarungika mu gihugu cabo. Kuva ico gihe, ingabo z’abasiriya ntizasubiriye gutera k’ubutaka bwa isirayeli kandi.

IBIKORWA

Ingabo zitaboneka

Hereza abana impapuro z’ibikorwa. Bwira abana bakate ishusho, bakurikize imirongo iboneka, kugira bakuremwo ifoto ya Elisa n’umukozi wiwe. Mu nyuma, uzinge iyo foto ucishije mutuburungu hanyuma uyihome ahantu kuburyo iguma ihagaze.

Hereza umwanya ukwiye abana bakate imirongo ikurikira ihiritse. Hanyuma, ushinge imwe mu nyabutatu inyuma hanyuma iyindi imbere, kugira ngo igice c’ingabo zigume zihagaze. Tera intege abana bakoreshe igikorwa caheze mu kuvuga inkuru ya Bibiliya bize uno musi.

Gufata k’umutwe


Bwira abana bugurure Bibiliya zabo muri Zaburi 147:5. Bwira abakobwa abe aribo basoma ubwa mbere, mu nyuma abahungu, hanyuma abambaye ibirato vyirabura, ukwo ukwo, ha amazina imigwi itandukanye. Rondera izindi nzira zo gutwenga wokoresha mu gusoma kugira bibafshe gusubiramwo umurongo wo gufata k’umutwe.

Kurangiza

Ririmbira Imana amashimwe kubw’urukundo rwayo rwamaho no kurinda kwayo. Reka abanyeshure batange imitwaro yabo yo gusengera, hanyuma usengere umwe wese.

Hanyuma, basubize utugenegene bakoze.

Ntiwibagire kubagenda canke guhamagara abo bese bataje mw’ishure canke bagwaye.



Kata k'umutwe w'urupapuro ukurikije umurongo. Hanyuma kata umurongo uri hagati yizo nyabutatu zibiri. Zinga urupapuro ucishije k'utuburungu. Zinga igice kimwe kiri inyuma hanyuma ikindi gikurikira ugire uruzitiro. Zinga ishusho ya Elisa hamwe n'umukozi wiwe hagati. Zinga uciye mutuburungu murufatiro hayuma ubihome ahantu. Shira kuco bahagarikako ca 1, no kuca 2, ukwo uriko uravuga inkuru ya Bibiliya.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana itwihanganira kandi iduharira.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bariga gutahura amakosha yabo no kwihana ku bibi bakoze. Shimikira kukutumvira kwa Yona, n'ingaruka mbi zavyo nico Imana yakozze kurivyo. Biciye muri iyi nkuru, bafashe gutahura ko igihe bakoze nabi, Imana yama yipfuza kubaharira no kubaha akaryo gashasha.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Yona ari mu kiyaga

Bwira abanyeshure bawe bakubwire ivyo bazi vyose kubijanye n'inkuru ya Bibiliya.

INKURU YA BIBILIYA

Igitabo ca Yona

Imana iharira

Umusi umwe Imana yabariye Yona, “Genda mu gisagara kinini c'ininewe. Nabonye ko abantu baho bakora ibibi gusa kandi ndaruhijwe n'ingeso zabo. Utegerezwa kugenda hanyuma ukababwira bihane ivyaha vyabo.” Ariko Yona ntiyashaka kwumvira Imana. Aca ahungira mu gisagara c'I Tarushishi kwinyegezayo, aho hari hahushanye n'inzira yaja I Ninewe. Yona aca aja ku kivuko c'I Yopa, aho yafashe ubwato buja I Tarushishi. Amaze kuriha itike, aca abwinjiramwo kandi yari yiteguye guhungira Umwami kure hashoboka.

Yona akiriko aragenda, Imana irungika umuyaga ukomeye n'igihuhusi giteye ubwoba. Uwo muyaga warukomeye kuburyo ubwato bwaboneka nkubugomba gusaba. Abakora mu bwato n'ingenzi bose bari bihebuye cane, kandi umwe wese yaguma aririra imana yiwe ngo imuzigame.

Kugira ngo barabeko ubwato bworemuruka, baciye baterera imizigo yabo mu kiyaga. Mbega Yona yari hehe igihe ivyo vyose vyaba? Yari yiryamiye!

Mu nyuma, uwutwara ubwato asangaho Yona yarari aramubaza, “Ni gute wosinzira? Vyuka hanyuma wambaze Imana yawe! Birashoboka ko yobona ivyo turiko turacamwo hanyuma ikadukiza ntidupfe.” Abakora mubwato baravuga bati, “Reka turabe nimba dushobora gutora impamvu y'iki gihuhusi giteye ubwoba.” Bamaze kuvyihweza basanga Yona ariwe ntangaro yico gihuhusi, baca baramubwira, “Tubwire, ninde yatumye duca muri ibi bibazo? Uri nde wewe? Uvuye hehe? Uvuye mu gihugu ikihe?”

“Nd'umuheburayo kandi nubaha Imana, Imana yo mw'ijuru, yaremye ikiyaga n'isi,” Yona arishura.

Bamaze kwumva ivyo, baca baratinye hanyuma baramubaza, “N'iki wakoze kugira ngo iki gihuhusi kigerageze kutumara? Mbega twokora iki kugira ngo duhoze kino kiyaga?”

“Ni mumfate hanyuma munterere mu kiyaga,” Yona aravugaga. “Ico conyene nico cotuma gihwama. Ndaziko kino kiza caje kuri mwebwe kubera jewe.”

Uwutwara ubwato ntiyashakako baterera Yona mu ruzi, ariko ibintu vyagumye vyunyuka. Mu mpera, baca baterera Yona ava mu bwato hanyuma ikiyaga kiratuza. Abatwara ubwato n'abari muri bwo babonyeko umuyaga uhagaze, baratahura ubushobozi buhambaye bw'Imana hanyuma yarayihimbaza. Muri uwo mwanya nyene, Imana yari yateguye urufi runini rumira Yona.

Yona amara mu nda y'urufi imisi itatu n'amajoro atatu. Aho ahasengera Imana kandi ayisezranira ko atazokwongera kuyigarariza kandi. Icongeweko, asaba imbabazi kuba yarahunze kandi asezeranira Imana gukora ubugombe bwayo, kuja i Ninewe nkuko yari yabimutegetse.

Imana yumva amasengesho ya Yona hanyuma iramubabarira ukutumvira kwiwe. Mu nyuma ica itegeka urufi ngo rudahwe Yona k'umusozi. Yona aranezerwa cane ko aronse akandi karyo ko kwumvira Imana.

Mu nyuma Imana ivugana na Yona incuro ya kabiri iramubwira, "Genda muri kirya gisagara kinini c'i Ninewe hanyuma ubabwire ubutumwa naguhaye ngo ubabwire."

Muri uwo mwanya Yona yarumviye! Aca aragenda i Ninewe hanyuma abwira abantu ko Imana igiye kurandura igisagara mumisi 40. Bamaze kwumva ubwo butumwa, ababa i Ninewe bizera Imana, kandi umwami arungikira ubutumwa abantu bose kuri ico: "Mwese muririre Imana. Hagarika gukora ibibi n'ibintu vy'ubugizi bwa nabi. Birashoboka ko Imana yo kwigarura hanyuma ikareka kuduherengeteza. Birashoboka ko yotungirira imbabazi hanyuma ntidupfe."

Imana imaze kubona ko abantu baba i Ninewe bihanye, ibagirira impuhwe hanyuma ireka kubaherengeteza.

Yona amaze kubona ko Imana yagiriye imbabazi ubwo bwoko hakubaherengeteza bose, aca arashavura cane. "Imana, imenya ivyabaye! Nico gituma nahunze. Narinziko uzobagirira impuhwe, kwihangana no kubabarira, kandi ko uteri gushobora guherengeteza abansi bacu. Ubu nibazako ari vyiza ko wopfuma unyica jewe!"

Imana iramwishura, "Mbega urafise ukuri kwo kugira ishavu? Wewe wiyumvira kuri wewe gusa, ariko muri Ninewe, hariho abantu barenga ibihumbi 120. Mbega sinari nkwiye kugirira imbabazi ico gisagara kinini nkico?"

Imana yashakako Yona yiga akamaro ka kino cigwa. Imana irihangana, iraharira kandi igira imbabazi. Ikunda abantu bose, ntaco bitwaye ico bari canke ivyo bakoze. Iyo umuntu yihanye kandi akava mu vyaha, Imana irabaharira. Mbega Imana yacu y'igitangaza!

IBIKORWA

Yona yarize icigwa

Tanga impapuro z'ibikorwa kugira ngo abanyeshure bawe bashobore gukora agatabo kasabwe muri kino gikorwa.

Gufata k'umutwe

Tegura imbere ishusho nini y'urufi hanyuma wandike umurongo wo gufata k'umutwe mu ndome nini. Bwira abana bicare k'umuzingi hanyuma basome umurongo incuro nyinshi. Hanyuma, hereza ifi umwe muri bo hanyuma ubabwire bayitange k'umuntu ari ibubamfu bwabo, aho nabo batanga kubari ibubamfu bwabo, ukwo ukwo. Niyo wavuga "HAGARIKA", uwufise urufi ategerezwa guca avuga umurongo. Bandanya urukino gushika aho bose bashikirirwa bagakina.

Kurangiza

Nimba Mpwemu Yera akurongora kubikora ukwo, emerera abanyeshure bawe kwihana ivyaha vyabo hanyuma usabe Imana ibaharire. Sengana nabo bafashe ingingo yo gusaba imbabazi, kandi isengere n'abandi. Wibukeko ari ngira kamaro kubandanya witaho abanyeshure bashasha, kugira ngo mugume muvugana mu ndwi hagati.



**Imana
yihangana,
igira
imbabazi
kandi igirira
imbabazi
abantu**

**Yona yarize
icigwa**



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya gukora neza kandi bizeye Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Umwami wacu arahambaye, n'umunyenkomezi nyinshi; ubwenge bwiwe n'akaburarugero. (Zaburi 147:5).

Witegure ubwawe kwigisha

Kwizera ni nyamukuru k'umukristo. Dutegerezwa kwizera Imana igihe dufashe ingingo yo kumukurikira no kumukorera. Rimwe na rimwe turavugana n'abanyeshure ibijanye no kwizera. Nubwo biri ukwo, icigwa c'uno musu gihagaze ku kubamenyereza kwizera Imana kwabo. Kumenya ubushobozi bw'Imana bizotuma haba kwizigirana mu banyeshure bawe, no kubafasha gutahura y'uko batari bonyene mu bihe bigoye. Nubwo bimeze ukwo, nivy'ingira kamaro ko bamenya kwizera Imana imisi yose atari gusa igihe ikoresha ubushobozi bwayo mu kuturinda. Ugukomeza kuyizigira birabandanya niyo "hagati mw'itanure ry'umuriro."

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Bwira abanyeshure bawe: inkuru tugiye kubabwira uno musu nivyabaye hahaeze imyaka myinshi I Babiloni.

INKURU YA BIBILIYA

Daniyeli 3:1-30

Gukurwa mw'itanure ry'umuriro

Umwami w'I Babiloni yari umuntu w'ubwishime. Izina ryiwe yari Nebukadineza. Yarafise ubwishime bwinshi kubera ibintu bikomeye yari yarakoze kandi yashakako n'abandi bantu bumvako ari agakomeye.

Umusi umwe, umwami Nebukadineza agira ikindi cyumviro gishasha. Ahereza itegeko abakozi biwe kubumba ikibumbano kinini, aca agisakara inzahabu. Mu nyuma aca agishira mu kibanza aho uwariwe wese ashobora kukibona, hanyuma arungika intumwa mu bwami bwiwe bwose kuvuga ibi: "Muratumiwe kwunamira iki gishusho ciza c'inzahabu."

Mu gihe co kugishikiriza, intumwa y'umwami ivuga n'ijwi rirenga, "Ni mwamara kwumva inzamba, umuntu wese ategerezwa kwunama kandi agasenga ino shusho umwami Nebukadineza yashinze. Umuntu wese adapfukama hanyuma ngo agisenge azotererwa mw'itanure ry'umuriro."

Muri ico gihe vyari biteye ubwoba kugarariza itegeko ry'umwami, igihe inzamba yavugaga, umuntu wese yaca yunamika umutwe wiwe mw'ivu hanyuma agasenga ico gishusho c'inzahabu. Bose barabikoze uretse abayuda batatu bitwa Ananiyasi, Mikayeli na Azariya, basenga Imana y'ukuri yonyene. Mu nyuma, bamwe mu bakozi b'umwami barabona ko babayuda batatu bagumye bahagaze, aho abandi bese bari bapfukamye, baca baja kubibwira umwami.

"Umwami, nyaguhoraho," abakozi baravugaga. "Turaziko washizeho itegeko ribwiriza igihe bumvise ijwi ry'ibikoreshe vy'umuziki, umuntu wese ategerezwa kugenda hanyuma agasenga igishushanyo cawe c'inzahabu. Kandi ko wavuzeko abazogarariza iryo tegeko batererwe mw'itanure ry'umuriro. Ariko, hari

abayuda bamwe bataruha bumvira amategeko yawe. Bafise ibibanza bihambaye mu bwami bwawe, ariko ntibaruha basenga imana zawe kandi ntibaruha bikubita imbere y'igishushanyo c'inzahabu cawe.” Umwami Nebukadineza arashavura cane hanyuma ko bamuzanira Ananiyasi, Mikayeli n'Azariya.

“Mwa misore y'abaheburayo, n'ivy'ukuri ko mudakorera imana zanje canke ngo musenge igishushanyo niyubakiye?” arabaza umwami yasazishijwe n'ishavu. “Ubu ni mwumva ijwi ry'umuziki w'ibicurarangisho, mutegerezwa kwunama kandi musenge igishushanyo canje. Ni mwavyanka, muca mutererwa mw'itanure ry'umuriro.” “umwami Nebukadineza, nimba udutaye mw'itanure ry'umuriro, Imana dukorera ifise ubushobozi bwo kudukiza, kandi ntiyoreka kudukiza mu maboko yawe. Kandi nubwo itobikora, turashakako ubimenya, mwami, ko tudashobora gukorera imana zawe canke ngo dusenge ishusho y'inzahabu washizeho,” abo basore batatu barishura.

Umwami Nebukadineza arashavura cane hanyuma asemerera abakozi biwe, “Cana mwongereze umuriro incuro indwi gusumba ukwo wategerezwa! Hanyuma baca baboha Ananiyasi, Mikayeli n'Azariya hanyuma babatererayo.” Urubeya rwari rwinshi cane kuburyo izo mbeya zaciye zica abasoda bose batereyeyo abo bagenzi batatu mu muriro. Umwami Nebukadineza n'abakozi biwe barabira hafi ibiriko biraba. Ubwo nyene, umwami aratangara cane hanyuma arabaza, “Mbega ntitwatayeyo abantu batatu baboshe mu muriro?”

“Ego, ukwo nikwo biri,” abakozi barishura. “Raba!” umwami aravuga atangaye cane. “Ndabona abantu bane hagati mu muriro. Ntibaboshe kandi umengo bameze neza, kandi uwa kane afise ishusho nk'iyi umwana w'imana.”

Nebukadineza yegera itanure hanyuma arasemerera, “Shadarake, Meshaki na Abunidego (amazina abibabuloni bita abo basore babaheburayo), bakozi b'Imana iri hejuru, ni muze ngaha!”

Abantu bose babaraba batangaye cane. Iyo misore itatu ica iva mw'itanure. Umuriro ntiwigeze ubaturira habe n'umushatsi n'umwe. Ntanakarangu k'umwotsi!

Nebukadineza aca agaragaza ko Imana ya shadurake, meshaki na abudinego ariyo ifise ubushobozi gusumba imana basenga, aca ashiraho irindi tangazo.

“Ishimwe rihabwe Imana ya Shadurake, Meshake n'Abudinego, yo yarungitse umumalayika hanyuma igakiza abasavyi bayo! Barayizeye kandi bagarariza itegeko ry'umwami, bemera gupfa hako basenga iyindi mana. Kubw'ivyo, ndategetse ko nihagira umuntu numwe wo mu gihugu icarico cose azovuga nabi Imana yaba bantu, imitwe yabo izocibwa, kandi inzu yabo izosamburwa kubera ko atayindi mana ishobora gukiza muri iyi nzira.” Nebukadineza arakora n'ibindi birenze. Aca ahereza abo basore babaheburayo ibikorwa bishasha, bihambaye gusumba ivyo bari barimwo. Yarazi ko ashobora kwizera abo bahungu babahizi kubera ko bakorera Imana y'ubushobozi.

IBIKORWA

Kwizera no kwumvira

Hereza abanyeshure impapuro z'ibikorwa. Bwira abanyeshure gukata umurongo uboneka cane kugira uwutandukanye nivy kwitondera. Batere intege zo gukoresha ibikorwa vayabo vyaheze mu kubwira abagize imiryango yabo ivyo bize mw'ishure.

Gufata k'umutwe


Koresha urupapuro rwo mu mpapuro z'ibikorwa vy'abanyeshure mw'isubiramwo ry'igice ca Bibiliya tw'iki kigabane. Nimba umwanya uvyemeye, tumira abavyeyi baze kwumviriza abana babo bariko bavuga imirongo k'umutwe. Ibi bitera intege abana kubandanya kuza mw'ishure no kwiga mw'ishure.

Kurangiza

Kubera ko uyu ari umusi wa nyuma w'ishure w'iki kigabane, muri make gira isubiramwo ry'ivyigwa vyaheze. Shimikira kukamaro ko kumenya ko Imana yacu ari inyabushobozi kandi yipfuza gufasha abana bayo.

Tera intege abana bawe kubwira abagenzi babo uku kuri guhambaye no kubatumira kuza mu nyigisho zo k'umusi w'Imana. Rangiza n'amasengesho kuri umwumwe wese.

**Ushobora
kwizera**



Imana

**Mubushobozi
bwayo**

Kata iyi sghusho uciye k'umurongo wirabura. Zinga uciye mu tuburungu kugira ngo inyabutatu zipfuke ishusho. Soma ayo majambo ari mu nyabutatu. Mu nyuma uzugurure hanyuma murabe mwishusho. Hoba habaye iki kuri iyo misore bivanye n'inkuru ya Bibiliya? Kata umumalayika k'urupapuro rukurikira. Homeka kw'itanure hamwe n'imisore itatu y'abaheburayo bizeye Imana.

Andika amazina k'umurongo hanyuma usome ubutumwa buri ngaho kubwawe. Hindukiza urupapuro inyuma hanyuma usome umurongo wa Bibiliya w'iki cigwa.

Intangamarara – Ikigabane VIII
YESU ATWIGISHA GUSENGA

Imirongo ya Bibiliya: Luka 6:12-16; 11:1-4; Yohana 17:6-26; Matayo 26:36-46.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'iki kigabane: Ndakwambaje, kuko utobura kunyishura, Mana; ntegera ugutwi, wumve ivyo mvuga. (Zaburi 17:6)

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abanyeshure:

- Gutahura ko Yesu atwigisha gusenga, aduha akarorero hamwe n'ivyo kwitondera bitomoye.
- Kwisengera ubwabo n'abandi bantu.
- Guteza imbere ingeso yo gusenga.
- Kwizera ko amasengesho ariyo nzira Imana yateguye kubwacu yo kuvugana nayo.
- Gatahura ko Imana yishura amasengesho y'abana biwe.

IVYIGWA VYO MU KIGABANE

Icigwa 33: **Yesu yama asenga imbere yo gufata ingingo**

Icigwa 34: **Yesu yigishije intumwa ziwe gusenga**

Icigwa 35: **Yesu yasengeye abandi**

Icigwa 36: **Yesu yarasenga igihe yaba ababaye**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

N'ivy'ingira kamaro mu myaka y'abana kumenya gusenga. Babwirizwa kumenya ko bashobora gusaba ubufasha bw'Imana mu gihe bafashe ingingo canke igihe bategerezwa guhitamwo hagati y'ikibi n'iciza.

Abanyeshure bawe barakeneye kwumva, bivuye ku bagenzi babo, abavyeyi babo, canke abagize uburyango. Barakeneye kumenya ko Imana yipfuzaga kubumviriza igihe basenze. Ntaco bitwaye ikibanza canke ibihe bacamwo, Imana ntiba muri vyinshi ngo ntibafashe.

Muri kino kigabane, muzokwiga bumwe mu bumaro bwo gusenga n'inyigisho z'urufatiro tubona mw'isengesho ry'Umwami.

Muri icyo myaka, kwitaho ibijanye n'abandi ni ngira kamaro. Abanyeshure babwirizwa kumenya ko bashobora kwerekana urukundo rwabo n'ivyo bakeneye mu gusengera abandi bantu.

Ibi vyigwa bizobigisha guhangana n'ubwoba bwabo hamwe n'ibibaraba hamwe n'ubufasha bw'amasengesho no gukenguruka hamwe n'urukundo k'Umwami igihe bavugana nayo.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya gusenga imbere yo gufata ingingo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ndakwambaje, kuko utobura kunyishura, Mana; ntegera ugutwi, wumve ivyo mvuga. (Zaburi 17:6)

Witegure ubwawe kwigisha

Gusenga niryo buye ry'imfuruka ry'ubuzima bw'abakristo. Biciye muri yo, kuvugana kwacu n'imigenderanire yacu n'Imana biragaburirwa kandi bigakomezwa. Abana babwirizwa kugerageza umugenzo wo gusenga kuva bakiri bato. Birababaje cane kubona abantu benshi bafata gusenga nk'ikintu gitera ubute canke ko muri make bataba bazi ico bobwira Imana.

Mu myaka yabo abana babwirizwa kuzofata ingingo nyinshi. Kubw'ivyo batere intege zo gusenga kandi basabe kurongorwa n'Imana mu kumenya ingene bokwifata.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Igitabo canje c'amasengesho**

Hereza umwana wese ikarata canke akandi kokwandikako hamwe n'impapuro zine zera. Babwire bazingemwo kubiri iyo karata hanyuma bandike inyuma: "Igitabo canje c'amasengesho." Zinga urwo rupapuro hagati, hanyuma urushire indani muri ya karata. Bifatanye canke ubihome mu mpapuro kugira ukore igitabo co kwandikamwo. Hereza umwanya abanyeshure bawe bandike amazina yabo aho kandi basharize inyuma y'ibitabo vyabo vy'amasengesho. Bigumize mw'ishure kugira bizokore muri kino kigabane.

Ni ryari twosenga?

Baza abanyeshure igihe bo canke abavyeyi babo basenga. Bashobora kuvuga ko basenga igihe bari m'urushengero, imbere yo gufungura, canke imbere yo kuryama. Babwire ko ari nkenerwa cane gusenga muri ivyo bihe vyose, ariko ushimikire kukubabwira ko Imana yama iriko iratwumviriza, kandi ko dushobora gusenga ibihe vyose no mu bibanza vyose.

Ingingo

Muri iki gikorwa, uzoba ukeneye isakoshi y'imbombo canke amabujji afise amabara atandukanye. Ereka imbombo abanyeshure bawe hanyuma ubasabe guhitamwo imwe ifise ibara bakunda bayijane muhira mu mpera y'inyigisho. Uhe akaryo umwe wese aje imbere hanyuma atore ibujji yipfuza.

Babwire bazifate hanyuma ubaze ko vyari vyoroshe guhitamwo ibara ryo. Babwire ko kenshi ingingo dufata ziba zoroshe kandi ko tudakeneye kuvyiyumvirako cane. Ariko, izindi ngingo ziba ari nyamukuru cane. Biciye muri iyi nkuru ya Bibiliya, Imana yipfuza kutwigisha gusaba impanuro imbere yo gufata ingingo.

“Ndakeneye gufashwa,” Yesu yiyumvira. “Abantu benshi bashaka kumenya Imana, kandi nkeneye kwigisha abantu bamwe bazomfasha gukora iki gikorwa. Ninde noshobora guhitamwo?” abantu benshi bakurikira Yesu aho yaja hose. Barifuza kwumva inyigisho ziwe no kumenya ingene bobaho ubuzima buhimbara Imana. Mu nyuma, bamwe muri abo bantu bashobora kuba abarongozi bazokwigisha abandi?

“Iyi ngingo irahambaye kandi aho hari inzira imwe gusa nshobora gufata,” Yesu yiyumvira. “Nzosaba Data ngo amfashe mu gufata ingingo.”

Ingingo yarihambaye kuburyo Yesu yagenda wenyene k’umusozi gusenga. Woba uzi igihe yamaze ariko arasenga? Amajoro yose! Mu gihe abandi bantu baba baryamye, yarasenga. Birashobokako yatangura gusenga hagati ya satatu z’ijoro kandi igihe sasita yagera yabandanya gusenga. Hageze izaha munani z’ubuca Yesu yaba akiriko arasenga, kandi yarabandanya gushika sakumi zo mugitondo. “Data, ninde nohitamwo?” abisaba mugusenga. Mu nyuma, Yesu amenya uwo ashobora guhitamwo kandi agasengera umwe wese.

Yasengeye Simoni Petero. Petero yashobora kuba akomeye nk’urutare kandi yashobora kwigisha abantu benshi ibijanye n’ubwami bw’Imana. Mu nyuma asengera Andereya, murumuna wa Petero. Andereya yari umwe yazana Petero kuri Yesu. Nivy’ukuri yaragiye kurongora abandi bantu benshi mu kumenya Yesu. Igihe yasengera yakobo na yohana, yarasengeye Petero kandi. Petero, yakobo na yohana bari bagiye kuba abagenzi badasanzwe ba Yesu.

Mu nyuma aca asengera Filipino, Barutilimayo, Matayo na Toma.

Muri izo ntumwa cumi na zibiri, hariho uwundi Yobu n’uwundi Simoni, hanyuma Yesu arabasengera nabo. Kandi yarasengeye n’abantu babiri bitwa ba Yuda. Umwe yabaye umwigishwa w’umwizigirwa, ariko uwundi umusi umwe yaraguze Yesu hanyuma amutanga mu bansi biwe.

Igihe haba ari mu gitondo, birashobokako haba ari nka samoya canke sambiri, Yesu yaramanuka avuye k’umusozi aje kuraba abantu Imana yahisemwo kubw’igikorwa kidasanzwe.

IBIKORWA

Usenge imbere yo gufata ingingo

Muri kino gikorwa, uzoba ukeneye ico bashirako impapuro gifise amaguru abiri hamwe n’imikasi.

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa vy’icigwa ca 33, hanyuma abana bakate imizingi itatu bakurikije aho ica. Somera hamwe ivyo kwitondera, hanyuma usigure biramvuye intambwe z’igikorwa. Umaze gushiramwo imizingi, bashobora gushira uwo mutwe w’umuzingi uhereye hejuru, umuzingi w’amajambo hagati, hanyuma umuzingi w’amashusho hasi, hanyuma uzifatanye no hagati y’urupapuro ruri ku nkingi. Urabe neza ko bose bakurikije ivyitonderwa kugira ngo imizingi ibone vyoroshe. Ukwo bakora, babwire: Yesu yarasenga imbere yo gufata ingingo zihambaye. Imana ishakako dusenga kandi dusaba ubwenge imbere yo gufata ingingo.

Ni ngira kamaro cane gusenga

Hereza ibitabo vy’amasengesho ivyo abana bawe bakoze imbere y’inyigisho. Babwire bandike ko icigwa hanyuma bacape canke bandike akamaro ko gufata ingingo kuvyo bagiye gusengera. Mu nyuma, vugana nabo kubijanye n’akamaro ko gufata ingingo y’ubwenge mu muco w’ijambo ry’Imana. Babwire ko bazokoresha ibitabo vy’amasengesho mw’ishure kandi ko bashobora kubijana muhira igihe bahejeje ikigabane.

Batere intege zo gusenga muri icyo ndwi mu gihe bakeneye gufata ingingo.


Gufata k’umutwe

Andika umurongo wo gufata k’umutwe kw’ikarata, hanyuma uwereke abanyeshure bawe. Bigishe ibimenyetso bikurikira mu guherekeza iryungane ryose ry’umurongo, ukwo baja barawusubiramwo: ndaguhamagara (shira ibiganza k’umunwa wawe nkuko woba uriko uhamagara umuntu), Imana yanje (erekana hejuru); kubera ko uza kwishura jewe (erekana wewe nyene), hindukiza ugutwi kwawe iwanje (shira ukuboko inyuma y’ugutwi kwawe), hanyuma umva amasengesho yanje (erekana umunwa wawe) (Zaburi 17:6).


Rongora abanyeshure bawe kugira bagire ibi bimenyetso igihe cose basubiyemwo umurongo wo gufata k’umutwe.

Kurangiza

Rongora abanyeshure mu kuririmba indirimbo ijanye no gusenga. Mu nyuma, ureke abashaka basenge amasengesho magufi yo kurangiza.



Umuzingi w'amajambo



Umuzingi w'amashusho



**Gusenga
imbere yo
gufata
ingingo**

•Fatanya imizingi itatu hagati hamwe n'urupapuro rubonerana. Umuzingi wo hejuru ugenda hejuru; umuzingi w'amajambo, hagati; kandi umuzingi w'ibicapo kuva hejuru.

•Hindura umuzingi hanyuma uvuge ingene Yesu yasenga imbere yo gufata ingingo.

•Hindukiza umuzingi kandi, hanyuma uhitemwo ijamba rivuye mw'ijamba ryo mumuzingi. Mu nyuma, raba ingene wofatanya ishusho. Vuga ibijanye n'ubwoko bw'ingingo dushobora gufata zihuye n'ishusho. Ikindi, vuga kubijanye n'ingene woshobora gusenga imbere yo gufata ingingo. Subiramwo n'imiburiburi intambwe zibiri hamwe n'ijamba ryose n'ishusho.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Yesu yari akarorero ku bigishwa biwe ibijanye no gusenga.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ndakwambaje, kuko utobura kunyishura, Mana; ntegera ugutwi, wumve ivyo mvuga. (Zaburi 17:6)

Witegure ubwawe kwigisha

Abana benshi bo muri iyi myaka ukwo baja barakura mu migenderanire yabo n'Imana. Biciye muri kino cigwa, bazokwiga ingene bovugana n'Imana mu gusenga. Abana baranezerwa abantu babumviriza. Biratahuritse kandi bagahura n'ibihe vyo gusenga mu buzima bwabo hamwe n'inkomezi z'imigenderanire n'Umwami. Hejuru ya vyose, bizobatera intege zo kumenya ko Imana yama yipfuzza kubumviriza igihe bavuganye nayo.

Muri kino cigwa tuzoshimikira mu gufasha abana gukurikira gufatanya isengesho ry'Umwami.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Igitabo c'isengesho ryanje**

Bwira uwushaka atange ibitabo vy'amasengesho. Bafashe bandike k'urupapuro rukurikira akarorero k'amasengesho yo gushimira imfungurwa. bemerera kurangiza ibicapo bimwe. Babwire ko mu mpera z'ukwezi bazoba bafise icegeranyo c'uburorero bw'amasengesho. Iki gitabo kizofasha nk'umurongozi mu gihe bakeneye kuvugana n'Imana.

Iterefone y'Imana

Muri kino gikorwa, uzoba ukeneye amaterefone Atari make. Baza abanyeshure bawe: mwoba mumaze kuvugana kw'iterefone n'abagenzi banyu? Bahe umwanya bishure, hanyuma ubabwire: igihe uriko uravugana n'umugenzi, ntabwo uba ukeneye gukoresha bihambaye canke amajambo agoye, ariko uvuga ukwo usanzwe kandi ushobora kuvuga ivyo wipfuzza vyose. Imana ashaka ko woba umugenzi wayo mwiza. Ushobora kuvugana nayo mw'ibanga, ukoresheje amajambo asanzwe.

Imana izi ibintu vyose bijanye nawe kandi yipfuzza kuvugana nawe, nkuko ubikorana n'abagenzi bawe. Bahe umwanya bazunguruke bavugana isengesho ritoya kw'iterefone. Ubibutse ko Imana yumva amasengesho yabo kandi ata narimwe ija mumyitwarariko yindi. Yama ifise umwanya wo kwumviriza abana bayo.

INKURU YA BIBILIYA**Luka 11:1-4**

Andika isengesho ry'Umwami k'urubaho canke kw'ikarata uja gukoresha uriko uvuga inkuru ya Bibiliya.

Isengesho rya Yesu

Igihe Yesu yariko arasenga, abigishwa biwe barumvirije kandi baramwitegerereza hafi. Umusi umwe igihe yarahejeje gusenga, umwe mu bigishwa biwe aravuga, “Mwami, twigishe gusenga. Nkuko Yohana umubatizi yigishije abigishwa biwe gusenga. Ndakwingize, twigishe gusenga nkuko ubikora.”

Yesu arababwira, “uku nikwo mukwiriye gusenga: ‘Data uri mw’ijuru, izina ryawe ryubahwe, ubwami bwawe buze, ivyo ushaka bibe kw’isi nkuko biba mw’ijuru. Uduhe uno musi ivyo kurya bidukwiye. Kandi uduharire ivyaha vyacu, nkuko tubabarira abatugiriye nabi. Ntudutererane ibitwosha nabi, ariko udukize wa mubi, kuko ubwami n’ubushobozi n’icubahiro ari ivyawe ibihe vyose. Amen (Matayo 6:9-13).”

Yesu amaze kubabwira iri sengesho abigishwa biwe, ntivyasigura yuko imisi yose babwirizwa gukoresha ayo majambo nyene iyo bariko barasenga. Kari akarorero kuri twebwe mu kumenya ingene tuvugana n’Imana. Mu bibanza vyinshi, iri sengesho rirazwi nki “isengesho ry’Umwami”, canke “Imana yacu” nk’isengesho.

Igihe tuvuze isengesho ry’Umwami nk’igice c’amasengesho yacu, ariko birakenewe cane ko dukoresha amajambo yacu mu kuvugana n’Imana.

IBIKORWA

Isengesho ryanje ryo mugakarato

Hereza abana impapuro z’ibikorwa n’amasengesho yo mucigwa ca 34 hanyuma bandiko amazina yabo k’umurongo. Hanyuma bayakate bacishije k’umurongo uboneka w’ishusho y’icigwa ca 34. Bereke ingene bazinga urupapuro ucishije mutuburungu kugira wegeranye amasengesho ari mudukarato. Bafashe gufatanya amasengesho mu bibanza bigaragara. Munyuma babihome aho bateguye kudukarato.

Basigurire ko ako gakarato kazobafasha kubika ivyo basengeye. Ico kwongerako, bashobara gutumira imiryango yabo n’abagenzi bongereko ivyipfuzo vyabo vyo gusengera.

Imana yacu

Abana bakiri bato baba batanguye kumenyera gusenga kandi ninkenerwa ko batangura kurifata k’umutwe. Ariko, urondere umwanya udasanze wo kubasigurira icarico hanyuma urabe neza ko babitahuye neza.

Vugana nabo kubijanye n’insiguro y’iryungane ryose. Bahe umwanya basohore ivyiyumviro vyabo hanyuma wongereko icyumviro igihe bikenewe.

Data wacu: iyo uriko uravuga Imana muri iyi nzira, tuba twerekanye ko ari rukundo kandi Data w’ubwenge. Vyerekana ko tugize umuryango w’Imana.

Izina ryawe ryubahwe: vyerekana icubahiro no kwubaha Imana. Bisigura y’uko izina ry’Imana ari iryera. Ubwami bwawe buze: gutahura ko inzira z’Imana arizo ziroranye.

Ayo mungane ya mbere yerekana icubahiro no guhimbaza Imana. Hariho kandi izindi nzira zo gushika ku Mana no kuyihimbaza, nk’Imana itangaje, y’ubushobozi, y’urukundo, iri hejuru ya vyose, n’ibindi n’ibindi.

Duhe ivyo kurya bidukwiye uyu musi: mu kuvuga aya majambo nk’akarorero, Yesu yashakako tumenya ko Imana ariyo itanga ivyo dukenera vyose mu kubaho kwacu kwa misi yose. Nimba duciye mu bihe vyo kubura ivyo dukenera, dushobora gusaba Imana ubufasha. Yarasezeranye ko izoduha ivyo dukenera.

Igice gikurikira c’iri ryungane kirahambaye cane:

Uduharire ivyaha vyacu, nkuko natwe tubabarira abatugiriye nabi: igihe dukoze ikintu kidahimbara Imana dushobora gusaba ngo itubabarire. Niyo nzira yonyene dushobora kugaruka imbere yiwe. Imana iraduharira imisi yose iyo tuyisavye ikigongwe m’ukuri. Muri icyo nzira nyene, dutegerezwa kubabarira abatugiriye nabi.

Gufata k’umutwe

Subiramwo umurongo wo gufata k’umutwe ukoresheje ibimenyetso twize mu cigwa caheze. Ubazeko atabashakako kuza imbere hanyuma urongore uwo mugwi ukwo bazoba bariko barasubiramwo umurongo incuro ya kabiri.

Bahereze amakarata y’imirongo y’ukwezi kugira ngo bayijane muhira bazoje barasubiramwo hagati mu ndwi.

Kurangiza

Hereza abanyeshuri bawe ibikorwa vyose bakoze, hanyuma ugire umuzingiro wo gusenga. Wandike ivyo bavuze kw’ikarata, hanyuma ubasengere. Basezere muririmba indirimbo ijanye no gusenga, kandi ubatere intege zo kugaruka kuw’Imana ukurikira.

Igice B

"Data, izina ryawe
ryubahwe, ubwami
bwawe buze. Uduhe
ivyo kurya
bidukwiye uyu
musi."
(Luka 11:2-3)

Igice C

Badikaho ikiganza c' amasengesho hano

Kata umurongo wirabura. Munyuma, uzinge icishije mu tuburungu turi k'umurongo. Fatanya ibice B na C n'inyuma A. fatanya E na F inyuma ya D. kata intoke z'amasengesho uvuye ku gice cakaswe. Fatanya kimwe mu biganza kuri buri ruhande ry'isandugu y'amasengesho yawe (raba akarorero). shushanya canke wandike ivyo gusengera k'udupapuro dutoduto, hanyuma bashire mw'ikarato yawe. Tumira abagize umuryango gukora ukwo nyene. K'umusi k'umusi hitamwo ico gusengera hanyuma ugisengere. Wibukeko Yesu yaduhaye akarorero k'ingene twosenga.

Badikaho ikiganza c' amasengesho hano



Igice E

"Uduharire ivyaha
vyacu, nkuko natwe
duharira ivyaha
vy'abatugiriye nabi.
Kandi ntudute
mubitwosha nabi
(Luka 11:2-3)

Igice F

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gukurikiza akarorero ka Yesu mu gusenga no gusengera abandi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ndakwambaje, kuko utobura kunyishura, Mana; ntegera ugutwi, wumve ivyo mvuga. (Zaburi 17:6)

Witegure ubwawe kwigisha

Abana baba bafise vyinshi vyo gufata, nkuko bavyerekana mu kwiga gufata k'umutwe imirongo. Iki kizobafasha kuguma bibuka ko babwirizwa gusengera abandi. Bigishe ko bakoresha gufata kwabo mu guteza imbere igikorwa c'amasengesho.

Akarorero kawe kajanye n'amasengesho ni nkenerwa cane ku bana. Ushizemwo no gusengera abandi nka kimwe mu banyeshure bawe. Ikindi, reka abanyeshure bawe bamenyeko ubasengera mu ndwi hagati, kandi bibatere intege zo gusengeranira.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Igitabo canje c'amasengesho**

Bahereze ibitabo vy'amasengesho, hanyuma uhereze umwanya abanyeshure bawe bagire urutonde rw'abantu bashobora gusengera. Ntiwibagire gushiramwo pasitori w'ishengero n'abamisiyoneri.

Babwire bandike umutwe w'amajambo: "Ntegereza gusengera...", hanyuma basharize urwo rupapuro ukwo bashaka.

INKURU YA BIBILIYA

Yohana 17:6-26

Soma igisomwa gikurikira co muri Yohana 17, hanyuma usigurire abanyeshure y'uko ari rimwe mw'isengesho Yesu yasenze abwira Imana imbere y'ukwo bamwica. Nimba ubikunze, babwire bugurure amabibiliya yabo hanyuma bakurikire basoma n'amaso yabo, canke nimba ufise uwusoma neza mw'ishure, muhe asome n'ijwi rirenga. Yesu yarasengeye abandi "Ndakweretse abo wamapaye hano mw'isi. Bari abawe; warabampaye kandi barumviye ijambo ryawe...Barizeye ko ariwe wantumye.

Ndabasengeye... Data wera, ubarindire mu bushobozi bw'izina ryawe, izina wampaye, kugira ngo babe umwe nk'uko natwe turi umwe. Nkiri kumwe nabo, narabarinze kandi nabarindiye mw'izina wampaye...

Isengesho ryanje s'iryabo bonyene. Nsengera nabo bose bazonyizera biciye mu butumwa bwabo, kugira ngo bose babe umwe, Data, nkuko uri muri jewe nanje nkaba muri wewe.

Data ugororotse, nubwo isi itakuzi, ndakuzi kandi nabo barazi ko ariwe wantumye. Narakumenyekanije muri bo, kandi bazobandanya gutuma umenyekana kugira ngo urukundo umfitiye rube muri bo kandi nshobore kuba muri bo."

IBIKORWA

Nzosengera ababanyi banje

Reka abana barondere urupapuro rw'ibikorwa rufise umutwe "Kubera iki Yesu yasenze?" Ubibutse ko Yesu yasengeye abigishwa biwe n'abizera bose. Babwire bandike amazina y'abantu bagiye gusengera. Nimba bafise ingorane yo guhitamwo abo bantu, babwire ko bashobora kuba abo mu miryango, abagenzi, umuryango wa pasitori, abarongozi, abamisiyoneri, n'abandi.

Tera intege abanyeshure gusenga buri musi basengera abo bantu bari ku ntonde zabo, hanyuma bacape inyenyeri kugikarato gihuye nitarike basengeye.

Gufata k'umutwe

Koresha agapupe mu gusubiramwo umurongo wo gufata k'umutwe. Reka agapupe kavuge kugira ngo abana bavuge umurongo neza bakosora amakosa y'agapupe. Nk'akarorero, agapupe gashobora kuvuga: "Sinibuka umurongo, mwoshobora kumfasha?"


Ikindi agapupe karavuga umurongo nabi hanyuma abanyeshure bategerezwa gukosora ayo makosa. Igihe ako gapupe munyuma kavuze neza umurongo atamakosa gashizemwo, tumirira abanyeshure bawe gusubiramwo hamwe nako.

Kurangiza

Babaze ko ari vyiza gusenga umwanya muremure canke mugufi: mu cigwa cacu uno musi twizeko Yesu yasenze umwanya muremure, ariko hariho ibihe yasenga amasengesho magufi. Mwibazako Yesu atwumviriza neza igihe dusenze amasengesho maremare? Sigura y'ukwo uburebure bw'amasengesho ataco butwaye. Imana yama itwumviriza kandi iratahura ivyo dukeneye.

Saba abashaka babiri barongore ishure mw'isengesho imbere yo gusezerana.

Kubera iki Yesu yasenze?



**Yesu
yarasengeye...**

Andika izina ryawe mu muzingi ugaragara. Rondera urupapuro rw'ibanza vy'amasengesho mu gice gikase hanyuma ugikate. Mu nyuma, fatanya bimwe mu biganza bicafe vyerekana abantu Yesu yasengeye mu nkuru ya Bibiliya. Uzuza iryngane hejuru.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya gusenga igihe bafise umubabaro canke bihebuye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ndakwambaje, kuko utobura kunyishura, Mana; ntegera ugutwi, wumve ivyo mvuga. (Zaburi 17:6)

Witegure ubwawe kwigisha

Kubera ko abana biyumvira ko Yesu atigeze ahura n'ingorane, iki cigwa gishobora kubatangaza. Kumenya ko Yesu nawe rimwe na rimwe yumva aruhijwe nivyo yariko acamwo bizobakomeza mu kumenya ko atahura ingene twiyumva igihe ibintu bitariko bigenda neza kuri twebwe. Abana mu myaka yabo mito baratinya guhura n'ibintu bishasha, gutabwa, gutakara, kuba bonyene, guhindura imibereho yabo, canke kunanirwa. Mu kubigisha ibijanye n'urukundo rw'Imana no kubitwararika, bizobaha umutekano bakeneye mu guhangana n'ibihe bishobora gushika. Hamwe n'iki cigwa, abanyeshure bawe bazotahura kandi ko rimwe na rimwe Imana itaturungika mu ngorane, ariko iduha inkomezi zoguhangana navyo. Mu kumenya kwishira mu bugombe bw'Imana, bazotahura ko Imana ishaka ivyiza kuri bo.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Igitabo canje c'amasengesho

Tanga ibitabo vy'amasengesho ku bana bawe. Babwire bandike amajambo ari muri zaburi 120:1 hanyuma bashushanye ishusho ivyerekana. Babwire ko isengesho n'ingene tuvugana n'Imana ibijanye n'umubabaro wacu n'ibitugoye. Subiramwo amasengesho banditse muri kino kigabane, hanyuma ubahe umwanya wo kurangiza gushushanya canke kwuzuza ibibuze. Bashobora gutwara ivyo bitabo muhira inyuma y'ishure ry'uno musi.

INKURU YA BIBILIYA

Matayo 26:36-46

Yesu yafashe abigishwa biwe abajana mu kibanza ciza kandi kirimwo amahoro bita I Getsemani. Bamaze kuhashika, arababwira, “icara hano. Ngira nje gusenga. Petero, yakobo na Yohana, ni muze tujane.”

Bakiriko baragenda, Yesu atangura kubabara no kwihebura. Mu nyuma abwira abagenzi biwe, “Umutima wanje urababaye kuburyo numva umengo ngiye gupfa. Guma ngaha kandi musengane nanje.” Munyuma, agenda hirya gatoya arasenga.

Abantu bamwe barahunga iyo bari mumubabaro; abandi bakarira hanyuma abandi ugasanga ntanumwe bashaka kuvugana. Igihe Yesu yarababaye, woba uzi ico yakoze? Yapfukamywe kw'isi hanyuma arasenga, “Data, nimba bikunda, iki gikombe kindengane; ariko ntibibe ukwo jewe nshaka ariko bibe ukwo wewe ubishaka.”

Yesu amenyako igihe ciwe co kubabazwa kigeze agiye kubabazwa cane. Ntiyarabishaka, ariko yaraziko ariyo nzira yonyene yo gukiza abantu ivyaha vyabo. Kubw'ivyo arasenga, “Data, reka ubugombe bwawe aribwo buba. Kora icoba ciza kuri bose.”

Arangije gusenga, aca asubira aho babagenzi biwe batatu bari bari. Mbega wibazako bariko bakora iki? Boba bari bamurindiriye kandi bariko barasenga nkuko Yesu yari yababwiye? Oya, bari basinziriye. “Mbega ntimwabashije no kubana nanje n’isaha imwe?” Yesu arababaza. “Senga kugira ntimuje mubibosha nabi.”

Yesu asiga abigishwa biwe kandi hanyuma agenda gusenga. Amaze gupfukama, aravuga ati, “Data, nimba bidakunda ko wonkura muri uwu mubabaro, reka ubugombe bwawe aribwo buba.”

Yesu agarutse aho abigishwa biwe bari, asanga basinziriye kandi. nubwo bagerageje kuguma bari maso, itiro ryarabarengeye. Yesu yarabaretse barasinzira hanyuma aja gusenga Data, nkuko yari yabikoze imbere. Agarutse asanga abigishwa biwe n’ubu bagisinziriye, arababwira, “Ni muryame ubu kandi muruhuke. Vuba umubabaro uratangura.”

Mu mpera aravuga, “Vyuka, kandi muze hano. Ehe uwuntanga ku bansi banje ari hafi.”

IBIKORWA

Bizokoreka!

Umaze gutanga impapuro z’igikorwa c’iki cigwa, bwira abana bazinge urupapuro bacishije mu tuburungu mu kwibuka ivyo Yesu yakozе igihe yari mumubabaro.

Mu nyuma, reka bagende k’urupapuro rukurikira hanyuma buzuze mutuzitizo mu gusubiramwo umurongo wo gufata k’umutwe. Reka wigishe abana gusenga.

Gusenga n’iki?

- Gusenga n’imwe mu nzira Imana yahisemwo mu kuvugana natwe.
- Gusenga bisigura kuvugana n’Imana mu mwidegemvyo, bivuye ibwina mu mitima yacu.
- Gusenga n’ugushikiriza ubwoba bwacu n’ibiduhagaritse umutima ku Mana.
- Gusenga n’ukuvugana nayo ibijanye n’ingorane zacu, ivyo dukeneye n’ibibazo, hamwe kandi n’ibijanye n’indoto zacu n’umunezero.

Ivyankenerwa bijanye no gusenga abana babwirizwa kumenya:

- Nshobora gusenga umwanya wose, k’umurango canke mw’ijoro.
- Nshobora gusengera ahariho hose.
- Imana irazi intege nke zacu n’inkomezi. Irazi ibituma tunezerwa n’ibituma tubabara.
- Imana irazi ibijanye n’ubuzima bwacu n’ubwo abantu bose bari kw’isi.
- Imana ifise intumbero yo kwishura amasengesho yacu bihuye n’ubugombe bwayo.

Gufata k’umutwe

Tegura ukuntu abanyeshure bawe bashobora kwerekana ubushobozi bwo gufata k’umutwe no kuvuga umurongo wose. Tanga udushimwe dutoduto mukubatera intege ngo babandanye biga ijamba ry’Imana.

Inzira: saba umupasitori yemerere abanyeshure baje mu mwanya wo gutazira mu gusubiramwo umurongo wo gufata k’umutwe bize.

Kurangiza

Sengera umwe wese, sengera imiryango yabo, amashure, amagara kandi ibirengeye ivyo vyose, ugukura kwabo mu mpwemu. Sengera kandi abagwaye nabo bose bataje mw’ishure.

Bahereze ibikorwa vyose bakoze muri kino kigabane, kandi ubituse ko mw’ishure rikurikira bazatangura kwiga ikigabane ca Bibiliya.

Gusenga n'urupfunguruzo

Raba muri Bibiliya yawe hanyuma wuzuze mutuzitizo amajambo abura mu guheraheza umurongo wa Bibiliya.

**“Ndi _____ nawe,
Imana yanje, kubera ko
uzoba _____
_____jewe; ntegera jewe kandi
wumve _____gusenga.”**
(Zaburi 17:6)



Intangamarara - Ikigabane IX

BIBILIYA

Imirongo ya Bibiliya: Yeremiya 36; Luka 4:16-44; 2 Ngoma 34; ivyakozwe n'intumwa 16:1-5; 2 Timoteyo 1:1-7; 2:1-6, 16-18; 3:10-17; 4:13-22.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'ikigabane: Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje, n'umuco umurikira mu nzira yanjye (Zaburi 119:105).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abana:

- Gukunda no kwubaha Bibiliya nk'ijambo ry'Imana;
- Kuvumbura isoko ya Bibiliya n'intambwe biciye mu bihe;
- Guteza imbere ubumenyi bw'isezerano rya kera na rishasha, ubutumwa, zaburi, Itanguriro, no guhishurirwa;
- Gutora ko Imana ariyo ihindura ubuzima bwacu mu gihe twize ijambo ryiwe.

IVYIGWA VY'IKIGABANE A

Icigwa 37: **Bibiliya n'igitabo kidasanzwe c'Imana**

Icigwa 38: **Bibiliya itubwira ivya Yesu**

Icigwa 39: **Bibiliya idufasha gukora ibintu vyiza**

Icigwa 40: **Bibiliya iratwigisha buri musi**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO Z'IKI KIGABANE:

Benshi mu bana bawe bipfuzaga kumenya Bibiliya; birashoboka ko bamenya imirongo imwimwe yo gufata k'umutwe. Kubw'ivyo, iki cigwa kizotujana kwinjira cane mu nyigisho nziza z'iki gitabo. Bazokwiga kumenya aho basanga isezerano rya kera n'iry'ubu, co kimwe n'ibindi bitabo vyo muri Bibiliya. Biciye muri bino vyigwa, bazokurikirana urugendo rwa Bibiliya kuva kera gushika uno musi. Bazotahura kandi ko biciye mw'ijambo ryayo, Imana yahishuye urukundo rwayo kuri twe bwe kandi itwigisha ingene twobaho neza.

Icigwa ca mbere, ufatiye ku nkuru y'ingene Imana yihishuye mw'ijambo ryayo muri Yeremiya, bigishe ko Bibiliya “yahumetswe n'Imana.”

Mu cigwa ca kabiri, bazokwiga ko Bibiliya ihishura urukundo rw'Imana mu bantu; kandi mu bindi bibiri, bazokwiga ko Imana ishaka guhindura ubuzima biciye mw'ijambo ryayo.

Fasha abanyeshuri bawe gutahura ukuri kw'impwemu dusanga muri Bibiliya. Bariko barumviriza inkuru za Bibiliya, abana bazomenya cane ibijanye n'Imana.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Bibiliya idasanzwe kuberako irimwo ubutumwa bw'Imana kuri twebe.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje, n'umuco umurikira mu nzira yanje (Zaburi 119:105).

Witegure ubwawe kwigisha

Biciye mu cigwa c'uno musu, abana bawe bazomenya ko Bibiliya yahumetswe n'Imana kugira ngo dushobore kumenya ubugombe bwayo. Ni nkenerwa ko batahura ko Imana ivugana na twe biciye mu nkuru za Bibiliya no kuduha umurongo wo kubaho neza.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Bwira abana bawe ko Bibiliya igabuyemwo kabiri isezerano rya kera n'isezerano rishasha. Muri kino kigabane, bazokwiga inkuru zivuye muri ivyo bice vyose.

INKURU YA BIBILIYA**Yeremiya 36****Imana yahaye ubutumwa Yeremiya**

Abantu babaheburayo ntibashaka kwumva ubutumwa Imana yashaka kubaha buciye k'umuvugishwa wayo Yeremiya. Ariko, Yeremiya yarazi ko ategerezwa kwumvira Imana no kubandanya gutangaza ubutumwa bwayo. “Kubera iki muhimbaza ivyo bigirwamana?” Yeremiya arabaza “Nimwabandanya kugarariza Imana, ingabo z'abansi banyu zizobandanya kubagwanya no kubatwara nk'inyagano kure yiwanyu aho muzoba abaja. Va mu bibi vyanyu hanyuma musabe Imana imbabazi!” ariko, abantu n'umwami Yehoyakimu banka kwumviriza kubabishwa n'umuvugishwa hanyuma babandanya kugarariza Imana.

Mu mwaka ugira kane Yehoyakimu ari umwami w'Ibuyuda, Imana ibwira Yeremiya iti, “Ndagomba ko wandika ubutumwa bwose ngiye kuguha. Birashoboka ko nibumva ibihano ntegekanya kubarungikira, bazohagarika kugarariza. Nimba babikoze ukwo, nzoharira ivyaha vyabo vyose. “Imana ntishaka guhana abantu bayo. Irabakunda kandi ishakako bumvira imburi yayo hanyuma bakayumvira. kwandika ubutumwa bwose bwatanzwe n'akazi gakomeye, kubw'ivyo umuvugishwa aca asaba umugenzi wiwe Baraki ngo amufashe. Baraki aca afata insato z'ibikoko kubera ko, muri ivyo bihe, insato nizo zakoreshe mu kwandikako mu kibanza c'impapuro z'uno musu. “Baraki, ndagusavye uze hano,” Yeremiya aramuhamagara, “hanyuma wandike ubutumwa bwose ngiye kuguha.” K'umwaka urenga, Yeremiya ahereza Baraki ubutumwa bw'Imana ngo abwandike ku mizingo.

Woba uzi icarico umuzingo? N'urusato rw'igikoko abantu bakoresha mu kwandikako, co kimwe n'impapuro zikoreshe uno musu. Yeremiya na Baraki barateba bararangiza igikorwa cabo.

“Uraziko ntemerewe kwinjira mu ngoro,” Yeremiya abwira Baraki, “kubw'ivyo wobikora. Genda mu nzu y'Imana hanyuma usomere abantu ibintu vyose nagushikirije.

Baraki arumvira hanyuma agenda mu ngoro kubasomera ibiri mu muzingo. Mikayi, umwe mu bakozi b'umwami, yumva ivyo Baraki yariko arabasomera hanyuma agenda kubwira abandi bakozi. "Numvise ubutumwa Imana yahaye umuvugishwa Yereimiya," Mika aravuga. "Imana iravugako igiye kuduhanira niyo twabandanya kutumvira amabwirizwa yiwe."

Bamaze kwumva ivyo, barungika kubwira Baraki kuzana umuzingo no kuwubasomera.

Baraki aca arabasomera. Amaze kurangiza kubasomera, abishikira bararabana, kandi n'ubwoba bwinshi baravuga, "umwami ategerezwa kwumva ibi. Aiko wewe na Yereimiya mutegerezwa kwinyegeza canke umwami azobice." Hanyuma abishikira baja imbere y'umwami kumubwira ivyabaye. Umwe mu bishikira, yitwa Yehudi, asomera umwami umuzingo hamwe n'abarongozi bese bari kumwe nawe.

Kubera ko ari igihe c'agatasa kandi hari hakanywe cane, umwami yari yicaye hafi y'umuriro aiko arota. Igihe Yehudi yasoma ibice bitatu canke bine vyo mu muzingo, umwami aca abikata inkota yarafise hanyuma abiterera mu muriro. Abibandanya ukwo nyene gushika umuzingo wose awuturiye. Bamwe mu bishikira baramutakambira ngo ntawuturiye, aiko umwami ntiyavyumviriza. Hanyuma atanga itegeko ko Baraki na Yereimiya bafatwa, aiko abishikira bagiywe kubarondera ntibashoboye kubaronka kubera ko Imana yari yabanyegeje kandi yabazigamye. Imana ivugana na Yereimiya iramubwira, "Rondera urundi rushato hanyuma usubire wandike vyose nkuko nari nabikubwiye imbere.

Ikindi, wongereko ubu bundi butumwa k'umwami Yehoyakimu n'bantu. Babwire ko ngiywe kubatwara igihugu cabo kubera ko batumviye amajambo yanje. Ikindi, nta numwe wo mu muriro wa Yehoyakimu azosubira kurongora Isirayeli." Yereimiya na Baraki bumvira Imana hanyuma barandika ubwo butumwa bwose kandi. Dushobora kubusoma mu mabibiliya yacu. Ubu butumwa butwibutsa ko Imana idukunda kandi ishakako twumvira ijambo ryayo.

IBIKORWA

Udusato

Muri iki gikorwa, uzoba ukeneye imikasi, koro, kereyo, hamwe n'igice c'irangi k'umwana wese. Tanga impapuro z'ibikorwa ku banyeshuri hanyuma ubarongore ingene bakora udusato bakurikije ivyo kwitondera. Tanga insiguro y'udusato mu kuvuga: n'utuntu twari tumaze nk'impuzu bashirako imirongo ya Bibiliya. Abaheburayo badushira k'uruhanga rwabo canke ku maboko yabo kugira ngo bikomeze kubibutsa amabwirizwa hamwe n'amasezerano y'ijambo ry'Imana.


Gufata k'umutwe

Hereza abana ikarata y'umurongo w'ukwezi bihuye n'iki kigabane, no gusoma igisomwa hamwe. Munyuma, saba abakobwa bese basome umurongo, hanyuma abahungu bese, munyuma abana bese bafise imyaka 8, n'abandi. Ubibutse ko ikarata izobafasha gusubiramwo umurongo w'ikigabane muri iyi ndwi.

Kurangiza

Tanga amashimwe ku Mana biciye mu gusenga kuba yaraduhaye ijambo ryayo ngo tumenye ivyiwe gusumba. Ririmba indirimbo ijanye na Bibiliya, no gutumira abana mw'ishuri mu ndwi ikurikira. Ntiwibagire kubabwira ko ari nkenerwa cane ko bazana amabibiliya yabo.

Phylactery



"Ni mwumve, yemwe Bisirayeli: uhoraho Imana yacu niwe wenyene; kandi mukundishe uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose n'inkomezi zanyu zose...Muze muyahambire ku maboko yanyu kandi muyashire mu ruhanga rwanyu."(Gusubira mu vyagezwe 6:4-5, 8)

"kandi mu bana banyu ni hagira ubaza se, mu gihe kizozza, at'ibi n'ibiki? Az'amwishure, at'Uhoraho yadukuye muri Egiputa, mu nzu y'ubuja, adukujeyo ubushobozi bwinshi.. . ivyo bize bibe nk'ikimenyetso gishizwe ku maboko yanyu, kandi nk'ibishizwe mu ruhanga hagati y'amaso yanyu: kuk'Uhoraho yadukuje muri Egiputa ubushobozi bwinshi." (kuvayo 13:14,16)

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Bibiliya ibigisha ibijanye na Yesu, umwana w'Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje, n'umuco umurikira mu nzira yanje (Zaburi 119:105).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana benshi biyumvirako Bibiliya ari urukurikirane rw'inkuru; abandi nabo baziko ijamba ry'Imana ririmwo amategako n'amabwirizwa, hanyuma abandi nabo bumvise ko Bibiliya ivuga ibijanye n'Imana na Yesu.

Iyi nkuru niyikimazi kuri bo, ariko igihambaye gusumba ibindi nukwo batangura gutahura ko Bibiliya ari igitabo kimwe, kidasa n'ibindi bitabo vy'akahise canke ibindi birimwo amategako. Iki gitabo kivuga ibijanye n'urukundo rw'Imana kandi gitanga inyishu itomoye ku bibazo vyacu vyinshi. Ubutumwa bwo muri Bibiliya ni bumwe kandi buriho kubw'abantu bose. Iki cigwa kizobafasha gutahura y'uko Yesu arengeye kuba umwigisha mukuru yabaheyo imyaka myinshi imbere. N'umwana w'Imana kandi, biciye mu nkuru nyinshi za Bibiliya, bashobora kwiga kubijanye n'ibitangaza bikomeye yagiye arakora.

Rongora abana bawe bariko bariga Atari gusoma gusa no gufata k'umutwe ibice vya Bibiliya ariko m'urukundo, kwubaha kandi hejuru ya vyose kuryumvira.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Zana Bibiliya yawe

Shimira abana bose bashoboye kuzana amabibiliya yabo mw'ishure iyi ndwi, hanyuma ubasabe kuzugurura k'urupapuro rwa mbere. Basigurire ko Bibiliya igabuye mu bice bibiri nyamukuru: isezerano rya kera n'isezerano rishasha. Babwire berekane aho isezerano rimwe riherera naho irindi rihera. Subiramwo ibi incuro nyinshi gushika aho abana bashoborera kwerekana ingene bigabuye vyoroshe. Babaze igitabo ca mbere co mw'isezerano rya kera hamwe n'ica nyuma. Bafashe kugira boroherwe kugabura ibitabo vya Bibiliya ukwo baja bariga bino vyigwa.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 4:16-44

Yesu ari mw'isinagogi

“Raba abagarutse bavuye muri ico gisagara!” abantu baravugaga. Yesu yaje i Nazareti kugendera ikibanza aho yakuriye. Yesu aja mw'isinagogi no kurondera ikibanza yokwicaramwo. “Uwo ni Yesu, umuhungu wa Yozefu, umubaji?” bamwe baravugaga.

“Nivyo, niwe,” bamwe barishura. “Nyina wiwe azonerwa cane amubonye. Ndipfuzaga gusubira kumwumva ariko arasoma ivyanditswe. Bambwiye ko ariko aravugana namwe mu bagalilaya mwisinagogi kandi uwo n'umwigisha ahambaye.”

Kubw'ivyo baca batumira Yesu ngo aje imbere asome ivyanditswe. Abantu bari ngaho bipfuzwa kumwumva, kandi bari bateze amatwi igihe Yesu yugurura umuzingo hanyuma atangura gusoma.

“Mpwemu w’uhoraho ari kuri jewe kubera ko ariwe yandobanuje amavuta ngo ntangaze ubutumwa bwiza kuboro. Yantumye gutangariza abapfunzwe ko barekuwe n’impumyi kozironka kubona, abahahazwa ko bidegemvya, gutangaza umwaka wo kwemererwamwo n’Umwami.”

Abantu batahura igice c’ivyanditswe ivyo Yesu yariko arasoma. Imyaka myinshi yarihaciye, umuvugishwa Yesaya yanditse ayo majambo, avugako ayo masezerano ashitse.

Iki gice cavuga k’umukiza w’isi yose, uwo Imana yari yarasezeranye kurungika.

Yesu yugara umuzingo hanyuma aravuga, “Uno musu ibi vyanditswe mwumvise ubu birashitse.”

“Muvuze?” abantu barabaza? “Ivyo nukuri ariko aratubwira?” mbega s’umwana wa Yezefu?” barabazanya. Yesu agera gusigura ibijanye n’ijambo ry’Imana kandi niko bivugira ibijanye n’Umukiza, ariko ntibashakira kuvyumviriza.

Mu nyuma, abari mw’isinagoga bese barashangashigwa kubwa Yesu. Kubw’ivyo bamufata bamujana hanze ngo bamuterere ku nkombe z’umusozi. Ariko, Yesu aca hagati yabo hanyuma arigendera I Kaperinahumu. Aho yahakoreye ibitangaza vyinshi, akiza abagwaye, kandi abwira benshi ivy’urukundo rw’Imana. Yesu yeretse abantu ko ariwe mesiya yasezeranywe. “Ntudusige twenyene!” abikaperinahumu barabimusaba. Ariko Yesu arishura, “Ntegerezwa kugenda. Mbwirizwa kugenda kugira mbwire abandi ubutumwa bwiza bw’ubwami bw’Imana. Kukwo arico canzanye.”

Kubw’ivyo Yesu aca aja ku bandi benshi, akiza abagwaye kandi avugira mu yandi masinagoga ubutumwa bw’urukundo rw’Imana.

Nubwo vyari bibabaje cane kuri Yesu kuba yanswe n’abantu biwe, mu bindi bibanza benshi bizeye ijambo ryiwe.

IBIKORWA

Bibiliya iratubwira ibijanye na Yesu

Bwira uwushaka agufashe gutanga impapuro z’ibikorwa. Bwira abanyeshuri barabwira amashuri n’amanumero bivanye n’urutonde rw’inkuru ya Bibiliya. Ukwo bakora, babwireko inkuru bize ihuye n’ubutumwa bwa Luka. Mu nyuma, babaze: mbega Luka n’igitabo co mw’isezerano rya kera canke rishasha? Umviriza inyishu zabo. Nimba ubona ko benshi bakizazaniwe, babwire bugurure amabibiliya yabo hanyuma ubereke ubutumwa bwiza bwa Luka.



Gufata k’umutwe

Andika amajambo yo mu I Filipi 4:19 ku makarata atandukanye. Yashire k’uruhomwe canke kukibaho, kugira ngo ushobore kuzishariza hanyuma uzishire inyuma. Soma igisomwa incuro nyinshi zishoboka, hanyuma ubwire abana nabo bawusubiremwo. Hindura amakarata kugira abanyeshuri bawe basubire kuyatondeka. Subiramwo iki gikorwa incuro nyinshi kandi bavuge igisomwa igihe cose amakarata azoba atonze neza.

Kurangiza

Sengera abana bawe, hanyuma uhe amashimwe Imana kuba yatwemereye kumenya Yesu gose biciye mu ijambo ryayo. Ubibutse gusenga muri icyo ndwi kandi bazozane amabibiliya yabo mu ishuri k’umusi w’Imana ukurikira.

Bibiliya ivuga ibijanye na Yesu



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana ikoresha ijambo ryayo mu kwigisha abana bayo gukora ibiroranye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje, n'umuco umurikira mu nzira yanje (Zaburi 119:105).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bawe baba batanguye gutahura ko Bibiliya ari igitabo kidasanzwe kubera ko ari ijambo ry'Imana. Baratahura cane Bibiliya gusumba ukwo twiyumvira. Ntabwo biha ibibazo ku nyigisho zayo, canke kuyigereranya n'ibindi vyiyumviro canke ubushakashatsi nk'abantu bakuze. Umwanya umara uriko urabigisha no kubabwira inkuru za Bibiliya uzoba ari uwingira kamaro cane kwihugurwa ry'impwemu. Wibukeko Atari wewe wenyene uzozana ubumenyi, ariko uzoteza imbere muribo impwemu yo gukabura no gushaka kumenya gose ibijanye n'ubwami bw'Imana.

Iki kigabane gishimikira ku nyishu z'abantu igihe bariko bumva ubutumwa bw'ijambo ry'Imana. Fatira kuri kino cigwa wigishe abanyeshure bawe ko Bibiliya Atari igitabo co gusoma gusa; dutegerezwa kucizera no kurishira mu ngiro.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Bibiliya iri hehe?**

Imbere y'ukwo abana bawe bashika mw'ishure, nyegeza Bibiliya yawe mu kibanza aho ishobora kuboneka vyoroshe. Umaze guha kaze abana, babwireko ukeneyeko barondera Bibiliya yawe kandi ubasabe kugufasha kuyirondera. Igihe babonye aho iri, babaze ingene biyumva igihe bariko barayirondera. Babwire ko inkuru y'uno musu ijanye n'umwami yaronse ijambo ry'Imana n'ingene ryahinduye ubuzima bwiwe bwose hamwe n'igihugu yararongoye.

Bibiliya yanje

Subiramwo ingene Bibiliya igabuwe hamwe n'abana. Babwire berekane isezerano rya kera na rishasha muri Bibiliya zabo. Hanyuma, babwire berekane ibitabo bimwe bimwe (akarorero itanguriro, matayo, ivyahishuriwe Yohana na zaburi). Mu nyuma, ubabwire kuraba mu 2 Ngoma, kubera ko ariho tuja guhagarara mu nkuru yacu y'uno musu.

INKURU YA BIBILIYA

2 Ngoma 34

Yosiya aronka ijambo ry'Imana

Yosiya yatanguye gutwara isirayeli igihe yaragifise imyaka 8 yonyene. Se wiwe na sekuru bari abami bakoze ibibi vyinshi bubaka ibigirwamana mu biti no mu bindi bikoresho hanyuma babishira mu ngoro y'Imana.

Sekuru wa Yosiya yishe bamwe mu bana biwe, abatanga nk'ibimazi kubigirwamana vyawe yasenga. Igihe Yosiya yarakwiye imyaka 16, ahitamwo gukurikira no kwumvira Imana. Ntiyagomvye gukora ibibi nk'ivyo abamwitangiye imbere bakoze, ariko akurikira Imana imwe y'ukuri.

Inyuma y'imyaka ine, akuraho ibicaniro aho bahimbariza ibigirwamana hanyuma arabisangangura vyose. Yongerako kandi, ubutumwa yahaye intumwa ziwe ngo bazunguruke mu bwami bwose batange iri tangazo rikurikira: “Kuva ubu, nta numwe wo muri ubu bwami azosubira gusenga ibigirwamana. Tuzokwumvira Imana yonyene, Imana yonyene ya Isirayeli.”

Ariko igikorwa ca Yosiya nticari kirangiye. Yaraziko ingoro y'Imana yabaye umusaka, atanga itegeko k'umugabo yitwa Shafani kuyisanura. Amubwira kurondera abubatsi beza n'ababaji kugira ngo ingoro isubire kuba nziza nkambere. Igitigiri kinini c'abantu barakora cane kugira bayisanure no kuyishariza inzu y'Imana.

Ubwo nyene, umuherezi Hilukiya abona ibintu bidasanzwe. “Ibi n'ibiki?” arababaza ariko aduza inkweto ziwe kandi akunkumura umukungugu.

Hilukiya ntiyashobora kwizera ivyo afise mu maboko. Cari igitabo c'amategeko y'Imana! Kuri uwo muzingo hari handitswe amategeko Imana yatanze iha Mose imyaka myinshi. Ayo mategeko yavugaga ku bantu ingene Imana ishakako babaho imbere yayo.

“Raba ivyo naronse,” Hilukiya abwira Shafina, amwereka ivyandiko. Igihe yamara gutahura igitabo c'amategeko y'Imana, Shafina aravugaga, “Dutegerezwa kucereka Umwami Yosiya kandi!”

Amaze kuronka ayo makuru, umwami yarahimbawe cane hanyuma aca asaba Shafina ngo awumusomere. Uwo muzingo wavugaga ko Imana ishaka ko abantu bayo bayikunda, bayubaha kandi bakayikorera mu bwizigirwa. Amaze kwumva ayo majambo, Yosiya arababara cane, kubera ko yamenyeko abisirayeli bose bagarariye Imana. Umwami yitantamurirako impuzu kubera umubabaro hanyuma abwira Shafina, “Imana yaraturakariye kubera ko tutumvirije ijambo ryayo canke ngo twumvire amabwirizwa yayo.”

Mu nyuma aca abwira Hilukiya n'abandi gusenga no kubaza ibigiye gukurikira mu bwami.

Hilukiya na bagenzi biwe bagenda kuvugana n'umuvugishwa Hiluda, umugore yakunda kandi yumvira Imana. Umwami amwereka ivyo akwiriye gukora ku ntumwa z'umwami Yosiya: “Imana ntinezera igihe abantu bakora ivyo kutayumviriza canke ngo bubahe amajambo yayo. Kubw'ivyo, yateguye kurungika igihano gihambaye ku bantu ba b'isirayeli. Ariko none ubu yarabonye umutima wa Yosiya kandi imenya ko uyu mwami yipfuzaga kuyumvira no kuyikunda. Imana yipfuzako abantu bose boyumviriza, bakayubaha kandi bakayikunda.”

Mu nyuma Umwami Yosiya ahamagaza abantu bose hamwe kubasomera ijambo ry'Imana. Mu nyuma arabasezeranira: “Nzokora ivyo Imana inshakako vyose.”

Kandi n'abantu nabo barasezerana: “Tuzokwumvira kandi dukunde Imana.”

Ubwoko bw'abisirayeli bukurikira Imana no kuyumvira mu gihe cose Yosiya yabaye ku ngoma.

IBIKORWA

Bibiliya iradufasha kumenya ibiroranye

Hereza abanyeshuri impapuro z'ibikorwa z'icigwa ca 39. Bwira abana bakate bakurikije umurongo, hanyuma bazinge baciye mutuburungu turi k'umurongo. Mu nyuma bashobora gukata uturongo dutoduto mu bice 1 na 5. Basigurire ingene wegeranya ishusho mu kuyishira mu gice ca 1 no mu gice ca 5. Subiramwo inkuru ya Bibiliya, hanahana ivyiyumviro ingene inyigisho ya Bibiliya yadufashije guhinduka ukwo twari turi.


Gufata k'umutwe

Bwira abana bicare k'umuzingi. Hereza Bibiliya umwe muri bo, ategerezwa nawe kuyihereza uwukurikira, kubandanya ukwo nyene. Igihe uvuze HAGARARA, uwufise Bibiliya aca avugaga umurongo. Reka umugwi ufashe umwana afise ingorane zo kuwufata k'umutwe.

Kurangiza

Hereza amashimwe Imana mu masengesho kuba yaraduhaye ijambo ryayo ngo tuyimenye gusumba. Ririmba indirimbo zijanye na Bibiliya, kandi utumire abana kuza mw'ishuri mu ndwi ikurikira.

Bibiliya iramfasha kumenya ibiroranye



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Bibiliya ibigisha urukundo nyarwo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje, n'umuco umurikira mu nzira yanje (Zaburi 119:105).

Witegure ubwawe kwigisha

Bibiliya n'igitabo kiturongora mu buzima bwacu bihuye n'ubugombe bw'Imana. Muri iki kigabane, abanyeshure bawe bazokwiga ko ubutumwa bwa Bibiliya ari ubwabo, kandi ko ibi bizobafasha kwitandukanya neza n'ibibi.

Muri iki kigabane, abana bazokwiga urufatiro rwa Bibiliya ibizobafasha gutahura ko Bibiliya ari igitabo aho bashobora gukura inyishu z'ibibazo vyose muvuye bipfuzwa. Barize kandi gutora vyoroshe ibitabo bikigize. Hafashwe nakaryo mw'ishure ryahenze gushimikira ku kamaro ko gusoma, kwiga, no kubaho bijanye n'ijambo ry'Imana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Kwibutsa**

Muri iyi ndwi, shushanya amashusho y'amabibiliya yuguruye ku gice c'ikibaho hanyuma uzikate. Tegura ibihagije ku bana bawe bose. Raba neza ko yisumbuye bikwiye kugira abana bashobore kwandikako umurongo wo gufata k'umutwe. Bahereze amakereye canke ikaramu zo gusiga kugira bazisharize kandi ubareke bazitware muhira ngo bibibutse intumbero y'iki kigabane.

INKURU YA BIBILIYA

Ivyakozwe n'intumwa 16: 1-5;

2Timoteyo 1:1-7; 2:1-6; 16-18; 3:10-17; 4:13-22, Ivyakozwe n'intumwa 16:1-5;

Fotora inkuru ya Bibiliya hanyuma uyigumye mw'ibahasha, nkuko ryoba ari ikete. Ryugurure imbere y'abana bawe hanyuma ubabwire ko ivyo bagiye gusoma ari ikete rihambaye intumwa Pawulo yandikiye umugenzi wiwe Timoteyo.

Ikete ya Timoteyo

Pawulo yari mu munyororo aho yararindiriye urubanza rwiwe I Roma. "Icaha" ciwe nukwo harabo yari yabwiye ivya Yesu. Mu kwongera ibibi mu bindi, benshi mu bagenzi biwe bari bamuvuyeko asigara wenyene kandi igihe c'imbeho cari gitanguye. Ariko Pawulo, ntiyigeze acika intege zo kuba ari wenyene, yanditse ikete k'umugenzi wiwe Timoteyo.

Ncuti yanje Timoteyo,

Ndahimbawe cane n'ubugenzi dufitaniye kandi ndagusengera imisi yose. Uri nk'umwana wanjye kandi ndahimbawe no kumenya ko uri umukristo mwiza, co kimwe na nyoko wawe na nyogokuru wawe.

Ukomere imisi yose kandi ukurikire inzira z’Imana. Ndaziko ibihe bibi bizozza, ariko wibuke ko abiruka biruka ngo baronke igitsibo, abo baca mu bibagora vyinshi.

Ibintu bibi vyinshi vyarambayeko ndiko ndavuga ubutumwa bwiza, ariko Imana yaranzigamye muri ivyo vyose. Abo bose bakorera Imana kandi bakayumvira bazohura n’ingorane. Bazoca mwihamwa, nkuko nanje ndi mw’ibohero! Nubwo biruko, ni vyiza gukorera Yesu.

wirinde, kubera ko hari abantu benshi bigisha inyigisho z’ibinyoma kandi bakazimiza benshi, ariko ntiwishushanye navyo. Ubandanye kwizera ivyo uzi neza kwari vyiza. Wibukeko ushobora kwizera ivyanditswe kubera ko Imana ariyo yabihumetse kandi yarongoye abantu bavyanditse. Ntiwibagire ko ivyanditswe bitwigisha gukora ibiroranye, biduhanura igihe dukoze ibibi, no kutwereka ubugombe bw’Imana kuri twebwe; kwiga ivyanditswe bizodufasha gutegura igikorwa c’Imana kuri wewe. Ndindiranye igishika cinshi aho uzozira kundaba. Igihe uzozira, ndakwinginze uzonzanire ikoti nasize mu nzu kwa kerefasi. Kandi uzonzanire ibitabo, cane cane imizingo. Ndacarindiriye umusi wanjye w’urubanza. Ukwiregura kwanje kwa mbere imbere y’abarongozi, ntanumwe yamfashije. Bose bantaye jenyene. Nasavye Imana ngo ibahane kubera ico kintu bakoze. Ariko Umwami Yesu yabaye k’uruhande rwanje, amapa inkomezi n’amahoro. Ndaziko Umwami azonkiza ibibi vyose kandi azonzigama gushika nshitse mw’ijuru mu bwami bwiwe. Ndamukiriza abagenzi banje bose. Ukore ibishoboka vyose uzoze imbere yuko ibihe vy’imbeho bitangura. Ku bavukanyi bose bari hano babarungikiye intasho.

Imana ibahezagire! Uwubitaho, Pawulo.

IBIKORWA

Bibiliya iradufasha kumenya ivyo dushobora gukora

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa kandi wandike ivyo kwitondera n’ijwi rirenga ku banyeshure mu gukora iki gikorwa. Batere intege kwiyumvira no gufata ingingo z’ubwenge mu muco w’ijambo ry’Imana. Zingurura urupapuro rukurikira hanyuma ukate amashusho acafye kugitambara; hanyuma wuzuze mutuzitizo igice ca Bibiliya.

Gufata k’umutwe

Kubera ko iki ari icigwa ca nyuma c’iki kigabane, tegura ingabire ntonto kuri abo bose bize umurongo wo gufata k’umutwe. Tanga amakarata ya Bibiliya canke insiguro y’igitabo hamwe n’umurongo wo gufata k’umutwe. Reka abo bose bipfuzza kuvuga umurongo k’umutwe.

Kurangiza

Kora isubiramwo muri make hamwe n’abanyeshure ivyigwa bize muri kino kigabane. Babaze inkuru bakunze gusumba izindi. Shimikira kukungene Bibiliya ari nkenerwa cane ku bakristo bose. Batumirire kurisoma no kuryiga, ariko, hejuru ya vyose, kuryumvira no kurikunda. Nimba bishoboka, tumira abavyeyi ba bana bawe ngo barabe igikorwa c’abana babo. Batere intege kurikunda no kwubaha ijambo ry’Imana mu bana babo. Senga imbere yo gusezerana, kandi uhe amashimwe kuba Umwami yaduhezagije Bibiliya nk’umurongozi w’ubuzima bwacu.

Bibiliya yanje iramfasha kumenya ivyo nkwiye gukora

1 Igihe bigoye
kwumvira
amategeko...

Ukom
ere
kandi
wumvi
re



Ntaco
bitwaye
naho
utobumvi
ra.



2 Igihe hari
umuntu
yigisha
ikintu
gishasha...

Raba
nimba
bibiliya
ivuga
ivy'ukuri



Umenye
ivyo
bakwigisha
kandi
ukore.



3 Igihe hari
umuntu
yankomerek
eje...

Ndababarira kandi
ngakina nawe




Raba inyuma hanyuma
ugaruke aho bari



4 Sinshobora
kwizera
bibiliya
kubera...

kirashaje.



N'ijambo ry'Imana.



Ivyo kwitondera: kata iki gitambara. Zigama amashusho k'urundi ruhande kugira uze kuyakoresha mu nyuma. Soma umutwe w'igikorwa hamwe n'intango y'iryungane ryose. Shira mu muzingi impera y'iryungane ryose rimeze neza. Mu nyuma, zinga mu kuryo kw'urupapuro ucishije mutuburungu. Woba wahisemwo inyishu nziza??

Intangamarara – Ikigabane X

UBUSHOBOZI BWA YESU

Imirongo ya Bibiliya: Matayo 20:29-34; Mariko 10:46-52; Luka 5:17-26; Matayo 4:1-11; Luka 19:1-10

Umurongo wo gufata k’umutwe w’iki kigabane: Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwewe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 Ab’I Korinto 5:17)

INTUMBERO Z’IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abana:

- Gutahura ko Yesu, umwana w’Imana, ashobora guhindura ubuzima bwabo bose bamwegera kandi no kumumenya.
- Kumenya ko ukubaho kwa Yesu kuzana itandukaniro rikomeye mu buzima bw’abantu.
- Umenye guhangana n’amageragezwa
- Kwizera ubushobozi n’ubushobozi bwa Yesu

IVIGWA VY’IKIGABANE

Icigwa 41: **Yesu ahumura abagabo babiri b’impumyi**

Icigwa 42: **Yesu yerekanye ko ari umwana w’Imana**

Icigwa 43: **Yesu yatsinze amageragezwa**

Icigwa 44: **Yesu yagendeye Zakayo**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE INYIGISHO Z’IKI KIGABANE:

Mu kwiga uru rukurikirane rw’ivyigwa, abanyeshure bawe bazokwiga ko Yesu yahinduye ubuzima bw’abantu benshi muri iki gikorwa kw’isi. Bazomenya kandi ko Yesu yahinduye ubuzima bw’abantu benshi mu gihe yari ku gikorwa ciwe kw’isi. Bazomenya kandi ko ishobora gukora ibitangaza vyinshi kubera ko ari umwana w’Imana kandi ko atanumwe ashobora kunganya nawe ubushobozi.

Yesu afise ubushobozi bwo gukiza umubiri ugwaye, guharira ivyaha no guhindura umutima ubabaye ukaba uwufise ivyizigiro n’umunezero.

Iki gice c’iterambere ry’abana bawe kirahambaye mu buryo bwabo bw’impwemu. Muri ico gice, bakurikiza uburorero babona no gukurikiza ivyo babonana abantu bafata “nkabadasanzwe.” Kubw’ivyo, fata akaryo kabonetse mu kubigisha ko Yesu ari we karorero k’urufatiro bashobora gukurikira. Barongore mu gutahura ko bakeneye kuba abantu basa na Kristo no kugendana imisi yose n’Umwami.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora guteza imbere ivyipfuzo vy'impuhwe, gukurikira akarorero ka Yesu.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 ab'I korinto 5:17)

Witegure ubwawe kwigisha

Abanyeshure bawe bariko bakurira mw'isi aho impuhwe ziza rimwe na rimwe ubwa kabiri. Gufasha ugasanga bifise ico gufatirako: bafasha gusa iyo hariho ico biteze mu nyuma. Ni ngira kamaro ko cane ko bamenya ko Yesu yarafise impuhwe n'uko yafasha abandi atikunda. Nimba tubigishije gufasha abakenye n'impuhwe, bazokura bafise ubuzima bwagutse bwa Gikristo no gukunda ababanyu bacu.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Gutora ibikoresho**

Ukeneye kuba ufise ibikoresho bitandukanye (imipira, udukinisho, igitabo, uburoso, n'ibindi.) mw'isakoshi z'abana bawe batore ivyarivyo mu gukorakora gusa. Saba abatari bake baze imbere, bashire amaboko yabo mu masakoshi hanyuma bagerageze kuvuga igikoresho bariko barakorako.

Basigurire ko abantu b'impumyi barongorwa n'ivyo bakorako mu gutora ibikoresho vyinshi bibakikuje. Mu nkuru y'uno musu, tuzokwiga ivyo abantu bamwe bakoze ngo bashobore gusubira kubona.

INKURU YA BIBILIYA

Matayo 20:29-34; Mariko 10:46-52

Yesu n'abigishwa bagendagenze ibirometero vyinshi bigisha kandi bakiza abantu. Ni gute wiyumvira ingene bagenze bava mu gisagara baja mu kindi? N'imodoka? Na bisi? Ni tereni? N'indege? Muri ico gihe ubwo buryo bwose bwo kwiunguruza nk'ubwo dufise uno musu ntabwari buhari, abantu bagenda ahantu harehare cane bava mu kibanza baja mu kindi. Abari bafise amahera nibo bonyene bashobora kugendera kubitwazi canke indogoba. Mu nkuru yacu uno musu, turaza kwiga ivyo Yesu yakoze igihe yariko aja I Yerusalemu.

Yesu yakijije abagabo babiri bimpumyi

Umusi umwe Yesu n'abigishwa biwe bava I Yeriko hanyuma baja I Yerusalemu, kandi ishengeru rinini ry'abantu rirabakurikira mu nzira. Umuntu wese yashaka kwumva inyigisho za Yesu.

“Ndashaka kwumva ivyo Yesu avuga,” umuntu umwe aravuga. “N'igitangaza kubona umunezero w'abantu igihe Yesu yabakiza,” uwundi muntu aravuga.

“Uriko urumva ivyo?” impumyi Barutimayo abaza umugenzi wiwe.

“Numva iki?” umugenzi aramwishura. “Ni bande bantu uriko uravuga? Ndumva umuntu ariko avuga ko Yesu ariko araza aca muri iyi nzira. Umviriza! Ariko araza. Yesu ariko araza hano!” Barutimayo abandanya kuvuga anezerewe.

“Narumvise ko Yesu akora ibitangaza. Birashoboka ko yodukiza amaso yacu tugashobora kubona!”

Ishengero ririko riregera, za mpumyi zibiri zirahaguruka hanyuma zitangura gusemerera n’ijwi rirenga zivuga ziti, “Yesu, mwana wa Dawidi, tugirire imbabazi!” ni muceceke! Nimwerekane kwubaha na gatoya,” abandi barabasaba. Ariko za mpumyi zibiri ntizaceceka. Ahubwo, zirushirizaho gushira amajwi hejuru yumvikana cane. “Yesu, mwana wa Dawidi, tugirire imbabazi!” mu nyuma Yesu arahagarara hanyuma ahamagara izo mpumyi zibiri. “Ni muhumure, Yesu arabahamagaye,” umuntu arababwira.

Babagabo babiri basiga amakoti yabo hanyuma baja aho Yesu ari banyaruka cane ukwo bishoboka. “Mwoba mwipfuzako ndabakorera iki?” Yesu arabaza.

Za mpumyi zumva imitima yabo iriko iratera cane. Bari banezerewe! Ivyo bari baripfuye gusumba ibindi vyose vyagira bibe ukuri. “Nyakwubahwa, turashaka kubona!” izo mpumyi ziramwinginga. Yesu abonako abo bagabo babiri bizeye ubushobozi bwiwe, hanyuma abagirira impuhwe. Aca aramvura ukuboko kwiwe hanyuma akora ku maso yabo. Muri ako kanya nyene, ba bagabo babiri bashobora kubona Yesu. Bashobora kubona ibintu vyose! Ibiti, ikirere. Mbega umusi w’igitangaza!

Abo bagabo babiri, basimbagurika n’umunezero, bahimbaza Yesu kandi baramukurikira mu nzira.

IBIKORWA

Ari hehe Matayo?

Bwira abana barabe mu gitabo ca Matayo mu mabibiliya yabo hanyuma bashireho ikimenyetso muri ico kibanza ukoresheje marikeri y’igitabo. Babwire batore igitabo kiza imbere ya Matayo hamwe n’ikiza inyuma. Sigura y’uko iki gitabo ari ica mbere mu bitabo vyo mw’isezrano rishasha kandi kirimwo inyigisho zihambaye kubijanye n’ubuzima n’igikorwa ca Yesu. Inkuru yacu y’uno musu tuyisanga muri ico gitabo.

Uruhume rw’impuhwe

Muri iki gikorwa, muzoba mukeneye urupapuro rwera, ikereye z’ibara, koro n’ikarata nini canke urupapuro. Andika ijambo “IMPUHWE” nk’umutwe w’ikarata. Bwira abana bashushanye amashusho y’ingene bashobora kwereka impuhwe abandi (kugendera abagwaye, gufasha abakenye, gusangira imfungurwa, n’ibindi.). mu gihe barangije, reka bamanike ivyo bashushanije ku kibaho. Shira k’uruhume rw’ishure kugira ngo abavyeyi bashobore kubona ibikorwa bakoze.

Yesu yerekanye impuhwe

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa hanyuma usabe abanyeshure kwerekana amajambo yanditse. Mu nyuma, zinga urupapuro ucishije mu tuburungu ngo tubone ivyabaye igihe izo mpumyi zibiri zegera Yesu. Zingurura urupapuro rukurikira hanyuma usigure ko ivyakurikiye “ivy’izo mpumyi yoba yaravuze” bashobora kwimura indome mw’ikarato zitukura m’urutonde; hanyuma mu nyuma “ivy’Yesu yakoze” bategerezwa kwimura mundome mw’ibara ry’umuhondo.

Igihe igikorwa kirangiye, somera inyishu hamwe, hanyuma muvugane ingene Yesu yerekanye impuhwe mu nkuru ya Bibiliya uno musu.

Gufata k’umutwe

Gabura abana mu migwi itatu hanyuma ubahe igice c’umurongo wo gufata k’umutwe. Kurikiza aka karorero: (umugwi 1) nuko rero, umuntu wese iyo ari muri Kristo, (umugwi 2) aba acitse icaremwe gisha: ivya kera biba bihise; (umugwi 3) bishasha biba bije (2 ab’I Korinto 5:17).

Umugwi wose utegerezwa kuvuga m’urutonde rwiza igice cabo muguhaheza igisomwa. Subiramwo umwimenyerezo kenshi, umugwi wose uvuga hanyuma ubabwire bavugire hamwe.

Kurangiza

Gira umuzingira w’abana hanyuma ubwire umwana wese avuge isengesho ritoya ryo gushima ukwo abigomba. Rangiza no guhimbaza Imana kubw’ibitangaza vyo gukiza yakoreye mu bantu bayo, hanyuma muyisabe ko yobafasha mwese kugira impuhwe n’urukundo k’ubandi. Ririmba indirimbo imbere yo gusezerana, kandi ubatumire kuw’Imana ukurikira mw’ishure.



Impuhwe

zinga

Urukundo rubasha gufasha

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura Yesu afise ubushobozi bwo gukora ibintu bitangaje kubera ko ari umwana w'Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 ab'I korinto 5:17)

Witegure ubwawe kwigisha

Uno musu, nkuko vyabaye mu bihe vyaheze vya bibiliya, abantu benshi bizeye ko Yesu yariwe mwigisha wenyene n'umuvugishwa. Nubwo biri ukwo, n'umwana w'Imana; kubaho kwiwe n'urukundo vyazanye itandukaniro rinini mw'isi yak era niyuyu musu; ivuka ryiwe ryagabuye kahise mu bihe bibiri kandi rihindura ubuzima bw'abantu badaharurika. Niwe wenyene afise ubushobozi bwo guharira ivyaha no kugarukana imigenderanire hagati y'Imana n'abantu. Niwe wenyene yashoboye gukora ibitangaza bikomeye, nko guhumura impumyi no gukiza abamugaye.

Muri ibi vyigwa, mu guhagarara kubiranga Yesu bitera intege abana kwigana Kristo mu buzima bwabo bwa misi yose.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ivyankenerwa Bidasanze**

Umaze kubwira abana ngo bicare k'umuzingi, vuga kubijanye n'abantu bafise ivyo bakeneye bihambaye. Birashoboka ko mw'ishure ryawe canke mw'ishengero hariho umuntu afise ubumuga kanaka. Ni nkenerwa ko abana bawe bamenya kwubaha no gukunda abantu bose k'urugero rungana, bataravye ukwo bameze.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 5:17-26

Yesu akiza ikimuga

Abantu b'I Kaperinahumu bari banezerewe kubera ko Yesu yari kumwe nabo. Benshi bipfuzwa kwumva inyigisho ziwe, inzu yari yuzuyemwo abantu.

Benshi bagumye hanze, ariko barashobora kurabira mu muryango no mu madirisha.

Abantu bane baca hafi y'inzu hanyuma babona ishengero ry'abantu benshi. "N'ibiki biriko bibera ngaha?" umwe muri bo arabaza. "Yesu ari ngaha mu nzu," umwe arishura.

Mu nyuma, umwe muri abo bane aravuga, "Ndazi ico twokora. Reka tuje kuzana umugenzi wacu. Ndazi neza Yesu arashobora kumukiza." "N'ivy'ukuri. Reka tuje kumuzana!" bahamagara uwundi. Bose baremezanya, baca baragenda kurondera umugenzi wabo atashobora gutambuka. "Utegerezwa kujana natwe kuraba Yesu," baramubwira bamaze kumubona. "Ariko sinshobora kugenda," ikimuga kiravuga. "Sinshobora gutambuka; noshikayo gute?"

"Turakujana. Utegerezwa kwumviriza inyigisho za Yesu no kubona ibitangaza akora."

"Ego, reka tugende!" aravuga anezerewe.

Umwe wese mu bagenzi biwe afata uruhande rumwe rw'inderuzo uwo mugenzi wabo yararyamyeko hanyuma bafata ibarabara. Bashitse hafi y'inzu, umwe muri bo aravuga, "Hari abantu benshi mu muryango kandi ntidushobora gushikira aho Yesu ari. Twokora iki?"

"Raba! Hariho ingazi twokoresha ngo dushike hejuru," uwundi mugenzi aravuga.

Umwe wese yarazi ico ashobora gukora, baca baterura bukebuke umugenzi wabo hanyuma bamudugana hejuru. Umwe k'uwundi batangura gukurako amategura yarasakaye inzu gushika aho bagiriye ikinogo kinini. Hanyuma baca baboha inderuzo baraduza bukebuke mugenzi wabo, gushika bamushikanye hagati ya bose, imbere ya Yesu. Bamwe mubari mu nzu batangura kuvuga ibijanye nico kimuga.

"Umugabo w'umukene! Biragaragara ko yakoze ibibi vyinshi akwiriye igihano," umwe ariyumvira. Mu nyuma, Yesu yegera ikimuga hanyuma aravuga, "Mugenzi, ndakubabariye ivyaha vyawe vyose." Bamaze kwumva ayo majambo yose, abantu benshi baca barashavura baca batangura kuvuga nabi Yesu.

"Mbega wibazako uri nde kugira ngo uharire ivyaha?" bidogera mu mitima. "Imana yo nyene niyo ishobora kubikora." Yesu amenya ivyo bariko bariyumvira, yongera kuvugana kandi nawa muntu, ati, "Haguruka, fata inderuzo yawe hanyuma utahye muhira."

Imbere y'ishengero rinini rikoraniye imbere yiwe, uwo mugabo arahaguruka, aterura inderuzo yiwe hanyuma aca mumuryango. Akiriko aragenda, arasemerera, "Icubahiro kibe ic'Imana! Raba ivyo Yesu ankoreye. Arankijije!"

Abantu bose batangazwa no kubona uwo muntu ariko aratambuka, hanyuma batangura guhimbaza Imana bavuga bati, "Mbega ibitangaza tubonye uno musu!"

IBIKORWA

Ikinogo ku mategura!


Bahereze impapuro z'ibikorwa vy'icigwa ca 42, kandi uhereze umwana wese igice c'urunyuzi. Sigura yuko bategerezwa gukata igitambara mu bice no gukata igitanda hamwe n'ishusho y'ikimuga.

Gufata k'umutwe

Bahereze ikarata ziriko umurongo w'ukwezi w'ikigabane(pg. 137). Mu nyuma, babwire bigabure mu migwi ya babiri babiri mugusubiramwo umurongo wo gufata k'umutwe. Umuntu wese ategerezwa kubwira igice umugenzi wiwe akoresheje ijwi ryumvikana. Ugabe kandi uhitemwo abashobora kuvumbura gusumba abandi baze imbere hanyuma babwire abandi igisomwa, bahindura amajwi yabo munzira zitandukanye.

Kurangiza

Rongora abana mw'isengesho, mushimira Imana ko yarungitse umwana wayo Yesu ngo adukize ivyaha vyacu. Abana bawe bakiriko baritegura gusubira muhira, bibutse gukoresha impapuro zabo z'ibikorwa mukubwira abagize imiryango yabo inkuru ya bibiliya. Batere intege zo kwiga igisomwa ca Bibiliya muri iyi ndwi kandi ntibazosibe mu ndwi ikurikira.



Kata k'umutwe w'urupapuro. Hanyuma ukate inderuzo n'umuntu w'ikimuga. Zinga inderuzo ucishije mutuburungu (igihande kimwe gishobora kuduzwa urabishije hanze). Shira ishusho y'ikimuga ku nderuzo hanyuma musubiremwo inkuru ya bibiliya mwize. Ukwo vyogenda: gira ibinogo vy'ibimenyetso ku nderuzo no kumategura. Shiramwo ibipande vyinyuzi biciye muri iyo myobo yo kunderuzo. Bacishe mu binogo vyimbwe hanyuma ubohe. Koresha akanyuzi kugira ngo ukabure uburemere bw'inderuzo kuri Yesu.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ivyo bategerezwa gukora iyo bahuye n'amageragezwa.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 ab'I korinto 5:17)

Witegure ubwawe kwigisha

Koresha iki cigwa mu kwigisha abanyeshure bawe ingene bonesha amageragezwa biciye mu karorero ka Yesu. Fasha abana gutahura y'uko naho Yesu yari umwana w'Imana, yari n'umuntu, kandi yiyumva co kimwe natwe kandi yarafise ibigumbagumba nkivyo dufise. Basigurire ko, co kimwe nabo, Yesu yarashonje, arakanya, kandi agira ubwoba. Nubwo vyabaye ukwo, yagumye ku masezerano y'Imana kandi yarashoboye kunesha amageragezwa, no mu bihe vyari bigoye cane.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Bwira abana ibijanye n'ivyaha ko ubwa mbere twaboneka nkabera, ariko tugwa mu mutego wa satani. Babwire ko mu cigwa c'uno musu mw'ishure, baja kumenya ingene bokwifata mu bigeragezo.

INKURU YA BIBILIYA

Matayo 4:1-11

Kugeragezwa kwa Yesu

Imbere y'uko atangura kuvuga ubutumwa canke kwigisha abantu, Yesu yagiye kuraba Yohana umubatizi ngo abatizwe m'uruzi rwa Yorodani.

Amaze kubatizwa, Yesu aca mukigeragezo kigoye. Mpwemu Yera amujana mu bugaragwa, aho amara imisi 40 n'amajoro 40 ataco afungura.

Biragaragara, Yesu yarashonje cane kandi acitse intege. Hanyuma satani ahitamwo kumugerageza. Aca aramwegera aramubwira, "Nimba uri umwana w'Imana, tegeka aya mabuye acike imitsima." Yesu yitegereza ayo mabuye, hanyuma birashoboka cane ko yoba yariyumviriye ku nzara yarafise, ariko yishura n'ubukerebutsi, "Handitswe ngo: umuntu ntatungwa n'umutsima gusa, ariko n'ijambo ryose riva mu kanwa k'Imana."

Yesu yanka kwumvira ayo mageragezwa. Nukwo vyari ukwo, satani agerageza iyindi nzira. Ubu yaciye amujana hejuru ku ngoro ya Yerusalemu. Aho aramubwira, "Nimba uri umwana w'Imana, igororere hasi, kuko handitswe ngo: "Azokuragiza abamalayika biwe, kandi bazokuramira mu maboko yabo ngo ibirenge vyawe vyoye gutsitara kw'ibuye."

Nzoba mbaye agahambaye mu nzira yo gutangura igikorwa! Ingoro yari yuzuye. N'ivy'ukuri abarongozi b'idini bonyemera nk'umwana w'Imana igihe abamalayika boza kunsama. Ariko amaze kumenya ko iyo atariyo nteguro y'Imana, Yesu aca aribwira, "Haranditswe ngo, „ntukagerageze Uhoraho Imana yawe.”"

Kubw'ivyo, Yesu yakoresheje uyundi murongo wo mw'isezrano rya kera mu gutsinda amageragezwa. Ariko satani ntabwo yagarukirije ngaho, yarasubiriye kandi agerageza Yesu. Amujana hejuru ku gasozi aho ashobora kubona ubwami bwose n'ubwiza bwabwo, hanyuma aramubwira, "Ibi vyose

ndabiguha niwapfukama hanyuma ukansenga.”

N’ibintu biboneka ko vyoroshe! Yesu yaraziko igikorwa ciwe hano mw’isi kitazoba coroshe. Abantu ukuyemwo Mesiya uwasezeranywe kuba umurongozi mukuru. Bari bakeneye Umwami, hanyuma satani asezerana ko ashobora kumugira umwami. Abantu ntibashobora kwumviriza umwana w’umubaji yava I Nazareti, ariko iyo Yesu aba umwami, bese bari gushobora kumwumviriza vyoroshe.

Mu nyuma Yesu aravugaga muri we, “Mva iruhande, satani, kuko handitswe ngo, „usenge Uhoraho Imana yawe kandi uyikorere yonyene.”

Umwansi yakoresheje amageragezwa yose igihe Yesu yari mu ntege nke. Ariko ku ncuro ya gatatu, Yesu yakoresheje umurongo ngo asambure umugwanizi. Satani yarazi ko Yesu yamutsinze, kandi akamenya ko adashobora kumutsinda satani aca aragenda.

yesu aguma mu bugaragwa wenyene? ananiwe kandi ashonje? ariko yaciye mu mageragezwa, atsinda igipimo c’umwansi. Ubwo nyene, abamalayika bavuye mw’ijuru baca baza aho yari baramukorera kandi baramufasha.

IBIKORWA

Ninde agerageza?

Muri iki gikorwa, abana baraba ku mashusho hanyuma bagatora ubwoko bw’amageragezwa. Mu nyuma baca bavugaga ibikoreshe vyobafasha kuneshya amageragezwa.

Rangiza iki gikorwa mugusomera hamwe Abaheburayo 2:18

Gufata k’umutwe

Shushanya umurongo hasi, canke mu kibanza cagutse, kugira ube “umurongo wo gufata;” Gira umuzingira n’abanyeshure bawe. Bwira umwe muri bo ahagarare hanze y’umuzingira inyuma y’abandi. Muhe ingoma canke ikindi gicurarangisho c’umuziki, hanyuma ubabwire bagire amajwi atawuravye kuri bagenzi babo.

Abandi bashobora gutangura kugendagenda k’umuzingira, baca kuri wa murongo wo gufata k’umutwe. Igihe wa mwana afise ingoma ahagaritse kuvuza, bese bategerezwa guhagarara. Umuntu azoba ari k’umurongo canke inyuma yawo azoca avugaga umurongo wo gufata k’umutwe. Ubandanye urukino gushika aho abana nka bese bavugiyeye igisomwa ca bibiliya.

Kurangiza

Ja hamwe mushimire Imana kw’ishure ry’uno musu. Sengera kandi abana bawe, usabe Imana kubaha inkomezi n’ubwenge bwo gutsinda amageragezwa.

Batere intego zo kuzoza mu nyigisho zo kw’Imana ukurikira, no guhamagara canke kugendera abo bese basivye.

Ninde agerageza?



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora gutahura ko imitima ihinduka igihe bahisemwo gukurikira Yesu.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 ab'I korinto 5:17)

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bose bashaka kwumva bakunzwe. Mu nkuru y'uno musu, igihe Yesu yahagarara ngo avugane na Zakayo, turabona igikorwa c'urukundo rw'Imana. Yaraturondeye, ntaco vyamutwaye ivyo yadusanze vyose. Muri iyi nkuru, abanyeshure bawe bazobona urukundo rwa Yesu no kwemerwa. Igihe bemewe kandi bagatahurwa nawe, ingendo zabo n'ingeso zabo zizohinduka, nkuko vyagenze kuri Zakayo, hanyuma bagatangura kugendera urukundo rw'Imana mu buzima bwabo.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Amashusho y'indangabintu**

Imbere ya vyose, shushanya kandi ukate ibikoresho ndangabintu (inzahabu, imetero, imizingi, ivyiburungushuye, n'ibindi.) bifise amabara atandukanye. Gumiza mu mutwe ko umunyeshure wese azoba akeneye n'imiburiburi umunani.

Uzoba ukeneye kandi urupapuro rwera canke agace gatayo k'urupapuro rw'inyubako, koro, imikasi, n'amakereyo y'ibara. Hereza abana ibikoresho, hanyuma ubabwire bakoreshe ivyo bikoresho mugukora igiti n'ishusho y'umuntu. Bahe umwanya batore ibikoresho bakeneye vyoshobora kugira neza amashusho. Mu nyuma, babwire basharize urupapuro bakoresheje ikereyo z'amabara.

Babwire ko mu nkuru y'uno musu tuja kuvuga ibijanye n'umuntu yuriye igiti kugira arabe umuntu ahambaye cane.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 19:1-10

Zakayo ahura na Yesu

"rimwe, kabiri, gatatu... n'amahera angahe naronse uno musu!" zakayo aravugaga. Yariko araharura amahera abatanga kori abantu bo mugisagara bamurishye.

"Nibaza ko akazi kagenze neza. Ndakunda akazi ko kwegeranya amatagisi kubera ko nshobora gusaba amahera yose nshaka. Ngahereza abaroma igice cabo hanyuma ayasigaye akaba ayanje. Igihe abantu bidoze, nca ndababwira ko amatagisi yaduze. Ndakunda aka kazi!"

Abantu bo mu gisagara bari baziko zakayo abanyaga, mukubatoza ibirenze ivyo bategerezwa gutanga. Nico gituma atatumwe yamushaka hafi yiwe.

Aho Zakayo yaguma abika amahera mu kibanza cizewe, yumva urwamo rwinshi mu mayira y'I Yeriko. "Birashoboka ko hari umuntu ahambaye ariko araca ngaha," ariyumvira akiriko aragerageza kwumviriza ivyo bariko baravugaga.

“Nyaruka! Yesu ariko araca muri iki gisagara. Reka tuje kumuraba!” umuntu aravuga.

Zakayo amaze kwumva izo nkuru, arirukahanyuma yinjira mw’ishengero ry’abantu ryariko rikurikira Yesu. Yarashaka cane guhura nawe! ariko, hariho abantu benshi kuburyo Zakayo bitakunze ko yegera, kandi kubera ko yari mugufi, ntiyashobora kubona ikintu na kimwe.

Agerageza gusimba kugira abone neza, ariko ntiyabishobora.

“Ndatoye inzira yo kubona Yesu,” yiyumvira. “Ndabizi! Ngiye kwurira kirya giti, kandi nciye harya ndaja gushobora kubona ibintu vyose.” Zakayo ariruka mw’ibarabara kugira yurire igiti kinini c’umusogomora aho niho Yesu yaragiye guca.

Nibwo hari abantu benshi bari bamukikije, Yesu amenya ko Zakayo ariko aramurabira ku giti. Kubw’ivyo, ageze kuri ca kibanza, arahagarara.

“Kubera iki Yesu yahagaze?” abantu barabazanya. “Zakayo, ururuka kubera ko ngomba kurara iwawe no mumuryango wawe,” Yesu aravuga.

Zakayo aranezerwa ko Yesu agomba kurara mu nzu iwe, aca aramanuka ava kuri ca giti anyaruka ukwo bishoboka. “Mbega si wa musuma atoza amatagisi?” umuntu umwe arabaza.

“Ego ni Zakayo, umutozakori akora igikorwa c’abaroma. Umuntu wese hano araziko atugunga mu kutwaka amahera arenze kunyungu ziwe,” baramwishura.

“None kubera iki Yesu agomba kuja mu nzu iwe?” barabazanya. Yesu yarazi neza uwo ariwe Zakayo. Yarazi neza ko ari umusuma yiba amahera y’ababanyirye biwe. Nubwo vyari ukwo, Yesu yaramukunda kandi yashakako ahinduka. Ntiyigeze amwagiriza canke ngo amubwire ko ari umuntu ateye ubwoba. Ariko, yamweretse urukundo n’ubugwaneza.

Ubwa mbere kuva igihe kirekire, Zakayo agira isoni z’ivyo yakoze. Asaba imbabazi ko yahemukiye abantu no kubafata nabi.

Afata ingingo yo gukurikira Yesu kandi yipfuzaga gukora ibintu neza. Kubw’ivyo aca arahaguruka hanyuma aravuga, “Yesu, ndashakaga gukurikira. Ndicujije ku bibi vyose nakoze. Ndashyamba igice c’ivyo ntunze aboro, kandi abo nanyaze bo ndabaha incuro zine zivyo nabatwaye.” Yesu aranezerwa cane hanyuma aravugaga ati, “Agakiza kaje muri ino nzu no muri uyu muryango. Kuko naje hano mw’isi, kurondera no gukiza icari carazimiye.”

IBIKORWA

Zakayo ahura na Yesu

Hereza abanyeshuri impapuro z’ibikorwa hamwe n’ibitambara n’ishusho ya zakayo bakase mu bice. Bashobora gushushanya Zakayo. Babwire bashire ishusho ya Zakayo hejuru no hasi mu kwerekana kwurira no kwururuka igiti.


Gufata k’umutwe

Tegura kwerekana igikorwa c’abana bawe muri iyi ndwi. Babwire bese bavuye umurongo wo gufata k’umutwe nk’ikimenyetso co kuhaba. Barashobora kandi kuririmba indirimbo canke bakine inkuru. Ku bavyeyi babo, bizoba bihimbye cane kubona ivyo abana babo bakoze mw’ishuri kandi bazoterwa intege zo kuguma bazanana nabo.

Kurangiza

Bashimire kuba barabaye mu nyigisho izi ndwi zine zose, kandi ubabwire ko mw’ishuri rikurikira mu zotangura inyigisho z’ikigabane gishasha kijanye n’umuryango udasanze.

Zakayo yarahindutse igihe yahura na Yesu



Kata ibitambara n'ishusho ya zakayo mu bice bikase. Ufatanye ibitambara n'ibibanza biriko ibimenyetso vy'indome A na B. shira ishusho ya Zakayo ku gitambara, kugira ngo umusipi wiwe ufuke indome. Kata ahari ibimenyetso vy'igiti. Shiramwo ibirangiza ku gitambara uciye muri bo. Zinga ibirangiza uciye mutuburungu two k'umurongo. Duza Zakayo hejuru no hasi mu kwerekana ko agiye hejuru no hasi y'igiti.

Utangulizi – Sehemu ya XI

FAMILIA ILIYOCHAGULIWA NA MUNGU

Marejeo ya Kibiblia: Mwanzo 12:1-7; 13; 15:1-5; 17:1-5, 15; 18:1-12; 21:1-7.

Mstari wa Kukariri wa Sehemu: Ndipo hao watu wakamwambia Yoshua, Bwana, Mungu wetu ndiye tutakayemtumikia; na sauti yake ndiyo tutakayoiti” (Yoshua 24:24).

MALENGO YA SEHEMU

Sehemu hii itawasaidia watoto:

- Kujifunza kwamba watoto wa Mungu wanapaswa kumpenda na kumtumainia.
- Kuwawajali wengine.
- Kumtumainia Mungu kila wakati.
- Kujua kwamba Mungu anaweza kutusaidia kufanya maamuzi
- Kuthamini na kuheshimu washirika wa familia zao.

SEHEMU YA SOMO

Somo la 45: **Mungu anamwita Abrahamu**

Somo la 46: **Abrahamu anamruhusu Lutu kuchagua kwanza**

Somo la 47: **Abrahamu anamwamini Mungu**

Somo la 48: **Mke wa Isaka**

Somo la 49: **Isaka mtuliza amani**

KWA NINI WATOTO WANAHTAJI MAFUNDISHO YA SEHEMU HII:

Sehemu inahusika na vipengele kadhaa muhimu ujenzi wa watoto wako wa jamii na wa kiroho (kwa mfano: kuwajali wengine, kuishi kwa amani na kila mtu, upendo, kutumaini, na kuwa waaminifu kwa Mungu).

Sehemu hii itawasaidia watoto wako kuelewa uhusiano kati ya Mungu na watu anaochagua. Hadithi hizi zote zinaangazia umuhimu wa familia na vile Mungu anavyoitumiwa kuwabariki wengine.

Kwa watoto wako, kiini cha mazoezi na mapenzi yanazungukia kiini cha familia. Hii ndio sababu ni muhimu kuwafundisha kanuni za kibiblia ambazo zinatilia mkazo umhimu wa kupenda na kuwaheshimu washirika wa familia zao. Watajua pia kwamba Mungu huchagua familia aminifu kutumiak katika kazi yake.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bawe bashobora kumenya ko Imana yatoye kandi igahamagara abantu babizigirwa ngo bayikorere.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Abantu bishura Yosua, bat’Uhoraho Imana yacu ni we dusavye, kandi tuzomwumvira.” (Yosua 24:24).

Witegure ubwawe kwigisha

Muri iki cigwa, abanyeshure bawe bazomenya ibintu bibiri nyamukuru mu kwizera:

1. Imana izigama amasezerano yayo.
2. Imana yipfuzaga guhezagira imiryango yacu.

Abana bawe bashobora gutahura ko Imana inezererwa imiryango yabo kandi ko yipfuzaga kuyihezagira. Ukoresheje ubuzima bwa Aburahamu n’umuryango wiwe nk’akarorero, bigishe ko Imana yipfuzako imiryango iyikorera kandi ikayumvira. Kugira ngo ishobore guhezagira abandi no gukwiragiza ubutumwa bwiza biciye muri bo.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Kuja imbere guhambaye

Sohokana abana ubakure mw’ishure gatoya. Fata umwanya wo gukina mu gihe abashaka bakuze bariko barafasha mu gutondeka intebe imwimwe mw’ishure. Hanyuma mugaruke uce ubabwira: hari umuntu yakuyeho intebe zacu! Tugiye kuzitora hanyuma tuzishire aho zari ziri imbere hanyuma tuzitunganye neza! Mu gihe ishure riteguye, bahe umwanya wo kuruhuka, hanyuma ubabwire: kuva mu kibanza kimwe uja mu kindi n’akazi gakomeye. Twarushe cane mu gukura intebe mu kibanza tuzijana mu kindi, ariko Imana yabwiye Aburahamu kuja mu gihugu ca kure. Tugiye kwiga cane ibijanye n’inkuru ya Bibiliya y’uno musi

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 12:1-7

Aburahamu yumviye Imana

Abagenzi b’Aburahamu n’incuti ziwe barababaye cane igihe yababwira ko agiye mu kindi kibanza. “Imana yambwiye ko ntegerezwa kuva hano,” Aburahamu arabasigurira. “Yipfuzako tuja kuba mu kindi gihugu, kubw’ivyo ntegerezwa kugenda nkabasiga.”

“Ivyo uvuze n’ukuri ga Aburahamu?” umwe mu bagenzi biwe aramubaza. “Nakaga gakomeye kuri wewe niwava muri kino gisagara. Ntituzoba tukiri kumwe nawe ngo tugukingire n’umuryango wawe. Kubera iki ushaka gukora ivyo? Incuti zawe zose ziba hano!”

“Ntimugire ubwoba. Ndiko ndumvira ubugombe bw’Imana. Yambariye ko izohezagira imiryango yose yo mw’isi biciye mu muryango wanjye.”

“None ivyo vyashoboka gute?” baramubaza. “Murashaje cane kuburyo mudashobora kuronka abana. Uri hafi mu myaka 75! Wewe n’umugore wawe Sara ntimwigeze muronka akana.none ni gute Imana izohezagira isi biciye mu muryango wawe kandi atan’umuryango mugira?”

Aburhamu arabaraba atwenga ati, “Ndaziko bigoye cane kwizera, ariko nizeye Imana. Sinzi ingene izoshitsa isezerano ryayo, ariko ndaziko izobikora.”

“N’ukuri ukwo, Marume Aburhamu,” Loti aravuga. “Ndashobora kujana nawe?”

“Sinzi iyo Umwami azotujana, ariko urahawe ikaze nimba ugomba kujana natwe,” Aburhamu arishura.

Abagenzi b’Aburhamu n’incuti baramufasha gutegura ibintu vyose kugira bagende. Buzuza ibiseke imfungurwa; munyuma bazinga impuzu zose hanyuma bazishira mu masakoshi; kandi bamaze guheza, bashira ya mizigo yose ku ndogoba n’ibitwazi.

Umusi wo kugenda uragera, Aburhamu, Sara na Loti barasezera incuti zabo n’abagenzi hanyuma batangura urugendo mu gushitsa ubugombe bw’Imana.

Haheze indwi nyinshi bariko baragenda, barateba bashika ikibanza cahitwa Kanani. Aho Imana yongera kuvugana na Aburhamu.

“Iki gihugu kizoba icawe n’uruvyaro rwawe,” Imana iramubwira.

Aburhamu yizera isezerano ry’Imana hanyuma yubaka igicaniro co guhimbaza no kuyishimira kuba yabazanye amahoro ikabashikana mu gihugu gishasha.

IBIKORWA

Tanga impapuro z’ibikorwa vy’icigwa ca 45. Bwira abana bandike amazina yabo mu murongo. Bahe imikasi bakate ishusho y’inzu ikurikira umurongo. Hanyuma, ubafashe gushiraho imiryango n’amadirisha, nkuko vyerekanwa n’imirongo yirabura. Bereke ingene bazinga ucishije mu tuburungu twuguruye k’umuryango n’amadirisha.

Gufata k’umutwe

Andika umurongo wo gufata k’umutwe k’urupapuro canke ku kibaho, hanyuma muwusubiremwo hamwe n’abana bawe.

Mu nyuma, babwire bagire umuzingi hanyuma ushire mumuzingi hagati umwe. Koresha igitambara kugira ufuke amaso y’umwana hanyuma umuhe umupira woroshe. Ashobora kuwuterera abandi. Uwuwusamye ategerezwa guca avuga umurongo ku mutwe hanyuma agaca aja mu kibanza c’uwari hagati. Mu gihe abana nka bose boba bakinye, erekana ikarata kandi hanyuma basubiremwo umurongo hamwe.


Kurangiza

Hereza umwanya abana bawe bavuge ivyo bashaka gusengerwa, hanyuma ubasengere. Ubibutse ko Imana inezerwa iyo dusengeye abandi, na cane cane abagize imiryango yacu.

Batere intege zo kuzokwitaba ku gihe mu nyigisho zo mu ndwi izokurikira kwiga vyinshi ku bijanye n’inkuru y’Aburhamu.

Umuryango wa

Izina



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bawe bashobora kumenya gushira imbere abandi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Abantu bishura Yosua, bat’Uhoraho Imana yacu ni we dusavye, kandi tuzomwumvira.” (Yosua 24:24).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana n’abahinga cane mu gushira k’uruhande mu gihe babona hari ibintu bitariko birananirwa, na cane cane iyo biyumviye ko hariho umuntu ariko agerageza kubaja imbere. Kuri iyi myaka, abana benshi barikunda cane; bizera ko ari bari hagati muri vyose, kandi bagashaka imisi yose gushika kuvyo bipfuzabatarinze kwiyumvira ku bandi.

Icigwa c’uno musu, cerekana ubugwaneza bwa Aburahamu, buzofasha abana bawe gutahura ko Imana itanga kuri bese. Bazokwiga kandi ko inezerwa mu gihe bariko basangira n’abandi ivyo bafise..

Koresha izi nyigisho mu gusuzuma mu mitima y’abana bawe ugushaka gushira imbere ivy’abandi bakenera no kubatera intege zo gusangira n’umunezero.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Gusangira!

Kubw’iki gikorwa, uzoba ukeneye umufuko w’ibijwe canke ibipande vy’ivyamwa (pome, imicungwe, n’ibindi.), urupapuro, canke amasahani uhagarika. Mu gihe abana bariko bararaba, suka ibikinisho canke ivyamwa kw’isahani, urabe neza ko bimwe ari binini gusumba ibindi.

Hanyuma, babwire bahitemwo icamwa bakeneye gufungura. Igihe bese bamaze kubikora, babaze igituma bahisemwo icamwa bafise. Atagukekeranya abana bamwe usanga abahisemwo icamwa kinini, hanyuma abandi ugasanga nabonyene bipfuzabakubafise ivyamwa abandi bahisemwo.

Sigura: ingorane nyinshi zivyuka kubera ko abantu biyumvira kuri bo ubwabo. Ibi vyitwa kwikunda. Umuntu yikunda ntabwo yiyumvira kuvyo abandi bipfuzabakubera ko usanga bitwararitse ukubaho neza kwabo.

Mu cigwa c’uno musu, turaja kuvugana ibijanye n’umuntu yagize ubugwaneza kandi yemerera umwishwa wiwe guhitamwo ubwa mbere. Tanga ibikinisho k’urugero rungana, hanyuma usangire n’abana bawe.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 13

Loti ahitamwo aho kuba

Aburahamu na Loti bari bafise ibitungwa vyinshi, na cane cane intama n’indogoba. Ivyo bitungwa vyara ivyatsi, kandi kubera ko bese bari bafise amatungo banini, amaragiro ntiyarakirimwo ivyatsi bikwira ivyo bitungwa vyose.

Kubw’iyo mvo, abungere bakorera Aburahamu hamwe n’abakorera Loti kenshi baratongana. Kenshi na kenshi ugasanga bariko baragwanira ibibanza vyiza birimwo ubwatsi bwinshi.

Aburahamu arondera ingene yotora inyishu, aja kuvugana na mwishwa wiwe.

“Loti, wewe na jewe turi umuryango kandi ntihakwiriye kubaho ingwano hagati yacu, no hagati y’abungere bacu. Uburagiro ntibukidukwiye twese, kubw’ivyo niyumvirako twotandukana. Niwahitamwo mu bubamfu, nzoja I buryo; niwaja I buryo, nzoja ibubamfu.”

Loti yaratangaye igihe Aburahamu yamuha akaryo ko guhitamwo ubwambere. Bivanye n’amategeko y’ico gihe, umuntu akuze niwe yarafise uburenganzira bwo guhitamwo ubwa mbere. Nubwo biri ukwo, Aburahamu yari umugwaneza kandi yemerera Loti guhitamwo igihugu aho ashaka kuba.

Loti araba hirya araba hino, hanyuma abona ko ikiyaya c’uruzi Yorodani kitigera kibura amazi. Ubwatsi bwama butotahaye kubera ko cari ikibanza kimera cane. Mu kwongerako, aho hari ibisagara bibiri binini hafi.

“Mpisemwo kuba mu kiyaya ca Yorodani!” Loti aravuga. Aca aragenda n’umuryango wiwe, abakozi biwe n’ibitungwa vyiwe muri ca gihugu aho ashaka kuba.

Aburahamu amenya ko yakoze ikintu ciza. Nubwo yaraziko igihugu agiye kubamwo kitamera cane, yaraziko Imana izomwitwararika we n’umuryango wiwe.

Umwami yongera kuvugana nawe kandi, imubwira, “Igihugu cose ubona nzokiguha wewe n’uruvyaro rwawe ibihe vyose. Nzotuma uruvyaro rwawe ruba nk’umukungugu wo kw’isi, nkuko ata muntu yoshobora guharura umukungugu, niko uruvyaro rwawe ruzomera. Genda, ugenzure uburebure n’ubwaguke bw’iki gihugu, ico nguhaye uyu musu.” (Itanguriro 13:15-17).

Aburahamu abandanya kwizera ko Imana izoshitsa amasezerano yayo, aca aba muri ico gihugu igihe kirekire kandi Imana imuha gutunga cane.

IBIKORWA

Umwanya wo gusangira

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa hamwe n’amakereyo yo gusiga. Bwira abanyeshure bafatanye amashusho n’umurongo. Berekane ko amashusho yerekana ingorane, ayandi nayo akerekana inyishu. Babwire bavuge inkuru ngufi y’ivyo biyumvira bishobora gushika mu kibazo icarico cose. Rangiza mu gusubiramwo ivyo bize mu nkuru ya Bibiliya.

Wige kuba uwiyumvirwako

Icarana n’abana hanyuma ugire urutonde rw’inzira bashobora kwerekana ukwo boshira imbere bagenzi babo (akarorero: gusangira ibikinisho, gutizanya amakereyo yo gusiga, kwemerera abandi gucagura ubwa mbere, n’ibindi.).

Ubibutse ko Imana yahezagiye Aburahamu kubera ko yari umugwaneza kandi yiyumviriye kukubaho neza kwa Loti gusumba kwiyumvira ivyiwe.

Batere intege zo gushira mu ngiro ivyiyumviro bavuze, kandi bagerageze kugira neza muri iyi ndwi.

Gufata k’umutwe


Hereza umwanya abana bawe kwuzuzwa mu tuzitizo uhereye k’umutwe w’urupapuro rwa kabiri rw’igikorwa n’indome ziri k’urutonde. Mu kugira umurongo wo gufata k’umutwe: “Tuzokorera Umwami Imana yacu no kumwumvira” (Yosuwa 24:24).

Bamaze gusubiramwo hamwe igisomwa incuro nyinshi, hereza akaryo abashaka bawuvuge k’umutwe.

Kurangiza

Bwira umwe mu bana asenge n’ijwi rirerire kandi asengere n’imitwari. Rangiza mu gusaba Umwami afashe abana gushira imbere bagenzi babo. Ririmba indirimbo imbere yo gusezerana, kandi ubatumire mw’ishure kuw’Imana ukurikira bige izindi nkuru nyinshi zijanye n’Aburahamu, umugenzi w’Imana.

Reka tube abagwaneza



Shushanya umurongo uwufatanye n'amashusho agenda kumwe.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bamenya kwizera Imana gusumba.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Abantu bishura Yosua, bat’Uhoraho Imana yacu ni we dusavye, kandi tuzomwumvira.” (Yosua 24:24).

Witegure ubwawe kwigisha

Muri ino si y’uno musu, rimwe na rimwe usanga bigoye ku bana kumenya uwo bakwiye kwizera. Abana bawe barakeneye kwemezwa ko Imana igumya amasezerano yayo. Nubwo, bashobora kuba bamwe mu miryango yabo aho baba babonye amasezerano atarajya mu ngiro. Bishobora kugora kuri bo ko batahura ko Imana ishita ivyo yasezeranye.

Abana bakiri bato bamenya kwizera vyoroshe no kutizera. Nimba umuntu bakunda ananiwe, biragoye cane kuri bo ko basubira kwizera atagukekeranya. Ni nkenerwa cane kubigisha biciye muri iki cigwa ko, nubwo habaho ibihe bigoye, Imana yama ari umwizigirwa kandi yama izigama amasezerano yayo.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Ibwire!**

Uzuza igiseke n’imbuto canke ikindi wateguye imbere ushobora guharura. Gishire ku meza, kugira ngo abana bese bashobore kubona. Hanyuma, ubabaze: wiyumvira ko dufise ibiseke bingahe vy’imbuto muri ico kigega? Mu nyuma ubabwire: Imana yabwiye Aburahamu ko uruvyaro rwiye ruzoba nk’inyenyeri zo kw’ijuru. Wiyumvira ko umuryango w’Aburahamu wari munini cane nk’imbuto ziri mu kigega?

Biragoye cane kwiyumvira uwo muryango munini, ariko Imana yasezeraniye Aburahamu ko umuryango wiwe ushobora kuba ihanga rinini, kandi Imana yarashikije amasezerano yayo.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 15:1-5;

Itanguriro 17:1-5, 15; 18:1-12; 21:1-7

Imana ishita isezerano ryayo

Imyaka cumi n’umwe yarangiye Imana isezeraniye Aburahamu ko azoba ihanga rinini. Birashoboka ko yoba yari yanribagiye iryo sezerano? Aburahamu yari atanguye gucika intege. Ariko umusi umwe Imana iramubwira, “Ntutinye. Nzokuzigama kandi nzoguhanga ingabire y’igitangaza.”

“Ariko, mbega woshobora kumpa iki ga Mwami?” Aburahamu arishura. “Ko ntagira abana kandi abakozi banje akaba aribo bazoragwa ivyanje vyose.”

Imana ica ifata Aburahamu imujana hanze hanyuma iramubwira, “Raba inyenyeri zo kw’ijuru; mbega woshobora kuziharura?” “Oyaye, Mwami, sinobishobora,” Aburahamu arishura. “Ni nyinshi cane!” “Ukwo nikwo urunganwe rwawe ruzoba mw’isi. Bazoba benshi cane kuburyo atatumwe azashobora kubaharura,” Imana iramwishura.

Aburhamu yizera isezerano ry’Imana, ariko imyaka myinshi ihaciye, we n’umugore wiwe babandanije kutagira abana. Umusi umwe hari hashushe cane kandi Aburhamu yararuhukiye hanze mw’ihema. Ubwo nyene, abona abagabo batatu baramwegera.

“Ndabazanire amazi yo kwoga ibirenge hanyuma muruhuke,” aravuga. “Ndabazanire nivy’o gufungura.”

Aburhamu na sara bategura gusangira n’abashitsi imfungurwa zihambaye, kandi bahitamwo imfungurwa nziza muzo bafise. Sara akoresha ifu igogoretse mu gutegura umutsima. Aburhamu ahitamwo igitungwa ciza aragiteka. Mu Yuma, abazanira amata n’ubuki, hanyuma abishira abashitsi, abahereza imfungurwa ziryoshe.

“Umugore wawe Sara ari hehe?” abashitsi barabaza.

“ari mw’ihema,” Aburhamu arishura. Uwo mugabo aramubwira, “Inyuma y’umwaka umwe nk’izi tariki, umugore wawe azoba afise umwana.”

Aburhamu amenya ko Imana ariyo yarungitse abo bashitsi ngo imwemeze isezerano ryayo.

Sara, yariko arumviriza vyose ari mw’ihema aratwenga. “Ndashaje kuburyo ntashobora kuronka umwana,” ariyumvira. “Aburhamu nawe nyene arashaje. Ni gute ikintu nkico c’igitangaza cobaho?”

Ariko inyuma y’umwaka, Imana ishitsa isezerano ryayo, kandi Sara aronka umwana mwiza bamwita Isaka.

IBIKORWA

Ndashobora kwizera Imana nanje!

Bwira abana kuzinga urupapuro ucishije mutuburungu turi k’umurongo no gusomera hamwe umurongo: “Nuko rero mumenye yuko Uhoroaho Imana yanyu ari yo Mana...” (Gusubira mu vyagezwe 7: 9a).

Babwire bace utuburungu tw’ijambo hanyuma bavuge kubijanye n’akamaro ko kwizera ko Imana izokwama ishitsa amasezerano yayo.

Gufata k’umutwe

Tanga urupapuro n’amakereye ku bana bawe. Babwire bandike umurongo wo gufata k’umutwe batawubona canke bawimure. Subiramwo igikorwa cabo hanyuma ufashe abakeneye gufashwa. Bahe umwanya wo gushariza impapuro zabo bakoresheje irangi n’agati k’ururhome rw’ishure. Batere intege mu gukoresha umurongo w’ukwezi uri kw’ikarata kugira bige umurongo muhira.

Kurangiza

Ririmba indirimbo zimwe hanyuma ushimire Imana kuba yarabaye umwizigirwa kandi imisi yose ikomeza amasezerano yayo. Tera intege abana bawe ngo bimenyereze kugirira icizere Imana muri icyo ndwi hanyuma babwire abandi ivyo bize mw’ishure.

Ubibutse ko kuza kwabo mu ndwi ikurikira ari ukwikimaza cane kuberako bazokwiga ivyabaye igihe umwana Isaka yariko arakura.

Ndashobo ra mu Mana !

"Nuko rero mumenye yuk'Uhoraho Imana yanyu ari yo
Mana; n'Imana yo kwizigirwa."

(Gusubira mu vyagezwe 7:9a)



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bamenya ko Imana idufasha mu gufata ingingo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Abantu bishura Yosua, bat’Uhoraho Imana yacu ni we dusavye, kandi tuzomwumvira.” (Yosua 24:24).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana bawe baguma bongereza ubwigenge kandi bafise ububasha bwo gukora ibintu vyinshi ubwabo. Mu gushaka kwabo kuba abidegemvya, baca bahindukiza amaso yabo bayakura kw’ishusho y’ubutegetsi. Nubwo biri ukwo, no muri iki gice “Ndashobora kubikora ubwanje,” baraha kaze uwukuze nimba baragerageje gukora ikintu ubwabo ariko bakananirwa. Biciye muri iyi nkuru y’umukozi wa Aburahamu Elifazi, igisha abanyeshure bawe kurondera ubufasha bw’Imana no kurongorwa mu kubaho kwabo kwa misi yose.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Isaka arakura**

Muri kino gikorwa uzokenera uwucapa canke uwufotora yokwerekana ikura ry’umuntu.

Ubihome k’urubaho, werekana intambwe zo gukura, uhereye kukuvuka hanyuma ukarangiza n’ubusaza bw’umuntu. Ereka abana bawe ivyo bintu kandi ubisigire: abantu baca muri izo ntambwe zo gukura. Nivyo vyabaye no k’umwana Isaka, uwo twize mu ndwi iheze. Umwana Isaka amaze kuvuka, ntiyagumye ari umwana ibihe vyose. Yarakuze hanyuma acika uwisumbuye. Imana ishitsa isezerano yahaye Aburahamu mw’ivuka ry’uwo mwana. Ubu naho abandanya gusezerana kugira ihanga rinini biciye muri Aburahamu. Isaka nawe yaronse abana, kandi mu nkuru y’uno musu, turabona ivyabaye kuri we igihe yarakuze akeneye kurongora.

Ubukwe!

Ereka abana bawe amafoto atandukanye y’ubukwe. Ubabaze berekane ubukwe bakunze n’ivyakoretse muri bwo. Sigura ko uno musu abantu benshi nibo bihitiramwo abo bashobora kuzobana. Ariko, mu gihe ca Aburahamu, abavyeyi nibo bahitamwo abantu bashobora kubana n’abahungu n’abakobwa babo. Umuvyeyi w’umuhungu yavugana n’umuvyeyi w’umukobwa hanyuma bagasezerana. Igihe vyose bigenze neza, abavyeyi b’umukobwa bakaronka ingabire zivuye ku bavyeyi b’umuhungu.

Mu nkuru y’uno musu, turaja kubona ivyabaye igihe hari hageze ko barondera umugore wa Isaka.

INKURU YA BIBILIYA**Itanguriro 24****Umugore wa Isaka**

Aburahamu yari yicaye mw’ihema ryiwe. Hari haheze igihe kirekire umwana wiwe Isaka avutse, kandi Aburahamu yaramaze gusaza cane kandi asigaye yarushe cane.

Umukozi wiwe Elifazi niwe yamuraba hamwe n’abiwe. Aburahamu yaramukunda cane kandi akamwizera nk’umwana wiwe bwite. Umusi umwe Aburahamu aramubwira, “Elifazi, ndashakako unsezeranira ko

uzomfasha kurondera umugore wa Isaka. Singambako aba umugore wo muri iki gihugu. Genda mu gihugu iwacu hanyuma urondere umugore mu bwoko bwacu.”

Elifazi asezeranira Aburahamu ko azomuronderera umugore atunganye umuhungu wiwe. Aca atangura gutekera ingabire n’ibifungurwa bimwe bimwe. Amaze gushira ibintu vyose ku ngamiya cumi, aca atangura urugendo. Ubugaragwa bwari bushushe cane kandi Elifazi yarazazaniwe, kubera ko Atari azi aho ari bukure umugore aroranye wa Isaka.

Haheze imisi myinshi ariko aragenda, Elifazi ashika I Nahori. Aho ahasanga hari iriba hanyuma arasenga, “Mana, ndakwinginze umfashe gutora umugore wa Isaka. Ndagusavye ko umukobwa aza kuza kuvoma kuri iri riba hanyuma akampereza amazi hamwe ni ngamiya zanje azoba ariwe wahitiyemwo umusavyi wawe Isaka.” Imbere y’uko Elifazi arangiza gusenga, umukobwa mwiza w’umuyabaga yegera iriba afise umukuza kuvoma amazi. Igihe Elifazi yabona ko yujuje umukuza w’amazi, aramusaba ngo amuhe, hanyuma aca aravuga, “N’unywe nyakwubahwa. Ndagiye kuvomera nizo ngamiya zawe nazo zinywe.”

Imana yari yamaze kwishura amasengesho ya Elifazi, mu kurungika umwigeme yipfuzako yobana na Isaka kw’iriba! Elifazi aca aja mu nzu kwa Rebeka hanyuma avugana na se wiwe na musaza wiwe Labani. Arababwira ko Aburahamu yamurungitse kuronderera umugore umwana wiwe Isaka.

Hanyuma, aca ashikiriza ingabire umuryango wa Rebeka.

Bemezanya ivyo ubukwe, hanyuma imyiteguro iratangura mu rugendo rwo gusubira inyuma. Rebeka asezera se wiwe, musaza we Labani n’izindi ncuti, hanyuma we na Elifazi bafata inzira iya I Kanani. Isaka na Rebeka vuba baca bagira ubukwe. Elifazi amenya ko Imana yamufashije kuronka umugore aroranye kubw’umwana wa Sebuja. Imana isezeranira Aburahamu kw’ubu azobandanya biciye mu mwana wiwe.

IBIKORWA

Kwizera no kwumvira

Tanga impapuro z’ibikorwa vy’icigwa ca 48. Bategeke guhuza utuburungu duhuye n’igitigiri bakuye mwishusho ya Elifazi. Munyuma, bahereze umwanya wo gusiga ivyo bashushanije. Bakiriko barakora, subiramwo muri make ivyo bize mu nkuru ya Bibiliya.

Gufata k’umutwe

Tgira isubiramwo ry’umurongo wo gufata k’umutwe, andika amajambo ari muri Yosua 24:24 k’urupapuro ruri kikibaho canke ku kibaho. Somera ham we incuro nyinshi. Mu nyuma, uje urafuta ijambo hanyuma musoma kandi; ugafuta ijambo rya kabiri ukwo ukwo, gushika aho urubaho rusigara rugaragara, hanyuma bagashobora kuvuga umurongo k’umutwe.

Kurangiza

Hereza umwanya abana bawe batore bongere begeranye ibikoresho bakoresheje, hanyuma babihereze banyenevyo. Mu nyuma musenge, ubasengere kugira Umwami arinde ubugingo bwabo n’ingingo zabo. Usengere abagwaye kandi ntiwibagire abo bose batashoboye kuza mw’ishure.

Ririmba indirimbo imbere y’uko musezerana, hanyuma ubatumire kuza mu ndwi iza kwiga icigwa ca nyuma c’iki kigabane.

Kwizera no Kwumvira



Fatanya utuburungu dutangura kuri #1, hanyuma usige igishushanyo.

Bwira umuryango wawe canke umugenzi ivyo wize mu nkuru ya Bibiliya

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bamenya ko Imana ishaka ko baba abarondera amahoro.

Umurongo wo gufata k'umutwe

“Abantu bishura Yosua, bat’Uhoraho Imana yacu ni we dusavye, kandi tuzomwumvira.” (Yosua 24:24).

Witegure ubwawe kwigisha

Birashobokako, ahantu abana bawe baterera imbere hagwiriye ubugizi bwa nabi. Raba mu binyamakuru umenye ingene ikibano cacu kigwiriye igiturire kandi ko akaryo k’ubuzima bw’amahoro kabandanya kugira akarimbi.

Twumva impuha, ingwano n’ubugizi bwa nabi mu bana bakiri bato. Nubwo biri ukwo, ubwo sibwo buzima Imana yipfuzako babamwo. Mu cigwa c’uno musu kiraduha akarorero k’ingeso Imana yipfuzako twokurikiza. Isaka yarerekanye ko hariho inzira zitandukanye zo gutorera inyishu amatati. Hakurondera kwivuna no guhangana n’umwansi, yarahindukiye hanyuma areka Imana ariyo yitwararika ico kibazo. Imana ihezagira Isaka, we yagerageje kugumizaho imigenderanire mu mahoro hamwe n’ababanyu biwe bamugwanya.

Mu kibano kirimwo amatati nk’iciwacu, abana bakeneye akarorero kabaharanira amahoro.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Igikorwa c’amahoro

Muri iki gikorwa, uzoba ukeneye amabara atandukanye ukinisha canke ibibumbano n’amasakoshi y’imisipi canke ibimenyesha makuru mu gufuka uruhande rw’igikorwa. Bivanye n’igitigiri c’abana, gabura abanyeshure mu migwi ibiri canke itatu. Bahereze umugwi wose igikinisho c’ibara. Hanyuma, babwire bakore ishusho aho bashobora gukoresha amabara yose. Ibi bisigira ko bakenera gusangira amabara atandukanye.

Wihweze inyifato y’abana uri hafi igihe bariko barakorana, kandi ubatere intege kuba abagenzi igihe bariko barakora.

Igihe barangije, begeranye hanyuma ubabaze: mbega hari kuba iki iyo hari kugira umwe mu migwi yanka gusangira amabara n’abandi? Mbega mwibaza ko vyari gukunda ko murangiza uwu mugambi? Umviriza inyishu zabo hanyuma ubabwire: igihe bese bakoreye hamwe habaho amahoro n’umwumvikano. Ariko, igihe hagize umuntu afata ingingo yo kugwana, ikirere kirahinduka. Mu nkuru ya Bibiliya y’uno musu turaja kwiga ibijanye n’umuntu yafashe ingingo yo kurondera amahoro, nubwo ababanyu biwe biyumvira gushaka kumugwanya.

INKURU YA BIBILIYA

Itanguriro 26:1-33

Isaka afata ingingo yo kutagwana

Isaka yariko aca mu gihe kigoye. Hari hateye inzara ikomeye mu gihugu aho we n’umuryango wiwe

baba. Vuba cane batanguye kubaho batagira imfungurwa. Kubw’iyo mvo, afata ingingo yo kuja I Gaza, mu gihugu ca Palesitine.

Isaka yarazi neza ko akora ibiroranye kubera ko Imana yari yaramubariye ko ashobora imisi yose ari kumwe nawe.

Kuva mu ntango, abapalesitine batangura kugirira ishari rikomeye Isaka. Ubwa mbere, kubera ko umugore wiwe Rebeka yari umunyakaranga gahebuje; icakabiri, kubera ko Imana yari yamutungishije mu mwanya mutoya. Igihe yatera ibitegwa, umwimbu wiwe waba mwinshi akaronka amahera menshi cane hanyuma aca acika umutunzi. Ikindi yarafise ubusho bw'inshi bw'intama, inka n'ubundi bwoko bw'ibitungwa. Abanyapalesitina bamugirira ishari bagira integuro yo kumugirira nabi Isaka. Bari baziko ibitungwa vya Isaka bikenera amazi kandi ko yakoresha amariba se Aburahamu yimbishije. Kubw'ivyo, igihe ata muntu ababona, baca bazibira ayo mariba yose. Abimeleki, umwami wako karere, asaba Isaka ko yova I Gaza kubera ko yaramaze kugira ubushobozi kubasumvya.

Mu nyuma Isaka aja mu kindi kiyaya n'umuryango wiwe, abakozi biwe n'ibitungwa vyiwe. Aho, abakozi ba Isaka bahasanga ayandi bariba yakera hanyuma baca barayugurura. Ariko, abungere babapalesitina vuba barashika bababwira bati, "ayo mazi nayacu!"

Isaka ntiyashatse kugwana, aca aja mu kindi kibanza hanyuma yimba irindi riba, ariko abapalesitina ntibigeze baceceka. Bongera kuja kugwanira ayo mazi.

Isaka yongera afata ingingo yo kwimuka aho hantu atarinze kugwana hanyuma yugurura irindi riba, ariko ubuho abapalesitina ntibamukomakomye. Haheze umwanya, Isaka aja kuba I Berisheba. Ijoro rimwe, Imana ivugana nawe iramubwira, "Nd'Imana ya so Aburahamu, kandi muri we, niho nzoguhezagirira kandi ngwize uruvyaro rwawe."

Ntutinye kubera ko ndi kumwe nawe."

Isaka aca yubaka igicaniro co guhimbaza Imana kandi aho ahashira ihema ryiwe. Mu nyuma, abakozi biwe bimba isi hanyuma baronka irindi riba ryamazi ariyoshe kandi amazi meza. Umwami Abimeleki amaze kwumva ivyo, aca aja I Berisheba kuvugana na Isaka.

"Kubera iki uje kundaba n'ingene wankoreye ikibi hanyuma umpindira hanze y'igihugu cawe?" isaka aramubaza. "Twabonye ko Imana iri kumwe nawe. Nico gituma twipfuzako ko twokubera abagenzi kandi udusezeranire ko utazotugirira nabi," umwami Abimeleki aravugaga.

Isaka yari umuntu w'amahoro, kubw'ivyo yemera kugiriranira ibiganiro n'abanyapalestine hanyuma abategurira inzimano. Mu gitondo gikurikira bavyuka kare cane, kandi umwami na Isaka basezerana kutazokwongera kugiriranira nabi. Ivyo birangiye, abashitsi baca baragenda mu mahoro mu gihugu cabo kandi Imana ibandanya guhezagira no gutungisha Isaka, umunyamahoro.

IBIKORWA

Uwo we ninde?

Muri kino kigabane, abana bawe bazokwiga ibijanye n'imico itandukanye, kandi iki gikorwa kizoba nk'isubiramwo. Bahereze impapuro z'ibikorwa vy'icigwa ca 49. Bwira abana bafatanye amashusho n'ivyerekanywe. Amashusho amwamwe muzosanga avuga vyinshi gusumba iryungane rimwe. Shimikira k'ubwizigirwa bw'Imana kuri uyu muryango. Koresha iki gikorwa mu kugira isubiramwo ry'icigwa cose c'iki kigabane. Shimikira k'umuco hanyuma ubwire abana bavuye ivyo bakoze n'ingene berekanye ukwumvira Imana kwabo.


K'urupapuro rukurikira, babwire bazinge urupapuro bacishije mutuburungu turi k'umurongo hanyuma ushimikire kw'ijambo "Kunezerwa." Vugana ingene biyumva iyo bari kumwe n'abandi. Umviriza intererano zabo hanyuma ubatere intege zo gushira mu ngiro inyigisho za Bibiliya baronse. Ni vyiza kwirinda kugwana hanyuma ukaba umunyamahoro.

Gufata k'umutwe

Saba bamwe mubashaka baze imbere hanyuma bavuye umurongo wo gufata k'umutwe. Tegura utushimwe dutoduto mu gushima akigoro k'abana bawe. Nimba ubishaka, tegura kwerekana ivyo bize muri ibi vyigwa bitanu, hanyuma utumire abavyeyi babo kugendera ishure.

Kurangiza

Muri make subiramwo inkuru za Bibiliya mwize. Hanyuma ugire umuzingi uce usaba Umwami mu masengesho abafashe mwese kuba abanyamahoro no kwumvira ubugombe bwiwe, nkuko Aburahamu na Isaka babikoze. Urabe neza ko bese bajanye muhira igikorwa bakoze muri ibi vyigwa vy'indwi zitanu. Bahe ikaze kuzoza kwiga "Inkuru Nziza ya Noweli."



Aburhamu

Uwo ni nde?




Sara

Fatanya n'umurongo w'izina w'abagize umuryango n'amashusho yabo



Labani



Isaka

1. Umuore wa Isaka
2. Mushiki wa Labani
3. Umwana w'Aburhamu
4. Nyina wa Isaka
5. Umufasha wa Rebeka
6. Umufasha wa Aburhamu
7. Musaza wa Rebeka
8. Se wa Isaka
9. Umufasha wa Sara
10. Umukozi wa



Elifazi



Rebeka

Abrahamu

Yesu yavuze ati: **Hahirwa** abagira amahoro

Intangamarara – Ikigabane XII

INKURU NZIZA YA NOWELI

Imirongo ya Bibiliya: Luka 1:5-25, 57-80; 1:23-38; Matayo 1:18-25; Luka 2:1-20; 2:21-40.

Umurongo wo gufata k'umutwe w'iki kigabane: Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dwidi, niwe Kristo Umwami.(Luka 2:11).

INTUMBERO Z'IKIGABANE

Iki kigabane kizofasha abana:

- Guhimbaza Noweli n'umunezero, bashimira Imana kuba yararungitse umwana wayo.
- Gutahura ingene inkuru za Noweli zitwereka ko Imana yashikije isezerano ryayo.
- Kwizera Imana mu kumenya ko ishitsa ijamba ryayo.
- Kwiga ko Yesu, umwana w'Imana, yaje mw'isi nk'ingabire iva kwa Data.

IVYIGWA VY'IKI KIGABANE

Icigwa 50: **Inkuru nziza kuri Zakariya na Elizabeti**

Icigwa 51: **Inkuru nziza kuri Mariya na Yosefu**

Icigwa 52: **Inkuru nziza kubungere**

Icigwa 53: **Inkuru nziza kuri Simeyoni na Hana**

KUBERA IKI ABANA BAKENEYE KWIGISHWA IKI KIGABANE:

Benshi mu bana bakiri bato barazi inkuru ya Noweli. Ubu bariteguye kumenya insiguro y'iki kintu cahinduye kahise k'umuntu. Bazokwiga ko biciye muri iki gikorwa, Imana yatweretse ko tuyizera kubera ko imisi yose ishitsa amasezerano yayo.

Icigwa cose gishimikira kwishitswa ry'amasezerano. Mu kibanza ca mbere, Zakariya na Elizabeti baronka isezerano ryo kuronka umuhungu azoba ajejwe gutegura inzira ya Mesiya. Yozefu na Mariya baronka isezerano ko bazoba abavyeyi bo kw'isi ba Yesu, umwana w'Imana. Ikindi, abungere baronka inkuru zishitswa ry'isezerano kuva Kristo avukiye I Beterehemu.

Munyuma, Simeyoni na Ana, bari bararindiriye igihe kirekire isezerano ry'Umukiza, bashoboye kumubona n'amaso yabo.

Biciye muri bino vyigwa bine, fasha abana gutahura ko nubwo isi yuzuyemwo ibinyoma, dushobora kwizera ko Imana yacu ari umwizigirwa kandi ishitsa ivyo yasezeranye.

Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bashobora kumenya ko Imana yashikije ico yasezeranye.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dwidi, niwe Kristo Umwami.(Luka 2:11).

Witegure ubwawe kwigisha

Noweli n'ibihe n'ibihe bihimbara cane abana. Ubu ko kigarama itanguye, basa nuko ari igihe cabo co kuruhuka. Nubwo biri ukwo, gergeza ubakaburire kukuronka inkomezi zabo mu bikorwa Bizana umwimbu bihuye n'icigwa. Vugana nabo kubijanye n'integuro ziriko zikorwa n'imiryango yabo imbere ya Noweli, ariko ushimikire kukuvuga ko intumbero nyamukuru y'uyu musu mukuru Atari ingabire canke imfungurwa, ariko ari ukwibuka n'umunezero ivuka rya Yesu, umwana w'Imana.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Utiriwe uravuga**

Baza abana umwanya biyumvira ko boshobora kugenda batavuga. Umviriza inyishu zabo, hanyuma ubaze ingene abantu bavugana igihe batakaje amajwi (gukoresha imibimenyetso canke mu kwandika).

Bwira abanyeshure bagerageze kutavuga mu gihe bazoba bariko bakora ibikorwa bikurikira.

Babwire ko mu nkuru ya Bibiliya y'uno musu ijanye n'umuntu yasezeraniwe ikintu kidasanzwe n'Imana hanyuma ntiyasubira kuvuga kumara hafi umwaka wose.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 1:5-25, 57-80

Isengesho rimwe ryishuwe

“Uno musu ndaja kwosa imibavu,” Zakariya ariyumvira ariko yinjira mu ngoro. Yari yiteguye ubwiwe bikwiye yitonze cane kuri uwo musu udasanzwe. Vuba aca abona ko umwotsi w'imibavu waduze utumbere mu kirere, bimwibutsa amasengesho y'abantu.

Ubwo nyene, umumalayika aseruka imbere yiwe, zakariya agira ubwoba bwinshi.

“Ntutinye Zakariya. Imana yumvise amasengesho yawe,” umumalayika aravuga. “Umugore wawe Elizabeti agiye kuronka umwana w'umuhungu. Izina ryiwe azokwitwa Yohana, kandi abantu benshi bazobinezererwa kandi bahimbaze Imana kubw'iryo vuka. Azoba uwukomeye imbere y'Imana. Kubera we, abantu benshi bazozza ku Mana. Umuhungu wawe azozza imbere y'Umwami n'impwemu n'ubushobozi bw'umuvugishwa Eliya. Azofasha abantu kugaruka ku Mana no kubategura kwakira Umwami.”

“Ariko ndashaje cane kandi umugore wanje Elizabeti ntashobora kuronka umwana mu myaka yiwe. Ni gute no kwizera ivyo uriko urambarira?” zakariya arabaza. “Ndi Gaburiyeli,” umumalayika aravuga. “Mpagarara imbere y'Imana kandi yandungitse kuguha iyi nkuru nziza. Ariko kubera ko utavizizeye, ntuzosubira gushobora kuvuga gushika umwana avutse. Mu nyuma uzobona ko ivyo nakubwiye vyose ari ukuri.”

Kubw'iyi mvo, abantu bo hanze y'ingoro baribaza, “Kubera iki Zakariya yatevye cane kugaruka?” igihe yahava asohoka, agergeza kubwira abana ivyabaye hamwe n'umumalayika n'ubutumwa

Imana yamuhaye. Ariko ntiyabishoboye kubera ko adashobora kuvuga.

“Raba, Zakariya ntashobora kuvuga! Raba ingene akoresha ibimenyetso akoresheje amaboko yiwe? Biragaragara ko afise iyerekwa yahawe n’Umwami!” abantu baravuga.

Zakariya agenda muhira kandi agerageza gusigurira umugore wiwe Elizabeti ivyabubayeko, ariko ntiyashobora kuvuga. Inyuma, Elizabeti amenyako yibungenze. Yaragiye kuronka umwana. Yarahimbawe cane! “Mana, ndagushimiye,” Elizabeti arasenga. “Twari twaripfuye umwana igihe kirekire, none uyu musu wamuduhaye.” “Ese ingene Imana yabaye nziza kuri Zakariya na Elizabeti mukubaha umwana!” bivugwa n’abagenzi biwe n’ababanyi. “Bari baripfuye na kamwe kumara igihe kirekire.” “Ubu Zakariya agiye kuronka umuntu azosigira izina ryiwe,” baravuga. Igihe categekanijwe kigeze, umwana aravuka. “N’umuhungu! N’umuhungu! Zakariya na Elizabeti baronka umwana w’umuhungu!” ababanyi babivugaga banezerewe.

Zakariya ntiyari bwashobore kuvuga. Mu gihe abaherezi bashikiriza umwana umwami, bashakira guha umwana izina rya se, ariko Elizabeti aravugaga: “Oya! Azokwitwa Yohana!”

“Kubera iki?” barabaza. Nta numwe wo mu muryango wabo yitwaga Yohana. Ibi bintu birazazanyeho; reka tubaze se ukwo yipfuzaga guhamagara umwana wiwe.

“Mbega ushakako umwana wawe yitwaga nde?” babaza Zakariya.

Zakariya asaba aho yandikira kandi abantu bose baratangira ingene yanditse: “Yohana niryo zina ryiwe.” Muri ako kanya nyene Zakariya asubizwa ijwi ryiwe asubira gushobora kuvuga kandi.

“Umwami ahimbazwe!” arahimbarwa. “kandi nawe, mwana wanjye uzokwitwa umuvugishwa w’isumba vyose kubera ko uzagenda imbere y’Umwami gutegura inzira yiwe.”

IBIKORWA

Bwira abana basigaye amashuri y’abantu bashobora kwizera.

Gufata k’umutwe

Gabura abanyeshuri mu migwi ibiri. Bwira umugwi umwe kuvugira igice ca mbere c’umurongo, hanyuma umugwi wa kabiri uvugira igice ca kabiri. Hanyuma, imigwi yose ivugira hamwe igisomwa cose. Hindurira amunganyeho yiyo migwi ibiri kugira ngo bese bige igisomwa cose. Subiramwo umwimenyereho incuro nyinshi, hanyuma uhitamo abana bamwe bawuvugira ubwabo. Bahereze umurongo w’ukwezi ku makarata bayajanyeho muhira kugira basubiramo umurongo wo gufata k’umutwe w’iki kigabane.

Kurangiza

Shimira abana bawe kuba bitavye inyigisho, hanyuma ubasengere. Shimira Imana kubera yababereye umwizigirwa no kuba yaravuganyeho nabo biciye muri iri shuri ry’ubwizigirwa.

Bibutse ko mu ndwi ikurikira bazobandanya kwiga ibijanyeho n’abantu badasanzwe Imana yahisemwo ngo batware imigambi yayo, no kubatumirira kuza.

Ninde Nashobora kwizera?



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bipfuzwa kuba abizigirwa no kwumvira Imana.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dwidi, niwe Kristo Umwami.(Luka 2:11).

Witegure ubwawe kwigisha

Kwumvira n'ikintu gihambaye cane kiboneka kenshi na kenshi mw'ijambo ry'Imana. Iki cigwa gishimikira "ugushaka kwumvira," gushiraho kwifuriza n'umutima wo gushaka. Abana rimwe na rimwe biyumvira ko kwumvira ari ikintu bashobora gukora naho boba batipfuzwa kugikora. Iki cigwa kizobafasha gutahura ko iyo twumviye mu rukundo, twumva duhagijwe kandi dufise umunezero. Imana yagombye gushiramwo abantu mu kwumvira umugambi wayo wo kurungika uwo yari yarasezeranye Mesiya. Bamwe nka Zakariya, mu ntango berekanye ubwabo gukomantara canke gupinga. Abandi, nka Mariya, bumviye n'umunezero.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Gusigura: mu ndwi iheze twarumvise inkuru ya Elizabeti na Zakariya, abavyeyi ba Yohana umubatizi, uwashaka gutegura inzira y'Umwami. Mu cigwa c'uno musu turajya kuvuga ibijanye n'abantu babiri badasanze bumviye ubugombe bw'Imana.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 1:26-38; Matayo 1:18-25

Yozefu na Mariya barumvirije kandi barumvira

"Narumvise umunezero mwinshi kuva numvise ko muvuye wanjye Elizabeti agiye kuronka umwana," mariya ariyumvira. "We na Zakariya bari baripfuye kuronka umwana imyaka myinshi. N'igitangaza ko bigiye kuba noneho! Birashoboka ko umusi umwe jewe na Yozefu nitwamara kubana, tuzoronka umwana natwe." Hari haheze amezi atatu gusa Elizabeti aronse umwana kandi umuryango wose wari uhimbawe. Ubwo nyene, umumalayika yiyereka Mariya hanyuma aramubwira, "Umwami ari kumwe nawe. Urahezagiye mu bandi bagore bese."

Mariya atangura guhinda agashitsi. "Urinde wewe?" arabaza. "Woba ushaka iki?"

"Mariya, ntitye," umumalayika Gaburiyeli aravugaga. "Imana yaguhisemwo ngo uzovyare umwana. Uzomwita Yesu. azoba uwuhambaye kandi bazomwita umwana w'isumba vyose." "Ni gute nashobora kuronka umwana?" Mariya arabaza. "Sindamenya icitwa umugabo." "Ntakinanira Imana," umumalayika aravugaga. "Ndi umusavyi w'Umwami," Mariya arishura. "Nzobikora nkuko Imana ibigomba." Mariya yari yarasezeranye kuzokwubakana na Yozefu kandi ntiyazari ingene ashobora kumubwira iyo nkuru. "Yozefu," Mariya aravugaga, "Ndafise ikintu gihambaye ngiye kukubwira." "N'iki ga Mariya?" Yozefu arabaza. "Ngiye kuzovyara umwana."

Yozefu aratangira hanyuma arabaza, "Ni gute ivyo vyashoboka?" "Ntugire ubwoba," Mariya arishura. "Umumalayika arambwira ko uyu mwana azoba uwudasanzwe. Azoba umwana w'Imana kandi dutegerezwa kumwita Yesu."

Yozefu ava mu nzu kwa Mariya afise kuzazanirwa kwinshi. “Ndakunda Mariya, ariko sindiko ndatahura ivyo yavuze kuriuyu mwana. Birashoboka ko twohagarika ivyo kubana,” ariyumvira ariko aja muhira.

“Ndakeneye kuryama,” Yozefu yiyumvira, “Ngiye kuryama hanyuma nduhuke gatoya.”

Yozefu aca yumva itiro ako kanya nyene. Akiri mw’itiro, umumalayika w’Imana aramubonekera mu ndoto hanyuma aramubwira, “Yozefu, ntutinye kurongora Mariya. Umwana yibungenze n’umwana w’Imana. Utegerezwa kuzomwita Yesu. Azokiza abantu ivyaha vyabo.”

Yozefu aca arikangura. Indoto ziwe kwari ukuri! Yaramaze kumenya ivyo akwiye gukora. Ashobora kurongora Mariya hanyuma abe se w’umwana w’Imana yasezeranywe.

Yozefu yumvira Imana hanyuma atwara Mariya kuba umugore wiwe. Bari abavyeyi ba Yesu bo kw’isi. Ibintu vyose babaye nkuko umumalayika yari yarabivuze.

IBIKORWA

N’irihe tandukaniro?

Hereza abanyeshure impapuro z’ibikorwa ku cigwa ca 51. Bwira abana buzuzwe mutuzitizo hanyuma barondere ijamba ryigitangaza (kubushake). Mu nyuma, reka bakate bacishije mu murongo wirabura uru hagati y’urupapuro ugire ahuguruye habiri. Ubibutse ko inkuru y’uno musi itwigisha kwumvira ubugombe bw’Imana.

Gufata k’umutwe

Kw’ikarata yoroshe, imura amajambo y’umurongo wo gufata k’umutwe, wandike ijamba kw’ikarata iyariyo yose. Subiramwo umurongo hamwe incuro zibiri. Hanyuma uvange amakarata, uce ubaha akaryo abanyeshure bawe ko guhindukiza amakarata bashire k’urutonde amajambo. Subiramwo umurongo ukwo barangije gutondeka neza amajambo. Egeranya amakarata kugira azokoreshe mw’ishure rikurikira.

Kurangiza

Shimira abana bawe kuba bitavye inyigisho, hanyuma ugire ico uvuze kubijanye n’icigwa kizokurikira kugira ukabure ugushaka kwabo. Shimikira kukamaro ko kwumvira ijwi ry’Imana, nkuko Yozefu na Mariya babikoze. Rangiza n’isengesho, kandi muririmbe indirimbo za Noweli. Nimba umwanya ubemereye n’ibikoresho, tegura umusi mukuru mutoya mu kwibuka ivuka rya Yesu mu ndwi izokurikira mw’ishure.

N'irihe tandukaniro ?



Kwumvira kwa _ _ n _ ar _ _ y

Uzuza utwo tuzitizo mu kumenya ingene twoshobora kwumvira. Kata urupapuro rwuguruye kabiri, kata uciye ku mirongo yirabura.kata ishusho mu bice. (uzoba ukeneye abamalayika babiri inyuma ku gice gikurikira c'iki cigwa.) shiramwo ishusho z'abahungu uciye ahuguruye wagize. Erekana ivyabaye. Zungurutsa ishusho babone ingene ibintu vyahindutse. Wibukeko ari ngira kamaro kwumvira biciye mugushaka.

Intumbero y'icigwa

Kwizera Imana mu kumenya ko ishitsa ijambo ryayo.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dwidi, niwe Kristo Umwami.(Luka 2:11).

Witegure ubwawe kwigisha

Abana mu myaka yabo mito batora vyoroshe biciye mu nkuru y'abungere. Rimwe na rimwe bumva umengo bari hanze, kandi bashobora kuba badafise amahera yo kugurira abandi ingabire. Ariko, bazokwiga ko abungere bacumva inkuru nziza, baciye baja kuraba umwana Yesu. Hanyuma, mu munezero mwinshi, babwira abantu bose ibijanye n'ingabire ihambaye y'Imana. Fasha abana bawe gutahura ko, nubwo boba badafise ingabire zihambaye, ikintu gihambaye gusumba bashobora guha abandi n'inkuru nziza y'ivuka rya Yesu Kristo, Umukiza w'isi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA**Urupapuro rw'abitavye**

Koresha amashusho, mu ncamake subiramwo ivyigwa bibiri vyarangiye. Babwire ko inkuru y'uno musu ijanye n'ikintu gihambaye cabaye k'umugwi w'abungere.

INKURU YA BIBILIYA

Imirongo ya Bibiliya: Ivyakozwe n'intumwa 6:1-7

Abungere baronse inkuru nziza

"Ibi birateye ubwoba cane!" Yozefu aratangara. "Abantu benshi cane baje I Betlehemu gushitsa itegeko rya Guverineri basanga ntahantu nahamwe ho kurara hagisigaye.

Uburaro bwose bwari bwuzuye!"

Mariya ntiyashobora guhagarara. Yari yarushe cane kubera urugendo rurerure bari

bagize. Aravuga, "Raba, ndabona umuco mw'idirisha. Birashoboka ko harya twohasanga icumba kubwacu."

"Sindavyibaza," Yozefu aravuga.

"Ndakwinginze, Yozefu, gerageza. Ndarushe cane kandi turakeneye ikibanza caho dushobora kuryama."

Yozefu aca aja kubaza, ariko nta cumba na kimwe cari gisigaye no ngaho.

Yozefu na Mariya baca baragenda buke buke. "Baboneka nk'abarushe cane," uwujejwe uburaro ariyumvira.

"Ndabagiriye ikigongwe. Birashoboka ko norondera inzira yo kubafasha."

"Rindira gatoya!" uwuraba uburaro aravuga. « Ndafise uruhongore aho inyuma. Bishoboka mworarayo rino joro, nubwo ari mu bwato. Hariho ahakubuye mwoshobora kuruhukira."

"Nimba hadatose kandi humye, ntangorane," Yozefu arishura; "Umugore wanjye ararushe cane kandi akeneye aho aryama."

Iryo joro ryari iridasanzwe kubera ko Yesu ariho yavuka. Mariya yazingiriye kuri uwo mwana uduhuzi twuruyoya hanyuma aramuryamika. Mu bwato, ntihari aho gushira Yesu, ariko Yozefu yashize uduhuzi twiza mu bwato, ikibanza bagaburiramwo ibitungwa.

Aho I Betelehemu, hari umugwi w'abungere muri uwo murima, baraba intama zabo. "Ijuru rirakayangana iryo joro. Ese ingene inyenyeri zasayangana!" umwungere aravuga.

"Raba!" uwundi aratangara, yerekana kw'ijuru. "Raba uriya muco ukayangana hariya?" "Mbega vyoba ari ibiki?" barabazanya batangaye. "N'umumalayika!" abungere baravuga. "N'umumalayika w'Imana!"

Umumalayika arababwira, "Ntimugire ubwoba; ndabazaniye inkuru nziza y'umenezero uhambaye ku bantu bose. Uno musu, mu gisagara ca Dawidi, Umukiza yahavukiye, niwe Kristo Umwami. Muzomusanga aho uryanye mu bwato ziriramwo, azingiriweko impuzu z'uruyoya."

Ubwo nyene, ijuru ryuzuramwo abamalayika baririmba: "Icubahiro c'Imana isumba vyose no mw'isi habe amahoro, ivyiza bibe kubantu biwe!"

"Uriko urumva ivyo?" umwungere arabaza. "Ego cane!" uwundi arishura. "N'inkuru y'igitangaza gusumba iza tumaze kwumva zose! Vyabaye nkukwo abavugishwa babitangaje."

"Reka tugende I Betelehemu kuraba ico Imana yatubariye," umwe muri bo arabasaba hanyuma abandi baremera. Abungere baragenda bihuta cane I Betelehemu hanyuma basanga umwana ariyambaye mu bwato, nkukwo umumalayika yababwiye.

"N'ivy'ukuri. Vyose vyashikijwe nkukwo umumalayika yabivuze. Niwe Mesiya!" barabisubiraniramwo.

Abungere baranzeza cane baca bagenda kuvuga inkuru nziza y'ivuka rya Yesu, umwana w'Imana, ku bantu bose bahura.

IBIKORWA

Indirimbo za Noweli

Rongora umwana w'indirimbo za Noweli kandi ubareke bashiremu ubwabo ibicurarangisho bakoreye muhira. Nimba hariho ibicurarangisho mw'ishengero iwanyu, bikoreshe kandi muri uyu mwana wo gutazira ihimbazwa ry'ivuka rya Yesu. Sigurira abana bawe ko imwe mu nzira yo guhimbaza Imana ari mu kuririmba, nkuko abamalayika babikoze iryo joro Yesu yavuka.

Gufata k'umutwe

Muri uyu mwana, nyegere ikarata wakoresheje mu cigwa caheze hanyuma ubwire abana bazirondere. Mu nyuma, ugire imigwi mito mito kugira ngo mu mwana muto ushoboka bashire umurongo k'urutonde kandi bavuge n'ijwi riranga. Subiramwo umwimenyerezo gushika aho bese bashikiriye.


Kurangiza

Shimira b'Imana mu masengesho kubera ko yashikije ivyo yasezeranye mu kurungika Yesu mw'isi, hanyuma muririmbe indirimbo zo guhimbaza. Wibutse abanyeshuri ko ikintu gihambaye kuri Noweli n'uguhimbaza ko Yesu yaje mw'isi gukiza umwana w'umuntu ivyaha vyabo.

Amahoro abe mw'isi!



1



2



3



4

Kata amashusho ane uherye hejuru hanyuma ubifatanye nivy vyo hejuru kugira ngo werekane ivyabaye igihe uriko uvuga inkuru y'ivuka rya Yesu.



Intumbero y'icigwa

Ko abanyeshure bamenya ko biciye muri Yesu Kristo, Imana yashikije isezerano ryayo mu kurungika Umukiza mw'isi.

Umurongo wo gufata k'umutwe

Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dwidi, niwe Kristo Umwami. (Luka 2:11).

Witegure ubwawe kwigisha

Uno musu n'umusi udasanze ku bana bawe. Kubera ko ariho bagiheza guhimbaza Noweli, turabahanura ko mwoba mw'ishure uno musu. Birashobokako abana bamwe bipfuzwa kuvuga ivyabaye mu miryango iwabo, canke bashobora kuvuga ingabire baronse. Umaze kwumviriza bukebuke, ugire ikiganiro uraba inyigisho z'iki kigabane: ivuka rya Yesu, umwana w'Imana. Batere intege zo kwiyumvira ibigumbagumba vya Simeyoni na Ana yumva igihe yabona ubwa mbere Yesu, Mesiya. Nubwo yari umwana muto, abo basavyi b'Imana bari bazi ko muriwe, ubuvugishwa bwari bwuzuye kandi ko ariwe Mukiza w'isi.

ITERAMBERE RY'ICIGWA

Hitamwo bimwe mu bikorwa bikurikira kugira ugire inyigisho za Bibiliya kuba ukuri gusumba no kunezererwa.

Simeyoni na Ana

Andika ku makarata indome zigize amazina ya Simeyoni na Ana. Zivange hanyuma uzishire ku meza. Mu nyuma, saba abana bamwe bazishire k'urutonde bubaka amazina. Bahereze umwanya bose wo kugerageza. Mu gihe barangije, fatanya izo ndome hamwe kandi umanike amazina mu kibanza kiboneka mw'ishure. Egeranya abana bawe hanyuma ubabwire: ayo niyo mazina y'abantu babiri bakunda Imana no kunezererwa ivuka rya Yesu. Tuzokwiga vyinshi kubijanye n'inkuru yacu ya Bibiliya.

Urupapuro rw'abitavye inyigisho

Tanga ishusho ya Simeyoni na Ana uciye mu gice cakaswe (pg. 125), hanyuma abana bawe bayimadike mu kibanza ciza k'urupapuro rw'abitavye inyigisho. Mu nyuma, babwire bashushanye ubwabo mu kibanza ca nyuma muni ya Simeyoni na Ana. Ukwo bakora, bibutse ko Imana itoranya abantu badasanze ngo bayifashe gutwara integuro zayo.

Subiramwo inkuru imwimwe muzu bize. Babwire ko nkuko Imana ikorera muri abo bese bahambaye bafise ingeso zihuye na bibiliya, yipfuzwa kandi gukora biciye muri bo.

INKURU YA BIBILIYA

Luka 2:21-40

Inkuru nziza kuri Simeyoni na Ana

“Ni ryari nzobona Mesiya Imana yasezeranye?” Simeyoni yaguma ahagaritse umutima buri musu. “Yoba ari uno musu?” Simeyoni yari umuntu mwiza cane yakunda Imana. Yakunda kwumviriza ubutumwa bw'ivyizigiro bwavugaga ukuza kw'Umukiza. Imana yari yaramubwiye ko atazopfa atarabona Mesiya. Ariko Simeyoni, kubera

ko yariko arasaza gose, yarahagaritse umutima ingene na ryari azobona uwatoranijwe n’Imana. umusi umwe Mpwemu Yera arongora Simeyoni mu ngoro, aragenda gushika ashitse imbere mu ntangaro. Nkuko vyari imisi yose, aho hari abantu benshi bari bakoraniye ngaho. Abantu bava mu mihingo myinshi baje guhimbaza Imana. Bamwe batanga ibimazi, igihe abandi baba bariko basenga amasengesho adasanzwe. Abavyeyi bashasha bajana abana babo kubashikiriza Imana.

Hagati mw’ishengero ry’abantu, Simeyoni abona umugabo n’umugore bari bazanye umwana wabo kumushikana. Aramenya ko uwo mwana yari uwudasanzwe, hanyuma afata ingingo yo kwegera.

Nubwo abo bantu baboneka nk’abakene, kandi n’ikimazi bari bazanye gutanga muri bito cane vyashobora kwemerwa, hariho ikintu gitandukanye kubijanye nabo.

Igihe Simeyoni yabona umwana, yamenye neza ko yari umwana yari yararindiriye kubona igihe kirekire. Aca aramufata amushira mu maboko yiwe hanyuma aravuga, “Mwami, ubu usezeye umusavyi wawe amahoro kubera ko amaso yanje yabonye agakiza wateguye mu maso y’abantu benshi!” “Iki n’igitangaza!” Yozefu na Mariya baravugaga.

Muri uwo mwana, umutamakazi yitwaga Ana nawe arabegera ngo arabere umwana Yesu. Yari umunyabwenge bwishyamba kandi yari yaratanze ubuzima bwiwe bwose mu gukorera Imana. Igihe yarabona umwana, aca aramumenyaga ubwo nyene.

“Urakoze Mana!” aravugaga. “Mbega umusi w’igitangaza! Twiboneye Mesiya uwasezeranywe n’Imana kuza hano mw’isi kudukiza adukuye mu vyaha vyacu.”

IBIKORWA

Yesu Mesiya yasezeranywe

Tanga impapuro z’ibikorwa vy’icigwa ca 53. Bategeke gukata biciye k’umurongo ugororotse w’irabura uhagaze hejuru. Mu nyuma, zinga urupapuro ucishije mu tuburungu turi k’umurongo ngo ugire ingazi zitatu. Batere intege mu gukoresha amashusho yabo n’ingazi mu gukora inkuru y’ingene Simeyoni na Ana bahuye na Yesu.

Gufata k’umutwe

Iki nico cigwa ca nyuma c’iki kigabane, kandi birashoboka cane ko benshi mu bana bawe bamaze kumenya umurongo wo gufata k’umutwe. Nimba bishoboka, saba uwurongoye inyigisho zo kuw’Imana canke umupasitori kugira bahe abana bawe akaryo ko kuvuga ivyo bize mw’ishengero. Kurangiza

Kubera ko iki ari icigwa ca nyuma c’iki gitabo, tegura gushimira abana babaye abizigirwa mu gikorwa mu mwaka wose. Ubibutse ko inyigisho baronse ari ukuri kwa bibiliya ukwo Imana yipfuzako bagendera mu buzima bwabo bwa misi yose. Bashire hamwe kugira musenge. Shimira Imana kuba yarashikije isezerano ryayo mu kurungika Yesu nk’umukiza mw’isi. Ikindi ubashimire ku mwaka wose bamaze bakora mw’ishure, hanyuma usengere imitwaro abana bafise.

Nimbi ufise umwana n’ibikoreshe, tegura umusi mukuru mutoya mu nzira yo kurangiza ivyigwa. Ntuhagarike gusengera abana bawe n’ikura ryabo mu mpwemu, nubwo boba batakirira mw’ishure ryawe.

**Yesu ni Mesiya
uwasezeranywe!**





ISBN: 978-0-7977-1563-9
P O Box 1288
Florida 1710
Repuburika ya Afurika y'epfo

